# QARAQALPAQ BALALAR ÁDEBIYATÍNÍŃ ANTOLOGIYASÍ

*(Jas óspirimler ushın qosıqlar, jumbaqlar, tımsallar, eslewler hám gúrrińler)*

**NÓKIS**
**«QARAQALPAQSTAN»**
**2018**

www.ziyouz.com kutubxonasi

UDK: 821.512.121-1(082)
BBK: 83.3
Q-50

**Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologiyası** *(Jas óspirimler ushın qosıqlar, jumbaqlar, tımsallar, eslewler hám gúrrińler)*. — Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2018-jıl. — 288 bet.

Kórkem ádebiyat – jilwalanǵan bulaqlarǵa megzeydi. Bul bularqlar adamzattıń ruwxıy dúnyasın suwsınlatıwda, jańa ósip kiyatırǵan jas áwladtıń boyında insanıylıq pazıyletlerdi: kishipeyillik penen keńpeyillikti, ziyreklik penen zeyinlilikti, tapqırlıq penen talapshańlıqtı qáliplestiriwde ayrıqsha áhmiyet tutadı.

Názerińizge usınılıp otırǵan toplam da usınday ádiwli minnetti atqarıwda suwı sarqılmas bulaq wazıypasın óteydi hám jas óspirimlerimizdi milliy tárbiya tiykarları menen nárlendirip, olardı jarqın keleshekke umtıldıradı.

Juwaplı redaktor
**Seydin ÁMIRLAN**

Jıynap, baspaǵa tayarlaǵan
**Beknazar ERNAZAROV**

ISBN 978-9943-5327-3-1

**© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018.**
**© Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologiyası, 2018.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

## BALALAR ÁDEBIYATÍ — MILLIY TÁRBIYANÍŃ TÚP DÁREGI

Qaysı xalıqtıń bolmasın milliy ádebyatında balalarǵa arnalǵan dóretpeler baslı orındı iyeleydi. Balalıq dáwir — insaniyattıń eń qızıqlı, eń bir esten ketpes máwritlerin quraydı. Sol sebepten de hárqanday xalıqtıń milliy ádebiyatında balalar ómirine, balalıq shaqqa arnalǵan shıǵarmalar elewli orın tutadı hám kóplegen qálemkeshlerdiń ádebiyatqa keliw tariyxı balalar ádebiyatına iz salıw menen baslanǵan.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń dóreliw tórkini eń aldı menen folklordan saǵa aladı. Folklordıń dóretiwshisi — xalıq. XX ásirdiń jigirmalanshı jıllarına kelip, balalarǵa arnalǵan xalıqlıq dóretpeler **«balalar folklorı»** degen atamaǵa iye boldı hám óz aldına úyrenile basladı. Jańa zaman qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń qáliplesip, rawajlanıwı da usı waqıttaǵı milliy baspasózdiń payda bolıwı, balalarǵa arnalǵan dáslepki gazetanıń ashılıwı hám balalar ádebiyatına keń kewil bóline baslawı menen baylanıslı óziniń jańa dáwirin basladı.

Usınıń nátiyjesinde qaraqalpaq jazba ádebiyatında S.Májitov, N.Dáwqaraev, J.Aymurzaev, Á.Shamuratov, S.Nurımbetovlar balalar ómirine baylanıslı óz keshirmelerin, eske túsiriwlerin hám dúrkim shıǵarmaların jazdı. XX ásirdiń ekinshi yarımına kelip, T.Jumamuratov, A.Bekimbetov, T.Seytjanov, M.Seytniyazov, X.Saparovlar, sonday-aq, olardıń baslaǵan jolın Ó.Xojaniyazov, J.Dilmuratov, S.Abbazov, U.Xojanazarov, Sh.Seyitov, A.Seytekov, Á.Seytjanov, T.Mátmuratov, K.Ernazarov, T.Jumabaev, A.Sultanov, M.Nızanovlar dawam etip, balalar dúnyasına baǵıshlap birqatar shıǵarmaların dóretti.

Házirgi waqıtta bul tarawda Sh.Atamuratova, Z.Ishmanova, Y.Ájimov, B.Ernazarov, S.Embergenov, J.Óteniyazov,



www.ziyouz.com kutubxonasi

A.Ábdiev, Á.Qayıpov, S.Ámirlan hám t.b. da bir dúrkin shayır-jazıwshılar, háwesker jas dóretiwshiler belsene qálem terbep kiyatır. Álbette, búgingi qaraqalpaq balalar ádebiyatı óziniń ayqın rawajlanıw jolına túsken hám anıq bağdarın belgilep alğan óz aldına taraw. Solay da bolsa, kúni búginge shekem **«Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologiyası»** jeke kitap túrinde jarıq kórmegen edi.

Jazıwshı B.Ernazarovtıń baslaması menen jıynalıp, tunğısh márte baspa júzin kórip otırğan bul toplam — qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń altın qorına qosılatuğın qunlı jıynaq bolatuğınlığına isenemiz. Óytkeni, balalar ádebiyatı — milliy tárbiyanıń túp dáregin quraydı. Al, milliy tárbiya — millettiń bas tayanıshı, temir qazığı sanaladı.

**Keńesbay KÁRIMOV,**
**Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamı baslığı,**
**Qaraqalpaqstan xalıq shayırı.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

# TÍNÍQ BULAQ

Xalqımız balanı tárbiyalawdı ana qursaǵınan baslay turıp, analarımızǵa bolǵan mehirin hám húrmetin ornı-ornına qoyǵan.

Al, bala dúnyaǵa kelgenen baslap, besik jırı menen tárbiyalanıp oǵan háyyiw aytılatuǵını dástúriy tálim esaplanadı.

Perzentlerdiń ruwqıy jaqtan hártárepleme jetilisken insan bolıp qáliplesiwi ushın hárqıylı oyınlardı, qosıqlardı, taqmaqlardı, jumbaqlardı, jańıltpashlardı hám t.b oylap tapqan. Bul hádiyse xalqımızdiń awızeki ádebiyatında hám folklorında payda bolıp, búgingi kúnge shekem jetip keldi.

Búgingi ádebyatımızda bul milliy dástúr ele de dawam etip kiyatır. Sol dástúrdi dawam ettirgen XX ásir dóretiwshilerinen baslap, házirgi waqıttaǵı dóretiwshi insanlardıń jámlengen dizimin hám dóretiwshiliginen úzindiler toplap jarıqqa shıǵarıw máqsetinde «Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologıyası» toplamın járiyalap otırmız.

Jıynaqtı baspaǵa tayarlaw barısında buniń zárúrligine taǵı bir márte dus boldıq. Óytkeni, dúnyadan ótken hám aramızda jasap atırǵan shayır-jazıwshılardıń ayırımlarınıń kitaplarınıń joq bolıp ketkeni sır emes. Bul bulaqlar kewip qalmawı tiyis.

Haslında, antologiya — ádebiyatımızdıń suwı móldir tınıq bulaqlarınıń biri. Solay eken, onıń ele de neshe áwladlarǵa ruwqıy suwsın bolatuǵınına isenemiz.

**Beknazar ERNAZAROV,**
**Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń**
**juwaplı xatkeri.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

# POEZIYA

## Saǵıydulla ABBAZOV
*(1930-1990)*



*S.Abbazov 1930-jılı 5-mayda Taxtakópir rayonında belgili xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulınıń shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*S.Abbazovtıń «Sırlı albom» (1962), «Meniń inim» (1964), «Kel, báhárim!» (1967), «Quslar qaytıp keledi eken» (1968), «Mektepte de, úyde de» (1977), «Mektepte bayram» (1987) sıyaqlı toplamları hám tańlamalı shıǵarmaları jarıq kórgen.*

*1982-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### GÚLZARDÍŃ TÚYESI

Qońsımızdıń kishi qızı daladan,
Shawıp keldi xabar tawıp jańadan,
Dedi bizge, ushıp-ushıp quwanıp:
«Apam túye alıp keldi qaladan».

Úyimizde adamlar da kóp edi,
Barıp onı kórgileri keledi,
«Tawıqtay» dep juwap berdi jáne ol,
Birew oǵan: «Qanday túye?» dep edi.

Anıqlandı túri-túsi xabardıń,
Túsinigi shala bolǵan ballardıń,
Túyetawıq bolıp shıqtı izinde,
«Túye» dep júrgeni biziń Gúlzardıń.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XOSH-XOSH, BAQSHAM,
## XOSH BAQSHAM!

Tárbiyashı ana bolıp,
Men baxıtlı bala bolıp,
Erkin óstim, erkeledim,
Qushaǵıńda tasıp-tolıp.

Xosh-xosh, baqsham, xosh, baqsham!
Umıtpayman heshqashan.

Júzim jarqın, jaynadım men,
Miyrim qanıp oynadım men,
Tálim berip tárbiyashım,
Tilim shıǵıp sayradım men.

Xosh-xosh, baqsham, xosh, baqsham!
Umıtpayman heshqashan.

Sennen qanat qomlap aldım,
Mektebime jollama aldım,
Tolıp oqıw jasına men,
Qushaǵıńnan ketip qaldım.

Xosh-xosh, baqsham, xosh, baqsham!
Umıtpayman heshqashan.

Xosh-xosh, meniń mehribanım,
Tárbiyashım — qádirdanım,
Xosh-xosh, baqsham, xosh, baqsham!
Umıtpayman heshqashan.

Xosh-xosh, baqsham, xosh baqsham!
Umıtpayman heshqashan!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## APAM PÍSHÍQ ÁKELDI

Apam keshe qońsıdan,
Ala pıshıq ákeldi.
Kip-kishkene, dım sulıw,
Bala pıshıq ákeldi.

Bolmasın úyde tıshqan dep,
Sol pıshıqtı saqladıq.
Shetki jayǵa jiberip,
Izinen áste baqladıq.

Urdı ózin quwısqa,
Boldı ullı-patırlı.
Qaradı da tum-tusqa,
Shetirek barıp otırdı.

Kóz jiberip uzaqtan,
Juwırıp bardım qasına.
Minip alǵan bir tıshqan,
Pıshıǵımnıń basına.

Apamnıń da kewili,
Pıshıǵımnan suwıptı.
– Kórdim keshe, – deydi ol,
Tıshqanlar bunı quwıptı...

Hámmemiz soǵan narazı,
Pıshıǵım, bunı ańla sen!
Tıshqannan bolıp ǵárezli,
Kóp kúlkige qalma sen.

## HÁYYIW AYTSA ANALAR...

Qızım-qızım, qırmızı,
Jaynap turar nur júzi,
Kóp qızlardıń ishinde,
Sulıwlıqtan bir ózi.

Qızım-qızım qızǵana,
Uyqıla, qızım, azǵana.

Meniń qızım qanday qız,
Aspandaǵı ayday qız,
Apasınan sorasa,
Shiyrin-sheker palday qız.

Qızım-qızım qızǵana,
Uyqıla, qızım, azǵana.

«Qızım-qızım qundızım,
Aspandaǵı juldızım»,
Dep qoyıptı apası,
Túnlerde meniń kúndizim,

Qızım-qızım qızǵana,
Uyqıla, qızım, azǵana.

Qızım shashın taraydı,
Aynalarǵa qaraydı,
Qız bar ma eken dúnyada,
Qızımday meniń shıraylı.

Qızım-qızım qızǵana,
Uyqıla, qızım, azǵana.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## TÁY-TÁY BALA, TÁY BALA!

Berman qara, háy bala,
Táy-táy bala, táy bala,
Házirshe sen asıqpa,
Bas ayaqtı jay bala.

Táy-táy bala, táy bala,
Berman qara, háy bala,
Táy-táy bolıp júralmay,
Jıǵıladı gey bala.

Berman qara háy bala,
Táy-táy bala, táy bala,
Táy-táy bolıp keledi,
Biziń bala – ay bala.

Bir-eki, úsh, bala,
Jıyna tezirek kúsh bala,
Albıramay, asıqpay,
Nıq basıp jolǵa tús bala.

Táy-táy bala, táy bala,
Qara berman háy bala,
Júreǵoysesh pay, bala,
Bas qádemdi jay bala
Qorqa ma eken ay bala?

Kel-kel bala, kel bala,
Qolıńdı maǵan ber, bala,
Júriwge óziń qorıqsań,
Izime áste er, bala.

## Hikmetulla AYÍMBETOV
***(1948)***



*H.Ayımbetov 1948-jılı 2-sentyabrde Taxtakópir rayonınıń Taxtakópir awılında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*H. Ayımbetovtıń «Jalǵız terek» (1976), «Tıńlańızlar» (1985), «Úlken shańaraq» (1991), «Aq qaǵaz» (1993) sıyaqlı poeziyalıq kitapları, «Qarabuwra» (1998), «Taxtakópir ullı dárbent ústinde» (2007) romanları basılıp shıqtı.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*A.Pushkin, M.Lermontov, V.Mayakovskiydıń orıs xalqınıń «Igor atlanısları haqqında dástan» shıǵarmaların, Á.Súyinniń, R.Mińnulinniń qosıqların qaraqalpaq tiline awdardı.*

*1991-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## QÍZÍLQUMNÍŃ GÚLLERI

### QARLÍǴASH

Gúzde deneń suw qattı,
Qayda bardıń, qarlıǵash?
Bunday sulıw-sımbattı,
Qaydan aldıń, qarlıǵash?

Ol jaqlarda ház bar ma?
Tábiyatı gózzal ma?
Sen qonǵanday tal bar ma,
Sımlar kóp pe, qarlıǵash?

Monshaq yańlı dizilip,
Gá qatarıń úzilip,
Oynap ediń qızıǵıp,
Juǵırlasqan qarlıǵash.

Tоń erigen máhálde,
Awılǵa hám sháhárge,
Qabatlasıp báhárge,
Qaytıp keldiń, qarlıǵash.

Qaytıp keldi bárisi,
Barǵa usap kóp isi,
Awızınıń sarısı –
Ketip qalǵan, qarlıǵash.

Kóshemizdi toltırdı,
Hátte, úyge ol kirdi,
Uyalardı bıltırǵı,
Izlep kelgen, qarlıǵash!

### GÚLLERDI KÓRSEŃ...

Jazıqlıqqa súysinip ketip,
Qumda-aq ósedi,
Gúlistanǵa aylanar sóytip,
Sahra keshegi.

Basın iyip qapırıq ıssıda,
Soladı áste,
Dártke dawa degen usı-dá,
Janlanar keshte.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qáydem, hátte salqın samaldan,
Náhár ala ma,
Kórki menen jasaydı mudam,
Qumlı dalada.

## MAY GÚLLERI

Keyip bergen náwshe qızǵa,
Náziklik bar turısıńızda,
Jaslar kelse tusıńızǵa,
Bayram sánli May gúlleri!

Saharada, Qızılda da,
Yosh beresiz qız-ulǵa da,
Biriń – tyulpan, biriń – lala,
Atıń kópdur, May gúlleri!

Dúnya boylap saparıń joq,
Biraq, almas sháháriń joq,
Sawlatıń bar, qáháriń joq,
Xosh múlayım, May gúlleri!

Daqıl berse bárshe egin,
Ruwx berer náwsheleriń,
Insan barlıq kúsh-jigerin,
Sizge berer, May gúlleri!

## QAHARMAN

Insan batır bolıp tuwılmasa da,
Kimler jaqsılıqtan úmitin joydı?
Bir tuwısqan inim kelip dúnyaǵa,
Sheshem atın onıń Qaharman qoydı!

Pák kewilden ayttı usı turısta,
Aqlıǵınan árman túyip edi ol,
Tuwǵan jer dep qaza tapqan urısta,
Tuńǵısh ul saǵınıshına kúyip edi ol.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## O, GÚL ÓMIR!

Qoynıńdaǵı insanlar,
Keleshekti árman etpey qoydı ma?
Hátte, jańa tuwǵan bóbekke házir,
Qansha miynet júklep qoydıń moynına?

## ESKI AŃǴAR

Shopan awılınıń túbinde,
Jatır úlken dárya ańǵarı,
Ultanların sıpırar kúnde,
Qızılqumnıń ór samalları.

Bul ańǵarda,
Báhár kelse
Túrli giyalar,
Óser jıńǵıl, seksewiller de,
Samal menen shuwlaydı olar,
Usap óskin, shoq kewillerge.

Ireń-bereń gúl aǵımına,
Tola jazlar dárya ańǵarı,
Boyın sozıp tań saǵımına,
Dolanadı shól jánanları.

Sonsha gúlge
Ana-dáryanıń,
Qatqan kóksi iye me deymen?
Bálki, jaqsılardıń mudamı,
Sharapatı tiye me deymen?

Eski dárya,
Adasqanday ulınan shólde,
Ózin-ózi jubatıp paqır,
Endi ańǵarın toltırıp gúlge,
Terbetip atır.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## MEHIR

Máwjirgen ağıslar tınbawı zárúr,
Insan besik jırın tıńlawı zárúr,
Ornaw ushın báhár hám shadlı dáwir,
Jáhánge analıq mehir miyasar!

## ANAMNÍŃ ANASÍ BAR

Sóylesseń júdá qızıq,
Anamnıń anası bar,
Onıń da eki-úsh qızı,
Eki-úsh balası bar.

Geywaqta maqtay qoysa,
Taba almas atımızdı,
Sóytip ol maqtap sonsha,
Qaytarar pátimizdi.

Adamlar bilmeytuğın,
Ertekti biledi ol,
Geywaqta sóylep qızğın,
Selkildep kúledi ol.

Gúl pitsin qollarıńa,
Dep baxıt tileydi ol,
Ulınıń ullarına,
Qızınıń qızlarına!

## SAHRANÍŃ GÚLLERI

Kóz qumarıń qanadı,
Áyne báhár kúnleri,
Shoqtay ğıjlap janadı,
Sahranıń gúlleri.

Biyrehim bolsa da.
Qızılqumnıń shólleri,
Qulpıradı sonshama,
Sahranıń gúlleri.

Biydárt bultlar jarısıp,
Ótip keter ilgeri,
Qala berer qayısıp,
Sahranıń gúlleri.

Saratanda uyıtqıp say,
Eser otlı jelleri,
Kúyip keter shıdamay,
Sahranıń gúlleri.

Tuqım shashar sál burın,
Qalğanında súlderi,
Kúter báhár jamğırın,
Sahranıń gúlleri!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## HÁY, DÁRYA...

Háy, dárya!
Ańǵarıńa burıp joldı sen,
Jelkildegen million aydarǵa,
Megzep tolqı sen!

Quw dalada kózge shań quyǵan,
Lalazarlar óssin esilip,
Al, qulasa jartas mańqıyǵan,
Aǵımıńa ketsin qosılıp!

## HÁYYIW, BÓBEK

Háyyiw, bóbek, háyyiw, bóbek,
Kózińdi jum,
Uyqıla qáne,
Anań seni qoysa bólep,
Apań sheship alar seni.

Uyqıla kúnim, uyqıla ayım,
Uyqıń bólinbegey-dá hesh,
Shashlarıńnan sıypalayın,
Onnan saǵan zaqım kelmes.

Qıyqańnıń bar ma jóni?
Háyyiw, bóbek, háyyiw bóbek,
Jılay berme, bizler seni
Jaqsı jigit bolar dep-ek.

Nurlanǵansha bozǵılt aspan,
Uyqıla meniń bóketayım,
Ózim seni shorshıtpastan,
Súyip ǵana oyatayın!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Raxman AYTMURATOV
### *(1945-2005)*



*R.Aytmuratov 1945-jılı 4-fevralda Moynaq rayonınıń Qızıljar awılında tuwılǵan. Orta mektepti pitkergennen soń «Aral balıqshısı» gazetasında jumıs baslaǵan. Qońırat rayonlıq «Jeńis bayraǵı» gazetasında ádebiy xızmetker, bólim baslıǵı, usı gazetanıń redaktorı bolıp islegen. Onıń qosıqları, poemaları, gúrrińleri, ocherkleri baspasózde úzliksiz járiyalanıp keldi. Shayırdıń «Dúbeley» (1993), «Gúbelek nege gúlge qondı?» (1997), «Dáwir ruwxı» (1997) qosıqlar toplamları basılıp shıqtı.*

*1998-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### TENTEK BALA

Tentek bala, tentek bala,
Bir sózim bar tıńlap qara,
Tenteklikti súyemiseń,
Ya dım qızıq kóremiseń?

Hámme seni tentek deydi,
Qılǵan isiń ántek deydi,
Onnan sayın másireseń,
Teke bolıp esireseń.

Saǵan aytar aqılım sol,
Bunnan bılay ádepli bol,
Teke oysız, al sen bolsa,
Bir kún qattı qısınarsań.

### ORAZ HÁM QORAZ

Bilesiz be Orazdı,
Ol saqlaǵan qorazdıń,
Ózi soǵıp ketegin,
Kóp ǵamqorlıq etedi.
Sonlıqtan ba qorazı,
Qońırawday hawazı,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sabaqtan kesh qalma dep,
Oyatadı zinharlap,
Oraz turıp jalma-jan,
Qorazına shashar dán.

## HA QURBAQA, QURBAQA

Ha qurbaqa, qurbaqa,
Baqırsam da buqpaysań,
Tostaǵanday kózleriń,
Aytqan sózdi uqpaysań.

Bolsańdaǵı ábeshiy,
Unataman turqıńdı,
Al taltańlap júrisiń,
Qozdıradı-aw kúlkimdi.

Ha qurbaqa, qurbaqa,
Suwdan nege shıqpaysań,
Keshqurın bir ház etip,
Qashan tınısh uyqılaysań?!

## GÚLLER EKTIM

Gúller ektim háwlimdi
Gózzallıqqa dóner dep,
Hár kórgende kewlimdi,
Yosh-shadlıqqa bóler dep.

## BUL ÚLKENI SÚYEMEN

Kózlerime otlı nur seber,
Adamlardıń shadlı kúlkisi,
Gúl naǵıslı kórkem kósheler,
Tereklerdey keler óskisi.

Sezimimnen tuwılar árman,
Aspandaǵı bultqa teńlesti,
Júz aymalap, hátte samal hám,
Bul úlkeni súyemen desti.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## AQ PAXTA

Appaq paxta, aq paxta,
Sennen kewlim shad paxta,
Qarap kózim toymaydı,
Kórkiń gúldey jaynaydı.

Jarasıǵı elimniń,
Keń baylıǵı jerimniń,
Appaq paxta, aq paxta,
Ashıla ber bir bapta.

## GÚZ

Japta suwlar tınıptı,
Suw da biraz sınıptı,
Qılıshshabaq jılt eter,
Bálkim tońıp sekirer.

Atız kórki gúl jaynar,
Qashan kórseń is qaynar,
Tókken mańlay terlerin,
Kórdik miynet erlerin.

Gúz qushaǵın gezdik biz,
Jaǵımlı dep sezdik biz,
Ózinshe sánli shırayı,
Qızıqlı eken gúz ayı.

## TOLQÍNLAR

Astań-kesteń kók teńiz,
Ójetligin basladı,
Órge-ıqqa teńselip,
Tolqınların shashadı.

Tawday tolqın shashawlap,
Shapshıp shıqtı bálentke,
Kózlerimiz jasawrap,
Boldıq ábden shala ókpe.

Teńiz súygen júrekte,
Qanday degbir, qorqıw bar?
Hámmemizdi er etken,
Sol teńiz, sol tolqınlar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Axmet AQNAZAROV
*(1948)*



*A.Aqnazarov 1948-jılı 1-sentyabrde Tórtkúl rayonında tuwılǵan. Orta mektepti pitkergennen baslap baspasóz tarawında islep, ádebiy dóretiwshilik penen shuǵıllanıp kiyatır.*

*A.Aqnazarov «Shokoladı qánekey?», «Diafilm operaciyası», «Diplomattaǵı qupıya», «Bala menen ılaq», «Altın teńge», «Shaytannıń shataǵı», «Yumoroxod», «Jáhán esitpegen jańalıq», «7-B»daǵı izquwar» atlı yumorlıq qosıqlar, ertekler, gúrrińler, povestlerden ibarat onǵa jaqın kitaptıń avtorı.*

*Sonday-aq, jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaqpan, táwekelshimen» kitabın, M.Nızanovtıń «Adam kúldirgeni ushın» povestin hám belgili qaraqalpaq satirikleri S.Jumaǵulov, K.Ernazarov, A.Sultanov, Q.Ámetov hám taǵı basqalardıń yumorlıq gúrrińlerin ózbek tiline, al ayırım ózbek, qazaq, túrkmen, orıs satirikleriniń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*2002-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### SALAQBAY KITAPXANADA

Alıp qolǵa,
Qos kitaptı,
Keldi ol da,
Aytqan waqtı.

Sara apay,
Kitaplardı,
Asıqpay jay,
Qarap aldı.

Hám ayttı soń:
— Haw, sen, shıraq,
Oqıpsań-ǵo
Birewin-aq!

— Ne? – dep «shıraq»,
Atıp turdı.
Isi biraq,
Aytıp turdı:

Bir kitabı –
Taza, appaq.
Ekinshisi –
Qara satpaq!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ER BOLSAŃ

Batıp terge
Entigip,
Keldik úyge,
Teń kirip.

Al, ájaǵam –
Arıslan,
Kelgendey tap
Alıstan.

«Men ozdım» dep,
Maqtandı.
Onısına
Tań qaldım.

Uyalsań-o,
Arıslan,
Ekewimiz-ǵo
Jarısqan.

Ozıp kórshi,
Er bolsań,
Klasslasıń
Erboldan?

## NÁTIYJE

Úyretsem dep
Sanaqtı,
Úgitledim
Razaqtı:

— Stoldaǵı
Bir anar.
Polda taǵı
Bir anar.

Bersem men de
Bir anar.
Nátiyjesi
Ne bolar?

Ayttı úkem,
Shińkildep,
(Men júrmen-aw
Bilsin dep):

– Sıǵıp iship
Bárin de.
Toyǵızar em
Qarındı!..

## SEBEP

*(Sabaqqa kesh qalǵan 2-niń sıltawı)*

Apam ayttı:
– Asıqpa!
Aǵam ayttı:
– Asıqpa!
Mashina kóp,
Dawrıqpa.
Abaylap ót,
Hawlıqpa!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Kóshede de
Bir aǵay,
«Jay júr, – dedi
Zırlamay».

«Saspa» deyip,
Bir apay,
Turdı irkip
Birtalay...

Olar aytqan
Sebepten,
Kesh qalǵanman
Mektepten!..

## SUM BALA

Keshe seni kórgen
Duǵdırıń ne dedi?
— Kúnine úsh mezgil
Muzqaymaq je dedi!..

## PÍSHÍQTÍŃ QAM ETI

Úkesine
Tiyisli,
Pıshıǵı bar
«Iris»ti.

Arshıp bolıp,
Asıǵıs,
Uslattı tek,
Qaǵazın:

— Qanday jaqsı
Súwreti!
Mınaw onıń
Qam eti.

Jeme qamlay
Etti, — dep,
«Qam»dı ózi
Ketti jep!

## TUSH TABÍLMAY MA?

Aq palasqa,
Ústime,
Qoydım tógip,
Tushtı men.

Qara tush ne?
Tabılar.
Qızıl, kógi,
Taǵı bar.

Kerek bolsa,
Qaysı túr,
Dúkanlarda
Bári tur.

Sonda da she,
«Ux!» deyip,
Apam meni
Júr keyip!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## PÁNT

«Az berdiń maǵan
Góshti», – dep Maxan,
Shawqımdı saldı,
Ókpelep qaldı.
Teris qarap ol,
Otırǵanı sol,
Pıshıǵı etti,
Ilip áketti!

## «MIYAW»

Kórsetip em,
Kitabımnan,
Pıshıqtı.
Súwretine,
Kishi úkem,
Qızıqtı.
Bilmegensip,
Sorap edik:
– Bul kim, haw?
Sál irkilip,
Úkem dedi:
–Bul...miyaw!

## MAQTANSHAQ

Minájdiń sharın,
Kórdi de Nazar,
Dúkanǵa barıp,
Satıp aldı shar.
Etemen úlken,
Onıkinen dep,
Usı oy menen,
Isirdi úplep.

Kem-kem isip shar,
«Pańq» etti, sonda,
Maqtanshaq Nazar,
Bir urdı sanǵa...

## «DOS»

Aldına alıp
Qálem, qaǵazdı.
«Quslar dostım» dep,
Shıǵarma jazdı.
Kewlinde endi,
Ándiyshe joq-tı.
Otırıp soń ol,
Ayıraǵash soqtı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Shiyrin ATAMURATOVA
*(1949)*



*Sh.Atamuratova 1949-jılı 7-iyulde Xojeli rayonında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedinstitutınıń fizika-matematika fakultetin tabıslı pitkergen.*

*Shayırdıń qosıqları 1970-jıllardan baslap járiyalanıp baslaǵan.*

*Sh.Atamuratovanıń házirge shekem «Átkónshek» (1978), «Sawǵa» (1981), «Shadlıq» (1984) «Pıshıǵım» (2011), «Sálem mektep,» (2012), «Shińkildesken balalar» (2013) degen balalarǵa arnalǵan qosıqlar toplamları basılıp shıqtı.*

*1983-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### ANA TILI

Usı tilde shúldirlep,
Sóylewge men asıqtım.
Usı tilde gúbirlep,
Erteklerge qızıqtım.

Usı tilde apamnıń,
Háyyiwine buyıqtım.
Usı tilde atamnıń,
Gúrrińine qunıqtım.

Ana tilim — shadlıǵım,
Kewilimniń gúlleri.
Ana tilim — baylıǵım,
Sózi — onıń túrleri.

### SAWǴA

Túrli gúller,
Gil hasıl.
Japıraqları –
Jap-jasıl.

Átir iysin
Taratar.
Xosh sezimler
Oyatar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Gúlzarımda
Írǵalǵan,
Gúlim sizge –
Arnalǵan.

Sol gúllerden
Bir dáste
Alıp keldim
Gúldáste.

Qabıl etiń
Anajan,
Gúllerimdi
Jaynaǵan.

## MENIŃ ELIM

Qısı gúmis,
Jazı jasıl,
Altın gúzi,
Berer hasıl.
Báhárine
Jetpeydi sóz,
Gúllerine
Toymaydı kóz.
Táriplewge
Tiller jetpes
Shırayına
Hámme háwes.
Meniń elim —
Tuwǵan jerim.
Gúllene ber
Eleberin.

## PÁTPELEK

Pátpelegim, pátpelek,
Meni ettiń kóp hálek.
Ushıp kettiń qaylarǵa,
Jettiń be, ya aylarǵa.

Qayda ketken bolsań da,
Qayda jetken bolsań da,
Aylanıp kel ózime,
Bálent kórip kózime.

## KÓYLEK

Appaq kóylek, aq kóylek,
Ózi maǵan shaq kóylek.
Appaq kóylek — shıraylı,
Ózime sonday unaydı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## IYNE-SABAQ

Iyne, sabaq
Birge islep,
Tikti kóylek,
Tikti sádep.

Usılayınsha
Ótti waqıt,
Biraq iyne
Jánjel tawıp.

— Dedi ózim
Kóp bilemen,
Kiyimlerdi
Men tigemen.

Sabaq sonda
Oyǵa taldı.
Islemesten
Jolda qaldı.

Jalǵız iyne
Tige berdi.
Biraq sirá
Is pitpedi.

Sonnan berli
Sabaq penen.
Iyne mudam
Birge júrgen.

## ATA-ANA

Ósirgensiz álpeshlep,
Ádiwlim dep bizlerdi.
Teńewińizdi tappadıq,
Ata-ana sizlerdiń.

Tayar turǵan hár iske,
Watan ushın pidayı.
Qarızdarmız sizlerge,
Ómirboyı, udayı.

Sózińiz hám isińiz,
Bizge úlgi-násiyat.
Áwladlardan-áwladqa,
Islerińiz bolar yad.

Áziz ata-analar,
Sizge húrmet, sizge dańq.
Watan menen, siz benen
Biz baxıtlı, mudamı shad.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Sharapatdin AYAPOV
*(1954)*



*Sh.Ayapov 1954-jılı Shımbay rayonınıń Shaxaman awılında tuwılǵan.*

*Tashkent mámleketlik universitetiniń jurnalistika fakultetin sırttan oqıp pitkergen.*

*Sh.Ayapovtıń «Qus jolı» (1986), «Jaslıqtıń hár demi» (1988), «Lirika» (1990) atlı toplamları baspadan shıqtı.*

*Á.Nawayınıń, Abaydıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*1988-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### JETI ATAŃNÍŃ ATÍN BIL, BALAM!

Atajurtıń, jurtıń — Túrkistan,
Tilge keler teberik Turan,
Násiyatın yad etkil mudam,
Jeti atańnıń atın bil, balam!

Jeti atańnıń ismin bil, balam,
Biri Quyash, biri Ay saǵan,
Biri zámin, birisi aspan,
Jeti atańnıń atın bil, balam!

Aq sút bergen Anań – ol Kaabań,
Atań – asqar tawıń, ol panań,
Mehri dárya, peyli keń dalań,
Násiyatı qaldırǵan saǵan,
Jeti atańnıń atın bil, balam!

Jurtbasımız aytar hár sapar,
Biyǵárezlik baǵısh ıǵbal,
Ózligińdi óziń ańlap al —
Jeti atańnıń atın bil balam!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Jeti atań, jeti qat álem,
Ótmishi bay xalqıń ne degen,
Ómir – ózi mudam biri kem,
Jeti atańnıń atın bil, balam.!

Watan tánha, Táńirim tánha,
Aman jan, iymanım tánha,
Tákirarlanar sap ruwxımda,
Jeti atańnıń atın bil, balam.!

Ómir sáhár sadıqlıq gúres,
Ana tiliń nur shuǵlalı ses,
Búgin yad et, erteń bolar kesh,
Jeti atańnıń atın bil, balam.!

Aqlaw parız elińniń duzın,
Tumar etip xalqıńnıń ismin,
Perzentlerim ulım hám qızım,
Jeti atańnıń atın bil, balam.!

## BALALARǴA BERIŃ DÚNYANÍ

Balalarǵa beriń dúnyanı,
Baslarına kóterip júrsin.
Ana hám de perzent jamalı,
Quyash kibi kúlimlep tursın.

Ullı jurtta tuwılıw baxıt,
Ullı maqset ómir zıyada.
Hárqashan da umtıl, yadta tut,
Saǵan qushaq ashadı dúnya.

Adamzattıń kórki-sawlatı,
Nárésteniń táy-táy qádemi.
Tábiyattıń zor inayatı,
Perzent demek ómir báhári.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Babalardıń ruwxı mádetkar,
Kúter seni márdana jollar.
Keleshektiń tuńǵısh qádemi,
Balalarǵa beriń dúnyanı.

Balalarǵa beriń dúnyanı,
Baslarına kóterip júrsin.
Ana hám de perzent jamalı,
Quyash kibi kúlimlep tursın.

## ÚKELERIME

Keshe meni búldirip,
Uyqılatpaǵan ertekler,
Seni oyǵa shúmdirip,
Seni qayda jetekler.

«Ertek erte boladı»,
Ájayıp-aw tıńlasań,
Oyıń kelte boladı,
Ertek tıńlap turmasań.

«Álipbe»ni yad etip,
Ana tilin úyrenseń,
Ata-anańdı shad etip,
Ertek oqıp bergeyseń.

Juldızlardı aylanıp,
Juldız bolıp aqqaysań,
Jurt isine saylanıp,
Quyash bolıp atqaysań.

Erteklerden erlikti,
Úyrengenbiz áweli,
Oyınnan Kim zerikti:
«Áwelemen, dúwelemen»

## GÚZ QOSÍǴÍ

Baǵ-baǵshalı wıldıń,
Jemisi pisken máháldi,
Tiligi-ay qawınnıń,
Pal tatıǵan máháldi.

Altın gúz, – dep qoydıq biz,
Altın gúz, – dep qoydıq biz.
Ǵórekler «kúlgen» bul máhál,
«Aq altın» mamıq shashar,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Birimlep tergen máhál,
Zeyniń gúldey ashılar.

Máwsimlerdiń
Saqıyı,
Altın gúz-dá
Aqırı.

Gúmis masaq, gúmis dán,
Tolısıp pisken máhál,
Íssı shórek, ıssı nan,
Miynetten óngen máhál.

Máwsimlerdiń,
Saqıyı,
Gúz-gúzek-tá
Aqırı.

Quslar sap tartıp kókte,
Bálentlep ushqan máhál,
Átirap mıń ireńde,
Qubılıp turǵan máhál,
Bizge tanıs gózzal gúl.

Gúzgi naǵıs-gózzal gúl,
Aq altın aq paxtası,
Gúmis dán appaq ası,
Shiyrin-sheker miywası,
Máwsimlerdiń aǵlası.

Tuwǵan jerdiń gúzi bul,
Máwsimlerdiń izi bul.
Altın gúzde mektepte,
Bizdi ustaz kútpekte.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## JAŃA JÍL

Kúndey kúlgen jamalı,
Jelpip, jelpip samalı,
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Ay juldızǵa ulasıp,
Hár qádemde nur shashıp,
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Sawǵası mol qalayda,
Qar qızı bay shırayǵa,
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Hárbir úyge, sháhár elge,
Darıtıp mol nesibe, -
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Jer hám kókke mudamı,
Tınıshlıq bolıp uranı,
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl!

## Yaqıpbay ÁJIMOV
*(1955)*



*Y.Ájimov 1955-jılı Kegeyli rayonınıń Jalpaqjap awılında tuwılǵan.*

*Nókis energetika texnikumın,*

*Nókis mámleketlik universitetiniń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı fakultetin óndiristen qol úzbey pitkerip shıqqan.*

*Házirge shekem onıń «Quyash sónbeydi», «Men súyemen gúllerdi», «Aqquwlar atawı», «Bar eken de, joq eken» «Erkebaydı erke demeń», «Eshkiniń nege saqalı bar?» atlı kitapları «Qaraqalpaqstan» baspasınan basılıp shıqqan.*

*Y.Ájimov awdarmashı sıpatında D.Defo, A.Tolstoy, A.Pushkin, K.Chukovskiy, V.Shukshin, A.Aripov hám t.b. jazıwshı-shayırlardıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarıp, baspasózde járiyaladı.*

*1995-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## HÁYYIW QUWÍRSHAQ

Bir qolımda quwırshaq,
Bir qolımda bawırsaq,
Bawırsaqtı bersem de,
Jemes biziń quwırshaq.

Quwırshaq-aw, quwırshaq,
Jeyseń be gósh quwırsaq?
Qaramaydı dep qorqpa,
Sen ushınıp awırsań.

Aparamız duqtırǵa,
Iyne salar duqtır da.
Táwir bolıp keteseń,
Emlenseń tez waqtında.

Jemeseń hesh bawırsaq,
Jemeseń gósh quwırsaq,
Tez uyqıǵa jata ǵoy
Háyyiw-háyyiw quwırshaq!

## AYÍWǴA QONAQ BOLÍW
*(tawlamash)*

– Ayıw qayda?
– Toǵayda.
– Neǵıp atır?
– Pal jep atır.
– Palı qanday?
– Tatlı sonday!
– Xabar alsam eger,
Bálkim palınan berer?
– Barsań bara ǵoy.
– Neshe kúnde jetemen?
– Eki kúnde jeteseń.
Haw, aytqanday tura tur,
Jolda eki Dáw jatır.
Olardan qalay ótemen?
– Tilin tapsań óteseń.
Jıllı-jıllı sóyleseń,
Arqasına mineseń.
Eki atlasa, dem de,
Jeteseń ayıwdıń úyineń.
– Yaqshı onda, men kettim,
– Jolıń bolsın, saw jetiń!
Dáwdi minip sonda,
Qonaq boldım Ayıwǵa.
Jaqsı kútip aldı,
Hal-awhal sorastıq.
Eki dúńgir paldı,
Eki kúnde tawıstıq.
Raxmet aytıp Ayıwǵa,
Qayttım uzaq eglenbey,
Dáwdi minip awılǵa.

## KELIŃ OYNAYÍQ!

Kel oynayıq: «teppek»,
Yaki «mańlayshertpek».
– Waqtım joq ǵoy dım búgin,
Oynayıq-sa keshqurın.

– Hámmemiz qosılısıp,
Keshte oynayıq «taq-taq».
– Ol oyınıń osılsın,
Oynamayman, yaq-yaq!



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Áwelemen-dúwelemen»,–
Sonı jaqsı kóremen.
Berman qara sal qulaq,
Ya oynayıq «ańǵalaq».
Oyınnıń qızıq, úlkeni,
Oynayıq «arpa-gúrpe»ni.
Oynayıq deseń «qasharman»,
Oǵan qushaq asharman.
– Oynamasań sen «taq-taq»,
Oynayıq «jasırınbaq».
– Máyli, keliń oynayıq,
Birewimiz qurınayıq.
Basla óziń Ertilew,
Qaytayıq úyge ertelew.

– Jasırınıń bolmasa,
Bala emespen tawmasamń...
Bári ketti pıtırap,
Jım-jırt boldı átirap.
«Gó-ke-ek!» dedi bir gezde,
Izlep kettim, men tezden.
– Saq bolıńlar, al bardım,
Al, basıńdı qaq jardım!..
Kórdim, áne, Jańashtı,
Tasasında aǵashtıń.
Shıq, buqshıyma, bermaǵan,
Kel, qurın, náwbet saǵan...
Oynadıq waqtı xosh bolıp,
Úyge qayttıq ash bolıp.

## QAYDA AYDÍŃ JARTÍSÍ?

Ótkirbay hám Ótebay,
Barıp turǵan ójet-ay!
Túnde shıǵıp dalaǵa,
Ójetlesse bola ma-ay?

Ótkirbay ayttı: — Ay nege,
Pútin emes, ayt qáne?
Qaraqshılar ońbaǵan,
Jartısın onıń urlaǵan.

Dápindi ol: — Hásseniy!..
Taptıń aldar balanı!
Aspandaǵı nárseni,
Kimler urlay aladı?!

Dálilleydi atam da,
Isenbeseń sorashı.
Ayttı bar dep aspanda,
Bir emes, «Jeti qaraqshı».

## JALQAWDÍŃ ISI
*(ráwiyat)*

Bir erinshek jalqaw balanı,
«Jazalaptı» ata-anası.
Oqısın dep gazet, kitap,
Bólek jayǵa qamaptı qulplap.

Sebetke toltırıp zaǵara,
Ildiripti biyik pátikke.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Jalqaw qolǵa kitap ala ma?!
Esnep-esnep uyqılap ketipti.

Oyansa ash, dińke qalmaǵan,
Al, nan bolsa biyik pátikte.
«Qalay etsem onı alaman?»,
Degen oyǵa shúmip ketipti.

Qarasa, bári kitap, zat joq bólek,
Bası qattı: «Ne islew kerek?».
Áytewir bir ilajın tawıp,
Ne qılsa da nandı jew kerek.

Bir pikirdi kewilge túydi:
Kitaplardı ortaǵa úydi.
Sоń olardıń minip ústine,
Sebetti túrtkilep túsirdi...

Kórdińiz be, jalqawdıń isin,
Esi-dárti uyqı, tamaǵı.
Bilim menen jalqawlar bilsin,
Erteń onnan kóp nan tabadı.

## Qazaqbay ÁMETOV
## *(1941)*



*Q.Ámetov 1941-jılı 23-sentyabrde Xojeli rayonınıń Qolap awılında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*

*Q.Ámetovtıń «Abısınlar» (1974), «Hámelparazdıń túsi» (1993), «Jala» (1995) atamasındaǵı gúrrińler toplamları baspadan shıqtı.*

*1995-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QOŃÍRAW

Qońıraw beriledi,
Saat segiz yarımda.
Bunı hámme biledi,
Meniń de ol yadımda.

Keshikpey úlgerip biz,
Otıramız klasta.
Kirip muǵallimimiz,
Oqıw baslar sol waqta.

Bolǵannan soń barlama,
Tapsırma soraladı.
Ótilip jańa tema,
Sabaq juwmaqlanadı.

Qońıraw shalınadı,
Shıǵıwǵa tánepiske.
Jáne qaytalanadı,
Onıń da waqtı pitse.

Al, qońıraw isleydi,
Anıq keste boyınsha.
Aljasıwdı bilmeydi,
Sirá, meniń oyımsha.

Úyreter kónlikpege,
Ótkerip hápte, aydı.
Bilimdi iyelewge,
Qońırawım sharlaydı.

## ISLESE BOLAR EKEN

Appaq etip ján-jaqtı,
Túni menen qar japtı,
Qolǵa aldım azanda,
Gúrek penen qolǵaptı.

Ayazı betti qızartıp,
Moynıma júk artıp,
Átirapın úydiń men,
Aldım qardan tazartıp.

Apamlar shıǵar malǵa,
Islese bolar eken,
Gúrek penen qar artıp,
Jol shıǵardım qoraǵa.

On ekige tolsam da,
Ele kishi bolsam da,
Miynet etip qızıppan,
Ádebinde tońsam da.

Qurı bosqa isimniń,
Ketpegenin túsindim.
Jumıs qaraǵan qolǵa,
Jumsap ǵayrat-kúshimdi.

## BIZLERDIŃ BAǴÍMÍZ BAR

Bizlerdiń baǵımız bar,
Onda óser almalar,
Aǵam onıń baǵmanı,
Miywesin saldı olar.

Berip baǵqa ıqlasın,
Putap haram shaqasın,
Azıǵın berip, geyde,
Awdaradı arasın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Aǵam tınım bilmeydi,
Báhárde dárileydi,
– Solay etsek almanıń,
Qurtı bolmaydı, – deydi.

Erip júrip izine,
Qızıǵaman isine,
Men aǵamday bolaman,
Ósip, tolıp kúshime.

Miynetinen qashpaspan,
Hasla jalqaw bolmaspan,
Alma qurtın almaǵa,
Heshwaqıt jolatpaspan.

**ATAM**

Atamız basımızdan,
Erkeletip sıypaydı.
Janına úyir adam,
Hámme onı sıylaydı.

Biz onıń ádetlerin,
Jaqsı kórip qalǵanbız.
Házirden-aq islerin,
Úlgi etip alǵanbız.

Túsip ketse qolınan,
Bilmey nannıń usaǵı.
Qol juwırtıp sońınan,
Onı dárhal aladı.

– Nannıń, balam, bilseń sen,
Usaǵı da nan, deydi,
Túsken usaǵın kórseń,
Tez iyilip al, deydi.

Nansız ne kesher halıń,
Tirishilik onda bolmaydı.
Bar ǵoy onıń obalı,
Zayalaǵan ońbaydı.

Joq ǵoy onıń qıyını,
Nan usaǵın kórgende,
Alıwdı dárhal iyilip,
Úyretti atam bizlerge.

**SHOǴAL**

Serjannıń anasınıń,
Asqazanı awırdı.
Biledi dep dawasın,
Shıpakerdi shaqırdı.

Kórgen soń shıpakeri,
Dárige qaǵaz berdi.
Dárixanaǵa úyi,
Ájapasın jiberdi.

Serjan oylap tur edi,
Qalǵan onıń esinde.
Tut aǵashı bar edi,
Paxta atızdıń shetinde.

Pisip tuttıń shoǵalı,
Uwıljıǵan, shınında.
Asqazanǵa paydalı,
Dep esitken burında.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bolmaydı ǵoy kútiwge,
Háreket kerek endi.
Serjan shoǵal teriwge,
Tuttıń basına mindi.

Qolındaǵı bankige,
Toltırdı ol shoǵaldı.
Tut aǵashtan tústi de,
Tez úyine jol aldı.

Berdi de kewili toldı,
Shoǵaldı anasına.
Serjan miyasar boldı,
Ananıń alǵısına.

**KEME**

Jaqınlasıp janına,
Qarap tursam inime.
Qamıs japıraǵınan,
Soǵıp alıptı keme.

Bolsa da ol kishkene,
Kewilli hám jigerli.
Kemesin suwǵa kele,
Onı qoyıp jiberdi.

Suwdıń ıǵına qaray,
Keme júzip jol aldı.
Onıń quwanǵanın-ay,
Men de birge quwandım!

**Mátibay BERDIEV**
**(1951)**



*M.Berdiev 1951-jılı 5-mayda Xojeli rayonı Sarıshúńgil awılında tuwılǵan.*

*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*Shayırdıń «Quyash kúlip qaray basladı» (1992), «Haqıyqatlıq» (1994), «Jańǵırıq», «Máńgilik ireńler» (1997) hám «Awıl balası» (1997) toplamları jarıq kórgen.*

*1994-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ANA TILI

Sonday-aq eskimediń,
Keshe sen heshkim ediń.
Al, búgin nağıshlanıp,
Shığadı sestiń seniń!

Kóremen párwazıńdı,
Tıńlayman hawazıńdı.
Heshnege almaspaspan,
Qoldağı bul sazımdı.

Arqanı keńge salıp,
Ótkenseń sennen alıp.
Ómirsheń daraq kibi,
Óserseń dumalanıp.

Kóp penen tabaqlassań,
Túrkiyge sabaqlassań.
Bawırım eljireydi,
Anamday qushaq ashsań.

Tejeymen oylarımdı,
Jasırmay boylarımdı.
Watanım, bir balańman,
Jel súygen aydarımdı.

## KÓKLEM

Qıs tır-tım, ınjılma,
Muzlar erip, ketti qar.
Kóklem gezer dalada,
Náwshe qıyaq murtı bar.

Toń astında tubalap,
Tirishilik jatpaydı,
Ağın suwdı jağalap,
Diyqan belin saplaydı.

Toqsan oydıń torabı,
Aydınlasqan bir kúnde,
Hámme ań-tań boladı,
Jelkildeser egin de!

Onda ırıs, nesip bar,
Dasturqannıń shırayı.
Ishteyińdi qıtıqlar,
Gúlli pátir pashshayı!

Qansha kúttik, dostım bul,
Báhár jetip kelgenshe,
Gúyzelisli ótken sol,
Qıs qarası semgensheń.

## SHIYE

Bir túp shiye adasıp,
Kelip qalğanday bağqa,
Turar kózi qamasıp,
Jańa shıqqan quyashqa!

Kerbaz alma sallanıp,
Dógerekke ser salar,
Anar tósin qımtanıp,
Japıraqtan sığalar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shańqay túste tamıljıp,
Nur quyılar tóbege,
Pisken erik uwıljıp,
Shire qosar shirege.

Sergek samal kewilli,
Sayaxatqa shıqtı ma?
Nedur sawlap tógildi,
Esken samal qattı ma?!

Áyne jazda sallanıp,
Kúnniń boyı uzarar,
Náwshe qızday uyalıp,
Shiye ábden qızarar.

## BÚLBIL

Qus súleyi búlbil me,
Dawısı da háwesek,
Bağlarara bul kúnde,
Kórinbeydi izlesek.

Kózgir alıp bir ushqın,
Málham etkendey seni,
Ózi qurttay bul qustıń,
Kewili de zerdeli.

Biraq serlep qarasań,
Ózi bar, ya joq kibi,
Uyıp sestin tıńlasań,
Shala janğan shoq kibi!

Quyash altın ğubbalı,
Shapaqlansa nur qanday!
Shet-shebirsiz dalanı,
Sol qus terbep turğanday!

## Abbaz DABÍL ULÍ
*(1898-1970)*



*A.Dabıl ulı «Qosıqlar» (1940), «Jeńisler yoshı» (1947), «Alğa» (1959), «Qosıqlar» (1962), «Júrekke jaqın adamlar» (1965), «Arnaw» (1966), «Temirjol» (1973), «Námárt jigit nege dárkar» (1976) hám basqa da toplamları basılıp shıqtı. 1950-1957-jılları «Bahadır» dástanı basıldı. Shayırdıń kópshilik shığarmaların óz ishine alğan 3-tomlığı basıldı.*

*Kóplegen qosıqları ózbek, orıs hám qazaq tillerine awdarılıp, toplam bolıp basılğan. «Bahadır» dástanı 1990-jılı tolıq túrinde orıs tilinde jarıq kórdi.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Abbaz shayırǵa «Bahadır» dástanı ushın Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵı berildi (1950). A.Dabıl ulı — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (1967), Ózbekstan xalıq jırshısı (1945).*

*1957-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## SABAǴÍŃDÍ SARRASLA

Ata-anadan tuwǵan menen,
Miynetsiz bas kúte almaysań,
Oqımay tek quwǵan menen,
Bilim júyrik jete almaysań.

Balam mektepte oqıwǵa,
Áwel durıs ádep kerek,
Ádep jolın kóp oqıǵan,
Ustazlardan mádet kerek.

Jaqsı ádep dúzer seni,
Bekkem saqla qarıydar bol,
Jaman ádet buzar seni,
Balam sonnan xabardar bol.

Qalıń jawda qalsa basıń,
Berilgennen ólim jaqsı,
Námárt bolsa jan joldasıń,
Onday jerde bilim jaqsı.

Úydey qılıp úyseń altın,
Jumsasań tez, tawsıladı.
Sen pitkerip bilim shártin,
Jumsay ber kóp qosıladı.

Sınaqtı ayrıqsha berip,
Sarraslap júr sabaǵıńdı,
Dostı jannan shiyrin kórip,
Ashıp qara qabaǵıńdı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Suwdan suyıq, jelden júyrik.
Suwdır sózli bola kórme,
Bir bilimpaz zeyni ziyrek,
Degen sózden qala kórme.

## JAZ MÁWSIMI

Kún tóbege kelip nurı shashıldı,
Bilgenge belgisi jazdıń máwsimi,
Qırmızı qızıl gúl baǵda ashıldı,
Esittim sayraǵan búlbil dawsını.

Tórt pasıl izbe-iz kelmek dúnyaǵa,
Jarasıqtı jaz keltirer góyaǵa,
Haywanat túl[1] taslap, qus palapanlap,
Jazdıń kúni tuwıp óser uyada.

Ǵaz, quwlarǵa kóldiń ishi jańlaydı,
Qayır menen kól qopanı jaylaydı,
Jaz jaylawda qayta túlep párlengen,
Jetilgen qanatlar ushsa talmaydı.

Aqsuńqar, aqtuyǵın biyik tawlarda,
Kókǵarǵa, kógershin jarqabaqlarda,
Aqsarı[2] uyası shınar basında,
Búlbildiń mákanı shámen baǵlarda.

Jaz máwsimin kórseń qalmas ármanıń,
Jemislerdiń baqshalarda turǵanın,
Kórgen adam ishpey-jemey toyadı,
Arpa, jazlıq, aq buwdaydıń qırmanın.

Uzaqtan kóriner biyik shınarlar,
Ánjir, badam, piste, alma, ánarlar,
Qol uzatıp, úzip alıp miyweni,
Salıp tur awzına jemisqumarlar.

---

[1] túl – túk, mamıq jún.
[2] aqsarı – qus ataması.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qaratal, aqterek, nárwan aq talım,
Tartıp tur sayası jáhán samalın,
Torsıldap astına túsip turıptı,
Solqım júzim, erik penen shabdalım.

Aq paxta ağarıp saldı gúl-ğumsha.
Aq qızılğa dóner paxta bolğansha,
Ǵarbız tarğıllandı, pisti qıyarlar,
Qawınlar tor basıp, shıqtı jambılsha.

Marjanday qızarğan torsıqtay jiyde,
Jemisler pisip tur, ziyneme-ziyne,
Aytıp ada ete almayman álwan miyweni,
Jaz máwsimi jalpı jatqan ğáziyne.

## BILIMLEN

Talay kúnler ótti meniń basımnan,
Atam ólip qalıp edim jasımnan,
Anam ğárip bir ayırılmay qasımnan,
Bárha mańlayımnan sıypadı júrdi.

Basın qoyıp meniń ushın girewge,
Kún qayda otırıp ayaq tirewge,
Tapqanın ákelip mağan beriwge,
Qolına túskenin jıynadı júrdi.

Bir párshedey nan tapsa da beredi,
Jaya menen jal tapsa da beredi,
Aya tolım[3] pal tapsa da beredi,
Anam anasınday sıyladı júrdi.

Jetimlik, jesirlik bastan keter dep,
Kewlimniń jarası qalmay piter dep,
Kemlik kórgen bir kamalğa jeter dep,
Anam sonı anıq oyladı júrdi.

---

3. aya tolım – alaqan tolğanday.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ayttı anam bir kún mağan «tur» dedi,
«Sal kózińdi, qatarıńdı kór» dedi,
«Endi balam bir mektepke kir» dedi,
Kitap tawıp mağan, sayladı júrdi.

«Balam» – deydi «ornı basqa hár altın,
Aq altın, qara altın, hasıl sarı altın,
Bilimlige dúnya júzi bári altın,
Balam oqıygór» dep sóyledi júrdi.

Til almay tom-torıs boldım jarmoyın,[4]
Aqılımdı alıp ketti asıq, topoyın,
Jaslıqtağı túwesilmes kóp oyın,
Ballar meniń menen oynadı júrdi.

Sawatsızlıq japa berip janıma,
Qızbalıqtı payda qıldı qanıma,
Bar kúshimdi sonsha salsam nanıma,
Sonda da janımdı qıynadı júrdi.

Jaslıqtan soń jigitliktiń xabarı,
Oyın egiz eken keldi sıńarı,
Jup jağadan uslap ıshqı qumarı,
Tuttı meni hasla jazdıra almadım.

Oqıp bilim alğan bir dáwlet eken,
Kelgen dáwlet basqa bir náwbet eken,
Jigitlik qumarı biydáwlet eken,
Men sonı ózimnen bezdire almadım.

Bilmey qaldım ziyankerlik qaslıqtıń.
Astında jatqanın tósek-dastıqtıń,
Nadanlığım joldası eken jaslıqtıń,
Mektepti jasımnan úlgere almadım.

Altın qayda, jez benen mıs bolmasa,
Keńse qayda, sırtqı jumıs bolmasa,

4. jarmoyın – qıńır, gejir, qosjaqpas, moynı jar bermes kimse.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Boyımdaǵı bar qara kúsh bolmasa,
Bilimnen kúsh alıp kún kóre almadım.

Jasımda oyınǵa basım satıppan,
Sawatsızlıq ılayına batıppan,
Bilimge oyanbay uyqılap jatıppan,
Qáddi-boyım tiklep túrgele almadım.

Tanıdım ne payda altındı, mıstı,
Turmıs mashqalası basıma tústi,
Anam otırıp qalıp, turmısım qıstı,
Qaytıp mektep júzin bir kóre almadım.

Tártipsiz oynap-em qaldırdı bosqa,
Tártipli oynań deymen endigi jasqa,
Ilimnen, bilimnen tilim qıp-qısqa,
Sonday májilislerge bir kire almadım.

Oqımastan oyınǵa kóp qunıqtım,
Endi mennen ayırımı joq tulıptıń,
Tap ózi bolıppan giltsiz qulıptıń,
Ashıp kewlimdegin boldıra almadım.

Oyınǵa aldanıp sawatsız óstim,
Ózimnen mekteptiń soqpaǵın kestim,
Úlkeygen soń men xojalıq turmıstıń,
Gúlin-gúline bir keltire almadım.

Oynappan, anamnıń aqılın almay,
Qattı berilippen xabardar bolmay,
Oylansam qalıptı qapshıǵım tolmay,
Bilimge qaltamdı toltıra almadım.

Úlkeygen soń oqısam da kúsh salıp,
Mektepten qalmay-aq kúnbe-kún barıp,
Xojalıq turmısqa ǵalawıtlanıp,
Zeynime birnárse ildire almadım.

Bilimli jıynalǵan jerge men barsam,
Sózlerge túsinbeymen qulaǵım salsam,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Jáne kópke barıp sóz tappay qalsam,
Óyerde ózimdi kúldire almadım.

Jarlıshılıq sawatsızǵa dos eken,
Kótere qawırsın, pársiz qus eken,
Bilim qolǵa tússe kóp jemis eken,
Men qolımdı oǵan jetkere almadım.

Endigi jaslarım meniń ulımsız,
Tazadan kógergen náwshe gúlimsiz,
Mendey bolıp qalagórmeń bilimsiz,
Men sorlı bir atlam[5] pitkere almadım.

Mektebińnen bir kún qalmań jaslarım,
Sawatsız sarsańǵa salma baslarıń,
Dúnyadaǵı belli bilim qostarıń,
Soń onı qushaqqa keltire almadım.

Biraq, men de tileklespen senlerge,
Bilimnen basqaǵa kewil jiberme,
Jas kúnińde bas tartpasań oyınnan,
Kóp pushayman kirgizedi ómirge.

Tuyǵın, suńqar aw alalmas talpınbay,
Umtılıń jaslarım alǵa tartınbay,
Qap tawınday[6] kórinip tur aldıńda,
Bilim káni túwesilmes altınday.

Tóbesine shıǵıp demińdi alarsań,
Oqıwdıń da daraqların sanarsań,
Bilimniń tawınıń basına shıǵıp,
Óziń saylap bir shınarǵa qonarsań.

Soǵan jetkeredi oqısań bilim,
Jetilip xalqımnıń oqıǵan ulın,
Bilim tawıp Watanımda sayrasań,
Deydi xalqım: «meniń mınaw búlbilim».

5. atlam – klass.
6. Qap tawı – Kavkaz tawları *(Kógistan, Góyistan, Góhiqap)*.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Gúlistan DÁWLETOVA
*(1959)*



*G.Dáwletova 1959-jılı 20-noyabrde Shımbay rayonınıń Shaxaman awılında tuwıldı.*

*Nókis mámleketlik universitetiniń roman-german filologiyası fakultetiniń inglis tili, soń universitettiń filologiya fakultetiniń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı bólimin pitkergen.*

*Onıń «Ájiniyaz poeziyasında dástúr hám jańashıllıq» (1997) monografiyası menen «Ájiniyaz poeziyasında ruwxıy dárekler» (1998), «Ruwxıylıq – ádebiyat ólshemi» (1998), «Insan tárbiyası balalıqtan baslanadı» (1999) degen kitapshaları hám «Seniń dártiń menen jasayman, hayal» (2001) «Ayol ishqi», (2001) «Qız taxtım» (2009), «Gúzgi tolǵanıslar» (2014) qosıqlar toplamları jarıq kórgen.*

*2006-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### SAWALÍM BAR, ATAJAN...

– Ata, jetim neshew boladı?!
– Balam, jetimniń sanı bola ma,
Aqılǵa salsań, jetim kóp...
Sırlasqanday sıńar joq,
Sherli jatqan sır jetim.
Arqasúyer aǵa joq,
Muńlı qussha — qız jetim.

Úyrek ushıp ǵaz qonbas,
Móldir tınıq kól jetim.
Biydáwletke baq qonbas,
Qolı kelte er jetim.
Tolqıp tasıp aqqanda,
Qumǵa sińgen suw jetim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bálent shıńǵa shıqqanda,
Qulap túsken tuw jetim.
Ishi janıp haqlıǵın,
Aytalmaǵan sol jetim,
Búkke túsken oljasın,
Tuta almaǵan qol jetim.
Tıńlawshısı bolmasa,
Aytqan hasıl sóz jetim.
Kóklemzarlıq sarǵaysa,
Kórer muńlı kóz jetim.
Qollawshısın tappaǵan,
Óner tolı qol jetim.
Kárwanı joq qatnaǵan,
Jolawshısız jol jetim.
Tóreli sóz ayta almas,
Sárdarı joq el jetim.
Tolı tegin shayqalmas,
Elsiz qalsa — jer jetim.
Shartárepten shara joq,
Dawası joq dárt jetim.
Pásten kewli qara joq,
Qolǵa túsken márt jetim.
Uwısıma enbeseń,
Sorlı atań — men jetim.
Jónsizligiń jón desem,
Aqıbette — sen jetim.

## BIZ BAXÍTLÍ BALALARMÍZ

**BALA:**

Baǵlar — lala, gúl jaynaǵan,
Ishinde búlbil sayraǵan,
Qaraqalpaq perzentimiz,
Erkin zaman saylaǵan.

**QÍZ:**

Quwırshaqtı qundaqlaymız,
Atqulaqtı untaqlaymız,
Astaxta da nan tikeshlep,
Gúlshe jayıp urpaqlaymız.

**Naqıratı: birgelikte**

Álpeshlegen ul-qızların,
Mehrin berip analarım,
Tulpar bolǵay taylarım dep,
Árman etken babalarım.

**BALA:**

Aqılǵa da engendeymiz,
Gózzallıqtı sezgendeymiz,
Besten tallap Ar bayraǵın,
Namıs qosıp órgendeymiz.

**QÍZ:**

Sulıw sánli qalashamız,
Kewliń óser qarasańız,
Sawlat berip, gúldey jaynap,
Elimizge jarasamız.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Joldasbay DILMURATOV
*(1928-2000)*



*J.Dilmuratov 1928-jılı 5-mayda Shımbay rayonında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın sırttan oqıp tamamlaǵan.*

*Dáslepki qosıqları 1948-jılı járiyalandı. Házirge shekem onıń «Jaslıq yoshı» (1954), «Qaraman» (1961), «Júrek alǵısı» (1966), «Náwbáhár» (1973), «Gúller ashılǵanda» (1976), «Zaman zawqı» (1983), «Sen meniń ilhamımsań» (1988) sıyaqlı toplamları baspadan shıqtı.*

*1992-jılı onıń «Tańlamalı shıǵarmalarınıń bir tomlıǵı» basıldı.*

*J.Dilmuratovtıń balalarǵa arnalǵan qosıqları, poemaları házirgi poeziyada da belgili orın tutadı, bulardıń qatarında shayırdıń «Ómir gúli» (1958), «Artekte» (1969), «Kiyikler» (1976), «Jolbarıstıń táǵdiri» (1980) hám basqa da toplamların atap ótiwge boladı. Shayırdıń ayırım shıǵarmaları ózbek, qırǵız tillerinde járiyalanǵan.*

*J.Dilmuratov — Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri.*

*1955-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## JAZ QOSÍǴÍ

Jaz kelgende jadırap,
Lagerlerge bardıq biz,
Jaslıǵımız gúl jaynap,
Onnan lázzet aldıq biz.

Qosıq ayttıq jańlatıp,
Toǵay, baǵlar ishinde,
Otlar jaqtıq lawlatıp,
Onıń shadlı keshinde.

Dárya-japtı jaǵalap,
Suwda oynap, júzdik biz.
Úlkemizdi aralap,
Kóp tamasha kórdik biz.

Sayran etiw, dem alıw,
Barlıǵı da ótti saz.
Topladıq biz kúsh-qarıw,
Qushaǵında kórkem jaz.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QAR JAWǴANDA

Kúni menen tınbastan,
Tınbastan,
Hámme jerge qar jawdı,
Qar jawdı,
Barlıǵımız qalmastan,
Qalmastan,
Dúzettik biz aq tawdı,
Aq tawdı.

Appaq qardan top etip,
Top etip,
Ílaqtırıp oynadıq,
Oynadıq,
Qar jawǵanda kóp etip,
Kóp etip,
Qızıqqa biz toymadıq,
Toymadıq.

## BAǴ

Jol boyında bir baǵ bar,
Ózi kórkem, ózi jas,
Onıń hárbir túbine,
Sińgen jaslıq zor ıqlas.

Aralasań baǵ ishin,
Erik, shabdal, alma bar,
Miywelerdiń basqa da,
Túrli túri tabılar.

Qumarlanıp isledi,
Balalardıń hárbiri,
Kimniń qaysı miyweni,
Ósirgeni belgili.

## AYTÍP BERIŃ, BALALAR?

Arańızda balalar,
Bar ma, «2» alǵanlar?
Sabaǵınan keshigip,
Kópten izde qalǵanlar?

Arańızda balalar,
Bar ma, tártip buzǵanlar?
Kóshiriwge basqadan,
Bárha moynın sozǵanlar?

Arańızda balalar,
Bar ma, artqa tartqanlar?
Ótirikti uyalmay,
Ras etip aytqanlar?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QUSLAR – BIZIŃ DOSTÍMÍZ

Suwıq ketip, kún jılıp,
Keldi quslar awılǵa,
Járdem berdik bizler de,
Olarǵa uya salıwǵa.

Bizler soqqan uyaǵa,
Kelip kirdi kepterler,
Úyimizdiń ústinde,
Geyde ushıp pál-páller.

Quslar ushsa, sayrasa,
Quwanıshlı, yoshlımız,
Bárha olar bizlerdiń,
Eń bir jaqın dostımız.

## BIZIŃ KLASS

Ishi jaqtı. Taza turar,
Barlıq waqta biziń klass,
Kútip qarap oqıwshılar,
Jolatpaydı shań, ya patas.

Taza klass hawası da,
Boyǵa berer jańa quwat,
Mısal baǵda otırǵanday,
Onıń ishi dım ráhát.

Tártipli hám tazalıqlı,
Bizdegi hár oqıwshı-jas,
Úlgi boldı, úlgi bolar,
Barlıq waqta biziń klass.

## Saǵındıq EMBERGENOV
*(1952)*



*S.Embergenov 1952-jılı 27-dekabrde Kegeyli rayonınıń Xalqabad mákanında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutı filologiya fakultetiniń qaraqalpaq tili hám ádebiyat bólimin tamamlaǵan.*

*«Izleymen» (1984), «Ápende bala» (1986), «Bir atanıń ulları» (1988), «Atamnıń aytqanları» (2003) atlı qosıqlar toplamları óz aldına kitap bolıp shıqtı. 2006-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QARATEREŃ

Qaraqalpaq elatında,
Qarateren kólatında,
Jayın bar dep gáp taradı,
Kórdim deyip kúni keshe,
Geybirewler maqtanadı.
Túsi suwıq bir bálamat,
Bir baspaqtı juttı deydi.
Jigirma otız jıldan berli,
Talay maldı qurttı deydi.
Kórdim deydi birew jáne,
Jaz ayınıń tús payıtında.
Dawıs shıqtı keń aydında,
Úlken tana oqıranıp,
Olja bolǵan sol jayınǵa.
Tıńlay berseń gáp kóp eken.
Bári de dım qızıq bilseń,
Ada bolmas kóp ápsana,
Gáp shıǵadı jáne jańa.
Bir balıqshı erte tańda,
Jılım salıp sol aydınǵa,
Qayıq penen júrgen eken,
Payda bolıp jayday bále,
Kóldiń beti gúńirengen.
Tóńkerilip keme sonda,
Suw astına shúmgen deydi.
Balıqshı da erte tańda,
Jemtik bolıp ólgen deydi.
Tıńlay berseń qızıq gápler.
Ótken jazda sol awılǵa,
Eki hápte miyman boldım.
Salqın tereń sayasında.
Qoshqar atlı atadan men.
Kóp ápsana gáp tıńladım.

* * *

Anıq jılı esimde joq.
Bala edim onda ózim.
Jelkildesken qamısı kóp,
Kólge bardım jalǵız ózim.
Átirapı gilem túsli.
Jıstay qalıń toǵay edi.
Qamıslı kól túrli qusqa,
Júdá-júdá nobay edi.
Appaq quslar kól betinde,
Qıyqıwlasıp ushıp júrer.
Sol kólattıń bir shetinde,
Toǵayzarlıq qulpı dóner.
Tábiyatı dım shıraylı,
Kóz qumayım artar edi.
Narday shókken Bórshitawı.
Íqlasımdı tartar edi,
Ákem menen talay sapar,
Órkesh qumdı araladıq,
Shopanlardıń otawında,
Miyman bolıp qonar edik.
Ele esimde bir saparı,
Ákemniń bir shopan dostı,
Atqa bókterip ılaqanı,
Aq otawǵa alıp tústi,
Ballar onı qızıq kórip,
Qaray berdik túr-túsine,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qara bále murtın kerip,
Jatır edi shóp ústinde.
Pushtarlasa ishin jarıp,
Qarnınan qozı shıqtı.
Sonda júdá hayran qaldıq,
Janıwardı qalay juttı.
Kól ishinde úlken jayın,
Bolǵan deydi bir waqları,
Qozı túwe úlken tayın,
Serppey ketken tuyaqların.
Hátte talay balıqshılar,
Jemtik bolıp ketken deydi.
Sonnan berli kóp adamlar,
Bul kólattan seskenedi.
Bir gezleri kesh payıtında,
Gúńirengen dawıs keldi,
Awıl-aymaq qalmay sonda,
Juwırısıp kólge keldi.
Jayday bále suw betinde,
Órden-ıqqa zımıraydı.
Áń-tań bolıp sonda hámme,
Ayaq-qolı qaltıraydı.
Kól tolqını tawday bolıp,
Jaǵalawǵa shapshıp turdı.
Qanday bále, ne álamat?!
Dep adamlar hawlıǵıstı,
Eki kún ótpey «sol káramat»,
Úlken jayın bolıp shıqtı.
Úlken jańqa tańlayına,
Kese turıp qadalıptı.
Sol jayınnıń mańlayına,
Ashkózligi bále boptı.
Deńgene etip awıl-aymaq,
Bir háptelep jegen deydi.
Shınlıq pa, ya ápsana ma,
Bunı bárshe gáp etedi.
Sonnan berli bul awılda.
Mol ırısqı kóp desedi.
Onnan berli talay jıllar,
Zımıradı izde qalıp,
Mákan etti talay quslar,
Hár jılı bul kólge kelip,
Qaratereń kórseń búgin,
Tábiyatı sulıw mákan,
Miyman bolıp kelip kóriń,
Háwes eter kelgen adam,
Bórshitawım narday shógip,
Kórinedi tuw alıstan,
Móldir tınıq suwlarına,
Shomılıp bir ház eteseń,
Kókten ushqan quslarına,
Kóziń toymay saz sherteseń,
Qaraqalpaqta kóp ápsana,
Tuwǵan jerdi jır etedi,
Bilseń bári kóp jaslarǵa,
Tariyx kibi sır shertedi.

## ÓTIRIK ÓLEŃ

Erte ala báhárde,
Qawın ektim háremge.
Bes kún ótken máhálde,
Torlap pisti ol demde.
Awıldıń bárin shaqırıp,
Tilikledim jarǵıda.
Hár tilikten bir qayıq,
Minip shıqtı balalar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sonda da ol tawsılmay,
Atızda qaldı jartısı.
Qońsı awıldıń bárine,
Úlestirdik jartısın.
Soń qawınnıń pállesi,
Shártek boldı awılǵa.
Ishinen shıqqan hárresi,
Ayǵa ushtı zımırap.
Awıldıń bul bárine,
Kólik boldı pákize.
Qálesek qayda barıwdı,
Ushamız biz sol gezde.
Bir kúni men erinbey,
Mindim hárre beline.
Aq bultlardan kórinbey,
Ushtıq teńiz kóllerden.
Óttim talay shóllerden,
Jıstay jasıl toǵaydı.
Tamashalap qıdırdıq,
Bulaq suwı sút bolıp.
Aǵıp atır bir sayda,
Iship jattım bir aylap.
Qalıń toǵay ishinde,
Arıslan, qaplan bar eken.
Moynı uzın keriktiń,
Minip aldım beline.
Túyequs penen jarıstım,
Ozdım olardıń bárinen.
Saǵan ótirik maǵan shın,
Tınısh umman túbinen.
Altın aldım qapshıqlap,
On batpanday bir balıqtı,
Uslap aldım qoltıqlap,
Omırtqasınan awılǵa.
Biyik etip jol saldım,
Raxmet aytıp qawınǵa.
Qayta-qayta quwandım,
Shopaǵın aldım taǵı da.
Báhárde jáne egemen,
Aytpashaq ele ayıtpappan.
Tonna pal aldım hárreden,
Onı da satıp pulladım.
Úy aldındaǵı háwizge,
Kókten jamǵır jawǵızdım.
Gúndelep qos ógizdi,
Ústirttiń ústin awdardım.
Suw ákelip Aral teńizge,
Bekire, sazan awladım.
Barsakelmes jerinen,
Jer astına jol tawıp.
Sayaxat ettim bir hápte,
Hayran boldım tań qalıp.
Adamlar dım sawatlı,
Urıs-qaǵıs bilmeydi.
Jayları sulıw sawlatlı,
Atızǵa da, úyge de.
Robot xızmet etedi,
Sál awırsań egerde.
Olar seni emleydi,
Hayran boldım bárine.
Ne degen kúsh-qúdiret.
Bilimli balalar bári de,
Biledi dúnya tilin kóp.
Úyge kelip kesh qurın,
Zeyinlep sabaq oqıdım.
Sonda ustaz kúlimlep,
Jaqsı dedi bilimiń.
Sońında men hár kúni,
Bes aldım bárha sabaqtan.
Ilim sırı bilimde,
Ekenin endi ańladım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Kóbeysin ERNAZAROV

*(1944)*



*K.Ernazarov 1944-jılı 5-fevralda Qońırat rayonında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń tariyx, qaraqalpaq tili hám ádebiyatı fakultetin tamamlaǵan.*

*Jazıwshınıń «Bosaǵa» (1985), «Muzalar dúnyası» (1988), «Jaqsılıq hám jamanlıq haqqında ertek» (1990), «Keshki saat altıdan keyin» (1992), «Saqal» (1994), «Esitpegen elde kóp» (1996), «Adaq qalasın izlep» (1997) ,«Doslıq haqqında ápsana» (2017) atamasındaǵı poeziyalıq hám prozalıq toplamları baspadan shıqtı. Ol «Daǵıstan shayırları» (1983), «Planeta hawazı» (1987) toplamlarına kirgen birqatar shıǵarmalardı, sonday-aq túrkmen shayırı A.Mámbetovtıń «Kewilimniń sharaynası» (1991) toplamın qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*K.Ernazarov — Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı Mámleketlik sıylıǵınıń laureatı (1993).*

*1999-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### MUZǴALAQ

Jawınnıń sońı,
Boldı muzǵalaq.
Oqıwdan qayttıq,
Áste sırǵanap.

«Abayla» dedim,
Dostım Shırazǵa.
Úyge jetiwge,
Ele biraz bar.

«Óziń saq bol» dep,
Pitpey-aq sózi,
Shalqama túsip,
Jatırman ózim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ZAMARRÍQ
*(eliklew)*

– Há zamarrıq, zamarrıq,
Aǵashtıń túbin qaq jarıp,
Jawınnan soń shıǵasań,
Sayamandı qolǵa alıp!

## TEREK

Terekke hayran,
Qalaman bazda.
Maqpal kóylegin,
Kiyedi jazda.

Suwıq túsiwden,
Terley baslaydı.
Barlıq lipasın,
Sheship taslaydı.

Ne ushın usılay,
Aytıń, balalar?!
Sizlerden shıǵadı,
Ele danalar!

## AYǴABAǴARLAR

Gúli sulıw bolsa da,
Bir minezi jaqpaydı.
Otap, putap tursam da,
Maǵan qıya baqpaydı.

Qashan kórseń súzilip,
Mehri ayda, quyashta.
«Ashıq bolıp qalǵan ba?»–
Dep oylayman rastan.

## TOQÍLDAWÍQ

– Toqıldawıq, toqıldawıq,
«Júrme birew aǵash shawıp»,–
Dep qarasam óziń eken,
Qurıp júrseń oyın-sawıq.

Bul toǵaydan ketpeyseń be,
Bizin jurtqa jetpeyseń be,
Pisip turǵan tarımız bar,
Qarawıllıq etpeyseń be?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ÓPEPEK

– Há ópepek, ópepek
Júrmeseń de gókeklep,
Seni jaqsı kóremen,
«Bir mómin qus» eken dep.

Buyımıńdı sorayın,
Aynaǵa bir qarayın.
Taraǵıńdı bere tur,
Shashtı tarap alayın.

## ÁTSHÓK

Átshók qus-aw, átshók qus,
Kóp bilmeymen sırıńdı.
Erte báhár keliwden,
Átkónshegiń qurıwlı.

Óziń usha bergenshe,
Bizler de bir ushayıq.
Sırttan tanıp júrgenshe,
Jaqın dosqa uqsayıq.

## ASAN MENEN DOSAN

Anası Asanǵa,
Ákeldi kóylek.
Jaqpadı Dosanǵa,
Esirdi sóylep:

Ózim kiyemen, – dep
Asıldı Dosan,
«Alsań kóreseń», – dep
Jabıstı Asan.

Maǵan ne almadıń,
Usı túrinen.
Keshegi modańız,
Qalǵan búginnen.

Kúshke ne shıdasın,
Bóldi teńinen.
Hárbirine tiydi,
Bir-bir jeńinen.

## ÚSH ERINSHEK

– Kim jaqsı kóredi,
Máyekti? – desem
Burın qol kóterer,
Genjetay Ásen.

– Qaysı biriń jeysiz,
Qızıl almanı? –
Desem aldı menen,
Keler Pármanım.

– Qaysıńa bereyin,
Shıqqan qıyardı? –
«Bir ózime» deydi,
Murat uyalmay.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Qaysıńız salasız,
Tawıqqa jemdi?!
Ses bermes qulaqtan,
Qalǵanday demde.

– Qay biriń qıyarǵa,
Suwdı ashasız? —
Desem birim-birim,
Úyden qashadı.

Oylap kórsem bular,
Tayınǵa tanıq,
Úsh erinshek bolıw,
Qáwpi bar anıq.

## MOYÍNLAW

«Úy menen qora arasın,
Tas tógip, soqpaq et» degen,
Tapsırmasın ákemniń,
Umıtıp qashshan ketkenim.

Jaz ótip gúz keldi de,
Baslandı bir ılaysań.
Malqoraǵa jetkenshe,
Úsh-tórt jerde qulayman.

Keship bara batpaqtı,
Qıyırshıq tas tasıdım.
Qátemdi ishten moyınlap,
Basımdı ábden qasıdım.

Waqtında islep qoyǵanda,
Bul mashqala bar ma eken?!
Durıs eken násiyat:
«Atanıń tilin al» degen!

## URÍSTÍ

Eki qoraz urısıp,
Qanap qaldı kekili.
Párlerin de julısıp,
Ájeptáwir sekili.

Eki teke tiresip,
«Báw-báwlesip» baqırdı.
Múyizleri siresip,
Sındırıp aldı shaqın da.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Eki bala negedur,
Urısıp qaldı, bilmedim.
Arashalap alǵansha,
Úzildi talay ilgegi.

Oylap kórsem jánjeldiń,
Aqıbeti jamanlıq.
Tatıwlıqqa ne jetsin,
Bolsın deseń amanlıq.

**Tursımurat ESSHANOV**

*(1946-2018)*



*T.Esshanov 1946-jılı 10-dekabrde Shımbay rayonında tuwılǵan.*

*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*

*Shayırdıń 1996-jılı «Payǵazı» qosıqlar toplamı, balalarǵa arnalǵan «Tayınshaq» kitabı basılıp shıqtı.*

*1999-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası*

## DÁSLEPKI QOŃÍRAW

Altın gúz.Miyzan ayı,
Oqıw baslandı.
Mektepke barǵansha,
Saǵındıq doslardı.

Jaz boyı lagerde,
Júrdik shınıǵıp.
Búgin mektebime,
Kettim juwırıp.

Búgin balalar,
Shadlıqqa tolı.
Baradı mektepke,
Qolında gúli.

## BALA QUWANÍSHÍ

Jalqawlıqtı joq etip,
Alǵa qádem atladım.
Kewilimdi toq etip,
Oqıwǵa kúnde qatnadım.

Ustazımnan úyrenip,
Orınladım islerin.
Jamanlardan jiyrenip,
Ózimshe kóp isledim.

Sabaǵımnan bes alıp,
Maqtaldım men klasta.
Jaqsı bala atalıp,
Alǵıs ayttı ustaz da.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## KIRPI

Arqasında tikeni,
Hesh nárseden seskenbes.
Awqat izlep shıǵadı,
Quyash batıp bolsa kesh.

Kórip qalıp dalada,
Tikeninen qorıqtıq biz.
Ustaz ayttı qorıqpańlar,
Kirpitiken zıyansız.

## ANA

Júzlerinde jıllılıq,
Daladay keń peyili.
Ózinde bar ullılıq,
«Ana» degen miyrimli.

Ana degen bawırman,
Hárbirewge ay bolar.
Ana degen Mehriban,
Hár júrekten jay alar.

## GÚLGE QONAR GÚBELEK

Gúlge qonar gúbelek,
Qanatların oynatıp.
Jasıl dónip dógerek,
Turar gúldey jaynatıp.

Alıslarǵa usha alsań,
Ármanlarǵa jeteseń.
Ana jerden kúsh alasań,
Tınbay ushıp keteseń.

Kelip qonsań qolıma,
Saǵan azar bermeymen.
Lázzet berip janıma,
Men de qanat sermeymen.

Gúbelegim, gúbelek,
Jer sharı bul dóńgelek.
Tınıshlıq dep usha ber.
Bizlerdegi zor tilek.

## ANA TILIM – ÓZ TILIM!

Maǵan bilim jemisin,
Ana tilim beredi.
Ilimpazlar sol ushın,
Mańlay terin tógedi.

Ana tilin úyreter,
Súyikli ana mektebim.
Ustazlarım úyretip,
Qansha miynet etkenim.

Ana tilim — quralım,
Jaǵar elge shıraǵın.
Ana tilin húrmetle,
Ana tilim, — el arın.

Ana tiliń — arıń bul,
Onı bárha ádiwle,
Áwladlarǵa tabıs et,
Máńgilikke qádirle.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ÚKEM NEGE JÍLADÍ?

Kórdim búgin úkemniń,
Eriksiz jılap turǵanın.
Bileyin dep soradım,
Qaysı bala urǵanın.

Soradım men anıqlap,
Kishkene inim Niyazdan.
Bilmey jeppen alma dep,
Jılap turman piyazdan.

## JALA JABAR SAATQA

Ayıplasaq Abattı,
Ol ayıplar saattı.
Hár kúni ol keshigip,
Qaldıradı sabaqtı.

Shala-pala kiyinip,
Kitapların qoltıqlap.
Ata-anası kiyinip,
Adam bol dep baqırar.

Turadı ol toǵızda,
Uyqı basıp kózlerin.
Tur, – dese de anası,
Tıńlamaydı sózlerin.

Ashpaydı kitabın,
Ne deymiz biz Abatqa.
Sabaǵınan keshikse,
Jala jabar saatqa.

## ESHKI

Men eshkimen, eshkimen,
Jantaqqa da dım óshpen.
Gileń qoydıń ishinde,
Baslap júrmen kóshti men.

## MOYÍNLAW

Erte kelip klasqa,
Esaptı urlap kóshirdim.
Qaray berip tum-tusqa,
Albıraqlap óshirdim.

Muǵallimim kelip qalar dep,
Ózimdi ózim qıynadım.
Kóshirgenim bolar dep,
Dápterimdi jıynadım.

Birinshi sabaq baslandı,
Ótirik aytıw qurısın.
Kóshirip aldım dedim de,
Ustazǵa ayttım durısın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *Turǵanbay JUMABAEV*
## *(1947)*



*T.Jumabaev 1947-jılı 13-aprelde Taxtakópir rayonınıń Qarakól awılında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen. T.Jumabaevtıń «Aǵıs», «Keleshek», «Mezgil», «Birinshi sentyabr» atlı kitapları jarıq kórdi.*

*1955-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### AWÍLDÍŃ BALALARÍ

Esabın durıs sheshken,
Atızǵa kómeklesken,
«Qalaǵa barsaq» desken,
Awıldıń balaları.

Dalası tartıp turǵan,
Íqlası artıp turǵan,
Atızda qawın jarǵan,
Awıldıń balaları.

Mektepke jayaw qatnar,
Bir-eki japtan atlar,
Jollarda taqmaq yadlar,
Awıldıń balaları.

Demde-aq bir gezleri,
Quwanısh júz beredi,
Kún-kúnnen ózgeredi,
Awıldıń balaları.

Kóbisi mal baǵadı,
Miynetke ǵamlanadı,
Qalaǵa tańlanadı,
Awıldıń balaları.

Úyine kómekleser,
Jabanın jaqsı deser,
Oqıwdan «bes» ap keler,
Awıldıń balaları.

Onshama kóp sóylemes,
Bilse de bilgishsinbes,
Zárreshe zeyinge tiymes,
Awıldıń balaları.

Sumlıqsız ashıq keler,
Tuwrıdan basıp keler,
Qaladan qashıp keler,
Awıldıń balaları.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## USTAZ

Sabaqtı bilmey qalsam,
Ishińnen qıynalasań,
Eger de «tórt», «bes» alsam,
Ózimdey quwanasań.

Jipekti sıypaǵanday,
Shashımdı sıypalaysań,
Shákirtti sıylaǵanday,
Onshama qıynamaysań.

Jollardı kórseteseń,
Hár jaqqa baratuǵın,
Birewin qále deyseń,
Juldızıń janatuǵın.

Jaqsı ne, jaman ne?
Biliń, – dep úyretesen.
Baslaysań ónerlerge,
Jaqsını úlgi eteseń.

Ózińdey janı pidá,
Kórmedik adamzattı.
Ózińe jetpes sirá,
Bileseń barlıq zattı.

Tegińdi, súyegińdi,
Bilmey-aq súysinemiz.
Muǵallim — atıń yańlı,
Ózińe isenemiz.

Shıńlarǵa jeteleyseń,
Qıyalım jete almaǵan.
Úlgini úgitleyseń,
Sıylaysań bárin maǵan.

Diktantıń, kontrolıń,
Basımdı shır-shır etti,
Máńgilik nızamlarıń,
Qashshan-aq ushıp ketti.

Úyretken sabaqlarıń,
Yadımda bekkem turar,
Qanshama nızamlarıń.
Hárbiri jekke turar.

Bilsem de úyreteseń,
Bilmesem báz-bayaǵı,
Sabaqtı áste óteseń,
Sezimdi oyatadı.

Shákirtlik alǵıs saǵan,
Ádiwli ustazlarım!
Barlıǵın berdiń maǵan,
Kóp sennen alǵanlarım.

Ózimdi, sanamdı da,
Qullası shınıqtırdıń.
Jaqsını, jamandı da,
Bilimge qunıqtırdıń.

## BALA EDIK

Jeldey esip,
Juwırısqan balalıq.
Gápti kesip,
Ayta almadıq danalıq.

Shawıp bardıq,
Qoyınına dalanıń.
Onda barlıq,
Qızıqlarǵa qaradıq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bala edik,
Oyında da,
Oqıwdı da,
Qıymaǵan.
Bala edik,
Ármanımız sıymaǵan.

– Oho! – dese,
Xoshametke bólendik,
– Áy-yay! – dese,
Tómen qarap mólerdik.

## BALA TILI

Ǵarǵanı «tawıq» deydi,
Shımshıqtı «shóje» deydi.
Qardı «un jawdı» deydi,
Qátesin dúzemeydi.

Suwdı ol «immá» deydi,
Nandı ol «nánná» deydi.
Suwdı da kóp ishpeydi,
Nandı da kóp jemeydi.

Ílaqtı «m-á-á» deydi,
Botanı «b-ó-ó» deydi.
Sıyırdı «m-ó-ó» deydi,
Hámmeni kúldiredi.

## Tilewbergen JUMAMURATOV
*(1915-1990)*



*T.Jumamuratov 1915-jılı 27-dekabrde Moynaq rayonınıń Aqdárya awılında tuwılǵan.*

*Shayırdıń birinshi qosıǵı 1937-jılı jarıqqa shıqtı. Shayırdıń «Júrek muhabbatı» (1956), «Doslıq» (1959), «Meniń zamanlaslarım» (1963), «Káramatlı tulǵa» (1975), «Tolqında» (1970) toplamlarınan keyin «Tańlamalı shıǵarmaları» (1967), 1978-82 jılları shıǵarmalarınıń 2 tomlıǵı, «Túrli ótkeller» (1983), «Doslıq haqqında qosıqlar» (1988), «Ómirińniń ózi filosofiya» (2005),«Aralǵa keldim oralıp» (2016) toplamları baspadan shıqtı. Shayırdıń «Makarya sulıw» poeması 1973, 1975-jılları qaraqalpaq tilinde basıldı. Shayırdıń kóplegen poeziyalıq shıǵarmaları, sonday-aq «Makarya sulıw» poeması orıs, ózbek tillerine awdarıldı.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*T.Jumamuratovtıń «Qızlar házili» (1976), «Tiklengen tuw» (1971) pesaları teatr saxnasında qoyılǵan.*

*Shayır Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı boldı (1972). O.Hayyam, Á.Nawayı, Ǵ.Toqay, M.Jálil, A.Pushkin shıǵarmaların awdarıwǵa qatnastı.*

*T.Jumamuratov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (1957), Ózbekstan xalıq shayırı (1969)*

*1957-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## GEWREK

Bası – qurash jayılǵan,
Shaqaların ayırǵan,
Jalt-jult etip turısı,
Aynımaydı qayıńnan.

Jalǵız búyrek jardaǵı,
Japıraǵı bar taǵı,
Bara qaldı jaqınlap,
Túrekeńniń barmaǵı.

Jabısıp qos alaqan,
On sawsaǵın qadaǵan,
– Toqta! – dedi bir jigit,
Qaptalınan qaraǵan.

Qızdı azlap daw qattı,
Jegen sonsha awqattı!
Gerakldey Túrekeń,
Qaraǵayday awnattı.

Ornı qaldı uraday,
Bir oylanıp qaramay.
Qoparǵanǵa mardıyıp,
Masayradı baladay.

Jániwardı ayashı:
Bul gewrektiń sayası,
Bolıp shıqtı qarasaq,
Tasbaqanıń uyası.

Kózimizge jalt etti,
Qorıqqanınan qalt etti.
Qápelimde jaw kelip,
Biysharadan hal ketti.

Endi oǵan uya joq,
Jeter jerde saya joq.
Turǵanday-aq sezildi,
«Men paqırdı aya» – dep.

Shoqtay qızǵan dalada,
Qalıptı úsh bala da,
Jazıǵı joq perzentler,
Endi ólip qala ma?!

Sonnan berli ele men,
Túsimde de kóremen,
Úysiz qalǵan janlardı,
Ayayman da júremen.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ayırılǵan soń panadan,
Ketti me ol aradan,
Terileri qaldı ma,
Bawır basqan baladan?

## JUMBAQLAR

Qarmaqtay eki ayaǵı,
Tumsıǵında tayaǵı,
Tóbesinde gúli bar,
Alabajaq túri bar,
Kóp jırlaydı báhárde,
Qosıq aytqan máhálde,
Júzin tómen buradı,
Basın ekshep turadı.

*(ópepek)*

* * *

Ayaq-qolsız dumalaq,
Ílaqtırsań, jumalap,
Tamashaǵa batasań,
Sharshaǵansha quwalap.
Ol ne ózi, aytıp ber,
Uslap al da qaytıp ber.

*(top)*

* * *

Bir haywan bar esikte,
Qarawıllıq kásipte,
Tanısların qıynamas,
Tanımasın sıylamas,
Dápinip awzın ashadı,
Qarsılassań qashadı,
Umtılar taǵı baqırıp,
Tuqımlasın shaqırıp,
Shuwlasıp dabıl qaǵadı,
Dalada mal da baǵadı,
Úyrenisken adamı –
Onıń dostı mudamı.
Hadal xızmet etedi.
Kewlińe jetedi.

*(iyt)*

* * *

Ayaǵı qara ǵarǵaday,
Bası qızıl – almaday,
Moynı ala, tósi aq –
Ayqıshlanǵan torqaday.
Shubar, jumsaq shapanı,
Kól menen teńiz mákanı,
Ǵarqıldap jazda kúledi,
Qısta uzaq saparı.

*(almabas úyrek)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QARLÍǴASH, MÍLTÍQSHÍ HÁM JÍLAN
*(tımsal)*

Tóbesinde shártektiń,
Qızıl tumsıq, mamıq jún –
Jańa kelgen dúnyaǵa,
Palapanlar uyada!

Masayraydı sharq urıp,
Oynaqshıydı talpınıp,
Móldir kózli óńkey jas,
Erkeleter qarlıǵash.

Awzı menen suw tasıp,
Awqat berse talasıp,
Awzın ashar palapan,
Náhár alar anadan.

Báriniń de kewli toq,
Qáwip-qáter yadta joq.

* * *

Jılan jerde jalaqlap,
Bılǵap basın alaqlap,
Tóbesine qaradı,
Uwlı tilin jaladı.

Mıltıqshını jasırdı,
Sıbırlap is tapsırdı.
Jaqınlap keldi uw jılan!
Jabırlasıp palapan.

Jumsaq etli palapan!
Tez órmelep baraman,
Jesem bárin kemirip,
Keter edim semirip, –

Sezbedi onı dushpan dep,
Qarar qayta erkelep,
Qashpasın jılan biledi,
Shaqaq atıp kúledi.

Dep jılmańlap kórgen gez,
Órmeledi tezbe-tez.
Ushıp kelse qarlıǵash,
Kiyatır dushpan zıyankes!

– Uyadaǵı qarlıǵash,
Kel aldıma qushaq ash!
Orınlı isti bilmeyseń,
Nege sálem bermeyseń?

Shorshıp ketti kóriwden,
Qayta ushtı keliwden.
Taǵı keldi asıǵa,
Uyasınıń qasına,

Kiyatırman qonaqqa,
Toydır dárhal tamaqqa! –
Dedi jılan jılmańlap,
Kele berdi suwmańlap.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qarlıǵash ayttı jılanǵa:
– Shaqırmay keldiń bulmanǵa,
Jaqın barsam shaǵasań,
Jazıqsız gúná taǵasań.

Saǵan qayım awqat joq,
Tabıwǵa onı shaqat joq.
Sebebi, saǵan kerek qan,
Ol joq, qayt tez jolıńnan.

Jaqınlama juwıqqa,
Záhárińdi juwıtpa!...
Jılannıń keldi qáhári,
Qızdı haram záhári:

– Sen kim menen oynaysań,
Meni kim dep oylaysań!
Dáregi mine awqattıń,
Sen bermeseń, men taptım.
Uyańda tolı palapan,
Solardı jep alaman! –

Dedi qanqor nápsiqaw, –
Ómirge qarsı, arsız jaw.
Taqalıp keldi shaǵıwga,
Az qaldı qan aǵıwǵa!

Qarlıǵash endi ım qaqtı,
Mıltıqshı urdı tırnaqtı.

Kózin oyıp aladı.
Sılq etip jılan quladı.

Kelip edi gárdiyip,
Ólip qaldı sárriyip!

* * *

Ólse ómir dushpanı,
Ayap bolmas hesh onı!



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Sağın ZIYAWOV**
*(1941-2007)*



*S.Ziyawov 1941-jılı Moynaq rayonınıń Aqdárya awılında tuwılǵan. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı fakultetinde oqıǵan.*

*Jazıwshınıń «Meniń ákem balıqshı», «Terbeler tolqın», «Teńizde», «Shaǵala», «Aral azamatı», «Aydın», «Aralımnan ayırma» poeziyalıq kitapları baspadan shıqtı.*

*1957-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## JAYÍN HÁM SAZAN

Sazannıń qashtı sabırı,
Dedi taǵı jalınıp:
– Rehimi kúshli, taqsırım,
Qolıńda ǵoy táǵdirim.
Biz túsermiz qayǵıǵa,
Bosap qalar aydın da.
Bizlersiz jasıl shalań da,
Aylanar jansız dalańǵa.
Tiyegórme balama,
Qalarsız meniń nalama!
Jayınnıń qıshıp tamaǵı,
Shıdamı pitip baradı.
Jutıqı jutpay jemleri,
Salar ma ishke demlerin.
Sazanǵa qulaq aspadı,
Sum qılıǵın basladı.
Sirá aqıl sóz degenge,
Zalımlar qulaq túrgen be?
Qádirin sıylap bilgen be,
Kózlerine ilgen be?!
– Teńizdegi zor súwennen,
Qoldaǵım artıq bilgenmen, —
Dep jayın júdá jutındı,
Jas sazanlarǵa umtıldı.
Gey albırap qashqanın.
Gey qasha almay sasqanın,
Quwıp júrip saldı awız,
Qanaatı joq jalmawız.
Ana sazan jas tókti,
«Úhlep» awır ǵam shekti.
Ata sazan ot kekli,
Ar kórip jas tókpekti,
Qorqıp, sasıp qaytpastan,
Jawızǵa shıqtı ayqasqa.
Ana sazan tıpırshıp.
Kózinen taǵı jas ırshıp: —



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Aǵası, joq ǵoy ádalat,
Jawızdan bolar kásapat.
Kúshli menen shabıspa.
Júyrik penen jarıspa,
Tınısh ómir súreyik,
Biymálel ǵana júreyik,
Qaytayıq qalıń shalańǵa,
Pana tek sonda sazanǵa, –
Dedi oǵan qıyılıp,
Qayǵıdan qabaq jıyırıp.
– Joq, bara ber, qostarım,
Kegi ushın kólles doslardıń.
Jigeri júrekxanamnıń,
Kegi ushın qız, balamnıń,
Kólimiz edi gúlistan,
Bolajaq endi zimistan, –
Kegi ushın ósken kólimniń,
Shalańlı, nárli jerimniń, –
Túsemen házir ayqasqa,
Ózińdi saqla, bayqasla! —
Dep ata sazan kek qaynap,
Mákke kózi ot jaynap,
Qalashın qaǵıp pátlenip,
Jayınǵa jetti táp berip.
«Buǵan ne joq biyshara,
Ájel quwsa ne shara», –
Dep jayın oylap qurtıwdı,
Mensinbey oǵan umtıldı.
Aqıllı sazan biraq ta,
Qaq jawırındaǵı oraqqa,
Kúsh berip tikke kóterdi,
Jayın da sol waq táp berdi.
«Bunı ursam ishime,
Toq júremen úsh kúnge!» –
Dep jayın júdá esirdi,
Eki eziwi kópirdi.
Bas betten kelmey qolayı.
Quyrıqtan juttı tolayım.
Sazannıń usı kútkeni,
Oraǵın ábden tikledi.
Biledi úshkir isleri,
Biledi keskir tisleri,
Kókiregi ósip gúrlegen.
Bundaydı jayın kórmegen.
Azıwınday qabannıń,
Tisli oraǵı sazannıń,
Tańlayǵa mıqlap tireldi,
Kóz aldı birden túnerdi,
Qarańǵı dóndi átirap,
Elp-elp eter ayqulaq,
Miyi de ǵır-ǵır aylandı,
Tórt buralıp tawlandı,
Awmaǵan ushan kemeden.
Hal ketti alıp deneden.
Qaǵa almay qalash, quyrıǵın,
Gá jazılıp, gá jıyırılıp,
Awzı, bası qan boldı,
Ármanı shıbın jan boldı.
Tańlayındaǵı nayzaǵa,
Shara joq, qaǵıp almaǵa,
Solǵın tarttı janarı,
Jaǵı da talıp baradı,
Soń aran awzı ashılıp,
Qıynala, janı ashınıp,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sırtqa qaray sazandı,
Attı, náylaj azarlı!...
...Orağın máttal qayırıp,
Aydındı jalğız ayırıp,
Túyilgen qabaq jayılıp,
Jalmawızdı mayırıp,
Jetti sazan shalańğa.
Tınısh ata mákanğa.
Ana sazanda muńayğan,
Shıqqanday jańa kún aldan,
Tógip shadlıq kóz jasın,
Aylana berdi joldasın.
«Sazan jer shalań – miyi kóp»,
Degen sózdiń mini joq!...
...Al jalmawız sol waqtan,
Qaldı birden tamaqtan.
Tisli oraq jırtqan tańlaydı,
Ot jara basıp zarlandı.
Zardabı gújip jaranıń,
Oshaqtay boldı qaramı.
Balıq túwe qurt juta almay,
Azdı misli qutanday.
Jatpaydı, eplep gúybeńler,
Júzbeydi tek te iyreńler.
Palaqpan murtı sılbırap,
Tarı kózi jıltırap,
Kóline – jansız bosağan:
– Bol, – dedi áste, – xosh aman!
Hesh tiri jan ún qatpaydı.
«Pil patsham, xosh», – dep aytpadı.
Tek baqa sayrar «baq-bağın»,
Qızğanğanday kól batpağın,
Jawızlıqtıń joq dawamı,
Bar eken qayta zawalı.
Qomaqay bolıp ázeli,
Qulqınnan jetti ájeli!
Balığı qurıp sán qashqan,
Qushağın qayğı ğam basqan,
Kól – jıldan soń jasardı,
Bawırında súydi sazandı.
Burın tek shorshıp baqadan,
Oyansa tańda qapada,
Úsh jıldan soń aydını,
Qutıldı kúnnen qayğılı.
Gúmbirlep kún-tún qoyını,
Qızdı sazanlar oyını.
Minezi jumsaq jipektey,
Qabırshağı ilgektey,
Kózleri mákke-júweri,
Júzgende tasqan jigeri,
Súyer tınısh júrgendi,
Biymálel ómir súrgendi,
Jańa áwlad ósip kórgenli,
Baq qusı qondı kólge endi.
Jas ullı sazan ata-ana,
Dedi buğan shadlana:
– Kólimiz edi zimistan,
Qaytadan boldı gúlistan.
Kórmegey endi kásapat,
Kórgey tek shadlı sharapat.
Jawızlıq hesh kún, hesh túnde,
Bolmağay kólim dástińde.
Máńgi janıp ığbalıń,
Tolqıy bergey suwlarıń!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Jiyenbay IZBASQANOV
*(1949)*



*J.Izbasqanov 1949-jılı 12-iyunde Shomanay rayonında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*Shayırdıń «Tulpar haqqında ballada», «Jaz ótkende», «Lirika dápterinen», «Balalıqtıń nesin aytasań», «Ómirge qushtarlıq», «Muhabbattıń almaz qırları», «Muhabbat lirikası», «Jollarım uzaq», «Aq quslar» poeziyalıq kitapları jarıqqa shıqtı.*

*J.Izbasqanov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (2005).*

### QÍS QOSÍǴÍ

Ízıń-ıń, ızıń...
Qıstıń úrgini.
Uzınnan-uzın
Sozıp tur bunı.

Aq sharbı bult hám
Qıstıń ashıǵı.
Qar — oǵan ilham
Hám jarasıǵı.

Jol tartıp awır
Qırdan asqanda.
Uytqıǵan dawıl
Qaytpas tastan da!

Ízıń-ıń, ızıń...
Qıstıń úrgini
Uzınnan-uzın
Sozıp tur bunı...

### QAR

Jaz altı ay jadırap,
Turar edi nur tamıp...
Jatar búgin átirap,
Aq kórpesin qımtanıp!

Keńliklerdiń arası,
Kózdi tartar, ah qanday!?
Tuwǵan jerdiń dalası,
Biyǵam qalǵıp atqanday!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QÍS

Qıs kelip, arnalar
Muz bolıp qatqanda,
Sırǵanap balalar
Qızıqqa batqanda.

Kózlerden nur ushıp,
Qıstı kóp maqtaydı.
Kewilli kúlisip,
Qısqa kún batpaydı.

Qıstıń mol qáhári:
Murınlar qızarar,
Oyınnıń máháli
Báribir uzarar....

## BALALÍQTAǴÍ HÁDIYSE

Teńgersek te bulaqqa,
Ómirde ne ótpeydi?
Bir hádiyse, biraq ta,
Ele esten ketpeydi:

Jeti jastıń shaması,
Oyınımız bar talay.
Bizler oyın balası,
Qatar joram Marqabay.

Bir saparı azanda,
Suwı tınǵan salmadan.
Kórip qaldıq sazandı,
Qaramı bar nám-náhán!

Quwıp kettik patırlap,
Órge qaray zuwlar ol.
Jetken jerde jaqınlap,
Tuttırmastan tuwlar ol!

Suwı sayız bolsa da,
Zuwlap kelip júzedi...
Oljasınan onshama
Kim úmitin úzedi?

Biz ernekte, ol suwda
Qaldıq biraz hálekke.
Jetejaq ol, mol suwǵa
Órdegi sol tárepte.

Epshil edi hárqalay:
Suwǵa túsip bir waqta,
Kes-keslegen Marqabay
Zıńdı onı qırǵaqqa!

Men netemen? Onnan soń
Gáp tappadım túyirli.
Ózi tutıp alǵan soń
Balıq oǵan buyırdı!

Eh, sherigi bolsam da,
Quralaqan men qaldım.
Táǵdirimnen men sonda
Ayawsız bir aldandım!

Onnan soń da kúnlerim
Ǵawǵasız bir ótpedi.
Sol hádiyse, bilmedim,
Nege esten ketpedi?!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## PIL HAQQÍNDA ERTEK
### *(aqlıǵım Ráwshanǵa)*

**1.**

– Taq-tuq, taq-tuq,
– Dárwazańdı qaqtıq.
– Bul kim eken?
– Kim keldi?
– Mendey náhán pil keldi!...
Keldim sálem beriwge,
Ráwshandı kóriwge.
– Haw, sen náhán pil bolsań,
Awırlıqta zil bolsań,
Sıyarsań ba qapıǵa,
Qarap kór turpatıńa!?...
– Durıs, úyge sıymayman,
Biraq ta men qıymayman,
Ráwshanday bópeni,
Bir oynatsam netedi?!
Minip alsın arqama,
Ya ol mennen qorqa ma?
Biyǵam bolsın, jıqpayman.
Joldan arı shıqpayman...

**2.**

– Taq-tuq, taq-tuq,
– Dárwazańdı qaqtıq.
– Bul kim eken?
– Kim keldi?
– Mendey náhán pil keldi!...
Keldim sálem beriwge,
Ráwshandı kóriwge.
– O, Ráwshan - aqıl qız!
Quwanısıp atırmız:
Jańalıqtı bildiń be?
Bilgeni zor pildiń de –
Úyge keshe quwısqan,
Ajıralmas tuwısqan –
Sińlisi bar Ráwshannıń,
Ózine usar Ráwshannıń.
Ol jaqsı ǵoy, biraq ta,
Qalar geyde unatpay:
(Qoy sen, adam balasın?!)
Qızǵanadı mamasın...

**3.**

– Taq-tuq, taq-tuq,
– Dárwazańdı qaqtıq,
– Bul kim eken?
– Kim keldi?
– Mendey náhán pil keldi!...
Keldim sálem beriwge,
Ráwshandı kóriwge.
– Kelse úyge pil kelsin,
Ertektegi shın kelsin!
Ráwshanda ıqlas zor ǵana,
Sińlisine pármana.
Iship bolıp shay-payın,
Deydi: ózim shayqayın!
Endi oǵan, shamamda,
Ini bolsa jaman ba?
Házirinshe ini bol,
Onıń menshik pili bol!
Kelse úyge pil kelsin,
Endigi jıl ul kelsin!



www.ziyouz.com kutubxonasi

**4.**

– Taq-tuq, taq-tuq,
– Dárwazańdı qaqtıq.
– Bul kim eken?
– Kim keldi?
– Mendey náhán pil keldi!...
– Ap-chxi!
– Saw bol!
– Raxmet!
– Arzımaydı. Tońıpsań,
Dım ábiger bolıpsań.
– Awa! Ish-shá, kún — suwıq,
Murnım da tırsıyıp,
Íras, ábden tońǵanım,
Ábiger de bolǵanım.
Sıqır-sıqır qar ústi,
Kózim oǵan shaǵılıstı!
Qardı burın kórmesem,
Bul jaqlarǵa kelmesem?-
Endi jalǵız netermen,
Qay tárepke ketermen? —
– Biziń úyde qala ǵoy,
Qısı menen bola ǵoy.
Átiraptan qar ketsin,
Erteń náwbáhár jetsin,
Íssı ellerge ketерseń,
Hindstanǵa jeterseń...

## Zúbayda ISHMANOVA
*(1949)*



*Z.Ishmanova 1949-jılı Tórtkúl qalasında tuwılǵan. Tashkent mámleketlik universitetiniń jurnalistika fakultetin pitkergen.*

*Jaslıǵım seni jırlayman», «Gúldáste», «Niyet», «Aspanda ne bar?», «Ne mazalı?», «Úyrektiń uyası», «Kim sındırdı?», «Altın ǵáziyne», «Ulbosınnıń aq tutları» sıyaqlı kitapları basılıp shıqtı.*

*1988-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## ANA MEKTEBIM

Kúndey jaynap jarqırar,
Mektebimniń aynası,
Erte menen asıǵar,
Awıldıń qızı, balası.

Mektebim qushaq ashadı,
Shaqırar bizdi klasqa,
Úyreter bilim sırların,
Zeyin bergen hár jasqa.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Mektebim ısıq kózime,
Tartadı bizdi ózine,
Íqlas qoyıp tıńlaymız,
Muǵallim apam sózine.

Sabaqtan jaqsı oqıyman,
«5» ke tolı dápterim,
Úlkeysem qosıq toqıyman,
Saǵan, ana mektebim.

## USTAZÍM

Mektep bosaǵasına qoyǵanda qádem,
Maǵan biytanıs bop sol sırlı álem,
Jasqanıp tursam da kúlimlep kelip,
Kútip alǵan ediń, meni ustazım.

Basımnan sıypalap miyirban bolıp,
Jadırap turar-eń ay kibi tolıp,
Hárkún aytqan sóziń qásterli bolıp,
Júregimde uyalaǵan ustazım.

Kitap alıp, hárip úyrengenimde,
Geyde oqıy almay gidirgenimde,
Uqsatıp jazalmay búlingenimde,
Maǵan úyreptkenseń bárin ustazım.

Sennen alǵan dáslepki sol bilim,
Maǵan tirek boldı – ómirge nıshan,
Jetilisken bolsam bolıp bir insan,
Saǵan minnetdarman máńgi ustazım.

## ISI ÚLGI ÓSPIRIMLER

Baslanıp oqıw jılı,
Jıyıldı hámme birden,
Klastıń keńesinde,
Oylasıq ketti tezden.

Baslama kóterip Ziyada,
Saldı pikirin ortaǵa,
«Hárkim tapsırma alayıq,
Qayırqomlıq is qılayıq.

Awılımızda járdemge,
Mútáj adam bolsa eger,
Ǵarrı menen kempirge,
Bolayıq biz qáwender».

Hárkim hár jerden,
Turıp sóyledi,
«Tapsırma alıwǵa...
Tayınbız» dedi!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bólip alıp jumıstı,
Shıntlap iske kiristi,
Qıyat, Asan, Arzı ataǵa,
Otın jarıp beristi.

Raya menen Ziynep,
Ulzada shesheyge,
Japtan suw alıp,
Keltirdi úyge.

Polat Ayman, Ayzada,
Qutılar dúzetti,
Paxtanı jıynawǵa
Dúzipti gezekti.

Kimi awırǵan dostın,
Barıp kóriwge,
Sabaqtı ótken,
Túsindiriwge.

Atlandı solay,
Barlıǵı qalmay,
Bergen shın sózin,
Etiwge bárjay.

Bul ádiwli is,
Súysintti eldi,
Shın júrekten alǵıs,
Hámmege bildirdi.

## QUMÍRÍ

Moynı jalt-jult etedi,
Ózi sulıw oǵırı,
Túste ushıp ketedi,
Qus sulıwı qumırı.

Zuhra qıyqań áynekten,
Qumırıǵa qaraydı,
– Apa maǵan dán ber, – der,
Kúnde mennen soraydı.

Dándi shashsa olarǵa,
Ushıp keler qumırı.
Biziń úydiń aldında,
Óter hár kún ómiri.

## TENTEK

Úlken qızım Saltanat,
Velospied aydaydı,
– Áste ayda abaylap,
Desem párwa qılmaydı.

Sekirtedi salmadan,
Basıp óter taslardı,
Jıǵılar dep qorqaman,
Áne, taǵı basladı.

Bir kúni bası isipti,
Abaylamay jıǵılıp,
Dúkken barıp esikti,
Keldi tili tıǵılıp.

Úlkenlerdiń sózine,
Hasla qulaq salmaǵan,
Jıǵılarsań sen talay,
Anańnıń tilin almasań.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Keńesbay KÁRIMOV
*(1948)*



*K.Kárimov 1948-jılı 27-avgustta Shımbay rayonındaǵı Shımbay xojalıǵında tuwılǵan.*

*K.Kárimovtıń «Aralıqlar», «Waqıt minarası», «Umıtılǵan yarım ay», «Meniń terezelerim», «Araldan keldim» poeziyalıq toplamları, «Aǵabiy» (tórt tomlıq), «Ullı dásht bórileri», «Aqqapshıq» tariyxıy romanları basılıp shıqtı.*

*K.Kárimov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (2013).*

*1983-jıldan Jazıwshlar awqamınıń aǵzası.*

* * *

Súwret sabaǵında,
Ekinshi «b» da,
Balalar súwretke,
Qunıqqan júdá.

Úyrektiń súwretin,
Sızar Salamat,
Birew salar iytin,
Birew salar at.

Qullası súwret penen,
Mashqul hámme de.
Dilbar heshteńeni,
Salmaydı nege?

Áne, ol oylandı,
Áynekten qarap,
Sonday sulıw tańǵı,
Barlıq átirap.

Sarǵısh japıraqlar,
Tóselgen jerge,
Quslar ushıp barar,
Bálent kóklerde.

Quyash terezeden,
Kúlip qaradı,
Meniń súwretimdi,
«Sal» dep soradı.

– Meniń súwretimdi,
«Sal» dedi aspan.
– Meniń súwretimdi,
«Sal» dedi quslar.

Dilbar oylandı da
Qálemin aldı.
Dápterge quyashtıń
Súwretin saldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sarǵısh japıraqlardı
Saldı sońınan,
Shadlı balalardı
Saldı sońınan.

Sol shadlı balalar
Kókke qaradı.
Ashıq kókte quslar
Ushıp baradı.

Soń dápterge saldı
Qatara terek
Hám astına jazdı:
«Barlıq balalarǵa
Tınıshlıq kerek!»

## NÁLSHE

Báhár keldi. Qolǵa
Bel alıp dárhal,
Salma jaǵasına
Otırǵızdım nál.
Kóp ótpey jap-jasıl
Búrtik kógerdi.

Oh, qanshelli sonda,
Quwanıp kettim.
Ol jazda kórkeyip,
Saya molaytar.
Adamlar tikkenge,
Raxmet aytar.

## ÓZIM EKKEN QARATAL

Esigimniń aldında,
Ózim ekken qaratal,
Japıraǵında oynaydı,
Shawqım salıp shoq samal.

Qaratalım, qaratal,
Awılǵa sán beredi.
Nege oǵan sonshelli,
Qaray bergim keledi.

Báhár kelse úlkeme,
Talım jasıl dónedi.
Kóleńkede balalar,
Oyın oynap júredi.

Esigimniń aldında,
Ózim ekken qaratal,
Japıraǵına sır aytıp,
Gúwildeser shoq samal.

## MUZǴALA

Tańda tursam, aynala,
Jamılıptı muzǵala.
Ańlawsızda eh, átteń,
Tayıp ketti bir bala.

Muzǵala da, muzǵala,
Sıqır-sıqır aynala.
Aǵashlar da, úyler de,
Jamılıptı muz ǵana.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Quyash shıqtı. Aynala,
Jalt-jult etti aynala.
Abaylap bas ayaqtı,
Tayıp ketpe, háy bala!

## AŃǴALAQ

Qaqaman qıs. Tayǵaq muz,
Sumkalardı qoydıq biz.
Suwıqtı da umıtıp.
Muzda oyın qurdıq biz.

Ańǵalaq ta, ańǵalaq,
Dańǵır-dańǵır qańǵalap,
Sırǵanaydı bos qutı,
Qızıq oyın – ańǵalaq.

Waqıttı da sozdıq pa,
Bara-bara qızdıq ta,
Qısqı qalıń paltonı,
Sheship qoydıq muzlıqqa.

Boyda jiger tasadı,
Qulaq-murın ısıdı,
Oynap ketti biz benen,
Hátte Aytbaydıń kúshigi.

Qaqaman qıs. Tayǵaq muz,
Sabaqtan soń hárkún biz,
Suwıqtı da umıtıp,
Ańǵalaqtı quwamız.

## QARMAQQA BARǴANDA

Murat, Polat — eki dos,
Ashshıkólge barmaqqa,
Tayarlandı kúnburın,
Aldı jemtik, qarmaqlar.

Minip velosipedke,
Jolǵa shıqtı sáhárde.
Jetti kóldiń boyına,
Quyash qızǵan máhálde.

Jemtik salıp qarmaqqa,
Aydınlarǵa tasladı.
Qalqılarǵa tigilip,
Endi kúte basladı.

Bir waqları qarmaqtıń,
Sabaǵı dir-dir etti.
Qalqını suw túbine,
Qanday kúsh tartıp ketti.

Murat tarttı qarmaqtı,
Qıymılın tez, shalt etti.
Epkin menen hawada,
Bir aq shabaq jalt etti.

Murat sonday quwanıp,
Sazan usladım, dedi.
Tutqanı ırasında
Qup-qurttay shabaq edi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Polat ayttı: shabaq ǵoy,
Jibereyik erkine.
Aydın kólde úlkeyip,
Balıq bolsın bir kúni.

Murat onı bosattı:
«Kólde oyna bar», – dedi.
Ráxmet aytıp aq shabaq.
Súńgip ketti tereńge.

## Tolıbay QABULOV
*(1939-2006)*



*T.Qabulov 1939-jılı 10-mayda Qaraózek rayonınıń Qarabuǵa awılında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq insitutın pitkergen.*

*Shayırdıń «Qarabuǵa», «Ashıǵıńman», «Diydar», «Sen tuwılǵan aqsham», «Pándiw-násiyat» atlı toplamları shıqtı.*

*T.Qabulov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı húrmetli ataǵına iye boldı.*

*1976-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### ÁY, PERZENTIM!

Áy, perzentim, saǵan pándiw-násiyat,
Kisini sırtınan sayıwshı bolma.
Sıyla ustazıńdı atańnan zıyat,
Lábizi-ıqrarıńnan tayıwshı bolma.

Ullı hám qúdiretli kúshlerdi tanı,
Íǵbal-mártebe dep bilgeyseń anı.
Saǵan dáwlet bolmas atanıń malı,
Miynetsiz esaptan bayıwshı bolma.

Qoldan kelse, jaqsılıq qıl adamǵa,
Sharapatı tiyer erteń saǵan da.
Zor jigerbent bolǵıń kelse zamanǵa,
Alǵıstan basqanı alıwshı bolma.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Balam, saǵan aytaman,
Tákirarlayman qaytadan:
Ata sózi – aqıl sóz,
Onnan durıs paydalan.
Bileseń be, ol saǵan,
Erteń — aydın jol saǵan.
Ata-anasın beline
Baylap júrer qaysı adam?

Alsań eger aqıldı,
Bolsań eger aqıllı,
Bul ómirden bárhama
Alasań óz haqındı.
Násiyatım: sol, balam,
Parasatlı bol, balam.
Bolsań, bol tek márt adam,
Bolma biraq jartı adam...

* * *

Bárin bilmeseń de, balam, sonı bil,
Kemege mingenniń bolar janı bir.
Hár demińe nan pisse de, sol nanǵa
Janıńdaǵı joldasıńdı jarı qıl.
Jaman aytpay jaqsı joq, kún bolǵanda,
Jobań nedur sen alasań báribir...

## BALAMNÍŃ BALASÍNA

Bılay dep aytajaqpan,
Balamnıń balasına:
– Janǵanıń abzal, haqtan
Qalǵansha jalasına.

Paydalı jay izleme,
Birewdiń panasınan.
Suw kórseń, sayız deme,
Keshpey say-salasınan.

Heshqashan shekelenbe,
Kele ber ırasınan.
Álemde awır zat joq,
Adamnıń gúnasınan.

Jalınıp, jalpayma da,
Táǵdirdiń sharasına.
Al, sonnan tal shaynasań,
Túspeymen arasına.

Usılardı aytajaqpan,
Balamnıń balasına.
Janǵanım jaqsı, haqtan
Qalǵanshı nalasına.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Bul sózim barıp jetkey,
Olardıń sanasına.
Atağa qarap óskey,
Balamnıń balası da!

## BIR AWÍZ SÓZ

Sonsha awır júkti kótergen adam,
Kótermewi múmkin bir awız sózdi.
Sóz keltirmew ushın ózine ol hám,
Tastıń awırlığın sezse de, tózdi.

Ne ushın degende, bilip qoy balam,
Jurt jaqsı sóz ushın janınan keshti.
Bir awız sóz ushın Baysarı babań,
Jiydelibaysınnan jat jurtqa kóshti.

## Bayniyaz QAYÍPNAZAROV
*(1916-2001)*



*B.Qayıpnazarov 1916-jılı 25-avgustta Shımbay rayonında tuwılğan. Shayırdıń «Qosıqlar», «Xalıqqa xızmet qılaman», «Altın gúz», «Quwanısh qosıqları», «Bozjap boyında», «Kók emen», «Qızıl gúl», «Súy dostım», «Meniń Watanım», «Meniń baxtım», «Eki ayaz», «Nárwan», «Gúldáste», «Men seniń bir shaqańman» sıyaqlı toplamları bar.*

*B.Qayıpnazarov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı*

*1939-jıldan Jazıwshılar awqamınıń ağzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## USTAZLAR

Bizdi tirkep dizimge,
Kónliktirip tózimge,
Sana qosıp sezimge,
Bilim bergen ustazlar.

Oqıtıp jas balanı,
Ósirip oy-sananı,
Bol dep istiń mamanı,
Ilim bergen ustazlar.

Balalıqtı gúzetip,
Shalalıqtı dúzetip,
Durıslıqtı sóz etip,
Tálim bergen ustazlar.

Xalıqtıń qızı-ulına,
Kitap berip qolına,
Bilimniń eń shıńına,
Jol siltegen ustazlar.

Biz tártipli balamız,
Oqıwǵa kúsh salamız,
«Bes» bahasın alamız,
Tayarlanıp ustazlar.

Shın sóylewge sózlerdi,
Úyrettińiz bizlerdi,
Alǵıs aytıp, sizlerdi, —
Húrmetleymiz ustazlar.

## SHIYRIN NE BAR BALADAY?!

Kóp oylayman úydiń ishin,
Shette júrsem kóbirek,
Pitse oyǵa alǵan isim,
Elge qaytsam tezirek.

Meni kútken úy ishimdi,
Saw-salamat kórsem men,
Márgiyalı jas gúlimdi,
Qolǵa alıp súysem men.

Erkelese shawıp kelip,
Boylarıma asılıp,
Saǵınıshlı júzin kórip,
Tursam mawqım basılıp.

Shúldir-shúldir sóylep ketse,
Sózi shiyrin qızıqlı,
Sóytip maǵan inam etse,
Kórsetse kóp qızıqtı.

Qáwmetine kewlim tolıp,
Baqsam ayday júzine,
Názerimdi gúldey bolıp,
Tartsa ábden ózine.

Ísıq júzi gúl-gúl dónse,
Jaynay tússe laladay,
Aqıl-esli ziyrek ósse,
Shiyrin ne bar baladay?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BAXÍTLÍ BALALAR

Jaynaǵan ómirdiń gúli,
Gúllengen baǵdıń búlbili,
Quyashtay ashıq kewilli,
Baxıtlı, shadlı balalar.

Sizde joq turmıstıń tarı,
Kewlinde joq qayǵı-zarı,
Húr Watannıń baxtıyarı,
Quwanıshlı márt balalar.

Talpınǵan tilek talantlı,
Qıyalı qustay qanatlı,
Oqıp úyrengen sawatlı,
Bilimniń dostı balalar.

Oqıw ushın sal zeynińdi,
Íqlas etip buw belińdi,
Húrmetle, sıyla elińdi!
Anańızday súy, balalar.

Tuwılǵan jer — tuwǵan ana,
Ananıń bawırında bala,
Watanǵa qorǵan bolmaǵa,
Gúldey jaynap ós balalar.

Jigerli er, shadlı júrek,
Alıp ushqan jas kókirek,
Jaslıq waqıtta kóbirek,
Oqıń, úyreniń, balalar!

## Ábdiqádir QAYÍPOV
*(1963)*



*Á.Qayıpov 1963-jılı 5-fevralda Qanlıkól rayonınıń Qulamet jıraw atındaǵı diyqan-fermer xojalıǵında tuwılǵan.*

*Nókis mámleketlik universitetiniń filologiya fakultetin sırttan oqıp pitkergen.*

*Á.Qayıpovtıń «Jorajan» (2000) qosıqlar kitapshası, «Dáslepki sawǵa» (2001) atamasında prozalıq shıǵarmaları, «Tiri jetim» (2002) povesti, «Shúkirlik» (2015) qosıqlar toplamı shıqtı.*

*Ádebiy ismi: Muńlı*

*2002-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SUM TÚLKI
*(ertek)*

Bir ańızdı esittim men,
Bolǵan deydi erte waqta.
Túlki elge qazı bolıp,
Otırıptı Bóri taqqa.

Túlki, Bóri – ekewi de,
Bolar eken dım ósh mutqa.
Dım kóbeyip nahaq isler,
Qıyın bolǵan deydi jurtqa.

Kópshik qoyıp sóylep Túlki,
Xandı ábden biylep aldı.
Pisent etpey xan basqanı,
Tek Túlkige qulaq saldı.

Túlki alıp zańdı qolǵa,
Sheshti dawın haywanlardıń.
Sheshe berdi paydasına,
Onıń tilin tawǵanlardıń.

Túsinbegen «men haqpan» dep,
Qazı aldına bara berdi.
Túsingeni jolın tawıp,
Sum Túlkige para berdi.

Qazı sóylep gázzap sózin,
Dım kóbeydi urlıq-zorlıq.
Jatıp isher kórip payda,
Miynetkeshtiń kúni qorlıq.

Sum Túlkiniń islep júrgen,
Bildi Bóri barlıq isin.
Kórmegensip júre berdi,
Alǵannan soń óz úlesin.

Sol Túlkiniń arqasında,
Kúnde bázim, hár kúni toy.
Basqanıń ne keregi bar,
Qalay endi dep aytsın qoy.

Qaptalınan qaldırmastan,
Oyınshı hám saz-sáwbetin.
Bóri qurdı shaǵalmáslik,
Oylap kórmey aqıbetin.

Qazı hám xan qaptalında,
Gil buralqı xızmet etti.
Haq-nahaqqa qaramadı,
Qarsı shıqsa jer tisletti.

Ne islese bárin Túlki,
Dedi ullı xan pármanı.
Xanǵa qarsı shıǵa almay,
Qurıdı xalıqtıń dármanı.

Kóteriw ushın hámelge,
Soralmadı uqıp, aqıl.
Tek esapqa alınadı,
Pulı bar ma, kimge jaqın.

Háwij alıp paraxorlıq,
Gil górsawat basqardı el.
Oqıǵanlar atızda júr,
Qolǵa alıp ketpen hám bel.

Ayaq qosa almay zamanǵa,
Birew ushın keń dúnya tar.
Eki asar ebin tapqan,
Birewge tar soqpaq-gúzar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bir ájayıp zaman boldı,
Kisesinde pulı barǵa.
Biraq eldiń puqarası,
Ólmes kúndi kórdi zorǵa.

Arqa qayda, qubla qayda,
Bilmese de oń-teris parqın,
Shımshıǵı búrkit kórindi
Qazı, xanǵa bolsa jaqın.

Murındıq balası Porsıq,
Oyran etti palızlardı.
Aqsham kelip más halında,
Azapladı Qorazlardı.

Qol saldı ol Mákiyenge
Kózinshe ata Qorazdıń.
Balasıman dedi xannıń
Zeynine tiydi birazdıń.

Porsıqqa shıq dep jekpe-jek,
Shıdamay Saǵal shaqırdı.
Tiyme dep miyman zeynine,
Qoraz Saǵalǵa baqırdı.

Qarsılasıp Porsıq penen,
Saǵal tumsıǵı uwıldı.
Bolısaman dep Tawıqqa,
Elinen ózi quwıldı.

Tórt tárepi bolıp qubla,
Oǵan etpes heshkim kesent.
Jalǵız dayısı Jalǵızaq
Kim bolsań da etpes pisent.

Kúndiz uyqılap, túni menen,
Basqıladı daqıl qoymay.
Kóringendi tonay berdi,
Dúnyaǵa hesh kózi toymay.

Hátte alıs jiyenleri,
Kózi kórer, kewli soqır.
Merekede mushtay bolıp,
Jasúlkennen tórde otır.

Ári shıdap, beri shıdap,
Ábden sabır kese toldı.
Aqırında awdarıspaq,
Etetuǵın waqıt boldı.

Barlıq haywan jannan toydı,
Isi aylandı kerige,
Tórt-bes Saǵal til birigip,
Qarsı shıqtı xan Bórige.

Bul kórinis háwij alıp,
Astań-kesteń bola qaldı.
Men ne qılsam degen qıyal,
Sum Túlkini oyǵa saldı.

Quyrıǵı menen oylasıp,
Toqtadı ol bir sheshimge.
Biraq ta tapqan aqılın,
Aytpadı sirá heshkimge.

Zamanıń saǵan baqpasa,
Zamanǵa dedi óziń baq.
Qımbat hám sulıw terińdi,
Saqlawdıń tezden jolın tap.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Túlki sezip aldın boljap,
Keleshekti kóre bildi.
Xalıqtıń alǵan baǵdarına,
Xalıqtan burın júre bildi.

Saǵal ótkerdi májilis,
Jıynap barlıq xalıqtı.
Ayırıw ushın eldegi,
Nahaqlıq penen haqlıqtı.

Bileyin dep xan awhalın,
Sum Túlki sırttan qaradı.
Jaqlawshı az, al qarsılar,
Kóp eken turıp sanadı.

Atılıp shıqtı minberge,
Dım ǵáriyp kórsetip ózin.
Tilge sheshen ol sóyledi,
Pal tamızıp hárbir sózin.

Bóri paqır táme etti,
Túlki meni aqlaydı dep.
Saǵal oyladı Túlkini,
Tabaqlasın jaqlaydı dep.

Sum Túlki bılay basladı,
Qollayman dep Saǵal sózin,
Haqıyqatlıq umıt boldı,
Joyıw kerek xannıń kózin.

Bóri elge xan bolǵalı,
Kórgen kúnimiz qurısın.
Búlgin salıp óz eline,
Kóriń dedi xan turısın.

Elge kerek hadal basshı,
Sezip júrmen bunı ózim.
Usınaman men Saǵaldı,
Dep tuwardı Túlki sózin.

Bul sózine xan Túlkini,
Jinnen beter kórdi jaman.
Xandı jaqlap sóylegenler,
Awıp ketti Saǵal taman.

Nahaq iske qoldı ursań,
Pash bolarıń anıq aqır.
Ózi bilip is tutpay xan,
Taxttan juda boldı paqır.

Erip Túlkiniń sózine,
Saw basına sawda saldı.
Al sum Túlki tawıp ebin,
Abırayın saqlap qaldı.

Qarsı shıǵıp óz xanına,
Qaharmanǵa ol aylandı.
Saǵal – xanı, al sum Túlki,
Bas wázir bolıp saylandı.

Eldiń ǵamın oylaǵanǵa,
Bas wázirlik awır talap.
Biraq Túlki úyrenbegen,
Hadal islep, etpey qılap.

Janın qıynap sóz júzinde,
Qara basınıń ǵamın jep.
Tur uyalmay wáde berip,
Dúzeymen eldi ózim dep.

Marapatlar taza xandı,
Sum Túlkide kóp ǵoy ilim.
Shıǵıp aldı oń jaǵına,
Saǵaldıń da tawıp tilin.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Iyilip Bóri aldında,
Sálem berip tursa burın.
Hátte sálemin almadı,
Endi oǵan qarap qırın.

Hár kúni kirdi aldına,
Saǵaldıń tórt búgilip.
Ol ózin isker kórsetti,
El ushın júrgen juwırıp.

Oylasqan bolıp Saǵalǵa,
Isley berdi óz bilgenin.
Quyrıǵısań, – dep Bóriniń,
Quwdaladı jek kórgenin.

Kir izlep tırnaq astınan,
Qoydı bálege basların.
Jer awdarıp, quwdı elden,
Aǵızıp kózden jasların.

Tek ózine unaǵannıń,
Jaman tárepin jasırdı.
Xan kózine ay kórsetip,
Maqtawın ábden asırdı.

Solay Túlki sóz júzinde,
Qayta qurdı hám qurıldı.
Túlki ǵoy ol negizinde,
Islegen isi burınǵı.

## Seyfúlǵábit MÁJITOV
*(1869-1938)*



*S.Májitov — XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatın baslawshılardıń biri, shayır, prozaik hám dramaturg. Ustaz hám aǵartıwshı S.Májitov 1869-jılı Qazan guberniyasınıń Arshan mákanında tuwılǵan.*

*S.Májitovtıń birqatar shıǵarmaları ózi dúzgen «Álipbe» (1925), «Oqıw kitabı» (1925), «Egedeler sawatı» (1925), «Qaraqalpaq ádebiyatınıń jıyıntıǵı» (1928) hám shayırdıń óziniń «Tańlamalı shıǵarmaları» toplamında (1965) orın alǵan. Sońǵı jılları shayırdıń «Ata menen bala» (1970) degen gúrrińler toplamı hám «Shıǵarmaları» (1993) qayta jarıq kórdi.*

*S.Májitov dramaturgiya tarawında «Sońǵı selteń» (1928), «Sabaq», «Jigit boldıq», «Ernazar alakóz» (1927), «Baǵdagúl» (1935), «Gúlim-Tayman» sıyaqlı pesaların jazdı. Jazıwshınıń «Qulmurat», «On toǵız», «Súyin hám Sara» romanları qoljazba túrinde saqlanıwda.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Talantlı qálem iyesi jazıqsız jazalaw jıllarınıń qurbanı bolǵan hám kóp shıǵarmaları joǵalıp ketken.*

*1934-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## ANA SÚYMISHI

Kim bolur – senlerdi eń jaqın kórgen,
Janın pidá qılǵan seniń jolıńda,
Tuwǵannan ólgenshe sol oyda júrgen,
Pikiri-zikiri mudam seniń tuwrıńda.

Jaqsı bolsań, kórip quwanǵan kimdur,
Ayalap, aymalap tolǵanǵan kimdur,
Jılap kózde jası kól bolǵan kimdur,
Jaman, jalqaw bolsań, bolmay arında.

Tún uyqısın bólip, túnler uyqılamay,
Áldiwlep, uyqılatıp, ózi dem almay,
Tek sennen basqanı ráhát dep bilmey,
Kún-tún tilegińde, turar zarıńda.

Balalar, kim sizdi eń jaqın súygen,
Quwansań, quwanıp, qayǵıńa kúygen,
Bawrına ot jaǵar, qabaǵın úygen,
Ol – anadur, ǵamxorıń sol barında.

Shetke ketseń, bolıp kózinen ǵayıp,
Turar kúni bolmas, bir kún tınshayıp,
Qayǵıda qalǵanı baǵınan tayıp,
Xat jazıp tur, quwant tez-tez sawında.

Sarǵayıp jolıńda kún-tún bolıp zar,
«Kelmediń» dep bolar kórmege qumar,
Ananıń kewlinde ne árman bolar,
Adam bolıp qaytsań janıń sawında.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ǴAPÍLLÍQ

Kisiniń wájin sorap al,
Sońǵı jaǵı daw bolmasın,
Kórmegen jerdi ańlap bas,
Qurıp qoyǵan aw bolmasın.

Awǵa túspesin ayaǵıń,
Puqtaraq bolsın oyaǵıń,
Joldan shıǵıp ketken jaǵıń,
Ushpa biyik taw bolmasın.

Sapar shıqsań, joldan qaytpa,
Oylap ayt, sózdi molaytpa,
Birden ashılıp sır aytpa,
Ol seni barlaw bolmasın.

Ádepten tanabıń bos tut,
Asıqpa, lekin. Kún kesh tut,
Ábden sınap, keyin dos tut,
Tutqan soń aldaw bolmasın.

Dos tabarsań, maqtanarsań,
Jawǵa qarsı taqlanarsań,
Sırt dushpannan saqlanarsań,
Dos ishmerez jaw bolmasın.

Bedewge is túspes hár kún,
Kerek bolar ol da bir kún,
Basa-bas bolsa bir súrgin,
Mingen atıń shaw bolmasın.

## TIRI QORQAQ

Adamzat hám eki túrli,
Biri — batır, biri — qorqaq,
Batırman dep kóp maqtansa,
Sol adamnıń ózi qorqaq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sırttan maqtanıp jıltırap,
Ishten qaljawrap, qaltırap,
Bolar-bolmasqa albırap,
Kelispeydi qurı qorqaq.

Albıraǵan tez boldırar,
Qayǵıdan júzin soldırar,
Awzındaǵısın aldırar,
Bola berse, kári qorqaq.

Adamday is qılalar ma,
Kópten payın alalar ma,
Adam bolıp sanalar ma,
Bola ǵoysa shını qorqaq.

Kórsetkendey bir isi joq,
Isi bolsa jemisi joq,
Jigitliktiń kemisi joq,
Kemsitkendey mini qorqaq.

Batıp baralmay qasına,
Shıdatpay tutım-susına,
Is túskende óz basına,
Maqtanshaqtıń bári qorqaq.

## SHÍMSHÍQ BILEN KEPTER

Dán izlep-izlep bir shımshıq barıp,
Ilindi jazdırmas mákkem duzaqqa,
Qaza solay bolsa, ne shara qılsın,
Sarǵayıp otırdı qarap jan-jaqqa.

Bir kók kepter kelip bádabat qıldı,
Anı aqılsız dep málamat qıldı,
Aqmaqsań dep ózin dana at qıldı,
Dedi, — men qalmaspan bunday azapqa.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Kóziń bar bolsa da, esiń joq eken,
Hiylege esi bar aldanarmeken,
Kim kúlmes sendeyge aqılı bar degen,
Maqtanǵanı sozılmadı uzaqqa.

Kóp sóylep oylandı dáne termege,
Ash edi lepsiniń haqın bermege,
Táǵdir oǵan jay bermedi kórmege,
Ózi de ilinip tústi duzaqqa.

## Tólepbergen MÁTMURATOV
*(1939-1984)*



*T.Mátmuratov 1939-jılı 1-sentyabrde Qaraózek rayonında tuwılǵan. Tashkent mámleketlik universitetin pitkergen.*

*Shayırdıń «Aq terek pe, kók terek» (1964), «Lirika» (1966), «Gózzallıq oyandı» (1970), «Aysánem» (1973), «Ashılısıw» (1977), «Jaqsılıq sarayı» (1986), «Arzıw shámeni» (1981), «Juldızlar janar» (1989) degen toplamları basılıp shıqtı.*

*T.Mátmuratov — Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı (1986).*

*1969-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## AQ DÁPTER HÁM AQ KEPTER

Aq dápterim hám bar meniń,
Jol-jol sızıqları bar,
Ishlerine jaylasqan,
Jazıwlardıń baǵı bar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Aq dápterim mısalı,
Aq qar jawǵan dúzlerdey,
Oǵan túsken háripler,
Qapǵa túsken izlerdey.

Aq dápterge qoyılǵan,
Muǵallimniń «besi» bar...
Meni quwandıradı,
Kórgen sayın usılar.

Aq dápterim mısalı,
Aydın ashıq jolınday,
Sonıń ushın men onı,
Súyemen tap janımday.

Aq kepterdiń súwretin,
Aq dápterge salaman,
Men mudamı tınıshlıq,
Tárepdarı bolaman.

## OYÍNÍMÍZ BUZÍLDÍ...

Bizler úsh-tórt bala bolıp,
Oynap júrdik sharbaqta,
Birew kórip qoymasın dep,
Qarap júrdik barlap ta.

Arman-berman juwırıstıq,
«Urıs-urıs» oynadıq,
Keshke deyin oynay berdik,
Biz oyınǵa toymadıq.

Biz oynadıq «urralasıp»,
Biz oynadıq «atısıp».
Biz oynadıq buǵıp júrip,
Aqımlarda jatısıp.

Bir waqları keldi bizge,
Saqalı bar bir ǵarrı,
Kózlerinde kóz áynegi,
Shapanı bar bir ǵarrı.

Bárimizdi jıynap alıp,
Ǵarrı bizge bılay dedi:
– «Usı urıs oyının,
Tawıp júrgen kim-ay?» dedi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sonda bizler ań-tań boldıq,
Bir-birewge qarasıp.
Násiyatın ayttı ǵarrı.
Sońınan sál juwasıp.

– Bir-birewdi atıw degen,
Jaman ádet balalarım,
Barlıq waqta qádirleńler,
Tınıshlıqtıń jolların,

Pútkil dúnya júzinde,
Bolmasın hesh taqa-taq.
Bul – ómirdiń daraǵı,
Óse bersin shaqalap.

Birewińizdiń atıńız,
Paraxat dep qoyılǵan...
Sonıń ushın bolıńlar,
Bir-birińe miyirman.

Sol ǵarrınıń sózinen,
Sonnan berli oynamaymız,
Aqıllılıq sezildi.
Solay etip bizlerdiń,
Oyınımız buzıldı.

Sonnan berli oynamaymız
«Urıs-urıs» oyının,
Ílaqtırıp tasladıq,
«Qural-jaraq» buyımın.

## ...DEGEN BALA BAR

Aydos degen bala bar
Há, balalar, balalar,
Aydos degen bala bar,
Anasınıń appaǵı,
Genjetayı sanalar.

Ol baqshaǵa qatnadı,
Jaqsı sózdi jaqladı,
Pıshıq kórse kóshede,
Úyge ákelip saqladı.
Azan menen turdı ol,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bet-qolların juwdı ol,
Keshte pıshıǵın qushaqlap,
Uyqılap qalıp júrdi ol.
Házir Aydos basqasha,
Kitap oqıy basladı,
Kenshimeydi kewili.

Álipbesin ashpasa.
Mektepke qalmay baradı,
«5» bahasın aladı,
Álipbesin qushaqlap,
Keshte uyqılap qaladı.

## NURBERGENGE

Domalatıp tobıńdı jerge,
Eńbekleyseń izinen qalmay.
Kóringen zat — záhár me, em be?
Talpınasań ayıra almay.

Jańa sende baslandı ómir,
Oyınqumar, qızıq balalıq.
Bári saǵan kóriner táwir,
Barlıq nárse saǵan jańalıq.

Kórgen zatıń qoz ba, ya gúl me?
Qızıqsınıp uslap alasań.
Parıqlamaysań: shoyın ba, zer me,
Sol ushın ele balasań.

Qollarına bergen zatımdı,
Geyde jerge ılaqtırasań.
Men qoysam da seniń atıńdı,
Usı bastan meni urasań.

Bári saǵan bolsın, balam-ay,
Qanshama kóp oyınshıqlarıń.
Geyde jalıǵasań qaramay,
Hám de taslap keteseń bárin.

Úlkeygende izińe erip,
Bul ádetiń barıp turmasın.
Ómir saǵan oyınshıq bolıp,
Ómir seni jalıqtırmasın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BEKAN

Bizin Bekan bes jasta,
Oqımaydı klasta,
Ózi taza júredi,
Jolamaydı ılasqa.

## Gúlnara NURLEPESOVA
*(1961)*



*G.Nurlepesova 1961-jılı 5-iyunde Qaraózek rayonında tuwılǵan. Tashkent mámleketlik universitetiniń jurnalistika fakultetinde bilim alǵan.*

*G.Nurlepesova «Qaylardasız, gúmis bulaqlar?!,» «Hasla nashar demeń bizdi, aǵalar» atlı qosıqlar toplamlarınıń avtorı.*

*2005-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası*

## BIZ — BAXÍTLÍ BALAMÍZ

Bul paraxat watanda,
Jasaw baxıt adamǵa.
Bilim alıp, shınıǵıp,
Qosılamız qatarǵa.

Biz — baxıtlı balamız,
Aqıllımız, danamız.
Erteńgi kún elimniń,
Batırları bolamız.

Biz doslıqta jasaymız,
Kúlimlegen kún, aymız.
Alpamıs, Gúlayımday,
Batırlarǵa uqsaymız.

Jámlenissek bárimiz,
Bizler eldiń sánimiz.
Shadlıq, baxıt, quwanısh,
Hárbir atqan tańımız.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BIZ — ALPAMÍS ÁWLADÍ

Biz — Alpamıs áwladı,
Elimizdiń sawlatı.
Qanımızda tasıp tur,
Gúlayımnıń ǵayratı.

Keliń, doslar, balalar!
Sonday sulıw dalalar.
Bul paraxat zamandı,
Ańsap ótken babalar.

Búgin bayram qarańlar,
Gúl jaynap tur alańlar.
Baxtımızǵa saw bolsın,
Haq niyetli adamlar.

Kórseń awıl, qalanı,
Jaynap-jasnap baradı.
Bizler usı Watannıń —
Ul-qızımız qıraǵı.

Biz — Alpamıs áwladı,
Elimizdiń sawlatı.
Qanımızda tasıp tur,
Gúlayımnıń ǵayratı.

## ÓPEPEK

Meniń atım — ópepek,
Basımda sulıw pópek.
«Óppek-óppek, ǵıqq» desem,
Báhár kelgeni demek.

Men sulıw qus bolaman,
Daraqlarǵa qonaman.
«Egis waqtı keldi» dep,
Álemge jar salaman.

Jırshısıman báhárdiń,
Kún jılıǵan máháldiń.
Ópepeklep shaqırıp,
Men ópepek atandım.

Men — ópepek, ópepek,
Basımda sulıw pópek.
Erte tańda sayrasam,
Maǵan júrmeń ókpelep.

## ÁZIZ QARAQALPAQSTAN

Keleshegi ullı watan,
Kindik qanım tamǵan mákan.
Meniń ushın joqdur bahań,
Áziz Qaraqalpaqstan.

Shólde kiyik, maralıń bar,
Arqa jaqta — Aralıń bar.
Paxta, salı, sazanıń bar,
Dańqlı Qaraqalpaqstan.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Naqratı;**

Gózzal bostanım,
Tilde dástanım.
Tuwılǵan jerim,
Áziz Qaraqalpaqstan.

Ne aytsam sol bolar bárjay,
Balalıǵım altın tańday.
Súyemen men seni janday,
Áziz Qaraqalpaqstan.

Baxtımızǵa tınısh zaman,
Ilgerileymiz alǵa taman.
Máńgilikke bolǵıl aman,
Anam Qaraqalpaqstan.

## ÁTKÓNSHEK

Qanday jaqsı átkónshek,
Kútip turmız biz náwbet.
Átkónshekke asılıp,
Ushajaqpız pálpállep.

Bálentlep pát alamız,
Kókten jerge baǵamız.
Qıyalımız sharıqlap,
Juldızǵa jol salamız.

Párwaz etip ushamız,
Bálent kókti qushamız.
Erteń bir kún erjetsek,
Bizler Ayǵa ushamız.

## MEN BALAMAN

Men balaman, balaman,
Etken isi shalaman.
Hár qádemim patshalıq,
Ne qálesem alaman.

Sabırıńdı sınayman,
Kózde jasım bulayman.
Aytqanıma kónbeseń,
Boyım taslap jılayman.

Tıńlamay duw-sıyıńdı,
Kóshirermen miyińdi.
«Má, shıraǵım, ala ǵoy»,
Dep bererseń tiyindi.

Sonda zıńǵıp keterseń,
Etpes isti eterseń.
Epeleklep aldımda,
Páyik bolıp óterseń.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Men sonıńday balaman,
Túrli jolǵa salaman.
Qálesem men bazardıń,
Bárin satıp alaman.

Men bir patsha balaman,
Ne qálesem alaman.
Kózdi ashıp-jumǵansha,
Úlken jigit bolaman.

## QUWÍRSHAǴÍM

Quwırshaǵım — Gúlayım,
Ózi sonday múláyim.
Shashı kirlep qalmasın,
Jıltıratıp juwayın.

Shashın tarap óreyin,
Shóllese suw bereyin.
Doslarımdı shaqırıp,
Úyge ertip keleyin.

Tazalıqlı bolayın,
Shashlarımdı tarayın.
Quwırshaǵımdı qushaqlap,
Men baqshama barayın.

Úyde «úy-úy» oynaymız,
Biz qızǵanshaq bolmaymız.
Quwırshaq penen oynawdıń,
Qızıǵına toymaymız.

## Sadıq NURÍMBET ULÍ
*(1900-1972)*



S.Nurımbet ulı 1900-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. Bolajaq shayırdıń qáliplesiwinde aǵası – belgili shayır Sıdıq Toqpan ulınıń tásiri kúshli bolǵan.

Shayırdıń qosıqları 20-jıllardan baslap-aq xalıq arasına tarqala baslaǵan. Sadıq shayırdıń «Biziń Watan» (1940), «Jeńimpaz xalıq» (1942), «Batırlar alǵa» (1944), «Baxtıyar» (1950), «Túlkishek» (1956), «Farxad» (1958, 1978), «Jipekshi Jańıl» (1961), «Jańa zaman jırları» (1962), «Qanalaslar» (1968) degen toplamları basılıp shıqtı. Bunnan tısqarı shayır shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı (1971,1972) járiyalandı.

S.Nurımbetov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (1942), Ózbekstan xalıq jırshısı (1957).

1939-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## JUMBAQLAR

Hár tárepke ushadı,
Gúl pópegin qushadı,
Kúni menen tapqanın,
Bir ıdısqa qosadı.

*(palhárre)*

* * *

Kip-kishkene qus eken,
Kórkem, sulıw tús eken,
Qanatlınıń sheberi,
Qarap tursań usı eken.

*(qurqıltay)*

* * *

Tiykarı – shóp,
Ál-qızıl shoq,
Jawdırar kózge,
Báhár, jaz, gúzde.

*(qangúli)*

* * *

Júysiz, pitew aq shatır,
Óne boyı tap-taqır,
Ishin ashıp qarasań,
Eki túrli as jatır.

*(máyek)*

* * *

Ózi bir zat dumalaq,
Tiyseń keter jumalap,
Bolmasa da jazıǵı,
Júrer ballar quwalap.

*(top)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# T Á R I P L E R

## AQLÍQ QÍLÍǴÍ

Biz maqtasaq bókeni,
Aǵası jek kóredi,
«Bóke jaman, men apaq»,
Degen sózdi biledi...
Sóytip júrip ózi de,
«Úkem meniń jaqsı» dep,
Betinen shorp-shorp súyedi.

## TENTEK

Oyınshıqqa toymaydı,
«Oyınshıq» dep qoymaydı,
Tenteklik etip jılasam,
Áperer, – dep oylaydı.

Ketiredi mazanı,
«Áper» dep awzı tozadı,
Al oyınshıq ápерseń,
Bir oynamay buzadı.

## QÍZÍQ SORAW

– Adam balası – bóbek,
Qoyan balası – gójek,
Tawıq balası – shóje,
Pıshıq balası ne, áje?!

– Mal balası – buzaw,
Qoy balası – qozı-aw,
Túye balası – bota,
Túlki balası ne, ata?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Jumaniyaz ÓTENIYAZOV
*(1959)*



*J.Óteniyazov 1959-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik universitetiniń huqıqtanıw fakultetin pitkergen.*

*Shayırdıń «Jańa jıl» (1988), «Sholaq jayın» (1991), «Eki maqtanshaq» (1996), «Tınıshlıq saqshıları» (1996), «Úmit shuǵlası» (2006), «Uzın hám kelte» (2007), «Watandı súyip jasa» (2007) «Jıńǵıl gúlleri» (2015) «Monshaq» (2017), «Araldaǵı akula» (2018) degen toplamları, «Ananıń júregi» (1987), «Sekseninshi jıllar» (1989), «Aydos biydiń ármanı» (2007) poemaları baspadan shıqtı.*

*A.Pushkin, M.Lermontov, V.Gogol, K.Ushinskiy, K.Chukovskiydiń birqatar shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*1992-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### GÚLZADANÍŃ BAǴÍ BAR

Aq teregi úlkeygen,
Tut teregi kórkeygen,
Japıraǵın jel súygen,
Jasıl qara talı bar.

Gúllese gúli appaq,
Biyik ósken shaqalap,
Biri — qızıl, biri — aq,
Eriktiń ne palı bar.

Alma, júzim, qáreli,
Kórseń jegiń keledi,
Jazda qızıl shiyeli,
Kirseń bári tabılar.

Jasırınbaq oyınǵa,
Tal arası qayım-dá!
Ámiwdárya boyında,
Gúlzadanıń baǵı bar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QAR

Appaq-appaq,
Gúljámiyla!
Appaq-appaq,
Qarǵa qara!
Qara talǵa,
Qonıp atır.
Qara tallar,
Tońıp atır!

Appaq-appaq,
Gúljámiyla!
Anań qara,
Appaq qarǵa –
Qara ǵarǵa,
Qonıp atır!
Ayaqları,
Tońıp atır!

Japta qatqan,
Muzǵa qara!
Muzda júrgen,
Qızǵa qara!
Muz — sırǵanaq,
Bolıp atır.
Qızdıń qolı,
Tońıp atır!

## BESKE TOLDÍ GÚLZADA

Jawın jawar tınbastan,
Tamıp turar tambastan,
Ústi ılay bolmastan,
Úyde oynar Gúlzada.

Aǵası da jumısta,
Apası da jumısta.
Jumısları alısta,
Tez saǵınar Gúlzada.

Jawın quyıp tursa da,
Oqıwda júr Nurzada.
Áynek jaydıń aldında,
Kútip alar Gúlzada.

Aygúl ketti mektepke,
Polat ta júr mektepte.
Zámiyranı kútpekte,
Aqılı bar Gúlzada.

Kúshigine «kish-kó!» dep,
Pıshıǵına «pish-kó!» dep,
«Kirgizeyik, ishke» dep,
Ayap turar Gúlzada.

Kúter kempir apasın,
Tanır dayı atasın.
Álipbesin, papkasın,
Taza tutar Gúlzada.

Túrli qıyal oylaydı,
Ayaqoyın oynaydı.
Endi qıyqań bolmaydı.
Ol — bes jasar Gúlzada.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Seydabulla PIRJANOV
*(1940-1997)*



*S.Pirjanov 1940-jılı 2-fevralda Shımbay rayonındaǵı Keńes awılında tuwılǵan.*

*Shayırdıń «Gúldáste» (1972), «Bayterek» (1975), «Sayaxattı súyemiz» (1977) «Jaǵıs» (1978), «Qırqınshı báhár» (1981), «Qıyal qanatı» (1984), «Balalıqtıń bir kúni (1987), «Ómir aǵısı» (1990), «Jasıl jaǵıs» (1995) degen qosıqlar hám poemalar toplamları basılǵan.*

*S.Pirjanov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri.*

*1978-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### OQÍWSHÍNÍŃ QOSÍǴÍ

Men balaman, balaman,
Jaqsı iske talaban,
Etse birew erkelik.
Dım oylanıp qalaman.

Men sonıńday balaman,
Jaqsılıqqa talaban,
Qosıq hám saz úyrenip,
Shad namaǵa salaman.

Kún kúlimlep qaraǵan,
Men baxıtlı balaman,
Kim úlgili, kim ziyrek,
Sonnan órnek alaman.

Men balaman, balaman,
Jaqsı iske talaban,
Tapsırmamdı tayarlap,
Oqıwıma baraman.

### GÚLLER HAQQÍNDA

Baqshada gúller ósedi,
Dım ısıq kózge túsedi,
Balalar hár kún jıynalıp,
Qaysısı sulıw desedi.

Aq gúldi biri maqtaydı,
Qızıldı biri jaqlaydı,
Gúllerdiń kórkin aytısar,
Qaysısı sulıw tappaydı.

Olardıń aytar sózinshe,
Hár gúl sulıw ózinshe,
Balalar qáne oylanıń,
Durıs pa bul sizińshe?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## JOLDA

Oyınshıq alıp,
Jolǵa barıp,
Oynap júr edim,
Qáwipsiz der edim.
Shofyor kórdi,
Signal berdi,
– Hásseniy, háy bala,
Bermaǵan qara,
Mashina ótedi,
Basıp ketedi,
Sonı uq, – dedi,
Joldan shıq, – dedi.
Joldan shıqtım,
Úyge zıttım...
Uyaltar, durısım, –
Sondaǵı turısım.

## OYNAǴANÍ TAMASHA

Quwanaman inimniń,
Oynaǵanı tamasha,
Kóp nárseni ózinshe,
Oylaǵanı tamasha.

«Men shopırman», deydi ol,
Sóylegeni tamasha,
Topıraq tasıp geyde ol,
Soqqan bolar qalasha.

Bir qaptalın baǵ etip,
Boladı geyde bezegen.
Kewlin sonsha shad etip,
Oynap júrer ne degen.

Keleshekten kóremen,
Buǵan kewli toların,
Oyınınan dóregen,
Talay shınlıq boların.

## AZAT HÁM ABAT

Kishkene Azat,
Súwret saladı,
Al Abat oǵan,
Súysinip qaradı.

Ájaǵa:
– Anaw ne?
– Súwret,
– He-e, onda,
Maǵan da úyret.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## OYÍN

Oyın degen qızıq-aw,
Qızığına toymaymız,
Birewden birew ozıq-aw,
Geyde uzaq oynaymız.

Erte kel dep bağana,
Aytıp edi apam da,
«Umıta kórme, bola ma?»,
Dep edi aytıp atam da...

Oyın degen qızıq-aw,
Qızığına berildim,
Átteń, keshte uyalıp,
Apama zorğa kórindim.

## MENIŃ ÚKEM

Meniń úkem jarıtıwlı,
Háriplerdi tanımas,
Sonda da ol qasınan,
Kitapların qaldırmas.

Íqlasına súysinip,
Háriplerdi aytaman,
Maqtanıshlı kúler ol,
Jazıw jazar qaytadan.

Quwanadı hár kúni,
Waqıt qızıq ótpekte,
Úyrengen sayın háripti,
Barğanday úkem mektepke.

## QOSHANTAY

Há qoshantay, qoshantay,
Kórkińe kóz qızğanday,
Júrisiń sonday tamasha,
Oynaysań bazda azğantay.

Arman-berman sekeńlep,
Shabasań geyde dikeńlep,
Balalar meni maqtasar,
Qozısı jaqsı eken dep.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Keńesbay RAXMANOV
*(1942-2004)*



*K.Raxmanov 1942-jılı 18-sentyabrde Kegeyli rayonınıń aymaǵında tuwılǵan. Shayırdıń «Saǵan asıǵaman» (1970), «Ómir tolǵanısları», (1974), «Tań ashıǵı» (1978), «Ómir, sen ullısań» (1981), «Mánzilim alıs» (1995) qosıqlar toplamları basılıp shıqtı.*

*K.Raxmanov «Kelin» (1976), «O dúnyaǵa mirát» (1976), «Jaralı júrekler» (1977), «Eglengen báhár» (1978), «Laqqılar emlewxanada» (1979), «Mamamnıń jetinshi bayı» (1989) sıyaqlı pyesaları teatr saxnalarında qoyıldı. K.Raxmanov — Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik sıylıǵınıń laureatı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri.*

*1972-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### BALÍQ

Móldir suwda oynaydı,
Tereńine boylaydı.
Balıqshılar aw salıp,
Tutpaǵansha qoymaydı.

Marqa, súwen, sazanı,
Awqat ǵoy dım mazalı.
Balıqshınıń oyında,
Turadı — el qazanı.

Biz úlkeysek ele de,
Minip alıp kemege,
Asıǵamız tolqında,
Balıqshımız demege!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SÁLEM, MEKTEP!

Sálem, mektep — anamız,
Biz baxıtlı balańız.
Bilim izlep keldik biz,
Náwpire ber saǵamız.

Sálem, mektep – baǵımız!
Jarqıraǵan tańımız.
Kewli saqıy ustazlar,
Shákirtlikke alıńız!

Bárin este saqlaymız,
Isenimdi aqlaymız.
Sabaqlardan «5» alıp,
Klaslardan atlaymız.

Oqıwshımız endi biz,
Kóterińki kewlimiz.
Qulpıramız mektepte,
Gúldey bolıp máńgi biz!

Sálem, mektep — anamız,
Biz baxıtlı balańız!
Bilim degen sháshmeni,
Ańsap keldi sanamız!

## ÓKINISH

Kúni menen top tepti,
Tepkende de kóp tepti.
Umıttı olar sabaqtı,
Umıttı olar mektepti.

Mine, demde tús boldı,
Barlıq isi push boldı.
Endi oyladı sabaqtı,
Endi oyladı «shkol»dı.

Úyge bergen tapsırma,
Qaldı oyınnıń astında,
Ayırılar mektepte,
Jamanıń da, jaqsıń da.

Salpıldaǵan qulaqshın,
Ústi-bası ılas dım.
Otırdı olar buǵısıp,
Urısınday klastıń.

Soray qoysa sabaqtan,
Ildirgeni saǵaqtan.
Olar eplep qutıldı,
Eń dáslepki saattan.

Keldi ekinshi muǵallim,
Aldında onıń buǵar kim?
Kóz astınan qaradı,
Túrlerine bulardıń.

Tikeytti ol Abattı,
Abat úydi qabaqtı:
– Tayarlana almadım,
Men muǵallim sabaqtı.

Náwbet jetti Azatqa,
Azat tústi azapqa:
– Mende waqıt bolmadı
Qaraǵanday sabaqqa.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Kúni menen top tepti,
Tepkende de kóp tepti.
Oylamadı usınday
Abıraydı tókpekti.

Wádesiniń bos bári,
Heshkim jaqın qospadı.
Endi olardı top qılıp,
Tepken yańlı dosları.

## BALALÍQ

O, baxıtlı balalıq!
Sen erteńgi danalıq.
Búgin bilim alıp sen,
Ákeleseń jańalıq.

Sen álemniń gúliseń,
Jarqıraǵan kúniseń.
«Quyash bolsın bárhama!»,
Degen yoshlı tiliseń.

O, baxıtlı balalıq,
Sen erteńgi jańalıq.
Seniń sulıw kúlkińnen
Jaqınlasar aralıq.

Sen dúnyanıń janısań,
Shuǵla shashqan tańısań.
Sen elimniń erteńgi –
Namıs penen arısań.

O, baxıtlı balalıq,
Kewliń qanday danalıq!
Shawıp ótken jerińnen,
Ornap atır qalalıq.

Sen ómirdiń baǵısań,
Munarlarǵan tawısań.
Sen erteńniń shadlıǵı,
Sen erteńniń barısań!

O, baxıtlı balalıq,
Sendey bolıp jaralıp.
Gúllenemiz, ózińnen,
Jasaw ushın nár alıp!

Sen ómirdiń jırısań,
Sáwlelengen nurısań.
Shıraymızdı kórkeytken,
Sen altınnıń puwısań!

O, baxıtlı balalıq,
Kewilde joq alalıq.
Seni jáhán qorǵaydı,
Qollarına pal alıp.

Sen dúnyanıń tiregi,
Sen dúnyanıń júregi.
Sen baxıtlı bolsań, tek.
Dúnya shad bolıp kúledi!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Xalmurat SAPAROV
*(1932-2009)*



*X.Saparov 1932-jılı 20-martta Shımbay rayonında tuwılğan.*

*Shayırdıń «Nálshe» (1959), «Jas usta» (1961), «Qurqıltay» (1965), «Baxıtlı balalıq» (1966), «Ayğa ushıp barğanda» (1970), «Meniń kúnlerim» (1977), «Quslar menen sırlasqanda» (1978), «Altın dáwran» (1982), «Watań suńqarı» (1984), «Tábiyat – óz úyimiz» (1990), «Quyash balalarımız» (1992), «Balabaqsha qosığı» (1994), «Tábiyatqa sayaxat» (1997), «Kásibim-maqtanıshım» (2004), «Sap denede – sap aqıl» (2006), «Kiyikler» (2009) qosıqlar toplamları basılıp shıqtı.*

*Qosıqları belarus, moldavan, tatar, qumıq, bashqurt, qazaq, túrkmen hám basqa da xalıqlar tillerine awdarğanı.*

*X.Saparov — Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındağı mámleketlik sıylığınıń laureatı (1984).*

*Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri 1982.*

*1961-jıldan Jazıwshılar awqamınıń ağzası.*

### BESIK JÍRÍ

Ay, ay balam, ay balam,
Oyınshıqqa bay balam,
Baxıtlı, shadlı zamanı,
Hámme jağı say, balam.

Ay, ay balam, ay balam,
Shiyrin sútke toy, balam,
Jılawıq bolğan jaqsı emes,
Qıyqańlıqtı qoy, balam.

Ay, ay balam, ay balam,
Shapqılağan tay balam,
Erteńgi kúni erjetip,
Dańqıńdı elge jay, balam.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BALAMA

Aytar gápim balama:
Adam kórki ar menen,
Sóyler túrli namaǵa,
Duwtar kórki tar menen.

Ílayıqlı atıńa,
«Qıstıń kórki qar menen».
Háripti dáslep úyreter,
Taxta kórki por menen.

## BALA TILEGI

Oyınshıqlar kóp bolıp,
Apam bolsa qasımda.
Ósse gúller shoq bolıp,
Ashıq aspan astında.

Sulıw awıl kelbeti,
Kepter ushıp qonǵanda.
Sol kepterdiń súwretin,
Salar edim albomǵa.

Mashinanı harlatıp,
Asfalt jolda aydasam,
Turıptı kewil unatıp,
Qıyalım kóp oylasam.

## BALALÍQ

Áynegimniń aldında,
Úsh-tórt bala oynadı.
Oyınshıq bar qolında,
Dóńgeletip aydadı.

Aytıw kerek durısın,
Júzlerinen qan qashtı,
Sál nársege urısıp,
Ókpelesip tarqastı.

Tınıq hawa, kún ashıq,
Úyde qalay tura alar,
Oynap ketti doslasıp,
Bir maydanda balalar.

Sırttan qarap turıppan,
Kewlinde joq alalıq,
Urısqanın umıtqan,
Jaqsı eken balalıq.

## MEKTEBIM

Jaz qızıǵı sonday tamasha,
Bilmey qaldım qalay ótkenin,
Oqıw jılı keler dep qashan,
Asıǵaman saǵan mektebim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sentyabrim keldi taǵı da,
Quwanıshqa bólep janımdı.
Jetelegen bilim baǵına,
Saǵındım men ustazlarımdı.

Baxtı kúlgen oqıwshı – jasqa,
Bári qımbat kún joq awısıq.
Xabarlaǵan «kir! dep klassqa»,
Saǵındım men qońıraw dawısın.

Tınbay ósti sana-sezimim.
Sende ótken kúnlerim qızıq.
Asıǵaman bolmay tózimim,
Kórineseń kózime ısıq!

## KÚNDELIK DÁPTERDIŃ SÓZI

Qoyılsa «bes» bahası,
Bolar kewlim tasqanday.
Qoyılsa «eki» bahası,
Betime tamǵa basqanday.

Men bolaman shınında,
Bilimińe tárezi.
Tárezinıń bola ma,
Sirá sennen ǵárezi.

Báribir men qalmayman,
Qal, deseń de qasıńnan.
Ata-anańa kórsetpey,
Biraq, meni jasırmań!

## SABAQTÍŃ SÓZI

Kelgenimdi ómirge,
Oqıwshım sen kórmediń.
Sonshama kóp háripti,
Qolıń menen termediń.

Dúzgen avtor kitaptı,
Jumsadı kóp tózimin,
Ketti onıń kóp waqtı,
Mayı tamıp kóziniń.

Tuwıldım poligrafta,
Talay miynet etildi,
Sızıp meni biraq ta,
Shıjzbaylama betimdi.

Jırtıp alıp qabımdı,
Jaqsı emes tonaǵan,
Awırtadı janımdı,
Soǵan qapa bolaman.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Oqıwshıǵa joldaspan,
Demeymen hesh bólekpen.
Óner – bilim shıńına
Barlıq waqta kerekpen.

Oqı, usla qolıńa,
Jaqtı bergen kúndeymen.
Hám dostıńman sırlaspan,
Barar joldı silteymen.

## KITAP

Kitap — bilim sırlasım,
Aqıl quyǵan sanama.
Oqıǵanda yosh tasıp,
Jiger, quwat alaman.

Turmısım jaynap gúl attı,
Qaradım aldı-artıma,
Oqıǵan sayın kitaptı,
Túsindim ómir parqına.

Oqıǵanda kitaptı,
Ushatuǵın qustayman.
Oqımasam kitaptı,
Dánesi joq pushtayman.

Bararda úyge dúkannan,
Alaman kitap bos barmay,
Qısınǵanda ol maǵan,
Keńes berer doslarday.

Kitap oqıp júrmesem,
Batıl bolǵan japtayman,
Kitap oqıp úyrensem,
Seyislegen attayman.

Teksheler tolıp tur mende
Emespen taqlap mázi úyren.
Bileseń oqıp kórgende,
Kitaplar qımbat ǵáziynem.

## Ótebay SÁRSENBAEV
*(1951-2011)*



*Ó.Sársenbaev 1951-jılı 3-oktyabrde Kegeyli rayonında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*Shayırdıń «Ássalam, jaylawım» (1985), «Júrek tebirenisleri» (1982), «Qaydasız, aqquwım» (1984), «Xarakter» (orıs tilinde, 1988), «Samanbaydıń balaları» (1990), «Shıńqobız», «Jańabazar ápsanaları» (1992) degen toplamları basılıp shıqtı.*

*1983-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## TUWǴAN JER

Sıylıq ettik dayıma,
Kerbiyeniń qulının.
Uslap berdi moynına,
Taslap aǵam qurıǵın.

Úsh kún ótpey aradan,
Qulın keldi jaylawǵa.
Aǵam ayttı jarıqlıq,
Kónbegen ol baylawǵa.

Keń dalanıń dúbirin,
Saǵınǵannan úzgen ol.
Tuwǵan jerdiń qádirin,
Jas bolsa da sezgen ol.

## «TUWÍSPAZ TÚLKI»

Qádirdanım tawıqjan,
Otırshı kel qasıma.
Xızmetińe pidáman,
Kóteremen basıma.
Arqalayın shójeńdi,
Birewin de muńaytpay.
Úyer edim gójeńdi,
Heshkimnen de soratpay.
Tóseteyin mamıqtan,
Keteginńdi qısıńda.
Jazda saqlap tımıqtan,
Apararman tap shıńǵa.
Búlbillerge teńgerip,
Seni der em xoshhawaz.
Suw ornına pal berip,
Aytqanıńdı etip saz.
Tuwısqanshıl tilekten,
Izzet-húrmet eteyin.
Shıǵa qoyshı ketekten,
Úyge ertip keteyin.
Tawıslarǵa teńgerip,
Maqtawıńdı bereyin.
Saǵan kelgen ájelge,
Ózim ǵana óleyin.
Júrshi úyge, toǵayǵa,
Tuwısqanım oylanbay.
Shúkirim kóp qudayǵa,
Dep qıyılıp Túlkibay.
Ótirikten uw jalap,
Qulqın ushın ólip tur.
Barlıq tawıq ha-halap,
Hiylesine kúlip tur.

## MAQTANSHAQ

Saparbay jaǵada,
Balalarǵa maqtandı;
«Usap men aǵama,
Quraman qaqpandı.
Qálesem aydayman,
Aydında kemeni.
Jılımdı maylayman,
Tańlantıp hámmeni».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Dedi de jaǵıstan,
Kemeni jazdırdı.
Pátlengen aǵısta,
Kemeni «azǵırdı».

Saparbay jıladı,
Járdemge keliń dep.
Qaptallap usladı,
Basqa bir keme kep.

Dosları kúledi,
Kórsetip qayıǵın.
Ol házir biledi,
Óziniń ayıbın.

## ANAM MENIŃ SAWÍNSHÍ

Sawınshılar anamdı,
«Ustazımız», – desedi.
Gazetaǵa jıl sayın,
Súwretke de túsedi.

Ordeni kóp sawınshı,
Biziń anam fermada.
El bahalap eńbegin,
Sıylıq etti «Volga» da.

Úyret deydi, anama,
Sút sawıwdı Abadan.
Úlkeygen soń deydi ol,
Men sawınshı bolaman.

## SÁLEM, JAYLAW!

Sálem, jaylaw — kórkem tábiyat,
Qaray bersem ǵayrı naǵıslı.
Payızlı jer janǵa ráhát,
Ózek aǵar jasıl jaǵıslı.

«Birqulaq»tıń ǵırra jaǵısı,
Aq otawlar tigilgen qatar.
Qos torańǵıl, aydın arası,
«Qus bazarı» o, qızıp atar.

Aq sazanlı ózegiń tasıp,
Jelkildeter narqamıslardı.
Oyın qurıp keń qushaǵıńda,
Ótkeremiz demalıslardı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## OYÍN EDI...

Oynayıq ta jortaǵa,
Jolbarıs bop, saǵal bop.
Qorqıt meni ájaǵa,
Kúye jaǵıp daǵal bop.

Ájaǵası ton kiyip,
Qasqır boldı ırıldap.
Mástan bolsa búkshiyip,
Málim boldı mırıldap.

Kórsetti kóp ónerdi,
Qaymıqpadı úkesi.
Basqa qazan kóterdi,
Mısal ǵarbız pállesi.

...Keldim atım arıslan,
Salayın tez arqaǵa.
Shadpan bunday tabıstan,
Degeni sol,
Oyın bolmay jortaǵa.

Shorshıp ketip dawıstan,
Qaramay háyle-páylege.
Oqlawdı alıp quwıstan,
Ǵańq ettirdi ǵállege.

Kózge birden jas toldı,
Oyın túbi shın bolıp.
Múyeshke kep otırdı,
Ekewi de jım bolıp.

## Shawdırbay SEYITOV
*(1937-1996)*



*Sh.Seyitov 1937-jılı 16-martta Túrkmenstannıń Góne Úrgenish rayonındaǵı «Seyit shúrteniń qalası» degen jerde tuwılǵan.*

*«Úshpelek» (1964), «Soqpaǵım meniń, qaydasań» (1966), «Tawlardan saza» (1970), «Jollar» (1990) toplamlarınıń avtorı.*

*Proza tarawında «Kóp edi ketken tırnalar», «Qashqın» (1969), «Jınayatlı isine qosıp tigilsin» povestleri menen birge, ol «Íǵbal soqpaqları» (1975), «Xalqabad» (1978-1990, 4 kitap) «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba» (1992), «Shırashılar» (1986) romanların baspadan shıǵardı.*

*Jazıwshı awdarma tarawında A.Pushkin, M.Lermontov, L.Tolstoy, N.Nekrasov, S.Ayniydiń shıǵarmaların qaraqalpaq oqıwshılarına jetkerdi.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Sh.Seyitov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri (1990), Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı (1992),*
*1972-jıldan Jazıwshılar awqamınıń ağzası.*

## JAZ KELDI

Tağı biziń ellerge,
Altın jaz keldi.
Dáryalarğa, kóllerge,
Qashshan ğaz keldi!
Japlardağı náwpir suw,
Ağar salmağa,
Torańğıllar uwda-shuw,
Bıjnağan ğarğa.
Qırlar tolıp sheshekke,
Ańqıydı juwsan.
Shontańlasqan gójek te,
Tuttırmas quwsań.
Sonlıqtan biz quwmaymız,
Shatır quramız.
Gerbariyler[12] jıynaymız,
Toplam qılamız.

Móldir kóldiń boyında
Qarmaq salamız.
Jasıl maysa qoynınan,
Gúller alamız.
Tağı da olkáradan,
Tawğa ótemiz.
Dúńkildetip baraban,
Alğa ketemiz.
Gúlxan jağıp toğayğa,
Qosıq aytamız.
Úki kelse qolayğa,
Alıp qaytamız.
Bárha biziń awılğa,
Sóytip jaz keler,
Sayranlap dem alıwğa,
Júdá saz keler.

## GÚZ

Jaz ádiwli qonağı,
Gúzekti kútti.
Gúz úyilip qabağı,
Qustı úrkitti.
Xoshlastı da altın jaz,
Alısqa ketti.
Qaldırmastan tırna, ğaz...
Bárin áketti.

Gúz keldi de bizlerdi,
Mektep shaqırdı.
Jıynap aldı gúlleri,
Gezdi taqırdı.
Hám shalğınğa kiydirdi,
Sarı shapanın.
Aq mamıqqa iydirdi,
Paxta paqalın.

---

12. gerbariy – ósimlikler toplaması.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Írǵatılǵan sheshekke,
Dáne ornattı.
Túkli túynek, biyshekke,
Keste torlattı.
Dala, awıl, úyge de,
Qırman úydirdi.
Jigildikke, jiydege,
Qıraw súydirdi.

Gúzdiń ózi batır-aq,
Talda túnepti!
Solǵın tartıp japıraq,
Alma túlepti.
Jiberse gúz pısqırıp,
Salqın jel shabar.
Nama salıp ısqırıp,
Berdi qıs xabar.

## TAY

Tay, tay — tay eken,
Otlaǵanı say eken,
Mańlaydaǵı qasqası,
Aynımaǵan ay eken.

Tay, tay — tay eken,
Tayǵa jaylaw jay eken,
Shapqılasqan taylarǵa,
Awılımız bay eken.

Taylar ele jas eken,
Boyları da pás eken,
Arǵımaq at bolǵan soń,
Minip shıqqan ház eken.

Taylar házir taǵasız,
Ósse taǵa qaǵamız,
Qanazat at bolǵansha,
Álpeshleymiz, baǵamız.

## TÍRNALAR

– Háy tırnalar, tırnalar!
Qayda ushıp barasız,
Aytıp ketiń bir xabar.
Sizler usıkárasız,
Qalay jasay alasız?!

Qıstan qorqıp ol jerge,
Kárwan tartqan bolsańız,
Suwıq túsip kóllerge,
Muzday suwda tońsańız.
Uya isleyik qonsańız?

Qonbasańız eger de,
Eleberin bilesiz, –
Bunday eldi hesh jerde,
Taba almay ele siz,
Taǵı aylanıp kelesiz!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QAR

Qar, qar, — qapalaq,
Kóp jawsań da japalap,
Úrginińnen qorqpaymız,
Qashpaymız da «apalap!».

Qayta artıp taslaymız,
Atpaǵansha baspaymız,
Apam isten kelgenshe,
Úlken jumıs baslaymız.

Apam isten kelgende,
Esik aldın kórgende,
– Kim arttı? – dep tańlanıp,
Kúlip sawal bergende,
– Biz arttıq! – dep shalqayıp,
Mardıyıp bir aytayıq.
Keyin qarda juwırıp,
Oynap-oynap qaytayıq.

## ÓKPELEWDIŃ KESIRI

Kópshilikten bóp-bólek,
Asın ishpey ókpelep,
Eki urtı bultıyıp,
Otır Sapar tıltıyıp.
– Ish, – dep ayttı papası,
– Ish, – dep ayttı apası,
Ishpey murnın tarttı ol,
Jeńi menen arttı ol.
Az ǵana waq bar edi,
Waqıt kútá tar edi.
Iske ketti papası,
Iske ketti apası,
Qaldı ashılmay qabaǵı,
Kútip turdı tamaǵı.
Biraq ta ol ishpedi,
Pıshıq keldi «pısh!» dedi,

Dosın yadqa alar dep,
Bizge az-maz salar dep,
Kókiregi sırıldap,
Kútti pıshıq mırıldap!
Sapar onday er me edi?! –
Pıshıqqa zat bermedi.
Bilgennen soń bermesin,
Degendey tap kórmesin,
Biraz turıp jasqanıp,
Ishti astı bas salıp,
Sapar kórip qaldı da,
Átóshkirdi aldı da,
Pıshıq betke zıńǵıttı,
Pıshıq dárhal «zımp» etti...
Ókpesiniń esesi –
Sındı onıń kesesi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Máten SEYTNIYAZOV
*(1934-2006)*



*M.Seytniyazov 1934-jılı 22-fevralda Qanlıkól rayonınıń aymaǵında tuwılǵan. Qaraqalpaq mámleketlik pedinstitutın tamamlaǵan. Shayırdıń «Kárim matros» (1955), «Ashqarın pıshıq hám basqalar» (1959), «Jumbaqlar» (1957), «Tolqıtqan oylar» (1961), «Qızǵınım meniń» (1966), «Bárhama joldaman» (1971), «Aytılar sóz», «El qádiri» (1973), «Kewil tillası» (1981), «Bir gápim bar» (1987) degen toplamları hám «Jeti jurtqa sayaxat» (1990) atlı publicistikası jarıq kórdi.*

*Shayır A.Pushkin, M.Gorkiy, M.Rılskiy, O.Shestinskiy, L.Battıń birqatar shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdardı.*

*M.Seytniyazov — Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik sıylıǵınıń laureatı (1991).*

*1957-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### TIL

Mende de bar til,
Sende de bar til,
Biraq ta sen mennen,
Arttırıp shennen,
Mazasız sóyleyseń,
Nege óziń bilmeyseń?

### KÓYLEK

Mende de bar kóylek,
Sende de bar kóylek.
Sonın ushın jırtpay,
Daq tiydirmey qurıttay,
Kiyiw kerek jónlep.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SHALBAR

Sende de bar shalbar,
Mende de bar shalbar,
Sonda nege seniń,
Shalbarıńda shań bar?.

## SÍRǴANAQ

Úydiń aldı sırǵanaq,
Biz ketemiz sırǵanap,
Biz kewilli balamız,
Sırǵanaǵısh shanamız,
Shanaǵa júk artamız,
Qurılısqa tartamız.

## TÚWELBAYDÍŃ QOSÍǴÍ

Bar edi aytıp júrgen,
Túwelbaydıń qosıǵı.
Atı: Paraxatshılıq,
Sonday jaqsı uyqasıǵı.

Óz aldına taǵı bar,
Aytatuǵın naması,
Bir kúni onı aytıp tur,
Qońsı úydiń balası.

Tap ózindey naqma-naq,
Bárin yadlap alıptı,
Aynıtpastan ırǵaǵın da,
Sol namaǵa salıptı.

Juwırsıp barsa: Sabırbay,
Qasında otır apası,
Oylanıp qaldı Túwelbay,
Ne bolar onıń sharası!

Ashıwı kelip Túwelbay,
Biziń qosıq, ǵoy, – dedi,
Ózim aytıp júrippen,
Maqtanbay-aq qoy, – dedi.

Qáne, ayt bunı áweli,
Yadlap alǵan kim edi?
Miynet etip bul qosıqtı,
Namaǵa salǵan kim edi?

– Al, sen ediń...
– Sonda nege
Aytıp tursań dawıslap?
Óz aldına qosıq yadlap,
Óz aldına nama tap.

Apası kúlip jiberdi,
Olar jalt-jalt qaradı.
Kimdiki durıs, apa?! – dep
Túwelbay onnan soradı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Tartıspa sen, Túwelbay,
Qosıqtıń jaqsı bolǵanı,
Naması da jaqsı dep,
Sabırdıń yadlap alǵanı.

Qáne, sizler ekewińiz,
Teńnen aytıń qosılıp.
Birewińizden birewińiz,
Qalıp qoymań basılıp.

Men mondalin sherteyin,
Onnan da aytıń kóterip,
Basladı olar qosıǵın,
Kúlimsirep jótelip:

...Maqsetimiz bizlerdiń:
Heshqashan urıs bolmasn,
Pútkil dúnya júzinde,
Paraxatshılıq ornasın.

Tıńlap turǵan ananıń da,
Júregi birden yosh urdı,
Eki birdey balasınıń,
Qosıǵına qosıldı.

Bul bir jaqsı qosıqtı,
Esitken adam tıńladı,
Qońsıları kelip, taǵı,
Pútkil kóshe jańladı.

Jaqsı qosıq jaqsılardıń,
Júreginen jaralar.
Jaqsı qosıq tilden-tilge,
Elden-elge taralar.

## TÁNEPISTE

Tánepiske shıǵıwı sol bir bala,
Tuqım shaǵıp turıp bir qızdı kórdi.
Ol qız taslap atır qaǵazdı polǵa,
Bala qızǵa áste jaqınlap keldi:

– Áy qız bul ne ózi, dárriw jıynap al,
Dep qızǵa ol ádep saqlap eskertti.
Albıraqlap kishkene qız sol máhál,
Tómen qarap burıshtay qızarıp ketti.

Men jıynap alarman, biraq ózińiz, –
Dep balaǵa bas kóterip til qattı.
Biraq polda jıynawǵa hesh qolaysız,
Tuqım qawıqları shashılıp jattı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## EKI BALANÍŃ OYÍNÍ

*(waqıya)*

Avtobusqa biz keldik te mindik,
«Nókis» awılına baratır edik.
Avtobus onsha tolı emes edi,
Barar jer uzaq jol emes edi.

Bir dıǵırıqtı asıp ótkende,
Aldımızdan ba, ya artqı betten be,
Qápelimde bir dúsirli shıqtı,
Jaǵdaysız bir kúlki tásirli shıqtı.

Burılıp qarasaq artqı bette eken,
Eki oqıwshı bala eki shette eken.
Bir-birine olar shekeley otır,
Bir nárse islewdi shókelep otır.

Urısqaq qorazday hál salıp otır,
Urtların tompaytıp, tamsanıp otır.
Usılay awzına jıynap túkirik,
Birinin betine biri túpirip.

Oynap otır eken. Betleri jalaq,
Júzine olardıń bolmaydı qarap.
Ekewi bir «qızıq» tawıptı oyın,
Qoymadı olar desek te: qoyıń!
Betlerine taǵı túpire berdi.
Burınǵıdan beter esire berdi.

Avtobus toqtadı awılǵa kelip,
Bizler de bir tústik olarǵa erip.
Bizlerden qáwipsinip qashajaq boldı,
Aranı dárhal-aq ashajaq boldı.

Biri qashıp ketti, birin usladıq,
— Atıń kim, ákeń kim,? — soray basladıq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qay mektepten eken... bilejaq boldıq,
Muǵallimine aytıp berejaq boldıq,

Biraq bala bizge jónin aytpadı,
«Aytpayman!» dep sirá sózden qaytpadı.
Oqıwshı bolsa da ózi ór eken,
Barıp turǵan tártipsizdiń biri eken.

Qarap turmay taǵı birewdi sókti,
Onıń emes, qayta óz abırayın tókti.
Bizler bildik onı: Alǵashov eken,
Qashqan Quwandıqov joldası eken.

Oqıwshı tártipti saqlawı kerek.
Bul húrmetli attı aqlawı kerek,
Tek mektepte emes: duzde, kóshede,
Ózin ózi bárha baqlawı kerek.

## KESHIKKEN MALAQAY

Qáliy jáne sabaǵına keshigip,
Klasına júrip ketti sheshinip,
Bir sıltawdı tapqanlıqtan muǵallim,
Kirgizip te jiberipti keshirip.

Biraq, sırtta shawqımlastı kóp kiyim,
Tartısların arashalaw qıp-qıyın,
Shawqım kópke sozılajaq túri bar,
Bul tartısqa salarmeken kim tıyım?

Usı jerde talqılanıp tazalıq,
Bir malaqay otırıptı qızarıp,
Shıǵıp atır qol kóterip ortaǵa.
Malaqaylar birim-birim sóz alıp.

Sóz bolıwda malaqayı Qáliydiń!
– Tozıp pitken úzigindey qarúydiń,



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Dep basladı kúlimsirep sózlerin,
 Birinshi iret malaqayı Jáliydiń.

Taǵı biri kelistirip sóz babın,
Soraw berdi kórsetip bir barmaǵın:
Kiyilgeniń keshe edi, ne ushın
Bir kún bolmay shıqqan seniń jarǵaǵıń?

Ayttı taǵı doslıq keńes tabılıp:
Kir-qoń júrer bet-awzıńa jaǵılıp.
Eń bolmasa kelgende sen mektepke,
Kirseń boy ma, ishke az-maz qaǵınıp.

Óziń taza tutıw kerek hár adam,
Kútiledi usı qız hám baladan.
Óziń hár kún kesh keleseń sabaqqa:
Bunday bolsań quwılasań aradan.

Qara bizge, erte keldik tazamız.
Bunday bolsań beriledi sazańız,
Súwretińdi súwretshige saldırıp.
Satira etip gazetaǵa jazamız,—

Degen sózler aytıldı.
Ol qısındı.
Klasınıń namısına túsindi,
Ózin usı halǵa salıp Qáliydiń,
Qorlap qoyǵan islerine isindi.

Aytayın men ol Qáliydiń tártibin,
Arqalaǵan shataqlıqtıń hár túrin.
Kim kórinse ayqasadı ketedi,
Oǵan kiyim shaq kelmeydi jartı kún.

Durıs, durıs, – desti sonda birazı,
Qáliyińniń bar ma buǵan sharası!
Kiyimler de tártipsiz hám jalqawǵa,
Bolmaydı eken ırazı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Ayapbergen SEYTEKOV**

*(1948-1980)*



*A.Seytekov 1948-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*Shayırdıń «Ádalat sháshmesi» (1978), «Terezeni shoqıǵan shımshıq» (1982), «Joytılǵan soqpaq» (1993), «Toparınan bólindi aqquw» (1995) qosıqlar toplamları baspadan shıqtı.*

*A.Seytekov bashqurt shayırı G.Yunusovanıń qosıqların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*1980-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## JOL QAǴÍYDASÍ

– Há tentek! Oynama jolda,
«Balabaqsha» emes gúzardıń ústi,
Bulman qayım deme futbolǵa,
MAZlar zıńǵır sonshama kúshli,

Sharıqlaǵan qarlıǵash kibi,
Zuwıldasıp óter «Volga»lar.
Svetofordıń zańlı tártibin,
Maqul kórip hámme jol alar,

Sen mashınnan júyrik emesseń,
Neǵılasań aldın keselep,
Náwbetti kút «qoysa» demesten,
Soń-aq jolıń óner eselep.

Úmit penen hámme asıǵar,
Jol nızamın yadıńa jıyıp.
Jollardıń da qaǵıydası bar,
Biliwiń shárt, bilmeseń qıyın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## KIM-O, APA?

Oyandı tatlı uyqıdan,
Dalalar qarı uyıtqıǵan,
Oyandı ǵarrı, balada
Oyandı awıl ǵalaba.
Tańlanıp tek te Erimbet,
Shúldirley berdi erinbey,
«Kim-o, apa, kimo-o ózi?
Aynamızdıń tınıq kózin,
Sındırmastan súwret salǵan,
Tań atıwdan ketip qalǵan?
Sulıw eken naǵısları,
Maǵan shadlıq baǵıshladı.
Boyawları tógilmesten,
Hámhesh kimge kórinbesten,
Kúnde qashıp kete berer,
Meni hayran ete berer.
Kim-o, apa, sol súwretshi,
Uslap alıp, aytshı oǵan —
Ónerin maǵan úyretsin!.

## MÁRTLIKTEN BIYNESIP QOYANLAR

*(ertek)*

Áyyem zamanda...
Ushırastı eki qoyan,
Ósti olar say boyında,
Bir-birine sırı ayan.

– Qorqpaymız hesh báleden,
Kór, túnlerde sınap ta,
Qasqırdı ákel qálegen,
Zıńǵıtamız biz jıraqqa.

Dep ekewi qıyqıw salǵan,
Shıǵıwdan qumlıq tóbege,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bunı tıńlap bir zoń ǵarǵa,
Etti: –Ǵa-a-aq, zor eken.

Esitip bunı saǵallar,
Ininde jatıp ulıdı.
Tabanı ábden qabarǵan,
Bir kópek sonda qunıǵıp:

– Duslasqıń kelse kúshlige,
Jaqınla mına alańǵa!
Úrdi ol ústi-ústine,
Erkelep jatıp sabanda.

Qoyanlar shıqtı ortaǵa,
Basqalar turdı sıǵalap,
Qoyanlar iytke: – Márt aǵa,
Saǵallar sizdi jıǵa ma?

Iyt:
– Ho kimler, kimler qánekey,
Qoyanlar:
– Jatır ǵoy olar ho anda,
Iyt:
– Wá, zańǵarlar jáne ne,
Sın berejaq pa eken maǵan da?

Kópek ıǵıp tústi jerge,
Hám tiklenip saldı názer,
Bul máháli «kúshliler» de,
Tım-tıraqay zıttı báder.

* * *

Mártlik nesip etpey sonnan,
Gil qoyanlar boldı qorqaq.
Kim maqtansa, ońnan-soldan,
Ázillik etkeni. Ol — haq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QORAZLAR

*(qısqa ertek)*

Eki qoraz urıstı,
Birin-biri julıstı,
Shekelesip qırınlap,
Tebisedi tabanlap.

Tumsıq tirep qaladı,
Qanatların qaǵadı,
Táwellege turmaydı,
Topıraqtı tırnaydı.

Qalmaǵanım sennen dep,
Qaysısınan kemmen dep,
Ekewi de qızıstı,
Sındırdı bir ıdıstı,
Bunı ashıq esikten,
Úy iyesi esitti.

Ílaqtırıp kósewin,
Quwıp saldı ekewin,
Sonnan berli qorazlar,
Qáwip dese «ǵo-ǵaq-lar».

## Ábdirazaq SEYTJANOV

*(1934-2006)*



*Á.Seytjanov 1936-jılı 16-martta Kegeyli rayonında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*

*Á.Seytjanov balalarǵa arnalǵan «Árman» (1969), «Aq buzaw» (1975), «Dostıńa qıyanet etpe» (1981), «Tıńlań planeta balaları» (1984), «Gúmis qońıraw» (1987), «Altı jasar Aymurat hám bes jasar Baymurat haqqında ertek» (1995) toplamları járiyalanǵan.*

*Á.Seytjanov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri (1993).*

*1980-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## NIYAZ HÁM PIYAZ

Kórip edik Niyazdı,
Jegen eken piyazdı.
Awzı ábden ashıptı,
Mánisi dım qashıptı.

«Aǵam ǵoy bunı ekken» dep,
Jılayjaq boldı kemseńlep.
Ílay ma eken soǵqanda,
Jala jappa aǵańa,–

Dep edim turdı jılamay,
Háy ańǵódek balam-ay!
Piyaz degen ashshı ǵoy,
Az jegeniń jaqsı ǵoy.

## ARTÍQ HÁM QATÍQ

Aqsha berip Artıqqa,
Jumsadıq onı qatıqqa,
Ketti dárhal shapqılap,
Qatıqtı alıwdan ol biraq,–

Juwırıptı qaytadan,
Onıń nesin aytasań,
Shiysheler ishte ayqasıp,
Turalmaǵan jayǵasıp.

Shıǵıptı pashaq-pashaǵı,
Artıqqa qaldı nasaǵı,
Soǵan deyin bilmepti,
Zeyni sirá ilmepti.

Bala kútá qısındı,
Kemshiligin túsindi,
Keshirim berip Artıqqa,
Jiberdik qayta qatıqqa.

## EKI BALANÍŃ TEREGI

Hárqaysısı úy aldına,
Terek ekti eki bala.
Ósirejaq boldı sóytip,
Ekewi de ıqlas etip.

Áp-ánedey ósti terek,
Kórseń quwanıshqa bólep.
Al, bir bala keyin ala,
Ne qılarsań, boldı shala.

Suwına da qaramadı,
Janına da jolamadı.
Áttegeney, tiymedi qol,
Oyınǵa kóp berildi ol.

Shaqaları sınıp qaldı,
Ósiwden de turıp qaldı...
Shalalıqtan boldı awlaq,
Anaw terek ósti ǵawlap.

Bále eken ana bala,
Álpeshledi ege sala.
Tárbiyasın tındırmadı,
Heshbir bala sındırmadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BALA HÁM MÍYÍQ

Qıyallandı bir bala,
Mıyıq alıp qolına,
Qaqtı ol usı mıyığıń,
Mashinanıń jolına.

Jaqsı ádet ne, jaman ba,
Ózleriń aytıń sheshimin?!...
Jolǵa mıyıq qaqqanın,
Shıǵardı bala esinen.

Qızıq boldı qarań dım,
Sol jerden ózi júripti.
Ayaǵına balanıń,
Bayaǵı mıyıq kiripti.

Óziniń qılǵan sumlıǵı,
Ózine tayaq jegizdi.
Yadına túsip qılwası,
Nege qaqtım degizdi.

## KIM SÍNDÍRǴAN SHAQANÍ?

Atam menen ekewimiz,
Barar edik joldı boylap.
Terekke qarap edik biz,
Bir shaqası boptı wayran.

Ózi júdá uzın eken.
Jerge qaray qayrılıptı,
Miyrimsizlik bul ne degen.
Ashasınan ayırıptı.

«Waq, waq» dedi atam birden,
Kórip mına waqıyanı:
– Pay-pay, obalın qáyterseń,
Kim sındırǵan bul shaqanı?!

Turarmedi adam shıdap,
Awırǵanda eger qolı,
Biliw kerek sonı oylap,
Adamlardıń júrer jolı.

Kógermedi ózi-ózinen,
Ketti oǵan qansha miynet,
Qoldan kelse hárbir adam,
Etiw kerek oǵan ziynet.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Onı tańıp shaqalarǵa,
Puqta etip baylap kettik,
Qosılar dep qatarına,
Jaqsı niyet oylap kettik.

Kóp kúnlerden keyin jáne,
Sol shaqanı kórdik barıp,
Jap-jaqsı bop óskenine,
Júrmen ele dım quwanıp.

## BATÍRBEK HÁM SAǴAL

Bilesiz be, balalar,
Dostım meniń Batırbek,
Esittik onı bir jola,
Saǵaldı ańlıp jatır dep.

Sebebi, onıń qorazın,
Saǵallar jep ketipti,
Batırbektey «batırǵa»,
Ízası jaman ótipti.

Kúshigi menen Batırıń,
Saǵallardı ańlıptı,
Kúni menen qatırıp,
Boyanlıqta qańǵıptı.

...Óltiriw qayda saǵaldı,
Kóriwden qashtı Batırbek,
Júrippiz-aw biz onı,
Awıldan shıqqan batır dep.

## SÓYLEMSHEK

Sóylemshek-aw, sóylemshek,
Qoymaysań sirá qoy desek,
Aylanadı miyimiz,
Seniń menen bir júrsek.

Nege bunday bolasań,
Óz aldına danasań,
Qasındaǵı balanı,
Sózge aylandırasań.

Tártipli bol, qáne kel,
Sonda hámme jaqsı der,
Sóylegenshe qurı kóp,
Sabaǵıńdı aytıp ber.

## AŃQAW SHÓJE

Shójem erip úyrekke,
Ketip edi suw betke,
Qızıq boldı sol kúni,
Waqtında men kórmeppen.

Palapanǵa eripti,
Íqlasın soǵan beripti.
Al, dostınıń hawızda,
Júrgenligin kóripti.

Bul ne dep hayran qaladı,
Sıǵırayıp qarap turadı,
Men de birge júreyin dep,
Suwǵa óziń uradı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Baratır shóje qılqınıp,
Bolǵan bala tur kúlip,
Qaydan bilsin júziwdi,
Baratır qalqıp, bir shúmip.

Jaǵaǵa aldıq shıǵarıp,
Shóje tur zorǵa dem alıp,
Kórip ólmey qalǵının,
Bárimiz de quwandıq.

Júrdik oǵan bolıp bek,
Háwizge kelip qaytar tek,
Sol-sol eken onı biz,
Atadıq ańqaw shóje dep.

## Tájetdin SEYTJANOV
*(1924-1998)*



*T.Seytjanov 1924-jılı 5-mayda Kegeyli rayonında tuwılǵan.*

*Shayırdıń «Azamat jırı» (1955), «Ziyba» (1959), «Qanatlı jaslıq» (1960), «Ayna aldındaǵı sóz» (1965), «Báhár seni saǵındı» (1975), «Muhabbatnama» (1976), «Ómir filosofiyası» (1979), «Meniń arifmetikam» (1983), «Tasqın» (1990) sıyaqlı poeziyalıq toplamları basıldı.*

*Dramaturgiya tarawında T.Seytjanovtıń «Qırlı soqpaqlar» (1958), «Tınımsız tolqınlar» (1964), «Kúygelek kózli yar» (1959), «Jalın» (1969), «Abiw Rayxan Beruniy» (1973) pyesaları saxnalastırıldı.*

*T.Seytjanov N.Nekrasovtıń «Rusta kim jaqsı turadı?», «Orıs hayalları» poemaların hám T.Shevchenko, N.Hikmet, R. Ǵamzatov shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*Shayırdıń orıs hám ózbek tillerinde toplamları basılǵan.*

*T.Seytjanov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri (1969), Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (1974).*

*1955-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SHÓJELER

Shúyik-shúyik shójeler,
Shúykildesken shójeler,
Úpelektey úlpildep,
Búlkildesken shójeler.

Ilekerdey ilpildep,
Irkildesken shójeler,
Digildiktey dińkildep,
Shińkildesken shójeler.

Bir-birine súykenip,
Shúńkildesken shójeler,
Kem-kem tawıq bolıwǵa,
Iykemlesken shójeler.

Shúyik-shúyik shójeler,
Shúykildesken shójeler,
Shayqus alıp ketpesin,
Shúykildespeń shójeler,
Shetlep ketpeń shójeler!

## ERIK GÚLLERI

O, alaqay, alaqay,
Biziń erik gúlledi,
Dım jaǵımlı sonıńday,
Eriktiń appaq gúlleri.

Átirli iyis taratıp,
Zeynińdi ashıp turadı,
Qaraǵan sayın qaratıp,
Nurların shashıp turadı.

Bir qarasam, erigim,
Qar jamılıp turǵanday,
Bir qarasam erigim,
Pár jamılıp turǵanday.

Báhárdiń jipek jelleri,
Terbeydi appaq gúllerdi,
Umıtpay júrgim keledi,
Waqıttıń bunday kúnlerin.

## BUZAW

Ańqawmısań, qalaysań,
Sıǵırayıp qaraysań,
Alıslap ketsem ókpelep,
Jaqınlasam jalaysań.

Peyiliń aq, óziń alasań,
Móńirep nama salasań,
Bıyıl buzaw bolsań da,
Úsh jıldan soń tanasań.

Ot-jemińe qarasam,
Kún sayın ósip barasań,
Bosatıp qoysam azıraq,
Bir oynaqlap alasań.

Otlaqlı jerge baǵayın,
Qáytsem de saǵan jaǵayın,
Sekirip júrip sıńǵırlat,
Moynıńa qońıraw taǵayın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ÍLAQ

Qara emes, shım aqsań,
Qıltıńlaǵan ılaqsań,
Kótere berme tumsıqtı,
Óziń bir jalbır qulaqsań.

Sekeleklep oynaysań,
Oyınǵa sirá toymaysań,
Aldıńa páshek salsam da,
Sút emgendi qoymaysań.

Otlaqlı jerge baqsam da,
Sekireseń ál-aspanǵa,
Gúwenlep qoysam bir sári,
Uslatpaysań qashqanda.

Tentek bolma, ılaǵım,
Qaltańbas, jalbır qulaǵım,
Qoyanday ǵana bolsań da,
Mal ornına sanadım.

## BOTALAQ

Áy botalaq, botalaq,
Órkeshleriń shoqalaq,
Moynıń iymek toǵınday,
Túyme basıń toqalaq.

Órisli altın alqapta,
Jaylawıń mol jan-jaqta,
Jońıshqadan awlaqsań,
Janıń qumar jantaqqa.

Házir ańqaw nemeseń,
Az otlap, kóp sút emeseń,
Tayǵanaysań tas jolda,
Espe qumda kemeseń.

Moyın jalıń jalbırap,
Erniń tómen salbırap,
Óńkeńlep kep jortasań,
Tula boyıń qaltırap.

Tez úlkey, ós, mineyin,
(«Qıysıqmoyın» demeyin).
Espe qızıl qumlardı,
Sayqal etip kóreyin.

## AQ TORAY

Aq torayım, torayım,
Kel, mamıqqa orayın,
Óseǵoysań semirip,
Maylı góshseń tolayım.

Bereketli túliksen,
Porıq dese súliksen,
Hazarıń joq tenteksen,
Baqtashıńa kóniksen.

Baǵayın maqtap sınıńdı,
Aytıp júrip jırıńdı,
Kúnde juwıp tarayın,
Jıltıldatıp júnińdi.

O, aq toray, aq toray,
Oynaqlap bir shap toray,
Haram degen kim ózi,
Hadal malsań, aq toray!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Ádenbay TÁJIMURATOV
*(1930-1992)*



*Á.Tájimuratov 1930-jılı 5-mayda Moynaqtıń Aqdárya awılında tuwılǵan.*

*Jazıwshınıń «Paraxatshılıq kepterleri» (1957), «Zarlıq hám Barlıq» (1967), «Hákke qayda?» (1971), «Aydınlar» (1976), «Eń qádirli sózler» (1959), «Gúrrińler» (1960), «Sarkoplı batır» (1962), «Sheshiwshi qáwli» (1968), «Maqset» (1974), «Sulıwxan» (1980) degen poeziyalıq hám prozalıq kitapları basılıp shıqtı.*

*R.Tagordıń «Qıyralıq», A.Qahhardıń «Shappattay qız», Sh.Aytmatovtıń «Qızıl shalǵıshlı dilbarım» shıǵarmaların awdarǵan.*

*Á.Tájimuratov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı.*

*1960-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### TOYÍP TA SEKIRDI, TOŃÍP TA SEKIRDI...
*(ertek)*

**1**

Jıllı úyin taslap ketti,
Toyǵanınan bir pıshıq,
Ketti, ketti, barıp jetti,
Bir jaylawǵa dım qashıq.
Júrdi, júrdi kewli bálent,
Máslik penen sekirip.
– Barlıǵına, dedi, — nálet!
Qolın siltep, kekirip.
– Túlkini de, qoyandı da,
Uslap jeymen bas salıp.
Awqat etip, saǵaldı da,
Júrmeymen hesh ash qalıp.
Iretinde qasqır menen –
Ayqasaman talasıp.
Túw, sol málim qaydan kelgen,
Neǵıp júrgen adasıp,
Hálek bolıp baralmayman,
Ízǵıp júrgen «jamanǵa»,
Qıysayıp ta qaramayman,
Shúykildesken ladanǵa,
Dedi pıshıq, dawam etip:
– Shartárepti gezeyin,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Dedi tağı murtın tawlap:
– Mine kúshli bilegim!
Solay etip, tarğıl pıshıq,
Jolbarıstay shapshıdı,
Eki kózi adırayıp,
Bir shıbındı qaqshıdı,

**2**

Ótti waqıt shapqan attay,
Kún qıltıyıp qaradı,
Másliginen pisent tutpay,
Pıshıq qıyqıw saladı.
Qápelimde bulağaydan,
Jer-kók birdey shayqaldı.
Bilmedi ol keldi qaydan,
Qay jaqlarda jay qaldı,
Pıshıq bunı kem-kem sezdi.
Salqın tiyip túshkirdi.
Tońğanınan emes endi,
Tońğanınan sekirdi,
Aysız túnde qaldı jalğız,
Shóp joq sırday dalada.
Qonaqlarğa jeri jaysız,
Úy joq jaqın arada.
Shapqıladı anda-mında,
Qańğalaqlap juwırdı.
Eń bolmasa bir baspana,
Jay tabıwğa urındı.
Órden-ıqqa qardı sharlap,
Aqırında sharshadı.
Qarasa da qansha barlap,
Pana taba almadı...

**3**

Tún ortası. Ótti ol da,
Tań jaqınlap kiyatır.
Adım-adım júrdi zorğa,
Ayaz qısıp baratır.
Bir waqıtta jetti eplep,
Tıshqanlardıń úyine,
Esik qaqtı qattı tepsep,
Keler demey kewline,
Jekirinip: – Esigińdi,
Mağan dárriw ash! – dedi.
– Bilesiz be, diywanalar,
Esigine kim keldi?!
– Bizge miyman kerek emes,
Ózi bolsa tákappır,
Jaqsı qonaq hazar bermes,
Qapı teppe, awlaq júr.
Dedi tıshqan ishten ilip,
Bekkem qulıplap tasladı,
Biraq pıshıq bunı bilip,
Bir sumlıqtı basladı.
«Bunım bolmas, hákerilik,
Sırtta tońıp qalmayın,
Házirinshe dos bolıp-aq,
Jalbarınıp sóyleyin»,
Hiylekerlik jolğa tústi.
Tarğıl pıshıq oylanıp,
Kishipeyillik sóz sóyledi.
Tıshqanlardan aylanıp:
– Tıshqan dostım, sońğı sózim,
Aytqanıma inan meniń,
Ómirimshe áwladıńa,
Túk tiymeyin men seniń,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bul denemnen kúshim ketti,
Qalar boldı óligim.
Bar deneme suwıq ótti,
Qabarıp tur kewilim,
Esigińdi ash ta dostım,
Shıq maydanǵa berman kel.
Bereketim qashtı dostım,
Ishke kirgiz, ruqsat ber.
– Awa pıshıq, dos degeniń,
Bóten emes, jón shıǵar,
Biymezgillew bul kelgeniń,
Is bolıp tur tańlanar.
Ata-babań ant-suw iship,
Bul dáwirde dos bolǵan.
Al biraq ta, dos bolǵanlıq,
Antın jutıp urıs qılǵan,
Ishimizde qurǵan eken,
Túyebastı oyının.
Zorlıq penen urǵan eken,
Kimniń julıp moyının.
Endi pıshıq hayran boldı,
Bildi esik ashpasın.
Nege ashsın, eń dáslepten,
Biydárek gáp qashqan soń.
Dizesinen dárman ketip,
Pıshıq birden quladı.
Shınında da ólimsirep,
– Óldim, – dedi, jıladıń...
– Dushpanımız qáddin búgip,
Bas urǵanda ayaqqa.
Turǵanında jasın tógip.
Jiberemiz qayaqqa?
Qáne, keliń balalarım,
Oǵan esik ashayıq.
Eske alıp hal-awhalın,
Siziń giyne qılmayıq,
Deydi ata balalarına,
Áste turıp orınnan,
– Saq bolıńlar, – deydi ana,
Onıń jawız qolınan.
Kirgizedi ishke súyrep,
Ashılǵan soń esik,
Biysharanıń dármanı joq,
Pıshıq qalǵan hálsirep,
Jıllı úyde waqıt ótip,
Denesine hal kirdi,
Jaman-jaqsı ne sóz bar dep,
Qulaqların ol túrdi,
Úydiń ishin bayqastırdı,
Qarap kózin qıyalap.
Sandıraqlap juwhalandı,
Atırǵanday uyqılap,
Bir máháli tarǵıl pıshıq,
Írǵıp turdı ornınan,
Qáne, qaysın, meni qorlap,
Bul awhalǵa dus qılǵan?
Dep ol buwdı, qılǵındırıp,
Tıshqanlardıń atasın,
Qoymastan hesh moynına,
Gúnasın, ya qatasın,

**4**

Bul waqıtta tańda atıp,
Qaldı jáhán jarqırap,
Keldi mergen shaqqan basıp,
Iyti menen ań awlap.
Qar ústinde iz quwalap,
Shapqıladı awshı iyt.
Deydi ańshı qumarlanıp.
– Tap, adaspa, qara tint.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qazdı jerdi, tintidi,
Tawıp aldı pıshıqtı,
Belin úzdi, tepkiledi,
Keń maydanǵa shıńǵıttı,
Óz gúnasın moyınlattı,

Bárin bildi ańshı iyt.
Islegenin zorlıqtı.
– Nege sonsha biygúnanı,
Qılǵındırdıń jaralap,
Dep, tasladı iyt pıshıqtı.
Para, para-parralap.

## Ulmambet XOJANAZAROV
*(1938)*



*U. Xojanazarov 1938-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. 1960-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedinstitutınıń fizika fakultetin tamamlaǵan.*

*Shayırdıń «Áwelemen-dúwelemen» (1969), «Kewil tuyǵıları» (1970), «Jıllarım meniń» (1976), «Kewil qusım» (2010) atlı toplamları jarıqqa shıqtı. A.Pushkin, M.Lermontov, V.Mayakovskiy, R.Babajannıń «Ábihayat», A.Tvardovskiydiń geypara shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*U.Xojanazarov — Qaraqalpaqstan xalıq shayırı. 1969-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## BALA PÍSHÍQ

Bala pıshıq, bala pıshıq,
Júniń mamıq ǵana pıshıq,
Qalay tamaq toydırasań,
Awqatıńdı jalap ishıp?

Bala pıshıq, bala pıshıq,
Júniń mamıq ǵana pıshıq,
Jurtlar nege «bala» deydi,
Murtıńa bir qara pıshıq?

Bala pıshıq, bala pıshıq,
Júniń mamıq ǵana pıshıq,
Mine saǵan qıyın sawal:
Beske deyin sana pıshıq?

Bala pıshıq, bala pıshıq,
Beske deyin sana pıshıq
Eger sanaw qıyın bolsa,
Barmaǵıńa qara pıshıq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## HÁKKE MÍRZA

Hákke mırza, hákke mırza,
Tanımalı kópke mırza,
Hár putaǵa úńileseń,
Urlıǵıńız kóp pe, mırza?

Hákke mırza, hákke mırza,
Tanımalı kópke mırza,
Hár túynekti bir shoqıpsań,
Qalay eken, kók pe, mırza?

Hákke mırza, hákke mırza,
Tanımalı kópke mırza,
Shiyde turǵan qaq erikti,
Shaytan kelip jep pe, mırza?

Hákke mırza, hákke mırza,
Tanımalı kópke mırza,
Sen bizlerdi alday-alday,
Abırayıńdı tókpe mırza!

## JAWSHÍMSHÍQ

Há, jawshımshıq, jawshımshıq,
Júrgen jeriń daw shımshıq.
Óz tárezi tasına,
Batpannan da ǵaw shımshıq.

«Awırman» dep shalqayma,
Jarıspa sen torǵayǵa.
Sheshile me dawıńız?
Májilisińiz tarqay ma?

## ALAǴARǴA

Alaǵarǵa awdańlaysań,
Jan-jaǵıńa jawtanlaysań,
Mishshaw, mishshaw nan jep turman,
Qar jawıp tur,
Qar jawıp tur,
Úy betińe qayta almaysań...

## TOLÍ AY

Aspandaǵı tolı ay,
Tóńkerilgen qazansań.
On bes kúnde semirip,
On bes kúnde azarsań.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## BILESIZ BE, QÁLENDI?

Bilesiz be, Qálendi?
Bilmeseńiz, al endi, –
Ol bir qız boldı ǵoy,
Jas bolsa da dana ǵoy.
Baqırsań da biledi,
Shaqırsań da biledi,
Biraq ta, ol biraq ta, –
Kúlip turıp jılaydı,
Jılap turıp kúledi...

## QUMÍRSQA

Qızıl murtlı qumırsqa,
Beliń qılday jińishke,
Miynetkesh bir xalıqsız,
Bazarǵa jol salıpsız.
Dizbegine qarasam,
Aljasaman sanasam.
Alıs pa ya qalańız?
Ne satıp, ne alasız?...

## Nábiyra TÓRESHOVA
*(1953)*



*N.Tóreshova (Arzıwova) 1953-jılı 5-mayda Qońırat (házirgi Qanlıkól) rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen.*

*N.Tóreshovanıń 1981-jılı «Ádildiń sózleri» atlı gúrrińler toplamı, 1988-jılı «Sáwir samalı», (1986) «Pesni tri golosa» degen at penen orıs tilindegi toplamı, 1991-jılı «Periyzat», 1991-jılı túrkmen shayrası Báhárgúl Kerimovanıń «Íshqı dápteri» toplamınıń awdarması, 1994-jılı «Ózińnen», 1996-jılı «Ádildiń sózleri» toplamınıń 2-kitabı, 2009-jılı «Ázizim» toplamları jarıq kórdi. Sonday-aq «Qorǵan», «Shayqas», «Tutqın», «Qızım-aw», «Jetim qız», «Men ushın» poemaları menen «Periyzat», «Analıq haqqında qıssa» qıssaları, «Gúlzada» draması, «Yalǵanshı» atlı dástanı basılıp shıqtı.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*N.Tóreshova — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri (1995), Qaraqalpaqstan xalıq shayırı (2003).*

*1983-jıldan Jazıwshılar awqamınıń ağzası.*

## JULDÍZLAR

Juldızlar-aw, juldızlar,
Kók erkesi qundızlar,
Sizlerge ushıp barayın,
Sawğańız bolsa alayın.

Jımıńlasqan jıltırıń,
Mağan monshaq bola ma,
Apań aytqan ertekke,
Meniń kewilim tola ma?

Oyınshığımdı qushaqlap,
Erteń sağan baraman,
Kóriwge seni dım qushtar,
Qızlarıń kóp talaban.

## GÚZ

Japıraqlar sarğayıp,
Shaqadan jerge túsedi,
Palızdağı eginler,
Biri qalmay pisedi.

Paxtazardı jańlatar,
Terimshiler hawazı,
Jağımlı janğa ráhát,
Gúzdiń salqın hawası.

## AQ KEPTER

Aq kepter-aw, aq kepter,
Bir ózi bólek taq kepter,
Biziń úyden ketpeyseń,
Jáne aylanıp keleseń,
Neni shópshep tereseń,
Qarap qoyıp mağan da,
Birnárse dep ağama,
Juğır-juğır eteseń,
Arman-berman óteseń.
Qashayın sirá demeyseń,
Quwanar edim kóbeyseń,
Óziń sonday sulıwsań,
Sharshamay ushıp qonıwdan,
Búlkildeyseń júreseń,
Neni jaqsı kóreseń,
Uya islep bereyin,
Tárbiyalap júreyin,
Ketip qalma biraq ta,
Ózge jurtqa, uzaqqa.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SAZKESEK

Gúljámiyla shıraylı,
Sazkesek dep jılaydı,
Heshkimge bermey jermen der,
Meniki bári tiymeń der,
Sazkesek kórse maqtanar,
Atız ishin aqtarar,
Etegine saladı,
Kisesine saladı,
Áshirepilep qoyadı,
Jep-jep ǵana toyadı,
Tákesh bolsa úkesin,
Toltırıp kelip kisesin,
Quwantpaqtı oylaydı,
Sazkesekti jıynaydı,
Ákeldi onı úyine,
Hallas urıp súyine.
– Gúljámiyla, Jámiyla,
Ne ákeldim bir qara,
Kóp emes-aw, az kesek,
Ákeldim saǵan sazkesek.

## AY QÍZÍM

Háyyiw, háyyiw, ay qızım,
Júzleri gúl húr qızım,
Bawırımdı iydirgen,
Erketayım, qundızım.

Naqıratı:

Háyyiw, háyyiw juldızım,
Jamalı ay – gúl qızım,
Bostanıma nur bolǵan,
Kewlimde sulıw jır bolǵan,
Ortamızdı toltırıp,
Sawlat tóger dúr bolǵan.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Naqıratı:

Baxtım bolıp ashılǵan,
Shadlıǵımdı asırǵan,
Sıńǵırlaǵan kúlkisi,
Íǵbal bolıp shashılǵan.

Naqıratı:

Aylanayın kózińnen,
Gúllerden sulıw ózińnen,
Eljiretken janımdı,
Pallarday shiyrin sózińnen.
Naqıratı:

Aylanayın ay qızım,
Erketayım, pal qızım,
Sawlat bolıp ómirge,
El kewlinde qal qızım.

## AWÍZASHAR

– Tınısh ǵana otırıń,
Kelgenshe kisheń qoradan,
Kempirler jolda qarap tur,
Awızasharǵa baraman. –

Dedi kempir apası,
Ayjamalǵa tapsırıp,
Hám kiyine basladı,
Ketiw ushın asıǵıp.

Ayjamal ań-tań boladı,
«Nege awız ashadı?
Apamlar dım qızıq-áy,
Otıradı qashanǵı? –

Awızların ańqaytıp,
Apam sharshap qalmay ma,
Bara bersin basqalar,
Apam qalsa bolmay ma?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Izbasar FAZÍLOV
*(1909-1961)*



*I.Fazılov 1909-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan.*

*1926-jılı Tórtkúl qalasına kelip awıl xojalıǵı texnikumında oqıǵan.*

*Shayırdıń «Jeńis jolında» (1934), «Qosıqlar» (1934, 1959), «Awıl báhári» (1975) atlı toplamları basılıp shıqtı.*

*I.Fazılov — 1934-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### QARA QOY

Írǵaladı shımbır kóldiń qamısı,
Iyrim tartıp Annajaptıń aǵısı,
Dóhmetke keldi adam namısı,
Moynıma túsip tur meniń qara qoy.

Qoyjayǵanım qara shógir toǵayı,
Qara qoyǵa yar bolmadı «qudayı»,
Bildirmedi keldi qasqır jabayı,
Ájeliń qasqırdan boldı, qara qoy.

Tań sáhárden ornımnan turǵanman,
Qoylarımdı otlaq jerge jayǵanman,
Pıshaq tappay, qıyaq penen soyǵanman,
Sol sebepli haram óldi, qara qoy.

Qudayımnıń bola berdi dawılı,
Azan menen jawa berdi jawını,
Bir pıshaq bermedi múyten awılı,
Sol sebepli haram óldi, qara qoy.

Múyten awılına qoyshı bolǵanman,
Qara qoydı soyıp «hadal» qılǵanman,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Mollası «haram» dep «haram» qılǵannan,
Sol sebepli haram óldi, qara qoy.

Iyeń seniń qıs ǵamıńdı jemedi,
Qıstan arıq shıqtıń, mayıń kem edi,
Arıqlıqtan molla, hadal demedi,
Sonıń ushın haram boldıń, qara qoy.

Tariyxıńdı ettim, qara qoy bayan,
Men gúnakár emes, hámmege ayan,
Tegine ólmediń, keltirdiń zıyan,
Qunıńdı moynıma saldı, qara qoy.

Bunsha qımbat bola berer me qoy da,
Ádillik hám, insap hám hújdan qayda?
Jartı jılǵı haqımdı aldı bir qoyǵa,
Óligiń qımbatqa tústi, qara qoy.

Qoldawlı Qallıbek qoyıń qara qoy,
Men bir jetim qolıńdaǵı bala ǵoy,
Alǵan menen bayımassań, toymassań,
Kerek bolsa jartı haqımdı ala ǵoy.

## Óserbay XOJANIYAZOV
*(1926-1977)*



*Ó.Xojaniyazov 1926-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Moskvadaǵı M.Gorkiy atındaǵı Ádebiyat institutın tamamlaǵan.*

*Shayırdıń «Shın júrekten» (1952), «Biziń komissar» (1958), «Ómir marjanları» (1959), «Párwaz» (1976) sıyaqlı qosıqlar toplamları járiyalandı. Ó.Xojaniyazovtıń «Baxıt bosaǵasında» (1956), «Aydana» (1972), «Qıs balladası» (1970), «Jaynaǵan jáziyra» (1975), «Bir ómir qıssası», «Jeztırnaq», «Jalınlı jıllarda» povestleri dóredi. Birqatar shıǵarmaları basqa tillerge*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*de awdarılǵan. V.Korolenko, M.Saltıkov-Shedrin shıǵarmalarınan qaraqalpaq tiline awdardı.*

*Ó.Xojaniyazov — Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri.*

*1953-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## BESIK JÍRÍ

*(háyyiw)*

Háyyiw-háyyiw, aq balam,
Besigińde jat balam,
Eger tınısh uyqılasań,
Anań bárha shad balam.

Há, aq qoyan, aq qoyan,
Sarı qulaq saq qoyan,
Meniń balam uyqılasın,
Awlaǵıraq shap qoyan!

Ket, bóribasar úrme, hey,
Úy túbinde júrme, hey,
Balam tınısh uyqılasın,
Mezgili menen túnde, hey!..

Juldızım dep súyemen,
Qundızım dep súyemen,
Háyyiw-háyyiw uyqılay ǵoy,
Jalǵızım dep súyemen.

Mańırama kókjaǵal,
Ulıy berme, kóp shaǵal,
Balam tınısh uyqılaydı,
Ese berme, hey samal!

Meniń balam batır-aw,
Besiginde jatır-aw,
Qulınım tınısh uyqılaydı,
Tek erkelep atır-aw.

Gúrkireme kókte bult,
Jamǵırıńdı tókpe bult,
Balam tınısh uyqılaydı,
Úy ústinen ótpe bult.

Aldımdaǵı tuwım sen,
Shóllegende suwım sen,
Háyyiw-háyyiw uyqılay ǵoy,
Kól ishinde quwım sen.

Jarqıldama nayzaǵay,
Misli polat nayzaday,
Tınısh jatıp uyıqlaydı,
Balam házir qaynaqay.

Háyyiw-háyyiw, aq balam,
Besigińde jat balam,
Eger tınısh uyqılasań,
Anań bárha shad balam.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ÁRMAN

Ómirdiń sáni tórt pasıl,
Jaǵımlı jipek jaz bolsam,
Ármanım meniń muddasıl,
Miynette jeńimpaz bolsam.

Shaǵırayıp ashılǵan,
Solıp-sembes gúl bolsam,
Men súykimli jasımnan,
Xalqım súyer ul bolsam.

Máńgi ashqan baxtımdı,
Jaqsılarǵa sóz bolsam,
Kórgendey nur jaqtını,
Soqırlarǵa kóz bolsam.

Tas qarańǵı túnlerde,
Shuǵla tókken kún bolsam,
Doslarǵa awır kúnlerde,
Dushpanlarǵa qara tún bolsam.

Dúzde birew shóllese,
Ishetuǵın suw bolsam,
Dushpan menen bellessem,
Dosqa qızıl tuw bolsam.

Qalǵanǵa jábir-japaday,
On tórtten tuwǵan ay bolsam,
Tawdan tasıp sarqırap,
Sahraǵa aqqan say bolsam.

Ármanım joq dúnyada,
Hámme menen teń bolsam,
Adasqanǵa qıyada,
Jol siltewshi men bolsam...

## TÍRNALAR

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Uzın shınjır dizilgen.
Awıldı qıymay aylanar,
Xabar keldi gúzimnen.

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Sálem sizge bizlerden.
Moynıńız nege ırǵalar,
Attı ma ya sur mergen?

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Kesh boldı. Átteń, joq teńiz.
Tússeńiz tayın jılǵalar,
Bar taǵı suwlı kólimiz.

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Qalmaysız ba ashıǵıp?
Suwımdı kók shópler bar,
Toyıp al, ne bar asıǵıp?

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Qayda barıp qonasız?
Mine qaldı balalar,
Kim boladı panańız?

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Elińiz uzaq – jol uzaq.
Túnde kimler aymalar,
Kútá sergek, bolıń saq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Shúykildegen sestińnen,
Izińde sulıw jır qalar,
Esitpegen heshkimnen.

Tırrıw-tırrıw – tırnalar,
Aman barıp, aman qayt.
Ol jaqta da balalar –
Bar shıǵar, bizden sálem ayt!

## ÓPEPISH

Ópepish, há ópepish,
Páriń nege alamısh?
Óziń bir sulıw qussań,
Qaltıldaysań kóp ushsań.

Basında táj-tayaǵıń,
Qanday sulıw ayaǵıń!
Jaz kúnleri bolasań,
Qısta qayda qonasań?

Jazda men quwanaman,
Al, qısta qıynalaman,
Oylayman tońdı ma dep,
Birnárse boldı ma dep...

Ópepish, há ópepish,
Páriń sulıw alamısh,
Qayırqomıń bolayın,
Saǵan uya salayın,

Qısta bizde qonıp ket,
Jıllı jerde bolıp ket.
Men dán bersem jermiseń,
Jaqsı bala dermiseń?

## ÍLAǴÍM

Aq ılaǵım, aq ılaq,
Ózi jalqı – taq ılaq,
Gúwenlewli tursa da,
Kútá sergek, saq ılaq.

Dińk-dińk dińkildep,
Sekireseń zińkildep,
Tasa bolsam kózińnen,
Mańıraysań shińkildep.

Qasıńa tez kelemen,
Lágennen suw beremen,
Sıypap jelke, moynıńdı,
Kútemen seni ele men.

Jorta qashsam elpildep,
Tula boyıń irkildep,
Quwasań meni eńkildep,
Jipek júniń jelpildep.

Oyınǵa hesh toymaysań,
Jemdi bersem shaynaysań,
Sonda da bir shekelep,
Súzgendi nege qoymaysań?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## TAYÍNSHAQ

Tayınshaǵım, tayınshaq,
Quyrıǵı kelte, jalı aq.
Kózin tiger juldızǵa,
Boladı erteń arǵımaq.

Gúlte bolsa ishteyiń,
Kúnde ákelip bereyin,
Jeymen deseń janıwar,
Túnde ákelip bereyin.

Aq jalıńdı tarayın,
Jem-suwıńa qarayın,
Oqıransań sen ne dep,
Etemen bárin tap-tayın.

Tayınshaǵım, tayınshaq,
Turshı qáne bir awnap,
Salqın bolsa kesh eger,
Qoyaman jıllı jabıwlap.

Desem tarpıp tuyaǵın,
Gúzleydi joldıń uzaǵın,
Qazıqta turıp oynaydı,
Qayshılap qos qulaǵın.

Tayınshaq kúnde ósedi,
Tuyaǵı jerdi tesedi,
Kórgen kisi janıwardı,
Naǵız tulpar desedi.

Mende bolıp shadıman,
Tayımdı jaqsı baǵaman.
Endigi toyda báygige,
Jarıspaqqa shabaman.

Aranı ashıp hámmeden,
Jarısta ozıp kelemen.
Dizginnen uyıp, qıyt-qıytlap,
Dawısımdı sozıp kelemen.

## Ibrayım YUSUPOV
*(1929-2008)*



*I.Yusupov 1929-jılı 5-mayda Shımbay rayonındaǵı Azat awılında tuwılǵan. 1949-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*

*Shayırdıń «Baxıt lirikası» (1955), «Kúnshıǵıs jolawshısına» (1959), «Oylar» (1960), «Jeti asırım» (1962), «Dala ármanları» (1966), «Kewil kewilden suw isher» (1971), «Dáwir samalları» (1982), «Alasatlı dúnya bul» (1987), «Tumaris hám basqalar» (1974), «Yosh» (1978), «Shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı» (1978-79), «Duzlı samallar» (1988), «Kewildegi keń*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*dúnya» (1989) «Úmit jağısı» (1990), «Tańlawlı shığarmalarınıń eki tomlığı» (1992), «Begligińdi buzba sen» (1995), «Búlbil uyası» (1997), «Ómir, sağan ashıqpan» (1999), «Hárkimniń óz zamanı bar» (2004) sıyaqlı bir neshe qosıqlar hám poemalar toplamları sonday-aq, «Ǵarrı tuttağı gúz» (1963) degen gúrriń hám ocherkler jıynağı jarıq kórdi.*

*Ádebiy ismi: Ashıq Ayaz*

*I.Yusupov dramaturgiya tarawında «Qırıq qız» (Ámet Shamuratov penen birlikte), «Ómirbek laqqı» (1966), «Máńgi bulaq» (1986) dramaların, «Ájiniyaz» operasınıń (1973) librettosın hám Qaraqalpaqstan Respublikası gimniniń sózin jazdı.*

*Shayırdıń dúnya klassiklerinen awdarğan úlgileri «Máńgi bulaqlar» (1985) degen at penen basılıp shıqtı.*

*I.Yusupov — Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri, Ózbekstan Qaharmanı (2005),*

*1956-jıldan Jazıwshılar awqamınıń ağzası.*

## BAQSHA QOSÍǴÍ

Tań uyqısı ráhát,
Uyqılasań qanbay miyriń,
Tańda erte oyanıw,
Bilseń onnan da shiyrin.

Meniń ádetim solay,
Bárha erte turaman,
Muzday suwğa juwınıp,
Baqsha betke baraman.

Sekirip tústim baqshağa,
Kóz tarttı jemis tolqını,
Qollarımdı taldırdı,
Shiyrin júzim solqımı.

Alma jedim aralap,
Tilimdi úyirip ketti.
Miynetimniń lázzetine,
Janım súyinip ketti.

Tańğı shıqqa bılğanıp,
Kirdim qalıń pálekke,
Qushağıma sıymadı.
Ózim ekken álekke.

Erkelettim suw quyıp,
Bir qıytaqsha gúlimdi.
Shaqasına qondırdım,
Sayra dep búlbilimdi.

Búlbilim, sayra-sayra,
Baqshamda saz jańlasın,
Jaslıq miynet lázzetin,
Hámme mendey ańlasın.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## MARJANGÚL MENEN GÚBELEK

Marjangúl:
Aq gúbelek, kók gúbelek, gúbelek,
Qanday shıqtıń arısıńdı tóbelep?
Kóp qıdırdım seni báhár kelgeli,
Aytatuǵın sózlerim bar, gúbelek.

Gúbelek:
Saǵınsań da, izleseń de bárhama,
Ashıwshaq qız, qorqıtasań sonshama.
Men de seniń dawısıńdı saǵındım,
Bizge arnap qosıq aytıp berseń-á!

Marjangúl:
Oy biyshara sulıw ǵana gúbelek,
Qanatıń bar misli juqa shúberek,
Saǵan arnap bárha gúller teremen:
Ayt deseń, men qosıq aytıp beremen!

Há gúbelek, gúbelek,
Keń dalanıń erkesi.
Gúlge tozań sebelep,
Qurıǵan ba dińkesi?
Qanatları qaǵazday,
Gúl-japıraq kórpesi,
Bir sóz aytsań ókpeler,
Suw kótermes sirkesi,
Ushaman dep alısqa,
Elpeń-elpeń etedi:
Jel súykense qamısqa,
Íqlap ushıp ketedi,
Jońıshqalıqta jurtı bar,
Eki túyir murtı bar,
Aq kókirek pápelek,
Jerge ushqan úpelek,
Oynap ayttım erkelep,
Ashıwlanba, gúbelek!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Gúbelek:
Sulıw qızı keń baxtiyar úlkeniń,
Maǵan baxıt erkeletip kúlgeniń,
Bir sorawım: qalay oqıp júripseń,
Jaqsı bolar edi aytıp bergeniń?

Marjangúl:
Barlıǵınan bes bahasın alaman,
Qosıqtan da seni hayran qılaman,
Onı aytsań, qálem alsam qolıma,
Súwretińdi aynıtpastan salaman.

Gúbelek:
Bárekella, ońınan kelsin talabıń!
Sawal bersem, úyilmesin qabaǵıń:
Óziń sonday jaqsı qızsań, biraq ta,
Nege mendey usha almaysań, qaraǵım?

Marjangúl:
Haw, gúbelek, maqtanasań shalqayıp,
Bilmey turıp kemis taqsań, bul ayıp.
Samolyotqa minip turıp ushqanda,
Jońıshqalıqta qalmappediń ańqayıp?

Gúbelek:
Bunıń durıs. Jáne qulaq salsań-á,
Awnap jatıp jońıshqalıqta shalqańa,
Kún qızǵanda ılay suwǵa shomılıp,
Nege mendey qıdırmaysań bárhama?

Marjangúl:
Mına ǵana aqılı joq pápelek,
Meni bunsha aldastırıp ne demek?
Alajazlay oynaǵannan ne payda?
Hárnárseniń waqtı bar ǵoy, gúbelek.

Gúbelek:
Sınap edim, bále ekenseń sen biraq,
Meni sózden qaldırdıń ǵoy házir-aq,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Mende seni izlep edim sağınıp,
Waqtıń bolsa oynayıq ta azıraq?

Marjangúl:
Máyli, dostım, kewliń seniń qalmasın,
Gúllerińdi qoshantaylar julmasın,
Bir maydannan sabağıma ketemen,
Oyın kópke sozılatuğın bolmasın.

Gúbelek:
Joq, azğana oynaymız tek quwana,
Wáde bolsın kóringen shel, húw ana!
Basıp ozsań, gúl beremen bayraqqa,
Al men ushtım, sen izimnen quwala!

## TOP

– Top, top domalaq,
Qayda kettiń jumalap?
–Bala, bala, bala!
Etken isiń shala.
Ayt, qáne, nege sen,
Meni suwğa tebeseń?
Batpaqqa da basasań,
Shańğa taslap qashasań.
Sonıń ushın aytpayman,
Úyge de qaytpayman.
Salmadan ağaman,
Stadionnan shığaman.

## QUWÍRSHAQ

Quwırshaq, quwırshaq,
Tamdı aylanıp juwırsaq,
Aq kúshikke «hap!» desek,
«Izimizden shap» desek.
Jasırınıp jalt bersek,
Tawıp alsa, qant bersek.
Kúshik janın ayasa,
Izlese tal sayasın,
Úyge qarap juwırsaq,
Muzday suwğa juwınsaq,
Taza bolıp, tamaq jep,
«Hayya janım, hayya!» dep,
«Pır-pır» etip uyqılasaq,
Uyqılasaq!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SÚTLIMEK

Átshók kelse albırap,
«Báhárjandı kútiń» dep,
Jap boyında jawdırap,
Kógeredi sútlimek.

Há sútlimek, sútlimek,
Sútke tolǵan sútlimek,
Áste ǵana julayın,
Jartılamay pútinlep.

Jap boyınan jalıqpay,
Kúnde terip alayın,
Kókke qosıp, kóbeytip,
Qoshantayǵa salayın.

Sútlimek jep qoshantay,
Qoshqar bolar sep-semiz,
Bunda turıp ne payda.
Kúnge quwrap kepseńiz?

Eshki bolıp ılaǵım,
Qoshantayım qoy bolar,
Awılımız bay bolıp,
Úyimizde toy bolar.

Jasırınba, men seni,
Qádirdanıń bolayın:
Qoshqar bolsa qozıbay,
«Sútlimek jep ótse» dep,
Seni yadqa alayın!



www.ziyouz.com kutubxonasi

# PROZA

## Jolmırza AYMURZAEV
*(1910-1996)*



*J.Aymurzaev 1910-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. Dáslep internatta tárbiyalanǵan, Shımbaydaǵı «Kommuna» mektebinde oqıǵan, Tórtkúl pedagogikalıq texnikumın pitkergen.*

*Shayır «Gúres», «Gúreste jeńdik» dep atalǵan dáslepki poemaların dóretti, dramaturgiya tarawında «Hákisliler» (1933), «Óz tayaǵı ózine» (1939) piesaların jazdı.*

*Jazıwshınıń ómirbayanlıq «Jetimniń júregi» povesti balalar ádebiyatın bálent shoqqıǵa kóterilgen shıǵarma esaplanadı.*

*1934-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### JETIMNIŃ JÚREGI
*(povestten úzindi)*

Basım taz, kózim baqırayǵan qara bala edim. Jaslay júregimdi ezgen jurday jetimlik jiligim qatpay-aq «joldas» boldı. Jeti jasıma shekem jigerime qanday nishterdiń suǵılǵanın bilmeymen, erkimdi biylep, eńseme minip aldı. Tańnıń atqanı kózimniń ashılıwı menen baslansa, batarı kózimniń sel jası menen júzimdi perdelendirdi. Kúnim uzaq, túnim tolǵawlı boldı.

Gápti tuwılǵanımnan baslaǵanımda bılay bolǵan eken:

Temir menen tastıń ayırması bar degendey, jetim menen jetimliktiń ayırması bar eken. Meniń jetimligim anamnıń uwız sútin emgen kúnnen baslanıptı. Eski dástúr boyınsha «qaytıp kelgen qız ońjaqta tuwıwǵa haqı joq» degen sózdiń



www.ziyouz.com kutubxonasi

anam biyshara qulı bolǵan. Toǵız ay waqıt bolıp, tolǵaq tutqan anam, botasınan ayırılǵan árwanalarday bozlaǵan.

Tuwıp kórmesem de, tuńǵısh tolǵaqtıń qanday bolatuǵının bilemen. Anamnıń kózi qarawıtıp, tula boyı túrshigip júrgenin Jánigúl degen ógey anası sezgen eken. Tolǵanıp-tolǵatıp júrgen anamnıń kúnniń batıwın kewiliniń súygen adamınday kútkenin Jánigúl apay jaqsı túsingen. Sóytip, sır bildirmey sırtınan ańlıp júrgen.

Ímırt jabılıp, qas qarayǵanda, apam awıldıń artındaǵı qalıń qopalıqqa barıp, dúzde meni tuwǵan. Úyde tuwdıń ne, dúzde tuwdıń ne, qara zamannıń miyrimsiz nızamına kónbese bolmaydı dep, tolǵaq ústinde tumlı-tusqa tuwlaǵan. Boyın qayǵı-dárt qaplaǵan. Meni buwıp taslawǵa kózi qıymaǵan. Kózinen jası aǵıp, qızıl shaqa qara balanı qanı menen qosa aymalap bawırına basqan.

Shırqırap shıqqan sestimdi qoydırıw ushın, anam albırap awzımdı basqan. Dúnyaǵa aybaraq salıp shırlaǵan dawısım basılǵannan soń, ańlıp júrgen Jánigúl apay anamnıń qasına kelgen. Anam albıraqlap qalıp kóyleginiń etegi menen meni bastırǵan da, heshnárse bilmegen, kórmegen kisidey tik turıp otıra qalǵan. Kópti kórgen Jánigúl ayanıshlı hádiyseni sezgen.

Shır-pırı shıǵıp, shaqqanlıq penen meni anamnıń jasırǵan jerinen alǵan. Kamzolına oraǵan. Súyep, qońsı Allambergenniń úyine aparǵan. May ishtirip, awqatlandırıp, óz halına keltirgen. Anam awır nızamnıń aqıret-azabınan qıynalǵan. Esinen ayırılǵan. Kóp waqıtta kelege kelgen. Meni kóp waqıtqa shekem emize almaǵan. Állenwaqıtlar ótkennen keyin esi kirgen. Aqırında Jánigúl apaydıń aqılı menen aq tósine basıp, uwız sútin emizgen.

Jat kózden, jaman minezli adamlardan Jánigúl anam menen ekewimizdi altı kún Allambergenniń úyinde jasırıp saqlaǵan. Jetinshi kúni anam jalǵız jigerbentinen, tuńǵısh perzentinen ayra túsken. Awır zamannıń dástúrine, nasaq sózlerine shıdamaǵan anam wádelesip qoyǵan Jumaniyaz degen kisi menen qashıp ketken.

Qızıl shaqası shıqqan qara bala anasınıń aq tósinen ayırılǵan. Jánigúldiń eteginde qalǵan. Jánigúl tuwmasa da tula boyı



www.ziyouz.com kutubxonasi

tebirenip, tósine basımdı qoyǵan. Ayalap-álpeshlegen, ózinen sút shıqpasa da mámmesin awzıma salǵan. Sıyırdıń sútin bergen. Kúnler, aylar awır azap penen ótken. Jiyde-taqan menen qara nandı qosıp bılǵap, onı sútke aralastırıp, ishteyimdi ashqan. Bókpennen baslap bılamıqqa shekem awqat ishiwge úyretken.

Sóytip, dúnyaǵa aybaraq salıp shıqqan sestimdi esitiwge, shappattay qızıl shaqa bóbekti qolına alıp, bawırına basıwǵa ıntıǵıp ańlıp júrgen Jánigúl isimli jesir hayal meni etegine salıptı.

— Anam qayda? Bul sorawǵa juwap izledim. Xabardar adamlardan sorap sorastırdım. Anamdı baxıtsızlıqqa ushıratqan zamannıń iplas nızamları eken. Ananı baladan, balanı anadan ayırıwǵa májbúrlegen zaman — zaman ba? Barıp turǵan jawızlıq ǵoy.

Sóytip, men Jánigúldiń qolında qalıppan. Jeti jasıma shekem Jánigúldiń janınday jaqsı kóretuǵın balası boldım. Ol men dese, bar ómirin beriwge ırza edi. Jánigúl buwday ireń, kishipeyil, múláyim minezli, sın-sımbatı kelgen jesir hayal boldı. Meni bir dem kórmese, kewili ájeptáwir bolıp turatuǵın kórinedi. Mensiz miyman bolıp barǵan jeri joq. Eger de qońsılarǵa «ot» sorap barıp kele qoysa da, qaytıp keliw menen «aylanayın qaraǵım, jalǵızım! Jigerim, qara kózim» dep emireniw menen erkeleter edi. — O, biyshara Jánigúl – meniń anam! Tuwmasań da tuwǵannan beter bolǵanıńdı esime alaman ǵoy, sen bazda túnlerde turıp otırıp óksip-óksip jılaytuǵın ediń. Meni bawırıńa basıp «Jarıq juldızım! Jalǵızım!» degenleriń sol dáwirdegi óz dawısıń menen qulaǵımda tur. Haqıyqatında da, men seniń jalǵızıń edim ǵoy. Qıysayǵan ılashıqtıń ishinde mennen basqa kimiń bar edi? — O, ana! Endi oylap qarasam kewlińiz ǵamlı ekeninen, jesirlikten-jetimlikten, zaman qısıwmetinen tarıǵıp jılaydı ekenseń ǵoy.

Tósegimde tósin aymalap jatqan Jánigúl anamnıń ıssı kóz jası júzime tiygende júregimde álleqanday dirildi, állebir qorqınıshlar payda bolar edi. Jánigúldiń meni júregine basıp jubatqanların umıtıwǵa hasla haqım joq. Qısta qushaǵına qısıp, jazda bawırına basıp, aymalap «azamatım» dep súygenleri elege shekem júregimniń jıllı jerinde tur.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Jeti jasımda Jánigúldeń ayırıldım. Ne menen awırıp, qalay ólgeninen xabarsız qaldım. Jánigúldiń awırǵanına nayatıy janım ashıdı. Ne islewdiń, qanday ilaj etiwdiń jolı ol waqıtta meniń esimde joq edi. Jánigúldiń jaqınlarına jılap barıp jaǵdayın aytayın desem, onıń aǵayinleriniń kim ekenin ayıra almadım. Jaqın-juwıqlarınıń kimler ekenine aqılım jetpedi.

Jánigúl óletuǵın kúni kúndiz tınbastan shópshek terdim. Kishkentay góne ılashıqtıń esik betin quwraq shópler menen toltırıp qoydım. Ílashıq góne bolǵanda da sonday góne edi, onıń tesik úziginen kirgen ǵarǵa esiginen shıǵar edi. Shobıtı shıqqan túńliginiń jırtıq-tesiginen kóringen kóktegi juldızlardı sanap otıratuǵını yadımda tur. Onıń ústine esim emeski kirgende, tozǵan túnliktiń tesiklerinen sáwlesi túsip turǵan aydı kórip, «Ay túsip kiyatır» dep jılaǵanlarım umıtılar emes.

Sol kúni shópshek terip sharshadım ba deymen, Jánigúl anamnıń árli-berli sóylep «sáskelikten qalǵan máshabanı ısıtıp ish» degeni boyınsha onı ısıtıp ishiwdiń de esabın tappadım. Ísıtpay-aq máshabanı bir urtlap, zaǵaradan bir tislep toyıp aldım. Sharshaǵanlıqtan ba máshabanı iship bolǵannan soń uyqım keldi. Ádettegishe sırqas Jánigúldiń janına barıp, uyqılap qalıppan.

Azanda turıp qarasam, awırmastan burın erte turatuǵın Jánigúl sup-sulıw bolıp jatır eken. Kewlim birnárseni sezgendey boldı. Áweli apalap dawısladım. Sońınan qozǵap kórdim. Onnan keyin kózlerin barmaǵım menen ashıp kórdim. Erinlerin usladım, mańlayın sıypadım, bet-awızın kishkentay qollarım menen bir-bir kórip sıypap shıqtım. Hesh oyanbaydı. Eń aqırında bolmaǵan soń «apalap» aybaraq salıp basımdı qoyıp jalındım, oyanbadı, heshbir úndemedi.

Qanday háreket etsem de qattı uyqınıń qushaǵında jatqan adamday kózin ashpadı. Kewlimde qorqınısh payda boldı. Qorlıǵım keldi. Qayta-qayta bawırına basımdı qoyıp, betine betimdi bastım. Kóz jasım júzimdi juwıp, esim ketip eńirep jılawdan basqa hesh ilaj tappadım. Baqırıp jılaǵanda qarlıǵıp shıqqan tarǵıl-tarǵıl dawısımdı esitken qońsılar jıynalıp qaldı.

Jıynalǵanlardıń Jánigúldiń júzine qarap, «O, biyshara-ay! Ólip qalıptı!» degen suwıq sózleri quyqamdı túrshiktirip jiberdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Kókiregim eljirep ketti. «Óldi» degen bir awız suwıq sóz, qayǵı zardabına aylanıp, tula boyımdı qapladı da, qara kózlerimnen muńlı jas sel-sel bolıp aǵa basladı. Kóp uzamay-aq eńirey-eńirey esim ketti. «Pármana ǵamqorshımnan ayırılǵanım-ayırılǵan ba? Awqattı kim pisirip beredi? Kim qayırqomlıq etedi, maǵan?» dep oylanaman.

Sum ájel súyikli anamdı, janday súygen Jánigúldi mennen ayırdı. Adamlar ǵamqorlıq járdemin berdi. Tabıttı adamlar kótereyin dep atırǵanda «apamdı bermeymen» dep jer bawırlap jılap, bozlap atırǵanım umıtılar emes. Tabıttı tuta qushaqlaǵan qolımdı qayırıp adamlardıń aqıl berip turǵandaǵı dawısı, elege shekem qulaǵımda gúwlep turǵanday.

Jánigúldiń tabıtınıń izinen bir shaqırım jerge shekem juwırıp bardım. Súyekshilerge jete almay jarı jolda qaldım. Jılaw dárti-dármanımdı qurtqanlıqtan ba, shıjǵırǵan ıssı kún qara denemdi ter menen qapladı. Súyekshilerdiń qayaqqa qarap ketkenin taba almay, oǵada kóp otırdım. Jánigúl apamdı jerlegen súyekshiler ǵana qaytarsın meni awılǵa alıp keldi.

Jánigúl maǵan máńgilikke joq. Jaman ılashıq kózime jegi qurtlardıń ordasınday kórindi. «Bul ılashıq sum ájeldiń ornı eken» dep oyladım. Ayralıq penen jalǵızlıq saldarı ján-jaǵımnan qıstı. Burınǵı jetimlik-jetimlik pe, jetimliktiń jamanlıǵın endi kórdim. Jubatatuǵın, ash bolsam tamaq beretuǵın, hal-awhalımdı soraytuǵın jalǵız Jánigúlden ayırıldım. Anamday bolıp bawır basqan Jánigúldiń jıllı qushaǵın saǵınıp, talay túnlerdi uyqılamastan atırdım.

Kún ótken sayın kewilimdi kir basa basladı. Jırtıq dambal menen tozǵan kóylektiń dal-dalı shıqtı. Ayaǵım ǵarǵanıń tuyaǵınday qıymayı shıqqan kir menen qaplandı. Jurday jetimlik jılanday orap, ózine eriksiz qarattı. Aldım gewgim tartıp, duman boldı. Anasınan ayırılǵan qoshantayday qara kózim jawdırap, jalǵız ózim qala berdim. Awılma-awıl tentirep tamaq asırawdıń jolına tústim. Kim maǵan jıllı júzi menen qarasa, náresteligime nalıp kewil bólse, ata-anamnan kem kóringen joq.

Jánigúl ólgennen keyin, aradan ay ótpey-aq awıldıń ılaǵı menen qozısın jıynap baqtım. Hárkimniń úyine náwbet penen



www.ziyouz.com kutubxonasi

qonıp, kúnim ótti. Sóz qaytarmaytuǵın, til alǵısh shaqqan bala boldım. Usı ádetimdi bilgen adamlar meni jaman kórgen joq. Degen menen, ármanım at basınday. Anamdı oylap ah uraman. Hárkimniń úyinen ishken-jegenim boyıma taramaydı, bári de Jánigúldiń qara taqanınan artıq kórinbedi.

Gúz kúnleriniń biri edi. Qozı-ılaqlarımdı qalıń jantaqlıqqa baqtım, shańqay tús boldı. Qozılardıń úyirilip jayılǵanına, jantaqlardıń dánelerin pırt-pırt jeginine qumarlanıp qarayman. Kózim qozılardıń jayılǵanında bolsa da, kewilim Jánigúl haqqında edi. Qıysıq tayaǵımdı qolıma aldım. Átirapıma kóz jiberdim, tınıq aspan teńizdiń suwınday kók-kómbek kórindi.

Uzaq otırdım, oy artınan oy tuwdı. Meniń balalıq oyımnıń artı «Búgin pálensheniń úyine baraman, náwbetim sol úy, hayalınıń minezi birtúrli edi, qabaǵın shıtpay qara tabaqqa qalay jarma quyıp berer eken? Áne bir úydiń hayalı jaqsı edi, sol úy meni bárqulla qondırmaydı, eger de qondırsa jaqsı bolar edi» dep oylayman.

Uzamay-aq oylarım úziliste qaldı. Aqırında kózim kishireyip, buyıǵıp múlgip kettim. Uyqımnıń kelgenin bilip, kózimniń «shiyrinin» alayın dep dús tómenime jattım. Gúz samalı, qara taldıń sayası meni ráhát qushaqlarına aldı. Sıypalap esken jipek samal janıma jaǵımlı tiydi. Aqırında uyqılap qalıppan.

Qansha waqıt uyqılaǵanımdı bilmeymen. Iynimnen birnárse túrtkendey boldı. Shaltlıq penen oyanıp, kózimdi asha sala albıraqlap, jalmajan ján-jaǵıma qaradım. Attan túsip qarsı aldımda turǵan adamǵa kózim túse ketti. Húrrem ushıp, júregim jarılıp kete jazladı. Ornımnan órre turdım. «Qozılarım qawın-ǵarbızǵa yamasa birewdiń egisligine túsken shıǵar, sonıń ushın meni urıwǵa kelgen adam eken» dep shamaladım. Jalt berip qashıwǵa qolaylastım.

Qarsı aldımda turǵan qara saqallı, ala kózli, sımbatlı, uzın boylı, arıq-turıqtan kelgen adamnıń júzi kózime ısıq kórindi. Solay da gúnası bar adamday onıń júzine jaqınnan qaray almadım. Ol meniń qashayın degenimdi sezip, aldıǵa qaray bir adım attı. Atınıń jılawın sol qolı menen usladı. Qamshısın beline qıstırdı. Mennen kózin almadı.

Men bolsam batılım barmay, qarsı aldında qalshıyıp turıwdı



www.ziyouz.com kutubxonasi

uyat kórdim. Názerimdi tómen burdım da, ala kózimdi awdarıp taslap bir qarap qoydım.

– Sen Jolmırzamısań? – dedi ol mağan batıl sóylep.

– Awa, – dedim. Bir názerlendim de, dárriw tómen qaradım.

– Qarağım, nám-náhán bolıp qalğan ekenseń ğoy.

– «Qarağım!» dey me? — deymen ishimnen. Qanday jağımlı sóz! Mağan birdeyine Jánigúldiń aytatuğın eń jaqsı shiyrin sózin bul kisi qay jaqtan úyrengen! – dep tańlanaman. Haqıyqatında da, kópten berli esitken joq edim. Ol kisiniń bawırmanlı sesti meniń kewlimdi eljiretti. Buwınlarım bir túrli bosasıp ketti. Tula boyım bosasıp, ne bolğanımdı bilmedim. Ol meniń bul awhalımdı sezdi me deymen.

– Qorıqpa, qarğam? Nege qorqasań? Mında kel! – dep qolın jayğanda qushağına kirgenimdi bilmey qaldım.

Onıń kim ekenin bilmesem de, tanımasam da júregime jıllı tiygen jağımlı sózi sezimimdi súysindirip jiberdi. Bawırına basıp, aymalap mańlayımnan súydi. Hal-awhalımdı soradı. Jaman malaqayımdı basımnan alıp shashımdı sıypadı. Ósken shashımdı aldırıw kerek ekenin ayttı.

Tula boyıma tınımsız qarağan adamnıń kózin quwalap men de qarap atırman. Biraq, onı birinshi sapar kórgenlikten, heshkimge uqsatpadım, shıramıta almadım. Meni qushağınan jazdırdı. Men sol turısta ján-jağıma qarawğa da tartındım. Kóp sózlerdi ayttı. Biraq ta onıń kópshiligine túsinbedim.

Túsingen sózlerim, ol kisi tuwısqanlıq jağınan jaqın ekenligin ańladım. «Meniń menen keteseń be, jaqsılap saqlayman, kiyindiremen, mına jaman kiyimlerińdi órteymen, kirlep ketipseń» dep aytqan sózleri ağalıq, ğamxorlıq ekenine jaqsı túsinemen. «Men seniń menen ketiwge ırzaman» degen sózimnen keyin, ol meniń qozı-ılaqlardı jıynap toplawımdı sorandı.

Tuwrı barıp qozılarımdı topladım. Qozılardı toplap júrip te sırttan qarap qoyaman. Ol da bir jağınan qozılardı jıynasıp aydastı. Barlığın jıynadıq, awılğa birge aydap apardıq. Sol awıldıń jasullısı Embergen degenge meniń awhalımdı ayttı. Alıp ketiwge ruqsat soradı. Tağı da ekewi meni kórsetip, bazda mağan qarap kóp nárselerdi sóylesti.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qozı-ılaqlardı iyelerine tapsırıp boldım. Tanıs emes adam meni atınıń artına mingizdi. Men oǵan mingesip baratırǵanda jalt-jalt keynime qaray berdim. Birge oynaǵan balalarım menen qızlarım artımnan qarap turǵan eken.

Qanday da bir sebep penen uzap ketsem de, qayta-qayta awılǵa qaray berdim. Qawırsaǵan qustıń qanatınday úziginiń jırtıǵı jalbırap turǵan ılashıqtıń ústinde Jánigúl apam jan-táni menen maǵan boyın taslap qarap turǵanday elesledi. Kózimdi jumıp jibergenim, kózimnen ıssı jas júzime sorǵalap, tula boyım titirkenip ketti. Tońǵan kisidey iyegim qalt-qalt ete qaldı. Kóz jasım sorǵalay berdi. Ókirip jılap jibere jazladım. Biraq, mınaw — «tanıs emes adam»nan tartındım.

Alańnan asırılıp túskende taǵı da bir qarasam, awıl kózime kórinbedi. «Tanıs emes adam» qanday da bir sebep penen, bul da artına bir qarap qoydı. Onnan keyin atınıń jılawın qaǵıp jiberdi. Gúzar jolǵa túsip, aldıǵa qaray ráwana boldı. Men de solıǵımdı bastım. Jırtıq jeńim menen kóz jasımdı súrttim. Jol uzaq bolmasa da soqa attıń solqıldısı say-súyegimdi sırqıratqanday boldı. Bul meniń atqa birinshi miniwim edi. Jol uzaǵan sayın ján-jaǵıma qıysayıp ta otıraman. Bazda oń qolıma, bazda sol qolıma tayanaman, qullası otırıwdıń mánisin tappadım. Jambasımdı jara etip aldım.

Ímırt jabılıp, qas qaraya bergende «tanıs emes adam»nıń awılına da jettik. Attan túůstik. Ol atın bayladı. Meni ertip úyine kirdi. Qarnı shámpiygen júkli hayal qazan asıp atırǵan eken. Onıń ashıwshaq ekeni qabaǵınan bilinip tur. Esikten kirgenimde maǵan tańlana qarap edi. Ne qılarımdı bilmey, júzimdi tómen qarattım. Onıń qara kóziniń ótkirligi júregimnen ótip ketkendey boldı.

Ómirimde bunday ótkir kózli kelinshekti birinshi iret kórgenim edi. «Tanıs emes adam» meni oń jaqqa, esik betke otırǵızdı. Ózi tósewli turǵan tósektiń ústine tórge shıqtı. «Jolmırza degen batır» dep júzime jıllı shıray menen qarap qoydı. Men de onıń keyninen úkiniń kózindey kózimdi bir awdarıp taslap qoydım. Sońınan kelinshekke jalt qaradım da otqa úńildim.

Meni úyine alıp kelgen adam Jánigúldiń ógey balası Allaniyaz degen aǵay eken. Jánigúldiń ólgenin esitip, meniń tentirep



www.ziyouz.com kutubxonasi

júrgenimdi bilip, úyine alıp kelgen. Jıllıjúzlilik penen Allaniyaz dayımnıń kózqarası, meniń miyrimdi qandırdı. Quwandım, húrmetledim. Íssı awqatqa toyıp alǵannan keyin denem balbırap, uyqı qısa basladı. Kúni menen at qaǵıp silem qatıp sharshaǵanım taǵı bar. Pırıldap uyıqlap qalıppan. Azanda meni salmaǵa shomıldırıp, góne kiyimlerimdi Allaniyaz dayımnıń ózi sheship taslap, burın alıp qoyǵan ba, onnan xabarım joq, shomılıp bolǵannan keyin maǵan taza kóylek penen dambal berdi. Basıma taqıya kiygizip, shashımdı aldırdı.

«Balaǵa kim kúlip qarasa — sol jaqın» degendey, Allaniyaz dayımnıń húrmeti maǵan ayrıqsha boldı. Qansha jatsam-jattım, qansha uyqılasam-uyqıladım, qálewimshe awqat ishtim. Búyirim shıǵıp, bedenime qan juwırdı. Jánigúldiń ornına Allaniyazǵa bawır bastım, ol oǵada jaqsı minezli kisi edi.

Awıldıń balalarına da úyrenip kettim. Qarınım toq, kiyimim kók, qayǵı-uwayımdı birte-birte umıta basladım. Kúni-túni oynayman. Oyınnıń barlıq túrin oynadım: asıq ta, top ta, ańǵalaq ta, aykórmek te, jasırınbaq ta, bektas ta, kóshpek penen qumalaq ta mennen qalmadı.

Balalar menen bawır basıp birigip qosıq aytatuǵın da, juwırısatuǵın da, gúresetuǵın da boldım. Kem-kem boyıma kúsh-quwat jıynalıp, gúreste óz qatarımdı jıǵatuǵın boldım. Juwırısqanda balalardan ozatuǵınım bárinen qızıq boldı. — Bul nelikten eken? Jaslayımnan ıssıǵa, suwıqqa kónligip «suwǵa taslasa batpaytuǵın, ılaqtırsa sınbaytuǵın» bolıp qalǵanlıqtan shıǵar?! Álbette, solay! Biraq, tóbelese almaytuǵın edim. Bunı moyınlaw kerek. Sebebi, tóbelesti oǵada jek kórdim.

Allaniyaz dayımnıń awılına ábden úyrenisip kettim. Onıń úyine óz balasınday erkin kirip-shıqtım. Allaniyaz dayım ashıq kewli menen jaqsı kórgen sebepli Orazgúl jeńgeydiń qabaǵın shıtqanı maǵan onsha bilinbeydi. Kóp uzamay Orazgúl jeńgey ul tuwdı. Onıń atın Mátniyaz qoydı. Mátniyazdı kishkentayınan-aq jaqsı kórdim. Orazgúl emizip bolıp, onı maǵan berer edi. Onı men erinbesten jórgekleriniń alba-dalbasın shıǵarıp kóterip júrer edim.

Mátniyazdı jaqsı kórgenim sebepli, Orazgúl de meni burınǵıday emes, jaqsı kóretuǵın boldı. Tez-tez kirimdi juwıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

berip, tamaǵımdı kewildigidey toyǵızdı. Burın jerkenip qarasa, endi «qaraǵım, shıraǵım, olay qıl, bulay qıl» dep qamırdan qıl suwırǵanday jıllı júzi menen sóyleytuǵın boldı. Bul maǵan oǵada unadı.

Burın Allnyaiz dayım bir jaqqa ketse, men de erip ketkim keletuǵın edi. Talay márte keyninen juwırıp ta júrdim. Batpaqqa batıp, ya japtan óte almay, ya iytten qorqıp jarı joldan qaytıp kelip te júrdim. Ol meni kózi qıymay, ózinen qaldırmay alıp ketip te júrdi.

Biraq, soń-soń Orazgúldiń kózqarası pútkilley ózgerdi. Mátniyazǵa qansha miyrimli bolsam, Orazgúl maǵan onnan da beter shın ıqlası menen qaraytuǵın boldı. Kókten izlegenim jerden tabılıp, kewilim jay taptı.

Turdıbay degen bala menen ábden dos boldım. Ekewimizdiń aramızdaǵı doslıq tuwısqanlıqtay bolıp ketti. Ol ekewimiz aqıl-kúsh biriktirip, balalarǵa «basshı» boldıq. Sol ushın awıldıń balaları bizlerdi húrmetlep júrdi. Bizler ne desek barlıǵı kónetuǵın edi.

Turdıbayǵa balalar oynap «Shárikxan» dep laqap ta taqtı. Onıń shaqqanlıǵı úlkendi kishireytip qoyǵanday edi. Ózi kishkentay bolsa da, úlken adamday sóyleytuǵın edi. Ol da men sıyaqlı jetim eken.

Kún batqan máhál edi. Awıl arası urda-tut, basa-basqa ushıradı. Barlıq adam úyden tısqa juwırıp shıqtı. Atlı adamlar awıl arasında at shaptı. Adamlar úyme-úy kirip, kórgen adamlarǵa bir suwıq xabardı aytıp júrdi. — Bul ne xabar, qanday jańalıq? Ne haqqında ekenine túsinbedik. Balalardıń barlıǵı jıynalıp, «qanday xabar» ekenin biliw ushın adamlardıń awzınan shıqqan sózdi ańlıdıq. Sonda da juwǵarada tiykarına túsinbedik. Awıldıń barlıq adamları birden úylerinen shıǵa basladı, jayındaǵı zatların shaltlıq penen maydanǵa shıǵardı, awıl ishi uyqı-tuyqı bolıp qaldı. Demniń arasında adamlar zatların jıynap, qolına tiygenin kúsh-kóligine artıp boldı. Ízıq-ızıq bolıp kóshtiń izine erdi. Tıp-tınısh, paraxat otırǵan elge topalań tiydi. Jılaǵan qariyalar menen shırlaǵan nárestelerdiń ayanıshlı dawısı jer betin jańǵırtıp jibergendey boldı. Barlıq adam bir jaqqa qaray seńdey ıǵıstı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Iyshanqala» degen sózler qulaǵımızǵa keledi. Onıń ne qala ekenin yamasa qaysı qonıs ekenin yamasa qaysı jaqta bolatuǵınına meniń oyım jetpedi. Awıldan qozǵalǵan kósh penen men de júre berdim. Mátniyaz benen Orazgúl jeńgey arbada edi. Men olardıń keynine erdim.

## Keńesbay ALLAMBERGENOV
*(1954)*



*K.Allambergenov 1954-jılı 7-noyabrde Qaraózek rayonında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń tariyx-filologiya fakultetin pitkergen.*

*1985-jılı «Qaraqalpaq ádebiyatında aytıs janrı» degen temada kandidatlıq, 1997-jılı «Qaraqalpaq xalıq dástanı — Edige» degen temada doktorlıq dissertaciyasın jaqlaǵan.*

*Jazıwshınıń «Qıyın ótkel» (1983), «Dárbent» (1985), «Ómir máwritleri» (1987), «Dárya tartılǵan jıllar» (1992), «Quslar qaytqan kún» (1995) atlı povestler hám romanları basılıp shıqtı.*

*Gúrriń hám povestleri ózbek, qazaq, noǵay, orıs tillerinde jarıq kórgen.*

*K.Allambergenov — Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı (1993).*

*1984-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## KÚSHIK HÁM BALA
*(gúrriń)*

Ol tań jańa saz berip atıp kiyatırǵanda ǵana óziniń qalanıń shetki kósheleriniń eń aqırında úyilip atırǵan taw-taw taslandı zatlardıń arasında jatırǵanın ańladı. Kúshik bul waqıtta taslandı zatlardıń: lágen-lágen kirdiń suwı, shubatılıp shobıtı shıqqan látte shúberekler, aynanıń sınıqları, janıp kúl bolǵan



www.ziyouz.com kutubxonasi

otınnıń qaldıqları, jazıwları jayılıp ketken qaǵazlar, hártúrli metall sınıqları, bırshıp atırǵan pomidor, piyaz, kartoshkanıń qabıqları, kesektey teńkeyip atırǵan jartı-jartı appaq nan bólekleri, súyek-sayaqlar ekenin bilgen joq.

Jumılǵan kózlerin áste ashıp, erinsheklik penen tóbeshikti bir aylanıp shıqtı. Soń, endi ne qılsam eken degendey qızarıp kiyatırǵan aspanǵa tigilgeninshe turıp qaldı.

Átirap jaqtılanıp, quyash arqan boyı kóterilgen payıtta, ol bul jerde bir ózi ǵana emesligin bayqadı. Álleqáyerlerden párleri menen tumsıqları pataslıqlardan shubarlanıp ketken bir shoǵır shımshıqlar ushıp kelip, úyindini shoqıp, tintkiley basladı. Há demey jaǵımsız ızıldasqan shıbınlar kóbeyip, kúshiktiń ústi-basına qonıp ábden mazasın ketirdi.

Shımshıqlardıń tapqan azıqların shoqıǵanların gúzetip jatırǵan kúshik usı payıtta ǵana óziniń ash ekenligin sezdi. Tamaǵınan ótkendey azıq izlep ornınan súyretilip turdı. Bir-eki bólek nan taptı, shala jelingen súyekti uzaq ǵayzadı. Qarnı biraz toyınǵanday bolıp, aqırı úyindiden alıslaw barıp sozılıp jattı. Anda-sanda shımshıqlar menen ǵarǵalardıń dawısları esitilgeni bolmasa, átirap jım-jırt edi. Izli-izinen kelip pataslıqlar tolı sheleklerin tógip atırǵan adamlardıń da onıń menen isi joq.

Usı payıtta qala tárepten esken samal kúshiktiń murnına jaǵımlı iyis alıp keldi. Eriksiz ótmishin esine salǵanday boldı.

Ol bir umtılıp ornınan turmaqshı bolıp edi, shep qabırǵası shanshıp awırıp, eriksiz ornına qayta jatıwǵa majbúr etti. Sonda ǵana keshe onı ayamay urǵanın, mańlay aldına tiygen soqqınıń zardabın eslegendey boldı. Quyrıǵın áste-aqırın bir-eki bılǵap qoyıp ornına qayta sozıldı. Taslandı zatlardıń jaǵımsız iyisi kewlin aynıtıp jiberdi. Jáne ornınan turmaqshı bolıp bir umtılıp, lekin shaması kelmegendey qayta jattı.

Dáslepki bir-eki kún usılayınsha ótti. Kúshik bara-bara buǵan da kóndi. Shıbınlardıń ızıńlawına, jaǵımsız iyiske de, hátte, pataslıqlar arasınan tabatuǵın nesiybesine de jerkenbey qaraytuǵın edi. Kelip-ketip turıwshılar da onı tanıytuǵın



www.ziyouz.com kutubxonasi

boldı. Kúshik, hátte, kimniń qanday zat ákelip tógip ketetuǵının da biledi. Tań azan menen hasasın taqıldatıp keletuǵın ǵarrınıń sheleginde qaǵaz-paǵaz, sıpırındıdan artıq heshnárse bolmaydı, murnı ǵarǵanıń tumsıǵınday sozılǵan kózáynekli hayaldıń tókken nárselerin hátte iyiskelep te bolmaydı, miyińdi aylandırıp jiberedi...

Bir kúni azanda áwelgi xojeyininiń genjesine usaǵan bir bala shelegin shetirekke qoydı da, kúshikke tigilip turıp qaldı. Kúshik bul jaǵdaydı kutpegenlikten, qorqınıshtan qaltırap ketti. Durıs, balalar urıspaydı. Mına balanıń da jaqsı niyette ekenligi júzinen kórinip turıptı. Biraq, onıń ata-anaları qanday minezdegi adamlar eken?... Kúshiktiń jaraqatlanǵan jerleri jáne sırqırap awırǵanday boldı. Ayaq ushınan basıp áste jaqınlap kiyatırǵan balanı jatırqap, patas taslandılardıń arasına qaray qashtı. Bala kúshikti uslay almaytuǵının sezip bosaǵan shelegin kóterip, úyine qaray ketip qaldı.

Kúshik bala ketiwden zıp etip taslandınıń qasına keldi de, dárhal turıp qaldı. Ol jewge jaraytuǵın zat emes eken. Qızǵısh tartqan qaǵazlarda qap-qara shıbınday háripler.

Átteń, kúshik bunda ne jazılǵanın túsinbes edi. Al, eger túsingeninde bar ǵoy, onda ol mına sózlerdi oqıǵan bolar edi:

... «Hárbir francuzdıń taslandı zatlar sheleginde hár kúni bir kilogrammǵa jaqın qaldıq zatlar jıynaladı. Evropanıń basqa da ellerinde derlik usınday: yaǵnıy, bul ellerde hár jılı hárbir adam – Daniyada – 230 kg, Lyuısemburgta – 400 kg, Angliyada – 272 kg muǵdarında turmıslıq «kerek emes zatlar» dóretedi. Ilimpazlardıń esaplawlarına qaraǵanda, evropalılardıń sheleginen taslanǵan qaldıq zatlar muǵdarında 10-20 payızǵa deyin kúl, 15-30 payızǵa deyin azıq-awqat qaldıqları, 20-40 payızǵa deyin qaǵaz hám karton, 1-6 payızǵa deyin látte shúberek, shobıtlar, 2-6 payızǵa deyin metall sınıqları bar.

Biraq, biziń ásirimizdiń ximiyalıq eń jaqsı negizgi «ónimi» bolǵan plastmassa taslandıların qalay paydalanıw kerek? Jaǵıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

paydalanıw? Bul — demek, ashıq hawamızdı qáwipli uwlı gaz benen záhárlew degen sóz. Al, jer sharı taslandı zatlar «uyası» emes...

Kúshik bulardıń heshqaysısına túsinbegenine nalınǵanday muńayıp turdı, soń úmiti push bolıp, quyrıǵın bılǵańlatıwı menen ornına kelip jattı.

Kúshik balanıń shawqımlı dawısınan oyanıp, alǵa atlıqqanı da sol, ózin qapshıqtıń ishinde ekenligin bir-aq sezip qaldı. Tıpırshıladı, qańsıladı, aqırı jańa xojasına boysınǵanday dawısın páseńletip, átirapqa qarap bara berdi. Balanıń bolsa eki kózi quwanıshtan parlap, ózinshe gúbirlenip sóylep barar edi.

Mine, balanıń úyi. Óz aldına hártúrli awqatlar alıp kelip ushıp-qonıp júr. Kúshik tosınnan kelgen bul baxıtqa isenerin de, isenbesin de bilmey, állekim aldındaǵını tartıp alatuǵınday órli-ǵurlı jalmap atır. Ráhát degen bunda eken!

Usılayınsha bala menen kúshiktiń doslıǵı baslanıp ketken edi. Olar keshke shekem úy aldındaǵı maydanshada biri-birin quwıp, gúresip oynadı. Sharshaw, zerigiw degenniń ne ekenligin de bilgen joq. Biraq, kúshik ushın quwanıshlı bolıp baslanǵan bul kún de kewilsizlik penen tamamlandı. Maydanshada tosattan payda bolǵan hayal balaǵa baqırıp, kúshikti qolına ilingen tayaq penen ura basladı. Biyshara kúshik endi ne qılsın, ilajsız taslandılar úyilip atırǵan tárepke qańsılawı menen qashıp ketti.

Erteńine bala kúshikti izlep taslandılar úyindisi janına keldi. Áweli kúshik baladan qashsa da, sońınan onıń mehribanlıǵın eslegen yańlı qasına kelip erkeley basladı. Bala onı ayrıqsha bir mehir menen qushaǵına aldı. Kúshik bolsa dáslep balanıń qolların, sońınan júzlerin jalay basladı.

...Jáne qalaǵa qaytıp bardı. Keshke shekem bala menen áwelgidey bir-birin quwıp oynadı, awnap «gúreske» tústi. Bul ret bala kúshikti sol burınǵı ornına shekem ertip keldi, soń ózi qaytıp ketti.

Erteńine de usılay oynadı, soń bul ekewi ushın ádetke aylanıp ketkendey boldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Jazdıń ıssı kúnlerinde taslandı zatlar «minarı» ábden iyislenip, dem alıw da qıyınlasar edi. Kúshik bul waqıtları tań azannan keshke shekem, balanıń úyi átirapında aylanıp júretuǵın boldı. Sharbaya hayal joq waqıtları onıń menen qumarı tarqaǵansha birge oynaydı. Eger, bala úyinen shıqpaǵan payıtları, kúshik bir shette shońqayıp onı kútkeni-kútken.

Bir kúni azannan baslanǵan jawın túske shekem toqtamastan sheleklep quydı da turdı. Balanıń úyi aldındaǵı garaj qasında arman-berman gezip júrgen kúshik te ábden jawradı. Tústen keyin kún shıǵıp, kún oǵırı ısıp ketti. Biraq, negedur baladan dárek bolmadı. Kúshik uzaq kútti, bala kelmegen soń shapqılap bir ózi oynay basladı, onıń menen «gúreske» túsip atırǵandaǵıday háreketler eter edi. Keyin qáwipleniwdi de umıtıp, balanıń esigine jaqın kelip otırdı. Ishkeriden tanıs dawıslı hayaldıń jılap atırǵanı tal-tal qulaǵına kelgendey boldı. Qulaǵın tikireytip dıqqat penen tıńlay basladı. Balanıń ıńırsıǵan, biraq ózine júdá áziz bolıp ketken dawısın esitkende, shıday almay wáwildep qańsılap jiberdi. Usı payıt qapı pát penen ashılıp onnan kóringen ashıwlı hayal baqırıwı menen oǵan tayaq ılaqtırdı. Kúshik awır soqqıǵa shıdamay wańqıldawı menen bası awǵan jaqqa qashıw menen boldı.

Keshqurın balanıń úyi aldına qızıl belbewli mashina kelip toqtadı. Adamlar onı kóterip shıǵıp mashinaǵa salıp atırǵanda, kúshik shıday almay qańsılap olarǵa jaqınlastı. Bala basın áste kóterip oǵan qaradı. Bir kúnde solǵın tartıp qalǵan balanıń kózlerinde quwanısh ushqınları parlap ketkendey boldı. Kúshikti sezip qalǵan adamlar onı jáne tayaqlap quwa basladı.

Balanı alıp ketti. Bunnan soń onnan dárek bolmadı. Kúshik kózin joldan úzbey balanı kúter edi...

Kúshik hár kúni bala esigi aldına kelip mehribanın kúter, ol shıqpaǵannan keyin ilajı qurıp burınǵı ornına qaytar edi. Tuwrı, kóshede balalar kóp edi, lekin olardıń heshbiri de sol ekinshi xojeyininiń ornın basa almaydı. Qıyalında kózlerinen mehribanlıq shuǵlası parlaǵan sol bala ketpes edi.

Bul kúni de ádettegidey balanıń úyi tárepine jol aldı. Úy aldında toqtap turǵan qızıl belbewli mashinanı kórip ayrıqsha



www.ziyouz.com kutubxonasi

kewillilik payda bolǵanday qádemin tezletti. Lekin, birden qulaǵına hayaldıń jılaǵan dawısı esitilgendey boldı. Kúshik birnárseni sezgendey quyrıǵın qısıp berirekte toqtadı da, jáne sol quyash tárepke tumsıǵın sozıp ayanıshlı qańsılap jiberdi. Bul kúni kúshik qarańǵı túskenshe úy átirapında gezip júrdi de qoydı. Biraq, ol óz maqsetine erise almadı – bala qaytıp shıqpadı.

...Kúshik hár kúni azanda úy aldına keliwdi toqtatpas, balanıń dalaǵa shapqılap shıǵıp, onı bawırına qısıwın, erkeletiwlerin ańsar edi. Bul úmiti birazǵa shekem úzilmedi, lekin aqırı kútkenin qoydı. Jáne sol taslandılar úyilip atırǵan tóbeshikke kónligiwge májbúr. Biraq, onı endi bul jerdegi shımshıq penen ǵarǵalar, shıbınlar menen qurt-qumırsqalar onshelli qızıqtırmadı, barlıq qıyalı kelip-ketip turǵan adamlarda edi.

Kúshik bir puta túbinde sozılıp jatqan qalpinde úshinshi xojeyinin kúter edi...

## Ábdimurat ATAJANOV

*(1938-2016)*



*Á.Atajanov 1938-jılı 17-yanvarda Nókis rayonınıń Tolıs awılında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*

*Jazıwshınıń birinshi gúrrińi «Etik» 1961-jılı «Jetkinshek» gazetasında basılıp shıqtı.*

*Házirge shekem «Duwtar» (1976), «Atamákan» (1978), «Jeti xat» (1981), «Qos kanikulda» (1983), «Sapalaq palwan» (1984), «Pikassonıń aq kepteri» (1986), «Sońǵı jawǵan qar» (1987), «Mashqala» (1988), «Pátpelektey pálpellegen dostım-ay» (1994), «Qaytıp keliw» (1996), «Jiyde jegiń kele me?» (1997) «Jat jurtta japa shekken adam» (2010) «Ótken ómir — ertek» (2017) toplamları jarıq kórdi.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*M.Sholoxov, S.Baruzdin, B.Polevoydıń, Sh.Beyshenalievtiń, S.Axmad, Ó.Omarbekovlerdıń gúrriń hám povestlerin qaraqalpaq tiline awdarǵan. Jazıwshınıń birqatar shıǵarmaları ózbek, qazaq, túrkmen, tatar, noǵay, avar, bashqurt hám orıs tillerinde jarıq kórgen.*

*Á.Atajanov — Ózbekstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri (1986).*

*1977-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## KÓZI OYÍLǴAN JÍLAN
*(gúrriń)*

Bul waqıya erterekte, meniń bala gezimde bolıp ótti. Házir ol bolǵan waqıyadan kóre, qıstıń uzaq qarańǵı túnlerinde jılıwsız kórpege oranıp jatıp ózlerimiz bir-birimizge aytqan, bolmasa mama kempirler, analarımız mayın tamızıp aytatuǵın erteklerdiń qısqa birine uqsaydı. Haslında, bul qıyalıy ertek emes, al turmısta shın bolǵan, kóz kórgen tamasha waqıya edi. Máyli, endi ertek bolsa ertek bolsın, kóz kórgen, qulaq esitken waqıya bolsa — waqıya bolsın, onnansha sizlerge bastan baslap aytıp bergenim maqul bolar. Men solay sheshtim.

Jazdıń mıs qaynaǵan ıssı kúnleriniń biri edi. Tús mezgili. Paxta otaqtan shańqay túste qaytqan apam nan qatırıp boldı da, izinshe túslik shaydı demledi.

Ortaǵa jayılǵan dasturqanda jańa qatırılǵan, ele kúli ketpegen ıssı nan, aldımızda demlengen shay. Solay etip, túslik shaydı ishiw baslandı. Birde-birew úndemeydi, ash bolǵan, shóllegen.

Ol jıllarda awılda salınatuǵın jaylar birtekli, yamasa bir-birine suwdıń tamshısınday uqsaǵan, biri keń, biri úlken emes, barlıǵı teń, barlıǵı birdey edi. Qapısı dálizge qaraǵan eki ójire. Dálizdiń eki tárepinde: túslik jáne arqada qapısı bar. Usı dáliz qısta dán, qawın, asqabaq, tuqım, qullası, anaw-mınawdı giznep saqlap qoyatuǵın telek xızmetin atqarsa, jazda terisháywannıń ornına júredi. Usıkárada erteli-kesh otıramız, túnde jatıp uyqılaymız.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Hár jılı báhár shıqqannan awılǵa qarlıǵashlar ıssı jaqlardan qaytıp keledi. Solardan jup qarlıǵash biziń dálizge de uya saldı, olar jıl sayın aljaspastan mákanın tabadı. Oǵan bizler kesent etpeymiz.

Ol waqıtta jaylardıń tóbesi panerlenbegen. Tamǵa jayılǵan aǵash, kese taslanǵan qada qalay bolsa solay kórinip turadı, olardı qap-qara ıs, qurım basqan. Áne, sol tamǵa jayılǵan aǵashqa qarlıǵashlar uya salǵan edi. Qırsıǵına, sol uya tap bizler erteli-kesh shay-tamaq ishetuǵın yamasa dasturqan jayılatuǵın jerdiń tas tóbesinde. Sonlıqtan dasturqanǵa uyadan anaw-mınaw patas túspewi ushın ádis islengen. Jaramsız fartuktıń yarımı uyanı dógereklep, onıń tómenin kerip tórt múyesh etip baylanǵan. Ol bir jaǵınan tazalıqqa táwir bolsa, ekinshiden bálentlew zatqa minip qaramasań uyada ne bolıp atırǵanın kórmeyseń.

Sháynektegi shay yarımlana kelgende, úydegi qarlıǵashlar sırttan ushıp kele sala jan-iynine ot túsip shırıldadı da qaldı. Biri uya qasında qalsa, biri sırtqa jalt ushıp ketti. Demniń arasında qarlıǵashlar bıjınap, awıldaǵı barlıq qarlıǵash biziń dálizge jıynalǵanday boldı. Olar tınbastan shırıldap atır. Biri sırtqa qaray ushsa, ekinshisi janaybat penen ishke uradı. Onnan keyin barlıǵı birlesip ózlerinshe shınjır jasap túsliktegi esikten shıǵıp arqadaǵı esikten zuwlap kirip, tap dóńgelengen shańaraq taqılette tınımsız ushıp júrdi.

– Haw, aǵası, mına qarlıǵashlarǵa birnárse bolǵan? – dedi apam bosaǵan sháynekke qaynaǵan suw quyıp atırıp. – Otaqtan sharshap kelgende mazamızdı aldı ǵoy...

Aǵam áytewir zatqa dárpene qoymaydı, úyde heshnárse bolmaǵanday ıssı shaydı ústi-ústine urtlap, tım-tırıs otır.

Qarlıǵashlar ele shırıldap, shır-gúbelek aylanıp ushıp júr.

Apam qalayda shıdamadı. Oshaqtaǵı ottı kósep otırıp tońqıldadı.

– Aǵası-aw, shay bir jaqqa qashpas, ana bayǵuslar shırıldap qırılatuǵın boldı. Ornıńnan túrgelip qarap jiber-ós. Bir nárse bolǵan, bolmasa amanlıqta búytip miydi tespeydi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Aǵam ekinshi sháynektegi shaydı tolıq iship boldı. Terin súrtindi, onnan keyin asıqpay-albıramay túrgeldi. Ayaǵınıń ushına minip uyaǵa, onnan keyin ele sheńber jasap ushıp júrgen qarlıǵashlarǵa qaradı. Heshnárseni kórmedi.

– Bularǵa bále kóringen? Sipseni alıp ber, barlıǵın quwıp shıǵayın. Dem de aldırmaydı...

— Óyppey! Apam birden shorshındı. – Qoyagór, tiyme. Onnansha shayıńdı ish, jáne demledim.

Qarlıǵashlar ele shır-gúbelek aylanıp ushıp júr. Sesleri jer jaradı, oǵırı ayanıshlı, ózlerine dóngen qáwipten qutqaratuǵın qorǵawshıǵa jalınıp atırǵanday. Qapı menen qapı aralıǵı oqtay zuwlaǵan qarlıǵashlardan qaraltım tartıp, tap qarúydiń shańaraǵı pát penen shır-gúbelek aylanıp turǵanday kórinedi.

Barlıǵımız qarlıǵashlardan, uya betten kóz jazbaymız. Biraq, qáwipli heshnárse kórinbeydi. Sonda ne bolǵan? Seni ǵamqorshı sezip, úyińe uya salıp jáne jılda kelip-ketip úyir basqan qarlıǵashlar tal-túste uwda-shuw bolıp atırǵanda, ne bolǵanın bilmey ar-sar bolıp otıra bergennen qıyın nárse joq eken? — Ne isleyseń, qanday járdem bereseń? Ne bolǵanın sorap bile almaysań, bolmasa olarǵa til pitip «sonday-sonday, adamlar, járdem etiń. Úrim-putaǵım qáwip astında. Bereket tabıń, bizlerdi ájelden qutqarıń», – dep ayta almasa... Sonda da bizler qarlıǵashlardıń mına shırıldap ushqanları tegin emes ekenligin sezingen edik. Qalay járdem beremiz? Túsiniksiz! Qarlıǵashlar ele sheńber boylap sadaqtıń oǵınday zuwlap ushıp júrdi. Sesleri tóbe shashıńdı tik turǵızadı. Bizler bolsaq ya shaydı jónlep ishe almay, ya olarǵa járdem bere almastan, oylamaǵanda júz bergen hám tamasha, hám sıyqırlı kórinisti sırttan baqlap otıra berdik.

Bir máháli, awa, bir máháli dasturqan shetine, bizlerdiń aldımızǵa bir zat tóbeden tars etip tústi. Aǵamnan basqalarımız tóbeden túsken zattan qorqıp quladıq. Sonıń arasında apam:

— Óyppey, aǵası, mınaw jılan ǵoy, jılan!, – dep dawısı tarǵıllanıp baqırdı. – Óyppey ballar qorqadı, alıp tasla. Tezirek!

Atpa jaylardıń mush qaynaqay sıyatuǵın úńireygen



www.ziyouz.com kutubxonasi

jarıǵında, shóplik arasında jılısıp júretuǵın túsi suwıq qara jılan qıbırlamastan sozılıp jatır. Qarlıǵashlar suw seripkendey jım-jırt boldı. Shırıldaǵanın qoydı. Dáliz ishine tınıshlıq shókti. Aǵam sonda da maldasın jazbadı, jılanǵa qas qaqpastan qarap tigilip otıra berdi.

– Apası, – dedi ol da bir máháli. – Balalar qorıqpay-aq qoysın, Jılan hesh zattı kórmeydi, soqır. Kózi oyılǵan. Inanbasańız qarań, áne, áne, kózi oyılǵan. Yapırmay bala, ómirimde bunday hádiyseni birinshi kórip turman. Ástawpıralla, soqır jılan tóbede ne islep júr?

Bizler de burınǵıday qorıqqan joqpız, alıs-alıstan ele tım-tırıs jatırǵan jılanǵa qaradıq. Kózi oyılǵan, biraq ol shamalı qıbırlaǵanda tili otqa basılǵan iyne kibi qızarıp kórinip-kórinip turdı.

Shınında da onıń kórgish, ótkir kózleri ornıńda shaǵın oymaqtıń awzınan aynımaǵan dóńgelek jup tesik bar edi.

Aǵam ǵáripshilik duzaǵına máńgilikke túsken jılandı átóshkirge qısıp dalaǵa alıp ketti hám qaytarsın tóbege ańırayıp qarap turıp tanlayın qaǵıp sóylendi.

– He-e, he-e apası, ballarım, endi túsinikli boldı. Anaǵan qaray ǵoyıń. Jılannıń kózin mıltıqshı oyıp túsirgen eken. – Áne. – Áne! – Mıltıqshı!

Burınları men mıltıqshı atadı, kózińdi oyıp túsiredi degenge inanbaytuǵın edim. Sebebi, úlken adamlar bizlerge hárdayım: «Háy, ballar, mıltıqshıǵa tiymeń. Ol atadı, kózińdi aǵızıp túsiredi» deytuǵın edi. Sonda bizler «olar ayta beredi eken. Qayda onıń oǵı... Joq, joq. Múmkin emes» dep ózlerimizshe pikir júritemiz.

Bizler orınlarımızdan tura-tura tóbege qaradıq. Qarlıǵashlardıń ǵamqorshısı – kók-kómbek mıltıqshı atılatuǵın toptay tikireyip ele tur eken... Aldınǵı eki ayaǵınıń ushına minip, tumsıǵı toptıń awzınday alǵa eńterilip, taǵı bir jeksurınǵa ájel oǵın jóneltpege shaqlanıp tur.

Apam:

–Aǵası, baǵana saǵan qarlıǵashlarǵa birnárse bolǵan dep



www.ziyouz.com kutubxonasi

ayttım. Qáwipli heshzat bolmaǵanda búytip kúyip-janıp shırıldamaydı. Sen bolsań uymaǵa batqan baspaqtay ornıńnan qozǵalayın demeyseń, – dep aǵama qarap sóylenip atırǵanda, daladan bir qarlıǵash jılt etip ushıp keldi de, ele ata dushpanın gózlewge tayın turǵan mıltıqshını qaǵıp alıp ketti.

Jup qarlıǵash juǵırlasqan palapanlarınıń moyınlarına moynın basıp, ózlerinshe qáwipten keyingi baxıtlı tınıshlıqta emin-erkin qala berdi.

## Allanazar ÁBDIEV
*(1963)*



*A.Ábdiev 1963-jılı 26-sentyabrde Taxtakópir rayonınıń Shaljuwıt awılında tuwılǵan.*

*Nókis mámleketlik universitetiniń filologiya fakultetin pitkergen.*

*A.Ábdievtiń (ádebiy ismi A.Idireysov) «Bizler baxıtlı bolamız» (1992), «Qızıl qoshantay» (1995), «Berdaq shıǵarmaları boyınsha bibliografiyalıq kórsetkish» (Q.Paxratdinov penen) (1999), «Jin-jıpırlar uyası» (2004), «Altın balıq» (A.Idireysov penen) (2006), «Ataqlı alım» (2007), «Alǵıs alǵan azamat» (2007), «Bekannıń avtomashinaları» (2008), «Elza xanım» (2008), «Qızıl kóylekli janan» (2009), «Aqqus» (2010), «Maqtanshaq qoraz» (2010) kitapları basılıp shıqtı.*

*Jáhán ádebiyatınıń sóz sheberlerinen: J. Simenon, A.Nesin, J.Oruell, K.Kan, A.Azimov, S.Axmad hám taǵı basqa jazıwshılardıń belgili shıǵarmaların ana tilimizge awdarıp, «Ámiwdárya» jurnalında járiyaladı.*

*A.Ábdiev — Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshsı (2016).*

*1997-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## AQQUS
*(gúrriń)*

Meniń bala waqtımda Aqqus degen iytim boldı. Ol bir saparı aǵam aq eshek penen toyǵa barǵanda izine erip kelgen edi. Shaması, iyesi aq eshekli adam bolıwı kerek, adasıp ere bergen.

Aǵam toydan shıǵıp eshegine mineyin dep atırǵanda kórgen bul iyttiń izinde kiyatırǵanın, úyge jaqınlaǵanda bilgen. Sonnan «jit!» dep quwmaqshı bolǵan eken, ketpepti. Úyge kelgennen soń da shay-pay iship bolıp: «Toyxanaǵa baraman, múmkin, iyesi izlep júrgen shıǵar» dep edi, men birden: «Yaq, aǵa, aparma! Dım súykimli kúshik eken» dedim. Aǵamdı áytewir óldim-azarda kóndirdim. «Barmasam barmay-aq qoyayın. Toyshılar da qashshan daǵısıp ketken shıǵar?!», — dedi aqırı. Endi keyingi másele — onıń atınıń qanday ekenin biliw qaldı.

– Moynaq, Moynaq...

– Qutjol, kish-kó!

– Qaraquyrıq, Qaraquyrıq! Bás-s! — Hár attı bir aytıp kórip atırmız, hesh qaramaydı. Sonlıqtan aǵam:

– Ózińe unaǵan bir attı qoyıp ala ǵoy. Júdá úlken emes ǵoy, úyrenip keter, – dedi.

– Onda «Aqqus» dep qoyaman. Shınında da hámme jeri aq, tek quyrıǵınıń ushı ǵana qara, meniń qoyǵan atıma say edi. Onıń appaq júnleri kún menen jıltırap, adamnıń kózin qamastıradı.

Sóytip, iytimizdi «Aqqus» dep shaqıratuǵın boldıq. Dáslebinde jańa atına qulaǵı úyrenbegenlikten qaramasa da, soń-soń úyrenise basladı.

Jazǵı demalıstıń kúnleri. Qolım bos. Sonlıqtan da onıń janınan bir eli shıqpaytuǵın edim. Ústine minip oynayman. Ol «ashıwlanbay» meni kóterip júredi. Ekewimiz birge balalar menen oyınǵa da baramız. Oynap, qumarım tarqap qashan qaytqansha Aqqus sol jerlerde «kútip» júredi. Azanda qoy-



www.ziyouz.com kutubxonasi

eshkilerdi padaǵa qosıp qaytamız, keshqurın jubımızdı jazbay aldına shıǵamız.

Aqqus — iri, turpatlı iyt boldı. Ózliginen adamǵa, malǵa, iytlerge haslan tiymeydi. Eger adamlar keseklese, iytlerdiń ózleri kelip tiyisse, ayamaydı talap taslaydı. Onday waqıtları men: «Aqqus, boldı. Qoy endi!» demegenimshe qoymaydı.

Bir kúni mınanday waqıya boldı...

Biziń qorada suwı dushshı, jáne muzday qudıq bar edi. Sonnan awıldıń barlıq úyleri suwdı eshekli pilák penen kelip alıp ketedi.

Bir kúni keshte Baymırza degen kisi suwǵa baylap qoyatuǵın qızıl qabaǵan iytin de ertip keldi. Aqqus ergenektiń awzında jatır edi. Qızıl iyt kele sala oǵan tiyistime de... Sonnan eki iyt bıǵır-bıǵır bola qaldı. Birin-biri tislep atır. Men iytime isenimli bolǵanlıqtan (kishkene balamız ǵoy, qızıq kerek) ayırmadım. Bir waqıtta Aqqus qızıl iyttiń jelkesinen tislep ılaqtırıp urıp, ústine minip aldı da talay basladı. Astındaǵı tórt ayaǵı aspanǵa qaraǵan qızıl iyt qańsılap atır. Iytiniń jeńilgenin kórgen Baymırza aǵa qoranıń qıspaǵın suwırıp aldı da artınan kelip biziń iyttiń beline shirenip kúsh penen berip qaldı ma de, «urma!» dewge úlgere de almay qaldım. «Wańq-q!» degen Aqqustıń dawısı esitildi. Ol janaybat penen artına birden shapshıp, Baymırza aǵaǵa bas saldı, taladı. Onıń tayaǵı bir jaqta qaldı. «Jitá-jit!» bola qaldı.

Úlken kisiniń iytimdi urǵanına ashıwım kelse de, talanıp atırǵanlıqtan ayap:

– Qoy, Aqqus! – dedim birden qasına juwırıp barıp. Iyt tanıs dawıstı esite sala lappa qoydı: quyrıǵın bılǵańlatıp, beli iyreleńlep maǵan kelip súykendi. Biraq, «Óshimdi ala almadım-aw» degendey qızarǵan kózin Baymırza aǵadan ayırmadı. Men onıń tayaq tiygen arqasın qolım menen sıypalay basladım. Qattı tiygen bolsa kerek, sıypalaǵannıń ózin de awırsınıp, qańsıladı.

Sonnan úsh-tórt kúnge shekem qozǵalıwǵa shaması kelmey, dárwazanıń qasında turǵan aǵam qısta otın tasıytuǵın arbanıń astında jatıp aldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ádettegishe hár kúni keshke jaqın biziń úydiń aldı suwǵa kelgen adamlar menen bıǵan-jıǵan bolıp atqanı. Kózleri mólergen Aqqus bul háreketti baqlap jatadı. Baymırza aǵa kiyatırsa boldı, qıynalıp, buratılıp bolsa da túrgelip úrip, aybat etip aldınan shıǵadı. Kózi qorqıp qalǵan qızıl iyti bolsa, Aqqustı kóriwden quyrıǵın eki ayaǵınıń arasına qısıp, izine jortıw menen boladı. Al, eshek ústinde otırǵan Baymırza aǵaǵa úrip, aldıǵa júrgizbey atırǵan Aqqusqa qolındaǵı tayaǵın silteydi. Lekin, iyt tayaq siltegen sayın órshelenip, onıń ayaǵınan tislewge urınadı. Aqırı bolmaǵannan soń Baymırza aǵa:

– Kim bar? Iytińizdi shaqırıń! – dep dawıslawǵa májbúr boladı.

– Aqqustıń sennen qattı kewli qalǵan, – dedi aǵam bir kúni Qalmurat aǵanıń úyindegi awızasharda otırǵanda Baymırza aǵaǵa. – Endi onı tayaq penen qorqıtpaqshı bolǵanıńnan payda tappaysań, hasla. Qayta burınǵıdan beter eregistirip alasań. Sonıń ushın «kewlin» almasań bolmaydı...

Sol-sol eken, Baymırza aǵa onıń menen «jarasıw» jolların izlestirdi. Shabalanıp úrip shıqsa:

– Aqqus, Aqqus!, – dep erkeletip shaqıradı. Burınǵıday «jit» dep baqırıwdı qoydı. Aldına nan taslaydı, hátte gósh te berip júrdi.

Waqıt ótken sayın ekewi «kelisimge» kele basladı: ol kelgende úrmeytuǵın boldı. Hátte, Aqqustıń «adamgershiligi» sonday, qızıl iytti de «keshirip» jiberdi: emin-erkin úydiń aldına kelip-ketip júrdi.

Hárdayım Aqqus esime tússe usı bir waqıya kóz aldıma keledi de turadı.

Sol iytimizdi bizler menen mektepke «qatnap júrgende» jolda mashina qaǵıp ketip, ózi jaqsı kóretuǵın jeri — arbanıń astında bir ayday jattı. Aqırı kelege kelmedi...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QÍZÍL QOSHANTAY

*(gúrriń)*

Qozı-ılaq degennen esime túsedi-aw!...

Ol waqıtta men bes-altı jastaǵı oyın balası edim. Kishkene qoshantayım boldı. Sol waqıtta da, onnan keyin de, házir de qozı-ılaqlarım boldı, bar. Lekin, sol bir qızıl, buyra júnli qoshantayım yadımda elege deyin jaqsı saqlanǵan...

Bala waqtında adam kúshik, pıshıq, qozı, buzawǵa úyirsek keletuǵın ádeti ǵoy. Men de sol qoshantayım menen oynaǵandı jaqsı kóretuǵın edim.

Awılda turǵanlıqtan úyde qoy-eshki degen kóp. Olardı azanda óriske jiberemiz de, erip júre almaytuǵın bolǵanlıqtan ılaq-qozıların qorada alıp qalamız. Meniń talabım bolsa – keshke shekem solar menen oynaw. Ishindegi ózime tábiya kóretuǵınım – qızıl, buyra júnli qozı. Sebebi, ol meniń menen «álpi alısıp» oynaydı: dizemdi búgip otırıp, mushımdı túyip, mańlayıma aparıp tursam, kelip dúgedi. Sóytip ekewimiz dúgispek oynaymız. Eger qattıraq dúgip jiberse, awırǵanlıqtan ashıwlanıp quwaman, qashadı, al men qattıraq «dúksem», ol eserlenip, pát penen dizeme, arqama dúgedi. Óytip «ashıwlanǵan» waqıtta qansha baqırsam da, uslasam da turmaydı: julqınıp, jazdırılıp, kishkene múyizi menen meniń gez kelgen jerimnen dúńkiy beredi, dúńkiy beredi. Yamasa birden oyındı qoyıp, basqa ılaq-qozılar betke shapqılap ketip qaladı. Al, sonday waqıtları mańlayınan, arqalarınan sıypasam, tınıshlana qoyadı. Men bul minezin bilip alǵannan soń onı ilajı bolǵanınsha «ashıwlandırmawǵa» – oyınımızdı buzbawǵa tırısar edim.

Jazdıń kúni bolǵanlıqtan kúnde tal túste bir márte olardı japtan suwǵarıwǵa alıp baraman. Sonda basqalar suwdan qorqıp, ishine túspey suw ishe sala shapqılasıp, úyge hayt qoysa, qızıl qoshantay japqa kele sala túsip ketip, ishinde turıp ishedi. Keyin ekewimiz júzip, japtıń gá arǵı, gáhi bergi júzine shıǵıp jarısamız. Sóytip oynap-oynap, salqınlanıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

bolıp shıǵamız. Ol shıǵa sala dúr silkingende ústindegi suwlar ján-jaqqa monshaqtay shashıraydı.

Ara-tura balalar menen de oynawǵa tuwra keledi. Sonday gezleri onı qoraǵa kirgizip, aldına shóp salıp ketemen. Kelsem dalada, yaki geshir, qawın atızlardı búldirip júrgenin kóremen. Sonnan quwıp uslap alıp qamap, qoranıń ol sıyatuǵın tesiklerin pitep: «Endi shıǵa ǵoy» dep bir jerlerden aylanıp kelsem, áytewir sańlaq tawıp jáne shıǵıp júrgeniniń ústine kelemen. Keyin ala onıń qorada turǵandı jaqtırmaǵanlıqtan tıpırshılay beretuǵının, erkin maydanda júrgendi unatatuǵının bilip, qamamaytuǵın boldım. Onıń jáne bir ádeti, orıp ákelgen páshegimdi de, suwshiginimdi de hárgiz awzına tislep almaydı: óz ayaǵı menen otlaǵandı táwir kóredi.

Qoshantayım künnen-kúnge úlkeydi. «Kishkene qoshqar» dewge de turarlıq bolıp qaldı. Lekin, sonda da men onı burınǵısınsha «qızıl qoshantay» dep júrippen.

– Toylarda dúgistiriwge usı bastan sazlay ber. Ózi de dúgiskish eken, – deytuǵın edi aǵam.

Úlkeye kele ol qoy-eshkiler menen azanda aralasıp, óriske qashıp ketetuǵındı shıǵardı. Men úyrenip qalǵanlıqtan uzaq kúndi zerigip ótkizetuǵın edim. Keshte keledi, salpawsıp, sharshap. Sonda da ekewimiz jáne oynaymız.

Bir kúni óristen qoy-eshkimiz túwel kelmey qaldı. Sonıń ishinde meniń «qızıl qoshantayım» da bar edi. Shopannan sorasaq: «Óriste bólinip qalıp qoyǵan bolsa kerek» degennen basqa ujıbatlı heshnárse ayta almadı. Awıl boyınsha jigirmalaǵan qoy-eshki joq eken. Sonnan aydıń jaqtısında túni menen izledik, taba almadıq. Erteńine de tabılmadı. Sóytip izlep-izlep, joqlawın asırıp otırsaq, bes-altı kúnnen soń balıqqa barǵan awıldıń bir jigiti xabarın aytıp keldi: awıldan bes-altı shaqırım uzaqta «Quwraylı» degen kól bar edi. Sol jerge shóllep, ańqası kepkennen soń ishiw ushın barıp, shetindegi uymaǵa jigirması da batıp, ólip qalıptı.

– Kishkene bir qızıl qoshqardıń bası ǵana batpaqtan kórinip atır eken, – degende meniń kózimnen eriksiz jas pırt etip úzilip túskeni ele esimde.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Seydin ÁMIRLAN
*(1972)*



*S.Ámirlan 1972-jılı 23-mayda Buxara wálayatında tuwılǵan. Sankt-Peterburg qalasındaǵı 101-sanlı bilim jurtında tálim alǵan. Qaraqalpaq mámleketlik universitetin, Tashkent mámleketlik ekonomika universitetin tamamlaǵan.*

*Dáslepki shıǵarmaları 1984-jıldan balalar basılımlarında járiyalanıp baslaǵan. Onıń «Tawelibay tariyxınan tam-tum sır» (1993), «Dala dilwarı» (1997) atlı kitapları, «Qaraqalpaq xalıq ápsanaları» (2000), «Móldir bulaq» (2008) hám t.b. kitapshaları baspadan shıqqan.*

*Ullıbiy, Qádiriya, Á.Súyin, R.Mińnullin, U.Esdáwlet hám t.b. da qálem iyeleriniń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*Ádebiy ismi: Arıs Ayan.*

*Ol «Qaraqalpaq folklorı» kóptomlıǵın tayarlawshılardıń biri hám qaraqalpaq xalqınıń balalar folklorın óz aldına toplap, eki tom túrinde baspadan shıǵarıwshı. Bul baǵdardaǵı ilimiy izertlewleri qazaq, ózbek, túrkmen, tatar, túrk, orıs, francuz, inglis tillerinde jarıq kórgen.*

*S.Ámirlan — Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriw aǵlası (2001).*

*1997-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## QÍSÍNÍSPA

Basqa jaqlardı qáydem, biziń awılda qanday toy, qaysınday mereke bolsın, heshqaysısı kekse analarımızsız ótpeydi. Olar kóshemizdiń de, awılımızdıń da sán-saltanatı bolıp, birin «biykesh», birin «sheshey», birin «abısın» dep júrgen, bir-birine sıy-húrmeti jarasqan janlar. Hámmeniń ıssı-suwıǵında solar júredi. Eldiń úlkeni-kishisi bolıp barlıǵı olardı sıylaydı, «mamaylar» dep ayrıqsha húrmet kórsetedi. Sol káywanılardıń



www.ziyouz.com kutubxonasi

qatarında «biziń mamay» da bar. «Mamaydıń balası» bolǵanımız ushın biz de ózimizshe izzetke iyemiz. Qay jerde kelin tússe, kelinshek jas bosansa, balanı besikke salsa, besikshappay bolsa, tusawkeser ótkerilse, barlıǵında barmız, sonıń bası-qasında bolamız. Heshkim betimizden qaqpaydı, qaysı úyge barsaq ta jaqsı sózlerin aytıp, jıllı-jumsaǵın aldımızǵa qoyadı. Bári de — mamaydıń abırayınıń arqası.

Kempirler kimniń úyine barsa, sol úy misli toyxana keypine kiredi. Jaymıshlar keńnen jazıladı, ıssı bawırsaqlar ortaǵa shashılıp, barlıq shiyrinlikler qoyıladı, qálempir salınǵan qoyıw gúreń shaydıń iyisi tanawdı jarıp, qaynawı ızıńlap esitilip turǵan samawrınnıń qası – bala paqırlardıń ańsarın awdırıp, qıyalın bánt etedi. Sol aralıqta eplep úyge kirip alıp, dáslep esik jaqqa jaylasqan birli-yarım balalar jılısa-jılısa dasturqanǵa jaqınlasadı. Balalarǵa tórdegi mamalardıń biriniń kózi túsip, bir-bir lampasıy, birer uwıs bawırsaqtan payların bergennen keyin ǵana olar ilajsız sırtqa betleydi. Ízıldaǵan samawrınnıń sesti menen sháynek astındaǵı qozdıń háwirinen lázzetlenip otırǵan men de qurı qalmay, ózim menen birge oynaytuǵın qara dumalaqlardıń birli-yarımına mazalı qattı-quttılardan uzatıp qalaman.

Zıyapatlas kempirlerdi qay jerde kórsem de, quwanıp sala beremen. Hámmesi sorasadı, maqtawımdı asırıp, marapatımdı beredi. Qaltaların qarmanıp, toy-toyshıqlardan ırımlıq etip alǵan qant-nabatlardan usınadı. Olardan tek ǵana jaqsı sózler esitkenmen. Sol ushın da káywanılar qay jerge barsa, biz de sol arada tayın bolamız. Solardıń qasınan bir eli de shıqqım kelmeydi.

Biraq, bir kúni usı múnásibetler buzıldı. Kempirlerdiń aldında qattı kúlkige qaldım. Olardıń úyge jıynalatuǵınlıǵın bilsem de, qandaydur birnárseler menen eglenip, keshewillep keldim. Jolda tosattan lıq-lıq tiyip, bunıń izi úzilmey ketti. Qánekey, toqtay alsam. Úyde ózimdi kútip otırǵan «qádirdanlarım» barın bilip, ádettegishe tartınbastan kirip keldim. Bir shetten sálemlesip kiyatırman. Barlıǵı «aylanayın-a, aylanayın» dep aylanıp-tolǵanıwda. Bul lıq-lıqtıń toqtaytuǵın



www.ziyouz.com kutubxonasi

túri joq, sirá. Lıq-lıq penen sózim kesilip qaladı da, kelesisine ótip, qos qollap sálem beremen. Sál ótpey, taǵı da lıq-lıq... Usılay jılısıp, ózimizdiń Másiyma mamanıń tusına kelip, lıq-lıqlawım menen qudaǵayımızdıń júzine qarasam, ol maǵan qaray eziw tartıp:

– Mına bala urlıq qılıptı ǵoy! – dedi. «Jańılıs esitpedim be?!» degendey, qaytadan betine tiklenip baqtım. – Himm, bul bala urlıq qılǵan, – dep taǵı da aldıńǵı sózin tastıyıqladı. Jańılıspappan, anıǵında da maǵan qarap aytıp tur, meni ayıplap tur. Awa, qudaǵayımız sol sózlerdi jáne tákirarlamaqta. Sózi menen ǵana emes, kózi menen de meni mısqıllap, ústimnen kúlip tur. Ómiri bulardan bunday sóz esitippen be? Birden ashıw tuttı. Ya ilgeri, ya keri júre almay qattım da qaldım. Bir-eki kempir mırs etip kúlip te jiberdi. Olardıń kúlgeni ashıwımdı ábden qıstattı, shıdap bolmaslıq jaǵdayǵa keldim.

Endi qozǵalajaq bolıp edim, «Há bala, urlaǵanıńdı, alǵanıńdı qaytar!» dedi qudaǵayımız. Onıń bul sózi bızıldırıqqa ot bergendey boldı. Birden lap ete qaldım.

– Newe? — O ne degen sózińiz? — Ne tawıp otırsız ózi, kimniń nesi joǵalıptı? — Neni alıppan? — Joq jerden nege bále jabasız? – dep sorawlardı izli-izinen qarday údettim-há kelip... Bir jaǵınan ózimniń sonsha sózdi qalay tawıp aytqanıma hayran qalıp turman hám namıstan jarıla jazlap shıtınap baratırman. Kóz juwırtıp qarasam, hámmeniń júzinde kúlki... Bárinen de Másiyma qudaǵaydıń kúlip otırǵanı jinimdi onnan beter atlandırǵanı sonshelli, qalay sógingenimdi sezbey qalıp, sógine sala bar dawısım menen ókirip jılap jiberdim de, dalaǵa atlıǵıp shıqtım. Sırtqa shıqqannan soń dawıstı barınsha erkine jiberdim.

– Ne bolıp qaldı-ya, ne bop qaldı? – dep qasıma birewler kelip atır, jubatpaqshı bolıwda. – Oynap ayttı, oynap ayttı, – desip atır. Betimdi basıwım menen onnan sayın baqırıp jılap otırman. Arasında kózimniń jasın artıp-artıp jiberip, gúbirlenip sóginip alaman. Jılay-jılay biraz bosaǵanday boldım, biraq óksigim basılǵan joq. Bir gezde úyden shaqırtıwshı kelip, «Júr, shay ishsin dep atır» dedi. – Barmayman! –



www.ziyouz.com kutubxonasi

dedim ashıw menen. Kempirlerdiń qasında júrip, ózim de shayqor bolıp ketken ekenmen, qara shaydıń náshesi shekemdi tırıstırǵanday boldı. Ishimnen «Taǵı shaqırsa baraman» dep otırman. Oylaǵanımday, izinshe jáne shaqırtıwshı keldi. «Jeńgeleriniń qasına barıp shay isheǵoysın dedi», – degen sózdi ayttı. Murnımdı pırq-pırq tartıp, basım qıysayıwı menen xızmettegi kelinler otırǵan jayǵa qaray súyretilip bardım. «Endi qaytip, Másiyma qudaǵay menen sóylespeymen. Sıylamayman onı, maǵan jala japqanı ushın» degen ókpegiyne menen dasturqan basına jayǵastım. Anam, betime kúlimsirep qaradı da, qaymaqlı sút qosılǵan qara shaydan shúmpildetip quyıp berdi. Shaydıń da waqıtı bolǵan eken, bir urtlaǵannan-aq shekem shıp-shıp terlep qoya berdi. – Lıq-lıǵıń qaldı ma?, – dep jımıydı anam. Oylanıp qaldım, shınında da baǵanaǵı lıq-lıǵım qashshan-aq tuyılǵan edi.

– Há balamısań degen-áy, – dedi ol sóz baslap. – Ózi lıq-lıq tiygen gezde kimdur seni ashıwlandırıwı kerek, sol gezde lıq-lıq toqtaydı. Másiyma qudaǵay sol ushın seni ashıwlandırǵan, – dedi. – Nege sonda meni urlıqshıǵa shıǵaradı?, – dedim ele sóz mánisin tolıq ańlay almay. – Haw, sonı aytpasa, seniń ashıwıń kele me? Soǵan bola aytqan ǵoy. Ol da bir hiyle-dá, – dedi. Sonda barıp ózimniń sabırsızlıq islep, gójeni tógip alǵanımdı bildim.

Sol-sol eken, uyalǵanımnan kempirlerdiń toparınan shetlep basladım. Másiyma qudaǵaydıń hiylesin túsinbey, betten alǵanıma, ózimniń oǵırı ádepsizlik islep qoyǵanıma qısılıp, birazǵa shekem júzine qaray almay júrdim. Qalay keshirim sorawdıń da jónin taba almadım. Qudaǵay paqırdıń awzında ele sol «aylnayını». Barıp-barıp bári de umıtılıp ketti, biraq ta eskikóz kisilerdiń hár iste esletip otıratuǵın usınday tásirli jón-josaqları, dástiyarlı esletpeleri yadımnan shıqpastay estelik qaldırdı. Hár lıq-lıq tiygende usılar eske túsip, xalıq qádiriyatlarınıń jetkeriwshileri bolǵan qádirdan analarımızdıń kelbeti bir-bir kóz aldımnan ótedi, olar aldındaǵı bendelik qarızdarlıǵımız tereń oylarǵa taldıradı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## TILEK GILTI

Balalıq qıyal sonday sheksiz, oqıǵan kitabıńdaǵı jerlerge óziń barıp qaytqanday bolasań, barıwdı arzıw eteseń, kóz aldıńa keltireseń. Óziń háwes etken qaharmanıń menen ushırasqıń keledi, ómirde bar bolsa, ushırasatuǵınday tuyılasań. Negizi, hár adamnıń tilek-niyetleriniń gilti ózinde boladı eken. «Niyetiń – joldasıń» dep bilgen dana ata-babalarımız hár insannıń arzıw-úmitleriniń ózine sherik bolatuǵınlıǵın haqıyqat aytıp ketken.

1979-jıl. Birinshide oqıymız. Birinshi sherekten keyin biziń úyimiz qıyırdaǵı awıldan xojalıq orayı jaylasqan Keregetaw mákanına kóship keldi. Mektepte kórkem ádebiyatlarǵa qızıqtırıw jaqsı jolǵa qoyılǵan eken. Mektep kitapxanası da bay. Muǵallimimiz bizlerden qanday gazeta-jurnal menen tanısqanımızdı, qanday kitap oqıyjaq ekenimiz benen tez-tez qızıqsınıp turadı. Dáslepki waqıtta kórkem bezelgen jurnallardı atıma jazdırıp alıp, ishindegi súwretlerin jaqsılap kórip bolǵan soń, ózimshe oqıp shıqqanday túr kórsetip, «qızıq eken» dep kitapxanashı apayǵa aparıp tapsıratuǵın edim. Úydiń ishi de biraz gazeta-jurnalǵa jazıladı. Atam maǵan gazeta oqıttıradı. Jergilikli gazettanıń «Oqı qızıq!» degen aydar menen beriletuǵın sońǵı betindegi qısqa jańalıqlardı birinshi bolıp oqıp alaman da úydegilerge aytıp beremen. Kem-kemnen gazeta-jurnal oqıwǵa ıqlasım da kúsheye basladı.

Bir kúni ilimiy-tanımlıq sıpattaǵı «Bilim jáne eńbek» dep atalatuǵın jurnaldı paraqlap otırıp, Mádiyarstan haqqındaǵı maqalaǵa kózim túsip qaldı. Maqalada Evropadaǵı mádiyarlardıń bizge tuwısqanlıǵı, olardıń arasında ádewir sandaǵı qıpshaq qáwimleriniń barlıǵı, maqala qaharmanı bolmısh ilimpaz Ishtvan Qońır Mandoki solardıń wákili ekenligi bayanlanıptı. Kólemi bir bettiń yarımın ǵana alıp turǵan hám mayda háriplerde basılǵan usı maqalanı jiyi-jiyi tákirarlap oqıp turatuǵın boldım. Maqaladaǵı jer atamaların ábden



www.ziyouz.com kutubxonasi

kewlime toqıp alǵan bolsam, kózáynekli, qoyıw murtlı I.Qońırdıń súwreti kóz aldımda bekkem sáwlelenip qaldı.

Keyin ala I.Qońır haqqında basqa da maqalalardı oqıdım. Evropa xalıqları tillerinde ushırasatuǵın eski sózlerdi tirneklep jıynap, sonıń ishinde balalar oyınları hám sóz óneri úlgilerine de ayrıqsha itibar berip júrgen bul alımdı jaqınnan kóriw tilegi payda boldı. Lekin, I.Qońır – Mádiyarstanda, biz bolsaq bundamız. Ara alıs, jer shalǵay. Ózim bolsam, ele mektep oqıwshısıman. Jiyi-jiyi I.Qońırdı eslesem, ol kisi menen kórisetuǵınday, sóylesetuǵınday bolaman. I.Qońırdıń biziń tilimizdi jaqsı mеńgerip alǵanlıǵınan da xabardarman.

Men de awızeki miyraslardı tekstlerdi jıynawǵa, sózlerdiń túp mánisin biliwge, xalıq tariyxı hám shejiresi menen shuǵıllanıwǵa qızıqsınatuǵın edim. Usı niyet Nókis mámleketlik universitetiniń filologiya fakultetine jetelep keldi. Student atandıq. Biz oqıwǵa kirgen — toqsanınshı jıldıń gúzinde, aqırep ayınıń 18-20 sánelerinde Nókiste professor Dosjanbay Nasırovtıń shólkemlestiriwi menen Pútkilawqamlıq turkologiyalıq konferenciya bolıp ótti. Konferenciyaǵa tek Awqam kóleminen emes, dúnyanıń kóp mámleketlerinen kórnekli alımlar keldi. Baǵdarlamanı qarasam, bayanatshılar arasında I.Qońırdıń da ismi-sháripi bar eken. Quwanıp kettim. Qánekey, tilegim ońınan kelip, ózim sırtınan biletuǵın bul alım menen jaqınnan tanıssam, sır ashısıp sóylessem.

Konferenciyaǵa shaqırılǵan miymanlardıń birazı zal tórinen jay aldı. Dosjan aǵa olardı atpa-at tanıstırıp basladı. Biraq, biz izlegen I.Qońır olardıń arasında bolmay shıqtı. Ózimiz eń sońǵı qatardan orın alǵan bolsaq ta, kózimiz miymanlarda. Konferenciyaǵa ózi qatnaspasa da, bayanatların usınǵan alımlar da barshılıq eken. «I.Qońır da solarday bolıp, tek sırtqı qatnasıwshı bolıp qaldı ma eken?» degen oy keldi. Bir payıtta Dosjan aǵa I.Qońırdıń atın dawıslap aytıp edi, meniń izlep qıdırǵan qaharmanım tap qaptalımızda ǵana elespesiz bolıp otırǵan eken. Quwanǵanımnan júregim dúrsildep ketti. Mine, dáslep jurnaldan kórgen bolsam, araǵa on jıl salıp bul tulǵanıń ózin de kórip otırman. Quwanıshımda shek joq. Tánepiste



www.ziyouz.com kutubxonasi

I.Qońır menen sóylesiwge de imkan taptım. Ózimdi, tegimdi tanıstırdım. Sırtınan biletuǵınımızdı ayttım. Qısqa sóylessek te, bir tilegim iske asqanday boldı. I.Qońır sol jılı tolıq jarıq kórip bolǵan «Qaraqalpaq folklorı» jigirma tomlıǵın, túsindirme sózliklerdi, tilge baylanıslı basqa da birqansha kitaplardı estelikke aldı, respublikalıq gazetke qaraqalpaq tilinde tilek jazıp berdi.

I.Qońır menen sóyleskennen keyin ózimde Mádiyarstandı barıp kóriw, uzaq zamanlardı araǵa salıp ayırılısıp ketken tuwısqanlar menen diydarlasıwǵa bolǵan qushtarlıq payda boldı. Eki bastan «kópir» salındı. Ózimiz tárepten ustazımız Dosjan aǵa mádiyar jaǵınan I.Qońır sıyaqlı dánekerler bar. Tilekke qarsı, 1992-jılı jazda Ishtvan Qońır Daǵıstan saparında júrgen waqtında júrek nawqasınan ketti. Dosjan aǵa da sol jılı gúzde dúnyadan ótti. Eki birdey bayterek qulaǵanday boldı.

Solay da bolsa, I.Qońır salıp ketken jol gónermedi. I.Qońırdıń ómirin izertlep júrgen ilimpazlar menen baylanısıwǵa miyasar boldım. Solar sebep bolıp, mádiyarlardıń taǵı birer wákili Nókiske keldi. Endi olar bizdi Mádiyarstanǵa mirát etti. Mádiyar jurtı menen qayta baylanıs ornatıldı. Bayaǵıdan berli barıwdı niyet etken mádiyar jerin kóriw baxtı bizge de nesip etti. Budapeshtten baslap Balaton kóliniń boyına shekem barıp qayttıq. Mázi barıp qaytpadıq, qaraqalpaq xalqınıń milliy sániyatın da ol jaqtaǵı bawırlaslarǵa tanıstırdıq. Turan quraltayında bárshe túrki ulısları qatarında Mádiyarstanda Qaraqalpaqstannıń mámleketlik bayraǵı da kóterildi, qaraqalpaq namaları da jańlap turdı.

Mádiyarstanǵa barmastan burın-aq ol jaqta qaraqalpaq tilin úyreniwge tilek bildiriwshilerdiń bar ekenligin ańladıq. Olardıń talapların qanaatlandırıp, kitaplar jiberdik, zárúrli ilimiy ádebiyatlardı jetkizip berdik. Bunnan bir yarım ásir burın ataqlı sayaxatshı Armeniy Vamberiyge erip, Evropaǵa barıp qalǵan jerlesimiz Molla Ishaq birinshi márte mádiyar ilimpazların qaraqalpaq tilindegi tekstler menen tanıstırǵan



www.ziyouz.com kutubxonasi

bolsa, búgin mádiyarstanlı jaslardıń ózleri qaraqalpaqsha úyrenbekte. Usılayınsha I.Qońırdıń túrki tillerin tereń úyretiw tilegin qollap-quwatlawshılar sanı kóbeymekte.

Bir waqıtları biz I.Qońır menen ushırasıw tilegin kewlimizden keshirgen bolsaq, shınında da táǵdir bizdi bul insan menen duwshakerlestirdi, mádiyar jurtın kóriwdi niyet etken bolsaq, ol tilegimizge de jetkizdi, ana tilimizdiń sol jaqlarda da úyreniliwin oylap júrsek, bul baslamanı da olardıń ózleri kóterip shıqtı.

I.Qońırdı kóriwge bolǵan ıqlastan baslanǵan arzıw-maqsetler usılay dawamlı ráwishte ámelge asıp bardı hám buniń tórkininen ata-babalardıń «tilekti perishteler esitip turadı» degen kóregen sóziniń sarras aytılǵanlıǵın da uǵınǵanday boldım. Awa, hárkimniń tilek gilti ózinde eken-dá!

## Aytbay BEKIMBETOV
*(1919-1979)*



*A.Bekimbetov 1919-jılı 5-mayda Tórtkúl rayonınıń Ullıbaǵ awılında tuwılǵan.*

*Dáslep Tórtkúl medicinalıq uchilishesin, Áskeriy aviaciyalıq ushqıshlar mektebin pitkergen. Ekinshi jer júzilik urısınıń qatnasıwshısı.*

*Jazıwshınıń «Awır táǵdirdi jeńiwshiler» (1957), «Sırlı izler izinen» (1963), «Awır sınaqlar» (1975), «Ájayıp áwladlar» (1970), «Gúres» (1961) sıyaqlı povest hám romanları qaraqalpaq prozasında belgili orın iyeleydi. Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵın aldı (1972).*

*A.Bekimbetov — Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri.*

*1958-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## AWÍR SÍNAQLAR
*(povestten úzindi)*

Awıldaǵı qariyalardıń: «Jol azabı — gór azabı», dep óz ara aytısıp otırǵanında, men ol sózlerdiń shın mánisine hesh túsinbeytuǵın, itibar bermeytuǵın hám onshelli qulaq salmaytuǵın edim. Endi oylap qarasam, olar alıs joldıń barlıq azabın, dártin, awır múshkilin shegip kórgen soń shıdamay aytadı eken. Haqıyqatında, dúnyada jol azabınday jaman, janıńa tiyip, qorlıǵımdı keltiretuǵın heshnárse joq shıǵar deymen. Mine, búgin Shahinshahtiń sháhárinen shıqqanımızǵa sarras segiz ay boldı. Aradan kewilsiz báhár menen quyashlı jaz ótip jemisli gúz kirdi. Birneshe awıllar menen qalalar, toǵaylar menen tawlar artımızda qalıp qoydı.

Biraq, hesh jerde ele Mákkeniń qarası kórinbeydi. Aldımızdan shıqqan ziyaratshı hajılardan sorasaq, ele Mákkeniń jarı jolına da jetkenińiz joq. — Ele ushı-qıyırı kórinbeytuǵın sheksiz teńizlerden, ya bolmasa ústinen qus ushpaytuǵın suwsız sahralardan ótesizler, — dedi. Bunday kewilsiz, qorqınıshlı xabardı esitip meniń etim juwlap, tóbe shashım tik turdı. Aqırı, Shiyrin menen meniń jayaw júriwden tabanımız tesilip, dińkemız qurıp, kózlerimiz ábden sarǵaydı. Onıń ústine kesh bolıp, bizlerdiń belgili jataq jayımız, ıssı awqatımız hám tósek-kórpeshemiz de joq. Diywanaday hár úydiń esigine barıp: «Mákkege baratırǵan ziyaratshı musılmanbız, qudayı qonaq etiń» dep tilenip, telmirip turǵanımız. Birewler qabıl etip shay-suw berse, ayırımları tońqıldap quwıp jiberedi. Bazıbir kúnleri hesh jerde baspana taba almay quw dalada, jawın-shashınnıń astında qalǵan waqlarımız da bar. Sonday-aq, háptelep, aylap ıssı awqattıń qarasın kórmey, kógerip ketken qattı nan menen júrekjalǵaw etemiz. Sadaǵası keteyin, qatqan nandı udayına jey berseń isheklerıń de tas bolıp, tartılıp qaladı eken. Bul joldıń ayawsız azabı mennen de kóre Shiyrinniń janına ábden battı. Kútiwsiz bolǵanı ushın aǵam onıń shashın alıp tasladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sol kúni Shiyrin shashınan ayırılǵanına sonday ızalanıp, yarım túnge shekem jer tepsinip jıladı. Oǵan meniń de, qorlıǵım kelip eriksiz túrde kóz jasımdı seldey tóktim. Aqırı, Shiyrin ekewimizge hawazası jer jarǵan Mákkeniń ózi de kewilimizge tanıstay, talay márte kórip jalıqqan hám kórki qashıp barlıq sáni álleqashan óshkendey bolıp seziledi.

Jolımız alıslap, dińkemiz qurıp, mazamız qashqan sayın barlıq nárse bizlerge jat sezilmekte. Keshe bizler tosınnan bir áwliyeniń ústinen shıqtıq. Onı aylanıp ótiwge soqpaq izlep ján-jaqqa qarasaq, kóz ushında bul qoyımshılıqqa qaray shubırısıp kiyatırǵan kóp adamnıń qarası kórindi. Aǵam: «Tabıttıń aldınan kesip ótiwge bolmaydı, gúnaǵa batamız» dep joldıń shetinde dárriw toqtadı. Adamlar bizge jaqınlaǵan sayın tula boyıńdı titiretip, zárreńdi ushıratuǵın zarlaǵan jabayı dawıs shıǵaradı. Men qızıqsınıp qayǵılı júriske kóz astınan qarasam, olardıń úlken-kishisi — bári de eki qolı, mushı menen óziniń mańlayına, kókiregine urıp: «Shah Húseyin, way Húseyin!» — dep shuwlasıp, qalay bolsa solay, qızıl qanǵa boyalıp, tula boyın tútip kiyatır. Biraq, aǵam aytqan tabıt heshqaysısınıń qolında kórinbedi. Men bul kórinisten seskenip tursam, Shiyrin kózin jumıp aǵamnıń arqasına tıǵıldı. «Tiksinbeń, bul qızılbaslardıń múkárrám ayında Házireti Áliydiń balası Húseyinniń húrmetine tutatuǵın háptelik matamı», – dedi bizlerdiń shorshınǵanımızdı sezip.

Bizler arqalanıp-dorbalanıp qas qarayǵan waqta eki eldiń shegarasındaǵı náwpir dáryanıń jaǵısına keldik. Biraz táshwishten, tekseriwden keyin gúzarshılar júgimizdi qabıl etip kemesine júkledi. Al, jolda policaylar soń ózlerimizdi birme-bir, atpa-at shaqırıp kiyin sheshindirip tula boyımızdı kórgennen keyin ǵana gúzarǵa miniwge ruqsat etti. Sóytip, nedáwir waqta dáryadan óttik. Hesh jaqqa barmay jerde jatatuǵın bolıp aǵam júkti ashtı da birden qorqıp artına qaradı. Abaysızda tastan Shiyrinniń ústine jıǵılıp qalayın dep edi. Men bolıp júkti qarasam, qarańǵıda onıń ishinen 12-13 jaslar shamasındaǵı bir bala shıqtı. Bul tańqalarlıq



www.ziyouz.com kutubxonasi

waqıyağa meniń de, Shiyriniń de úreyimiz ushıp, tóbe shashımız tik turdı. Ol balanıń negr bolğanı menen awzınan shığar úni joq. Tula boyı qaltırap, shiy kózleri shoq juldızdıń sıńarınday janıp baratır. Jas júregi saattıń tilindey ses beredi. Ol anadan tuwğanday qıp jalańash, tek putında qarıstay látte kórinedi.

Ağam onnan: — «Hey, netken balasań? — Biziń júktiń arasında ne qılıp júrseń, urımısań, ya qashqınbısań?», – dep soradı.

Biytanıs bala birden ne derin bilmey, jılamsırap, tutlığıp qaldı. Qaltırağan kishkentay, názik qolların kókiregine qısıp jalınıshlı túr menen ağamnıń ayağına jığıldı. Gúńelektey gúńirenip bir nárseni bıldırladı.

Usı waqta men onıń qaq mańlayı menen jawırınında jaqtısına jarq etip sáwlelengen bestiyinlik baqırday tamğasın kórdim. Dárriw ol meniń tınıshsız oyımdı qanday da bir sırlı waqıyalar tereńine alıp ketti...

– Sen jógishilik etip mağan jalınba, jalbarma, ádep jasıńdı tıy. Bolmasa házir policaydı shaqırtıp uslataman. Sóyle, sonsha tintiwden, tekseriwden qolğa túspey qalayınsha biziń júkke jasırındıń?

Ağam balağa qaray jekirinip abay etti. Músápir bala sestin de shığarmastan jılap jiberdi de, jer bawırlap qabırshaqlı qurğaq erni ağamnıń iplas gewishinen qayta-qayta súydi. Bizler Hajığa baratırmız.

Ele kim bilsin, ol bala qanday táğdir menen biziń júkke jasırınıp, basqa elge qashıp ketiwge májbúr boldı? Meniń ol balağa rehimim kelip, janım ashıp, ağamnıń ayawsız ğázebine qalğanımdı bilsem de dárriw arağa túsiwge májbúr boldım:

– Ağa, bereket tabıń, meni sókseńiz de, ursańız da sol balağa azap bermeń, tiymeń, onıń ózi jetim, jalğızğa uqsaydı. Onı oğırı ayap turman, azanğa shekem ózi menen birge jatıp túp-dáregin, barlıq sırın bileyin dedim, — jalınıshlı túrde.

Ağam túnnen de beter túnerip mağan ashıwlı kózlerin tikti de:



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Haq kewili menen hajıǵa baratırǵan musılmannıń qudanıń aldında shigittey gúnası, qıyalday ótirigi, heshqanday qıyanetshiligi bolmawı kerek, balam. Sonıń ushın biz bul balanı házir jasırsaq, bile-kóre gúnaǵa batıp qıyamet-qayımda onıń sazayın shegemiz hám etken ziyaratımız da qabıl bolmaydı, – dedi sózlerin nıǵaytıp.

Men endi aǵama qarsı ne aytarımdı bilmey lal bolıp qaldım. Ol bala bolsa meniń qáwenderlik, ǵamqorlıq háreketimdi kórip, miyirmanlıq súyew sózlerimdi esitip, úmitgóy kózlerin maǵan tikti. Tap shamshıraqtay janǵan bul eki qarashıq meniń tula boyımdı titiretip, sheshiwshi sóz aytıwǵa — haqıyqat kepillik etiwge shaqırdı. Birden júregimdi kernegen ıza otına shıday almay: Eger bul balanı policayǵa uslap berseń, men ózimdi tap mına dáryaǵa ataman. Aqır ol menińdey bala ǵoy, qańǵıp júrgen biyshara ǵoy!, — dep jılap jiberdim.

Meniń sońǵı sózlerim aǵama qatań tásir etkendey ol otırǵan jerinde sazırayıp qattı da qaldı. Kózleri alarıp, qas-kirpigi tikendey shanshıldı. Betiniń bulshıq etleri shabaqtay shapshıp, tula boyı qaltırap ketti. Men kóz astınan onıń keskinlesken jaǵdayına qarap eriksiz hám kúshsiz háreketin sezip otırdım, al meniń sózimniń baǵdarına túsingen biytanıs bala bolsa qanatı jetilgen palapanday birden dúrlep ushıp janıma keldi de, qamıstay qolları menen moynımnan qushaqlap bet-awzımdı, kóylegimdi kóz-jasına juwdı. Onıń dúrsildep soqqan quwanıshlı júregi qanalas besiktey ekewmizdi qosa terbetti. Al, onıń laplaǵan qızǵın lebi bolsa, sharshaǵan denemdi qamırday bosatıp, tunjıraǵan kewlimdi ábden eljiretip jiberdi. Ol meni usı qushaqlawdan tap tań atqansha sirá jazdırmadı hám kún shıqqansha tap sahranıń búlbilindey sayrap óz ómirin bayan etti. Bizlerdiń balalıq kewlimiz birge tolqıp, qızǵın júregimiz birge soqtı. Shoqtay janǵan kózlerimiz juldızlarǵa jarısıp birge kúldi. Áyyemgi arab jeri bizlerge jumsaq tósek bolıp, kógis aspan egizdiń anasınday ekewmizdi de qosa qımtadı.

Men ol balanıń jaǵımlı, jumsaq tiline túsinbesem de, qızǵısh



www.ziyouz.com kutubxonasi

erniníń qıbırlısı menen súykimli júzinde túr bergen sırlarǵa tolqıǵan júreginíń únine, ashıq mańlayı menen judırıqtay jawırınına basılǵan qullıq tamǵanıń qayǵılı sırına kirli denemdi seldey juwǵan kóz jasın sózsiz túsindim. Olar maǵan jeti jasınan áke-sheshesinen ayırılıp jetim qalgan kurdi balası Bahramnıń ayanıshlı turmısın, kisi esiginde telmirgen tragediyalıq táǵdirin, on úsh jasta ómirlik qul bolıp kómir kániníń shaxtasına túskenin izbe-iz elesletip máńgige esimde qaldırdım.

Azan menen aǵama bir túnnii ishinde-aq tuwısqan-tatıw bolıp qalǵan Bahram tuwralı esitkenimnni bárin de qaldırmay ayttım. Hám onıń quwǵınnan, tutqınnan qutqarıp ózimiz benen birge alıp keteyik dep jalındım. Aǵam adırayǵan kózlerin maǵan tigip, kirpik qaqpastan lal boldı da qarap qaldı. Biraq, men onnan ózimnni jalınıshlı hám de talapker, úmitgóy názerimdi alıp sirá taysalmadım. Aǵam meníń sheshiwshi oyıma, qaysarlıǵıma ózinshe túsingendey suwıq demin alıp awır gúrsindi de, «máyli jolǵa shıǵa beríń» dedi.

Quwanǵanım sonshelli birden aǵamnıń moynınan qushaqlap onıń dus kelgen jerinen súygim keldi. Biraq, jaǵadaǵı jat adamlar menen jalaqlasıp júrgen policaylardan uyaldım hám qáwipsindim. Sebebi, Mákkege ziyaratlap baratırǵan adamlar úyindegidey erkelenip sebepsiz súyise bermeydi eken. Sonda da ishimnen aǵama nayatıy ırza bolıp, oǵan mıń-mıń márte raxmetler ayttım.

Bizler júrip kettik. Bahramnıń gáwharday janǵan quwanıshlı kózleri jańa shıqqan kún menen shaǵılısıp kiyatır. Ol ózin anadan jańa tuwılǵanday oǵada baxıtlı, erkin sezbekte.

Bir waqıtları tosattan Shiyrinnii totı qusı dárya betten ushıp kelip ústimizde azǵantay pál-pállep júrdi de, keyin birdeygidey onıń iynine qondı. Bul palapan totı qustı jolda Shiyringe uslap alıp bergen edim, onı saqlap kiyatırmız.

Posqınshı lolılarday arqalanıp baratırmız. Ádette aldımızdan shıqqan ziyaratshılardıń aytqanları durıs eken. Bizler jáne de úsh ayday jol júrip, bir ushan teńizdiń jaǵasına keldik.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Aǵam orazanı tutqan tún ushan kemege minip, bul teńizdiń qızǵısh túsli suwında júze basladıq. Sóytip, áyne orazanıń aytı kúni azanda dabırası jer jarǵan Muhammedtiń tuwǵan jeri — Mákkege de jettik. Aǵam janındaǵı joldasları menen ayt namazın oqıw ushın bizlerdi sırtta qaldırıp, káramatlı saray bolǵan – Kaabaǵa kirdi. Bizler úshewmiz ájayıp binanıń aldında qalıp qoydıq.

Sonsha jerden azap shegip qıynalıp kelgen soń hesh bolmasa bul saraydıń ishin kóriwge, ziyaratshılardıń qanday názir etip, ne isleytuǵının biliwge meniń de kózim qızıp qumar ettim.

Sóytip, ne qılarımdı bilmey ar-sar bolıp turǵanımda álleqaydan qasımızǵa aq sálleli, ayrıqsha appaq kiyingen úsh bala keldi. Olar meniń janımda turǵan Shiyringe qarap: — Sen de Kaabaǵa kirmekshimiseń, óytip qızlardı kirgize me eken? — dedi úshewi de, bir awızdan tańlanǵan túrde.

— Joq, ol Kaabaǵa kirmeydi. Al, meniń ózim kirejaq edim. Biraq, sizlerdiń ústińizdegidey ayrıqsha kiyimlerdi qayaqtan aladı hám Kaabaǵa kiriw ushın ne islew kerek ekenin bilmey turıppan, — dedim.

Olardıń birewi oylanıp turdı da «názirpulıń bolsa, men hámmesin de kórsetemen hám úyretemen», — dedi.

Men lal bolıp qaldım. Óytkeni, qasımda qara tiyinim de joq edi. Uyalǵanım, qısınǵanım sonshelli, birden eki betim ottay janıp, kózimniń aldı tınıp ketti. Zárre yadıma Shiyrinniń dáryaǵa taslaǵan altını tústi. Ókinishim ishime sıymay baratır.

Biraq, házir ol altınnan maǵan ne payda?.. Meni tereń oydan, qolaysız jaǵdaydan Bahram shıǵardı. Ol muttasıl tiliniń astında saqlap júrgen altın pulın shıǵarıp: — «Má dostım, sen Kaabanı kórip shıǵa ǵoy», — dedi.

Aradan kóp waqıt ótpey-aq men de qádege muwapıq shashımdı, tırnaqlarımdı aldırıp, monshaǵa túsip, aq sálle menen appaq kiyim kiyip, Kaabanıń bosaǵasınan atladım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Beknazar ERNAZAROV
*(1954)*



*B.Ernazarov 1954-jılı 11-avgustta Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik universitetin pitkergen.*

*B.Ernazarovtıń «Aqqus» (1992), «Ministrdiń shofyorı» (1994), «Mıń qızdıń ashıǵı» (1995), «Shek» (1997), «Tań atqanda» (2015), «Alıstaǵı awılda», «Dáwir nápesi» (2016), «Salaqbaydıń múlkleri» (2016) «Puls izlegen bala» (2017) baspasında basılıp shıqtı.*

*B.Ernazarov — «Shuhrat» medalınıń iyesi (2016).*

*2001-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## Q Í Y A L P A R A Z
*(ótirik-roman)*

### ÁJAYÍP BALA
*(ózim haqqında)*

1-kitap

Men ózi kishkeneligimnen, hátteki tuwılmay atırıp-aq oǵada aqıllı bolǵanman. Shın aytaman. Men hámme nárseni bile beretuǵın edim. Inana beriń, gápimniń heshqanday jalǵanı joq. Aqılımnıń basıma sıymay ketkenligi sonshelli, anamnıń qursaǵında jatırǵanda-aq shashım túsip qalǵan, yamasa óspey qalǵan, qullası men basımda bir tal shashı joq shaqshabas bolıp tuwılǵanman.

Keyninen ósken, bir ayda ma, on bir ayda ma, qullası ósken ǵoy...

Óytkeni, qursaqta jatıp-aq apama, talay aqıl-keńesler bergenmen. Sonı aytsam, adamlar hesh isenbeydi. Sizlerdiń ózlerińiz meniń bul gápime isenbey otırsız. Meni aldap otır dep oylaysız. Jalǵan aytıp otırǵanım joq. Bul meniń shın sózim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Men ishte jatıp-aq tońıp atırǵanımdı aytqanda, apam jıllı jayǵa kirip jılınǵanların bilmeysiz. Ash bolıp atırǵanımdı aytqanımda, apam degen mazalı-mazalı awqatlardan jep toyıp aldı. Qısılıp qalǵanımdı aytqanımda apam belbewin sheship jiberip ráhátlengenin sizler qaydan bilesiz. Ol waqıtları sizler qaptalında joq edińler. Awa...

Usınday ájayıp hádiyselerdi aytqanımda, kópshilik tap sizlerdey bolıp maǵan isene bermeydi. Meni balalar atı-jóni joq «qıyalparaz» dep ataytuǵın edi. Gáplerime isendireyin dep sonsha urınsam da meniń háreketlerim biypayda bolıp shıǵa beretuǵının qáyterseń. «Men qıyalparaz emespen» dep qattı baqırǵım keledi. Biraq, sózime itibar bermey kúlisedi. Basların shayqap «qıyalparaz» dep qoyatuǵınların aytpaysań ba...

Usınday waqıyalardı aytsam, heshkim maǵan inanbaydı. Qıyalıysań, qıyalparazsań, — deydi. Ózimniń «qıyalparaz» emes ekenligimdi aytqım keledi. Heshkim sózimdi óre bastırmaydı. «Qıyalparaz emespen» desem, heshkim sózimniń aqırına shekem tıńlaǵısı kelmeydi. «Qıyalparaz» deydi, «máyli» deymen. Sonnan «qıyalparaz» atanǵanman. Isendiriw wazıypam emes.

## JÍLAN MENEN SÓYLESIW

Ayta bersem gáp kóp. Sizler gá isenip, gáhi isenbey otıra berersiz. Qullası qálem, dúnyaǵa kelgennen keyingi waqıyalardan-aq aytıp bereyin.

Jaz kúnleriniń birinde júre almasam da, eńbeklep ketip qaldım. Úydiń aldındaǵı gújimniń astına qurılǵan qarúydi aylanıwdan men tuwılmastan burın-aq tilin biletuǵın bir jılanǵa jolıqtım. Moynınan qısıp uslap, bet aldıma taqap sóyleseyik dep otırǵanda apam kórip qalıp, talıp tústi.

Onıń ashshı dawısın aǵam esitip, juwırıp jetip keldi. Átóshkúr menen jılannıń basın qısıp, bilegime oralǵan quyrıǵın zorǵa ajıratıp aldı. Olardıń kúlkili háreketlerine ishek-silem qatıp kúlip, bir ház etip qaldım. Aǵam meni kóterip júrip, apamdı zorǵa esine keltirip aldı. Aǵamnıń ózinen soray qoyıń. Olar biledi. Awa, apam onı jaǵasına túkirip otırıp aytadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SHÓJE WAQÍYASÍ

Men ózim aytıp otırǵanday oǵırı aqıllı, tapqır balaman. Hátteki, qálegen qustıń tilin bilemen, olar menen biymálel sóylese beremen. Jılan waqıyasınan keyin ana tawıqqa erip júrgen temirqanat shójeler menen oynaǵım keldi. Sebebi, men olardıń tiline jaqsı túsinemen ǵoy. Jánlik quwıp júrgen shójelerge eńbeklep jaqınlastım. Ana tawıq shójelerin ash bolıp qalmasın dep shekshek tawıp, úrkitip balaları betke quwadı. «Ash bolıp qalasań. Jep, toyıp ala ǵoy» deydi. «Ǵoq-ǵoq» dep júrgeni menen heshnárse sóylemeydi dep oylamay-aq qoyıń, olar sóylesedi. Men bilemen-dá. Ana tawıq ta jánlik quwıp júrip, shójeler men sóylesip atırǵanlarıma túsinedi dep oylamadı. Qaysı tawıq adamlar menen sóyleskenin kórdiń, hátte esitkeniń de joq. Onday adam burın tuwılmaǵan. Sonnan keyin sizler bilmeysizler.

Qullası, jaqınlap barıp, sózlerin tıńlap otıra berdim. Shójeler anıq toyıp bolǵannan keyin óz ara jánjellese basladı. Tıńlasam tóbelestiń bası, bir shekshektiń balasınıń ústinde eken. Birewi jeyin dep atırǵanda ol ózi sekirip ekinshi shójeniń aldına bara qalıptı. Aldına ózi kelgen shekshekti qaǵıp almaytuǵın shóje bar ma? Uslap almasa ańqawlıq boladı. Ol uslamaǵan menen shekshek jáne bir sekirse, qalıńnıń arasına kirip jasırınıp qaladı. Onnan keyin ol ekewine de joq. Ekinshi shóje usını aytsa, birinshi shóje men hesh jaqqa qashırmaytuǵın edim, jetip turıp edim, tapjıltpay qaǵıp alar edim deydi. Ekinshi shóje uslatayuǵın bolsań, nege uslamadıń, quwalap júrip ediń ǵoy deydi. Olar birin-biri shoqısıp júrip meniń qasıma kelip qaldı. Ójet shójeniń birewin uslap aldım. Shırqırap jılap jiberdi. Ana tawıq ushıp kelip basıma bir tepti. Buǵıp qaldım. Biraq, ońbaǵanday bolıp tiydi. Qaptalımdaǵı salmaǵa qalay dumalap túskenimdi bilmey qaldım. Apam tawıqtı qarǵawı menen meni salmadan kóterip aldı. Qolımda shóje ele shırqırap atır. Ol da suwǵa mantıǵıp qalǵan ǵoy. Men de ırımın isleyin dep jılap jiberdim. Jılap otırıp shójege tóbelespew kerekligin túsindirip atırman. Bir waqıtları shóje «awırdı-



www.ziyouz.com kutubxonasi

awırdı» dep tınıp qaldı. Apam «jiber-jiber» dep atır. Shójeni ayaǵannan jazdırıp jiberdim. Bolmasa, oǵan jaqsılap túsindirip qoyatuǵan edim.

Biraq, sonnan baslap olar ekewi hesh tóbelespeytuǵın boldı.

Inanbasıńız, apam buǵan gúwa. Men qam gápti aytpayman. Ózim de jılap júrip sol shójeni aqıllandırıp úlgergenimdi esitkenler betime mánili qarap qoyadı. Isendiriw wazıypam emes ǵoy. Men tek bolǵan waqıyanı aytıp otırman.

## KÓRINBES BOLǴANÍM

Men sizlerge kórinbes ǵayrıtábiyiy qásiyetimniń barlıǵı, onı qalay bayqaǵanım jóninde aytıp bermekshimen.

Jaz ayı edi. Ózimniń ele tolıq júre almaytuǵın waqtım. Ayaǵımdı apıl-tapıl basaman. Jıǵılıp qala beremen. Onnan keyin eńbeklewdi abzal kóremen. Geyde eki jambas penen-aq júrip, birtalay isti tındırıp taslay beremen.

Eki jambasta jılısıp heshkimniń dıqqatın tartpay qarúyden sırtqa shıqtım. Niyetim ushıp júrgen quslar, sekirip-qonıp júrgen jánlikler menen sóylesiw edi. Olar da meni balasınıp mennen ólemata úrke bermeytuǵının bilemen. Meniń átirapımda júrip erkin sóylese beredi. Oh, bilseńiz edi. Olardıń sózin tıńlaw, olar menen sóylesiw qanday jaǵımlı.

Qarúyden alıslamay atırıp-aq anamnıń qorqınıshlı halattaǵı «bala qayda?» degen dawısı esitildi. Izlep shıǵatuǵının bildim de ayaǵımdı aldıǵa sozıp jiberip otıra qaldım. Qarúyden zıńǵıp shıqqan anam meniń atımdı aytıp shaqıra basladı. Qorıqqanınan dawısları da ábeshiy bolıp ketken. Júzine qarasań kózleri uyasınan shıǵıp keteyin dep turıptı.

– Jańa ǵana qasımda oynap otırıp edi ǵoy. Demniń arasında qayda ketip qaldı eken?..

Men bayqap turıppan úlkenirek qus, yamasa qańǵımay iytler kiyiminen ilip alıp ketip qalǵan joq pa eken dep oylap úreylenip, júregi qanasına sıymay baratır. Usı jerde adamlardıń pikirin oqıw qásiyetimniń bar ekenligin bayqap qalǵanımdı jasırsam bolmas. Ol waqıtları aytıp otırǵan gáplerim qıyaldan



www.ziyouz.com kutubxonasi

toqılǵanday bolıp qalar edi dep oylayman. Kúlmeń. Inana beriń, shın sózim.

Sóytip, apamnıń betine qarayman, meni hesh kórmeydi. Hayran bolıp úńilemen kelip. Yaq, meni sirá kórip turǵan joq. Bir-eki márte ústimnen iynimdi qaǵıp arman-berman ótti. Onıń qaǵıp ótkeni maǵan da bilingen joq. Kózge kórinbes dumannıń arasınan ótkendey boldı da qoydı.

Apamnıń pútkilley esi ketti. Atımdı aytıp, jay menen qarúydi aylanıp juwıra basladı. Ergenegi iliwli turǵan háremniń aldına eki barıp qayttı. Ergenek iliwli turǵannan keyin meniń kire almaytuǵınımdı bilip izge qayta beredi. «Jańa bar edi ǵoy. Qayaqqa ketip qaldı?» degennen basqa qıyalında heshnárse joq. Qaptalıma kelip turdı. Átirapqa alaqlap kóz jiberip tur. «Meni kórdiń be?» dep soraytuǵın átirapta tiri jan joq. Apam quslardı, tawıqlardı «tiri jan» dep oylap turǵan da joq. Óytkeni, apamnıń pikirinshe olar sóylemeydi. Meni kórgen jaǵdayda da qayaqqa ketkenimdi ayta almaydı.

Apam otıra salıp jılap jiberdi. Qattı ayap kettim. Ol mennen pútkilley ayırılıp qaldım dep oyladı. Eńirep jılay basladı. Meniń shıdamım jetpedi. Júregim eljirep ketti. Biraq, ózim de hayranman! Qasında turǵan meni kórmegeni qalay? Kózi baylanıp qalǵan ba? Oynap islep atır dewge shın kewlinen eńirep jılawda.

Náreste tili menen gúbirlenip, apamnıń jawırınına asılıp sıypalay basladım. Apam birden selt ete qaldı. Ózi de tım-tırıs boldı. Baybaylap jılap atırǵan apam endi hayranlıqtan esin joytıp aldı. Inanarın da, inanbasın da bilmeydi. «Qayaqtan kelip qaldı. Shınnan da balam ba? Baǵanadan berli shır-gúbelek bolıp aylanıp júrgende kórmegenim be? Esim awıp ketken joq pa?!»

Pikirin bilip otırman. Ol elesti úrkitip alatuǵın adamday áste arqasına burıldı. Ne bolǵanın bilmey hayranı shıǵıp, qushaǵına qısıp meni ayalap-aymalay basladı. Gá betime úńiledi, gáhi «usı shınnın da balam ba?» degendey bawırına basadı. Háreket qayta-qayta qaytalandı.

«Jin be, shaytan ba, meniń balam ba? Meni ǵáplet bastı



www.ziyouz.com kutubxonasi

ma? Qasımda turǵan balanı qalayınsha kórmegenim. Meni jin urǵan joq pa? Jin urayın dep turǵan joq pa?».

Apamnıń oyına izi tawsılmaytuǵın sorawlardan basqa heshnárse kirip shıǵıp turǵan joq. Aqılı hayran. Ózi bergen sorawǵa ózi juwap taba almaydı.

Men bárin bilip turman. Apama «men ǵoy» dep aytıp atırman, ol meniń tilime túsinip te turǵan joq.

– Janım, janım! Qayaqqa ketip qaldıń? Qorqıp qaldıń ba? Usı jerde me ediń?!

Júzimnen aymalay beredi.

Men bárine túsinip juwap berip atırman. Apam meniń «Háw-w» degenime «quwanıp atır» dep oyladı.

— Nege kúlesizler?! Kúlmeń, shın sózim. Sonnan baslap, birewdiń oyın oqıw, kórinbeslik ǵayrıtábiyiy qásiyetimniń bar ekenligin ańladım. Bulardıń barlıǵın ómirim dawamında dım kóp qollandım. Ele olarǵa ózlerińiz de gúwa bolasızlar...

## SÍBÍRLASQAN HÁKKELER

Awıldıń ráháti óz aldına ǵoy. Qısı-jazı balalarǵa jumıs tabıladı. Úlkenler balalarǵa juwapkershilik júklep qoyadı. Apamnıń tapsırǵan jumısları meni oǵada quwandıradı.

Men kim menen oynasam da til tabısıp alatuǵınımdı bilesizler. Ásirese, quslar, haywanlar menen ushırasıw meni hesh jalıqtırmaydı. Óytkeni, sizler meniń quslar menen haywanlar tilin biletuǵın tuwma qábiletimniń bar ekenligin jaqsı bilesizler. Sonlıqtan da jalǵız qalǵanǵa hesh ókinbeymen. Óytkeni, dus kelgen shójeler, jánlikler menen de sóylesip til tabısıp kete beremen.

Tawıqlarǵa kóz-qulaq bolıw maǵan júklengen. Jabayı quslardıń, shójelerin, jabayı haywanlardan ózlerin qorǵap júriwim kerek. Hákke degen shıq-shıqlap aylanıp ushıp júrip arqayın jayılıp júrgen shójelerdi qaǵıp aladı da ketedi. Ana tawıq shırlap, qarǵanıp zar-zar jılap qala beredi. Qanatlap quwayın dese usha almaydı. Qıyqıwlap baqırıwdan basqaǵa shaması kelmeydi. Olardı usı qáwipten saqlaw ushın sırtınan



www.ziyouz.com kutubxonasi

baqlap bir tasada jasırınıp jatır edim. Eki hákke qaptalımdaǵı terekke qonıp alıp, sıbırlasıp sóylese basladı. Hár sózdi bir aytıp ján-jaǵına bir qaraydı. Nayatıy sezgir bolsa da meni bayqamadı. Men kórinbes bolıp qalatuǵın qásiyetimnen paydalanǵan edim-dá. Bunday ilahiy qásiyetimdi talay qollanǵanman, isene beriń. Ele bilip alasız.

Sóytip, sıbırlasqan hákkeler kók shóplikte jayılıp júrgen shójelerdi qalay alıp qashıw kerekligi haqqında sóylesip atır edi.

– Házir arqayın jayılıp júrgen shójelerge men bir tárepten hújim etemen, – dedi birinshisi.

– Abaylı bol, ana tawıq júdá ǵaybar, – dedi ekinshi hákke.

– Bilemen. Keshegide usınday tawıqtıń shójesin alaman dep júrip, tumsıǵına ilineyin dep qalǵanım esimde.

– Awa, sonı aytaman da. Tawıqlar da oǵırı sumlıqlı bolıp baratır ma?!

– Ekewlep ilajın tabamız. Sen ekinshi tárepten hújim eteseń. Qaysısımız shójelerdi ilsek te qashamız. Al, basladıq.

Meni bilesiz, nayatıy shaqqanman ǵoy. Olardan burın háreketke kirisip kettim. Qolımdaǵı tayaǵımdı tayarladım.

Hújim baslandı.

Ekewi eki tárepten hújim etip baslaǵan waqıtları tayaqtı jiberip qaldım. Birinshisin jalpaǵına saldım. Sol jerde jan tapsırdı. Tayaǵım jerge tiyip qayta serpilip ekinshisin qulattı. Kútilmegen hádiyseden esinen ayırılıp qalǵan ekinshi alaqanat tayaqtıń serippesine dus keldi. Tayaqtı sonday qılıp mólsherlep ılaqtırǵan edim-dá.

Paymanası tolǵan hákkeni ayaǵınan salbıratıp ildirip qoydım. Ekinshisin bosatıp jiberdim. Basqalarına bolǵan waqıyanı aytıp barsın dedim. Esitpegenleri, ya isenbegenleri sırıq basındaǵı qáwimlesin kórsin degen niyetim edi ǵoy. Shójelerim hákke qáwpinen qutıla qoydı. Arqayın ósken tawıqlar tezden kóbeyip ketedi, oǵada kóp tawıǵım bar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Gúlaysha ESEMURATOVA
*(1930)*



*G.Esemuratova 1930-jılı 18-fevralda Shımbay rayonında tuwılǵan.*

*Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkergen. Jazıwshınıń «Keste», «Ayday qız», «Qızım, saǵan aytaman», «Jiyren», «Sońǵı gúwalar», «Mıń da bir keshirim», «Dúwdendegi dápter», «Shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı», «Bári ómir haqqında» (3 tom), «Dáwirler nápesi» (2 tom) degen povest hám gúrrińler toplamları basılıp shıqtı. F.Dostoevskiy, B.Maylin, I.Chaykovskiydiń birqatar shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*G.Esemuratova — Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı (2012). 1972-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## TEREKTIŃ DE JANÍ BAR!
*(«Dúwdendegi dápter» kitabınan úzindi)*

Miyrim-shápáátlik eń aldı menen til-zibanı joq janlı-jánliklerge, japıraqları jasıl dónip jawdırap, adamlarǵa óziniń sayasın tógip turǵan tereklerge hazar bermewden baslanadı. Eger úlken terektiń kishkene bir shaqasın sındırsańız abaylaysız ba? Sharq etip yamasa shaq etip, hazarlanǵan jańǵırıq ses shıǵaradı. Ol ses shaqanıń heshqanday gúnasız sındırılǵan waqıttaǵı janınıń awırıp atırǵanın bildiredi degeni. Demek, terektiń janı bar. Inanbasańız, usı gúrrińdi oqıǵanıńızdan keyin úlken terektiń kishkene bir shaqasın-aq ásten sındırıp kóriń – qanday ses qulaǵıńızǵa keler eken. Ol dawıs sizge qanday tásir etedi. Onı da zeyin qoyıp, ziyreklik penen tosıń. Eger júregińizde azǵantay bolsa da miyrim-shápáátlik sezim oyansa, gúnasız shaqaǵa qıyanet etip, onıń janın awırtıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

atırǵanıńızdı abaylasız. Miyrimińiz kelip gúnasız shaqanı jazalap hazar keltirgenińizge ókinesiz! Joq onday sezimnen juda bolsańız, sizge onday ses túwe, onıń shaq etken qattı jańǵırıǵı da kár etpeydi. Demek, sen, janı awırǵannıń qanday bolatuǵının óz basıńızdan keshirmey, miyrim-shápáátliktiń qanday bolatuǵının bilmey, «mehir» degen sózdi, ulıwma ata-anańızdan esitpey ósken tárbiyasız, jaramas bala bolǵanıńız. Terektiń de janı bar!!

Miyrim-shápáátli balalar ǵana, óz watanın – anasın qorǵay aladı. Óz watanına isenimli perzent boladı.

## SEKIRIP BARATÍRǴAN BARMAQLAR

Bizler iri-qaba qızlar bektas oynap otırsaq, alısıraqta oynap atırǵan er balalardıń ájeptewir shawqımlasqan ashshı dawısları estildi.

Bárimiz bektastı tasladıq ta solarǵa qaray juwırdıq. Barsaq, ulı-shawqım jánjel, túsinbeymiz! Shawqım sózlerdiń bayqaslasaq, Abay menen Hásenbaydıń arasındaǵı jánjel bolǵan. – Ol jerde kishkene barmaqlar qanap, shorshıp baratır. Bul barmaqlar Hásenbaydıń barmaqları eken. Hásenbayda tús-shıray joq.

Bul jánjel bılay bolǵan.

Bular bel menen shuqanaq qazıp – sol shuqanaqqa beldi urǵan waqıtta – ishindegi topıraqtı bel shuqanaqqa túsemen degenshe qolı menen shaqqan sırtqa alıp taslay biliw – shaqqanlıq oyını!

Hásenbay birinshi bolıp men ala alaman! Abay «men» dep ójetlesken. Birinshi bolıp Abay – shaqqan alıp taslaǵan.

Ekinshi Hásenbay bir alǵan ekinshide úlgere almaǵan ótkir bel. Hásenbaydıń barmaǵın qırqıp túsken. Barmaqlar beldiń tiygen páti menen shuqanaqtan sırtqa sekirip shıqqan qan josıp. Hásenbay, Abay da albırap – shawqım kótergen. Kempir apası bunı esitip, juwıra kelip balasın qushaqladı. Kúni menen túrgelip turǵan Hásenbay talıp tústi. Adamlar onı úyine kóterip ketti.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Barmaqlar jazıldı – aqırında «Hásenbay sholaq» atandı. Abay úlken shıpaker bolıp erjetti – xalıqqa xızmet etti.

Áne, balalar, «Balalıq eske túskende, baqtırmay qalay ońaldıq» degen naqıl eske túse beredi.

## KERGIDEGI PUL

Urıstıń ekinshi jılı – asharshılıq, ash balalar tandırdı dógerekleydi. Tandır sup-suwıq – nan jabılmaǵanına kóp zamanlar boldı. Burın analar tandırǵa nan japqanda kúyik kúlge túsip qalǵan nanlardı qaldırıp ketetuǵın edi. Al, házir analar tandır tárepke qarap júrmeydi. Un tabılsa, qamırdı qazanǵa nandı qatırıp, onı da úyde neshe adam bar – solarǵa bólip beretuǵın ádet shıǵardı. Álbette, aqırǵı jaǵı balalarǵa beriledi. Sonlıqtan biziń Orazgúl birdey ash bolıp júredi. Bir kúni ol oǵada ash bolıp, qońsınıń qorasında asılıp ósip turǵan palawqabaqtıń náyshesin bara tisledi-ǵo. Ol ashshı degendi tıńlamadı. Onı ashshı bolsa da shaynap jep jiberdi. Biraq, awırmadı.

Gúz. Palawqabaqlar sarǵayıp pisiwge shamalasqanda Orazgúl urlap úzip alıp jemekshi bolıp túynekke asılıp atırǵanda iyesi bunı kórip qoyıp bermedi. — Bunı jegiń kelse úyińnen pul ákel, — dedi.

Aradan eki kún ótti. Anasınıń kergige salıp qoyǵan pulı joytıldı. Hámme izledi, tabılmadı.

Hámmemiz joqlawın asırdıq.

Sol aralıqta apam qarúyde paxta sabap otırıp, sırtta quwırshaq oynap otırǵan Orazgúldiń mına sózlerin esitedi:

– Há, maqaw, seni apama aytıp beremen. Apamnıń kergidegi pulın nege alıp Qoshekege berdiń. Ol úyine aparıp apasına berdi-ǵo. Maǵan tek kishkene palawqabaq berdi. Onı da ózleri otqa kómip pisirip, maǵan kirttay kesip berdi. Sen sonı da bilmeyseń. Endi jılama jat! Eger uyqılamasań bárin apama aytaman! Ol «puldı nege urladıń?» dep quwırshaǵına urısıp-urıp otırǵanın esitip qaldı. Apam bunı esitiwden Orazgúlge



www.ziyouz.com kutubxonasi

bildirmey qońsınıń úyine kergige jasırǵan pulın alıp keldi. Hám Orazgúlge puldı kórsetip edi. Ol: – Haw bul seniń kergidegi pulıń ǵoy, qaydan taptıń apa?, – dedi.

– Awa, qızım kergidegi pulımdı Qoshekeniń úyinen taptım. Endi sen kergiden pulımdı urlamaysań ba?, – dep qattıraq aytıp edi. Orazgúl birden jılap jiberdi de:

– Maǵan kóbirek nan berseńiz urlamayman-ǵo!, – dep apasınıń dizesin qushaqlap, solıǵın bastı.

## Túrkmenbay JIYEMURATOV
*(1953)*



*T.Jiyemuratov 1953-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. Tashkent mámleketlik universitetiniń fizika fakultetin pitkergen.*

*Shayırdıń «Gózzallıq» (1993), «Ushırattım bir gózzaldı» (1995), «Jaraǵan túye» atamasındaǵı poeziyalıq toplamları basılıp shıqtı. Birqansha gúrrińleri respublikalıq gazetalarda jarıq kórgen.*

*Ádebiy ismi: Muradıy.*

*1997-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## QAQPAN
*(gúrriń)*

Dúnyada túlkiden sum, túlkiden saq haywan bar ma? Túlkiden sum, túlkiden hiyleker haywannıń barlıǵı haqqında men usı waqıtqa shekem esitpedim. Biraq, túlkiniń hiylekerligi, onıń mákkarlıǵı, sumlıǵı haqqında kóp-kóp ápsanalardı esitkenmen, kitaplardan oqıǵanman. Hátte, adamlar arasında birewlerdi táriplegende «túlkidey saq», «túlkidey sum», «túlkidey hiyleker» degen teńewler eki gáptiń birinde qulaqqa shalınadı. Ózi kishkene ǵana haywan bolǵan menen túlki sumlıqtan, hátte adamlardı baplastırıp ketetuǵın payıtları



www.ziyouz.com kutubxonasi

kóp. Adamlardan onsha alıs emes, onıń menen aralasıp bir qaptalında jasaytuǵın túlki awıl adamlarına óziniń kóp ziyanın tiygizip turadı. Túlki oǵırı saq bolǵanlıqtan onı teginlikte tiriley uslay almaysań. Onı mıltıq penen atıp alıw da ońay emes. Adamlardıń kózine waqtı-waqtı kórinip turǵanı menen túlki áneyilikte qolǵa túspeydi. Degen menen, sumlıqtan, bir-birewge tásil islewden túlki adamnan asıp túse almaydı eken! Hiylekerlikti túlkiden asırıp túsirgen kim eken deysiz ǵoy? Ol «Shaytanawıl» dep atalǵan mákannıń turǵını – Káramatdin ismli kisi. Káramatdin qalay etip sumlıqtı túlkiden asırıp túsirgen deseńiz, ol bılayınsha bolǵan edi...

Neshshe jıl ańshılıq etip, qaqpan qurıp jabayı ańlardı awlaǵan tájiriybeli ańshı bolsa da Káramatdin túlkini hesh tiriley qolǵa túsire almay-aq qoydı. Tek bir saparı ǵana túlkini mıltıq penen atıp alǵanı bar. Ol da bir tosınnan, ǵayıptan-tayıp, sonsha jıllıq ańshılıq ómirinde bir márte áwmet kúlip qarawı sebebinen boldı. Bolmasa, túlkini tiriley qaqpanǵa túsire alǵan emes. Usı jerlerden ótedi-aw degen soqpaqlardıń barlıǵına da qaqpan qurıp kórdi. Qurǵanda da keyin qaytpasa túlkiniń sol soqpaqtan basqa júriw itimallıǵı joq jerlerge de qatarlastırıp birneshshesin qurıp kórdi. Usı saparı túser-aw dep barsa, dım sezilmeydi dep qurıp qoyǵan bunıń qaqpanlarına túlki hárgiz jaqınlamaydı. Káramatdin «qáytsem, túlkini qaqpanǵa túsiremen» dep kúni-túni oylanıp hayranlar boldı. Hár saparı qaqpan qurǵannan keyin áste baqlaw jasay basladı. Ózinshe oy juwırtıp, hárqıylı jollardı qarastıra basladı. Hár saparı túlki ótken jerden bunıń qaqpanları shabılǵan bolıp, biraq qaqpanǵa túsken heshnárse joq. Álbette, barlıq qılasıńdı túlki qılıp ketken-dá!

Qaqpanlardı bos shaptırıp ótkennen keyin túlki emin-erkin óziniń kewlindegi maqsetin islep búldirip kete berdi. Tek bir-eki márte Káramatdinniń shabılǵan qaqpanınan túlkiniń bir-eki súyem quyrıǵı shıqtı. Qaqpan túlkiniń quyrıǵınan ilip, túlki bir súyem quyrıǵın taslap qaqpannan bosap kete bergen. Káramatdin izlestirip baqlap kórse, sonsha sezilmestey



www.ziyouz.com kutubxonasi

etip qupıya qurılǵan qaqpandı da túlki barlap sezedi eken! Jay kóz benen qaraǵanda adam da sezbeytuǵın dárejedegi qupıya etip qurılǵan qaqpandı túlki qalay biledi eken?

Káramatdin kóp baqlawlardan keyin túlkiniń anıq ótetuǵın jolına qurılǵan qaqpandı qáwip-qáterli jerge kelgende seziklenip gúmanlanǵan túlki áweli quyrıǵı menen áste urıp kóredi. Álbette, túlkiniń quyrıǵı uzın — sala qulash bolǵanlıqtan alıstan-aq jerdi urıp, barlastırıp kóriwine tolıq múmkinshilik bar. Káramatdin izertlep bilse, óziniń qurıp qoyǵan qaqpanınıń dógereginde sheńber etip aylanıp júrgen túlkiniń izlerin kórdi. Bul izler jáne birneshshe teńgeyden ibarat úlkennen kishireyip baratuǵın sheńberler bolıp, eń aqır-sońında túlkiniń quyrıǵı jeterlik jerde qaqpannıń qasında tamam boladı. Demek, qaqpannıń turǵan jerinen seziklenip gúmanlanǵan túlki, dáslep alıstan sheńber jasap aylana baslaydı. Keyin sol sheńberdiń ishin boylap quyrıǵı jetetuǵın jerdiń bárin quyrıǵınıń ushı menen urıp barlastırıp kóredi, soń sol teńgeyge sekirip ótip ishki sheńber boylap qaqpandı aylanıp júre baslaydı. Birazdan keyin jáne ekinshi sheńberdiń ishi boyınsha quyrıǵınıń ushı menen barlıq jerdi ásten urıp kóredi hám ishkerige úshinshi sheńberge sekirip ótip, qaqpandı aylanıp júre baslaydı. Solay etip, áste-aqırın, izbe-iz júdá saqlıq penen túlki qaqpanǵa jaqınlay baslaydı. Eń sońında qaqpandı uzın quyrıǵınıń ushı menen urıp shaptıradı. Qaqpan quyrıǵınıń ushın ilgeni menen túlki ayaǵın tirep tisi menen tartsa quyrıq sıqpanap shıǵıp ketedi. Nabada, sál aljasıp quyrıǵın qaqpanǵa sál joqarılawdan shaptırıp alsa, qaqpannan quyrıqtı jazdırıp alıw múmkin bolmay qalǵan jaǵdayda quyrıqtıń ushın sındırıp qaqpanǵa taslap, ózi aman-esen qutılıp ketedi. Káramatdinniń qaqpanına túsip júrgen quyrıqlar áne usınday sál «esaptan aljasqan» túlkilerdiń taslap ketken quyrıqları eken! Túlki qansha sum, hiyleker haywan bolmasın, dúnyada adamnan aqıllı, adamnan hiyleker tiri maqluqat joq. Solay etip, Shaytanawıldıń ańshısı Káramatdin kóp baqlawlardan keyin hiyleni túlkiden de asırıp túsirdi!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Káramatdin qurǵan qaqpanınıń dógeregine túlki barlaw jasap sheńber etip aylanatuǵın jolınıń barlıǵına seziklenbestey etip bir tegis etip oshaǵan sewip shıqtı. Áne qalas, endi ne bolar eken!?

Túlki qádimgidey qáwiplenip qaqpanǵa jaqınlaw ushın onı sheńber boyınsha aylanıp, quyrıǵı menen jerdi urıp barlastıra basladı. Hárbir sheńber boyınsha ishke sekirip ótip, quyrıǵı menen jerdi urıp kórip, saqlıq islegen sayın túlkiniń quyrıǵına oshaǵan kóbirek jabısıp bardı. Túlki bolsa óziniń quyrıǵına jabısıp qatıp atırǵan oshaǵanlardı esapqa almay haywanlıq etip, esaptan «aljastı». Aqır-sońında qaqpandı shaptırıw ushın urǵan túlkiniń quyrıǵı oshaǵanǵa siresip awırlasıp qalǵanlıqtan awırlıq etip, onıń quyrıǵı qaqpanǵa kóbirek jerinen túsip qaldı. Túlki quyrıǵın bosatıp alıw ushın qaqpandı ayaǵınıń ortasına qısıp qansha kúsh salıp tartqan sayın quyrıǵına jabısqan oshaǵanlar siresip quyrıqtı jılıstırmadı. Qansha kúsh salsa da quyrıǵın jazdıra almadı. Siresip qatıp qalǵan oshaǵanlar tartqan sayın bekkemlenip, quyrıqtı qaqpannan jılıstırmadı hám bul saparı túlkiniń quyrıǵın sındırıp bosap ketiw itimalı bolmadı.

Solay etip, Shaytanawılınıń ańshısı Káramatdin sumlıqtı túlkiden de ótkerip, túlkini tiriley uslap aldı. Bul waqıya Káramatdinge awıl adamları tárepinen qádimgi aytıla beretuǵın «Túlkidey Káramatdin» emes, al «Túlkini aldaǵan Káramatdin» degen jańa laqap alıp keldi. Qaraqalpaqtıń «Qalawın tapsań qar janar...» — degeni usı-dá!

## QARLÍǴASH

*(gúrriń)*

Azanda aǵamnıń aytıp ketken tapsırması boyınsha hesh jaqqa ketpey basında qarap turıp júweri atızdı qandırıp suwǵarıp bolıp, úlken japtıń ishine jalańayaqlanıp túsip, suw ketpestey etip toǵırtqasın jaqsılap tıqtım. Piyazatızdıń keshegiden otalmay shala qalǵan bóleginiń otaǵın otadım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Soń qawınatızdıń ishindegi suwshigin, páshek sıyaqlı jabayı shóplerdi otap alıp, bir qushaq etip ákelip, qoradağı eki baspaqtıń aldına saldım... Solay etip, ózime tiyisli bolğan búgingi jumıslardı tolıq bárjay etip, úydiń aldındağı gújimniń astınan ağıp turğan salmadağı salqın suwğa juwınıp aldım. Sóytip, ózimdi qustay jeńil sezinip, jelpárriklenip, úyge kirip kelsem, háywanda ájağam jambaslap shay iship jatır eken.

– Kel, Maqset qosshım, shay ish. Jumıslarıńdı boldıń ba? «Kelip qalar-aw» dep sağan qarap otır edim, jumıslarım shığıp qaldı, awılğa ketejaqpan, – dep ornınan turıp, tórgi bólmege kirdi de eglenbesten papkısın alıp shığıp «al, yaqshı» dep xoshlastı da ketti. Dasturqannıń jiyeginde bir shaynek shay demlenip, súlgige orap bastırılıp qoyılğan. Qaptalında apamnıń shelekke atlap alğan búgingi gúbiden shıqqan sarımayı, maysók, shaqmaq qant, tandırğa búgin jabılğan ıssı shórek qoyılğan eken. Bul tağamlardı kórip, qarınım ash bolğanın birden sezinip, ishteyim ashılıp sala berdi. Dáslepki waqta dasturqandağı shórekten sındırıp alıp sarımaydan ilip awzıma salıp, kesedegi shaydı da ıssılay qant penen asığıp urtlap iship, ğabır-ğubır bola qaldım. Az-mazdan keyin qarınğa birnárse bardı ma, sál pátim qaytıp tasıwı qaytqan suwday jayparaxat jaylasıp, kesedegi shaydı suwıtıp asıqpay urtlap iship, ózime-ózim hay berip, jayım menen awqatlana basladım. Sóytsem, biziń áywannıń tóbesindegi bórenge jılda kelip úyrenshikli uyasında palapan shığaratuğın ózimniń qádirdan qarlığashlarım sırtqı esiktiń joqarısındağı kishkene kózden ushıp kirip (ol kózdiń aynasın usı qarlığashlarım ushın hár jazda ózim alıp qoyaman) uyasındağı palapanlarına daladan alıp kelgen awızlarındağı jemtiklerin berip bolıp, «biz keldik» dep tóbede qatarına ekewi birden sharq urıp sayrap, mağan belgi berip atırğanı eken. Men bolsam olardıń sestin esitpey, ashkózlik penen dasturqandı «jalmaw» menen bola berippen. Meniń qádirdan qarlığashlarım bolsa tóbemde turıp sayrap meniń kewlimdi awlap atır. Uyadağı awzı sarğayıp qalğan palapanları bolsa qarlığashlardıń sayrağan sesti shıqqan sayın, barlığı birden qatarına jarıspaqqa awızların barınsha ashıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

shúykildesip, qanatın qomlap hárbir talpınadı deyseń! Náreste-dá, náreste...! Qarlıǵash uyasın soǵarda eger de onıń diywalın ılay menen órgende, arasına shóp salıp bekkemlemegende hám sol diywaldıń arasına qosıp órilgen shóplerge palapanların ayaǵınan qılshıq penen puqta baylap qoymaǵanda, bári birden uyasınan sırtqa jemtikke qaray talpınǵan waqtında olardıń pátine tótepki bere almay uyası álleqashan-aq buzılıp ketken bolar edi. Eger palapanlardıń ayaqları baylawlı bolmaǵanda bári birden talpınǵan waqıtları jerge tors-tors etip qulap túsken bolar edi. Biziń úydegi qarlıǵashtıń palapanları ele tolıq temirqanat bolmaǵan, qanatları ósip bekimegen áljuwaz edi. Qápelimde kútpegen hádiyse júz berdi...

Uyadaǵı palapanlardıń barlıǵı birden jemtik sorap, qatarına awzın ayqıra ashıp sırtqa qaray talpınıp turǵanda, ayaǵındaǵı uyaǵa bekkemlep baylap qoyǵan noqtası óziniń páti menen úzilip ketti me, yamasa jazdırılıp ketti me, qalay bolǵanın bilmedim-dá, — bir palapan qanatın jaya jerge qulap tústi. «Haw...» dep ornımnan ushıp turıp, palapandı qolıma alıp kórsem, hesh jerine zaqım kelmegen eken. Ishimnen quwanıp kettim. Palapandı uyasına salayın dep, joqarı pátiktegi uyaǵa qalay qolım jeter eken dep ján-jaǵıma qarap tursam, ana qarlıǵashlar shır-pırı shıǵıp basqasha mánide shaqıldap sayrap, maǵan jaqın aralıqtan aylanıp ushıp narazılıq kórsetip atır. Palapan qolımda, bárine de ishimnen túsinip turman. Qolımdaǵı awzı sap-sarı súykimli palapanǵa ıqlasım ketip, qarlıǵashtan da beter jaqsı kórip turıppan. Biraq, onı qarlıǵashlar ańlap túsinbey palapanına bir qáwip dónip turǵanday qáweterlenip, palapandı qutqarıwdıń háreketinde bolıp atır. Qarlıǵashlar tap Ekinshi jer júzilik urıstı sáwlelendiretuǵın kórinislerdegi bir topılısqa ótken istrebitellerdey meniń ján-jaǵımnan shır aylana ushıp, dawısları da shaqıldap ótkirlesip, shıja-pıjası shıǵıp, múmkin bolǵan háreketlerin islewde.

Ne degen menen biysharalar — ana ǵoy, óz perzenti ushın janın otqa jaǵıwǵa da tayar! Qarlıǵashlardıń ashshı



www.ziyouz.com kutubxonasi

sesti kúshli tásir etip, ózimdi bir basqınshılıq gúna is islep qoyǵan adamday sezinip, palapandı qulap túsken jerine apardım da, otırǵan ornıma dasturqan basına kelip «ne qılar eken?» dep olardı sırtınan baqlay basladım. Men ketiwden qarlıǵashlar palapanınıń qaptalına barıp qondı. Eki qarlıǵash palapanın eki jaǵınan aylanshıqlap kórip atır. Yaǵnıy, onıń «on eki múshesi saw» ekenin kózden ótkerip bolıp, sawlıǵına kózi jetken bolıwı kerek, birewi uyaǵa ushıp barıp palapanınıń jatqan ornın da tekserip kórdi. Bunnan keyin eki qarlıǵash azǵana «oylasıq» qurıp, soń palapanın olay-bulay ornınan qozǵap júrgizip kórdi hám taǵı «másláhátke» kiristi. Men bul waqıyalardıń barlıǵın dasturqannıń qaptalında jatıp baqlap otırıppan.

Bir waqıtları qarlıǵashtıń birewi palapannıń qaptalına jaqın kelip qanatın jaydı da, palapanın qanatı astına tıqtı. Usı waqta ekinshi qarlıǵash palapandı iytermelep, birinshi qarlıǵashtıń jayǵan bir qanatınıń ústine mingizdi hám ózi de qanatın jayıp sol qanattıń astına bir qanatın kirgizip ayqastırdı. Qarap tursam meniń kóz aldımda eki qarlıǵash palapannıń eki jaǵında turıp qanatların jayǵan halda bir-biriniń ústine qoyıp ayqastırıp, ústine palapandı mingizip aldı. Bul adamzat turmısındaǵı eki jaǵınan eki adam uslap júk kótergen biziń zámberimizge uqsap ketedi. Men barlıǵın iynesinen jibine deyin dizip, mult jibermey kózimdi qarlıǵashlarǵa oqtay qadap qarap baqlap turman. Ayqasqan qanatlarınıń ústine palapanın mingizip alǵan qarlıǵashlar tikke joqarı qaray áste-aqırın bir bapta pálpellep kóterilip ushtı hám palapandı júdá eplilik penen jerge túsirip almay uyaǵa aparıp saldı. Uyadaǵı basqa palapanlar bolsa awızların ayqıra ashıp, jemtik sorap ashkózlik penen jarıspaqqa shúykildesip atır. Bunday waqıyaǵa ómirimde hesh dus kelmegenlikten hayran bolıp awızım ashılıp, qarlıǵashtıń uyasına qarap otıra berippen...

– Maqsetjan, keldiń be shıraǵım? Awqatlanıp, shayıńdı ishtiń be?... — dep sóylenip esikten kirip kelgen apamnıń sestin esitkennen keyin barıp selk etip, birden ózime keldim...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Saylawbay JUMAǴULOV
*(1951)*



*S.Jumaǵulov 1951-jılı 27-yanvarda Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik universitetin pitkergen. S.Jumaǵulov óz dóretiwshiligin «Kishkeneler sóyleydi» degen at penen qısqa yumor jazıwdan baslaǵan.*

*Jazıwshı «Sırım da usı, shınım da...», «Tuflidiń náli» , «Balalıǵımnan bir eles», «Qırıq jıldan sońǵı bir kún», «Meniń hayalım jazıwshı», «Adamlar qalay buzılǵan?» atlı yumorlıq povest hám gúrrińler toplamlarınıń avtorı. S.Jumaǵulovtıń «Kúyewińdi berip tur», «Ekstrasens», «Bultlı kúnler», «Sabır túbi, sarı altın», «Ana qábirin izlegen jigit», «Qara shayan», «Ótirik jinli» atlı piesaları teatrda qoyıldı.*

*1993-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### ALTÍN TIS SHÍǴADÍ

Ómirbektiń kishkene bala kúnleri eken. Bir kúni onı ákesi sınap kórmekshi bolıptı da:

– Balam, qáne aytıp ber. Usı úlken adamlardıń tisi túsip qalsa, olarǵa qaytadan tis shıǵa ma? – dep soraptı.

– Álbette, shıqqanda qanday, – dep juwap beripti ol isenimli túrde. – Qaytama geyparalarına altın tis te shıǵadı!

### ERIP KETEDI ǴOY...

Qız apası oynap júrgen altı jastaǵı Ómirbekke maqtanıp:

– Men Jańa jılǵa qar kostyumın tiktirtip aldım. Balmaskaradqa kiyip baraman! – depti.

– Onda qurı hálekke qalıpsań, – depti Ómirbek onı ayap. – Ol arshanıń janında erip ketedi ǵoy!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ATÍ «MUǴALLIM» EKEN...

Ómirbektiń eń birinshi márte mektep bosaǵasınan atlap oqıp kelgen kúni eken. Endi onı apası sınamaqshı boladı.

– Balam, ustazıń menen tanıstıń ba?

– Tanıstım!, – depti ol.

– Familiyası kim eken?

– Soraǵan joqpan!

– Atı she?

– Atı «muǵallim» eken, – depti ol dım qısınbastan juwap berip.

## KÚN QÍSQARDÍ ǴOY...

Ómirbekti muǵallimi ornınan turǵızıp sorap qalıptı:

– Qáne, doslarıńa aytıp ber. Bir sutkada neshe saat bar?

– 23 saat bar!, – depti Ómirbek.

Muǵallim bul juwapqa kúyip-pisip qalıptı:

– Qalayınsha?

– Keshe ózińiz kún bir saatqa qısqardı dedińiz ǵoy!, – depti Ómirbek taqıldap sóylep.

## ON BIR BOLADÍ

Ómirbektiń jańa mektepke barǵan kúnleri eken. Muǵallim onı taqta aldına shıǵarıptı da, keshegi klası menen kórgen multfilmniń mazmunın soraptı. Ol azǵana aytıp berip, soń irkilip qalıptı.

– Ayta ber, onnan keyin ne boladı?, – depti oǵan muǵallim.

Bul sorawdı basqasha túsingen Ómirbek quwanıp ketip:

– Muǵallim, onnan keyin on bir boladı!, – dep juwap bergen eken.

## SÓYLEDIM

Ómirbektiń kúndeligindegi «2» bahasın kórgen ákesi oǵan keyip baslaptı da:



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Taqta aldına shıǵıp alıp taqan jutqanday awızıńdı ashpay sóylemegen shıǵarsań!, – depti ashıwlanıp.
– Yaq, sóyledim!, – depti Ómirbek tómen qarap.
– Ne dep?
– «Sabaqtı oqıǵanım joq» dep sóyledim!

## KISHKENE EDIM

Ómirbektiń tayarlıq klasına barıp júrgen kúnleri eken. Muǵallim onı ornınan turǵızıptı da:
– Qay jerde tuwıldıń?, – dep soraptı.
– Bilmeymen!, – depti ol qısınıp.
– Haw, nege bilmeyseń?
– Men tuwılǵan waqtımda kishkene edim!

## PENSIYAǴA SHÍǴÍP KETEDI

Ákesi sırttan juwırıp kirgen balası Ómirbekti sınaw maqsetinde:
– Balam, endi eki kúnnen keyin Jańa jıl keledi. Sen góne jıldıń qayaqqa ketetuǵının bileseń be?, — depti.
– Bilemen, – depti Ómirbek. – Ol qartayıp pensiyaǵa shıǵıp ketedi!

## SAMAL BOLADÍ

Muǵallim kúndegidey birinshi klass oqıwshılarına sabaq beriwdi baslaptı. Bul klassta Ómirbek te oqıydı eken. Bir waqıtta muǵallim:
– Qáne, kim ayta aladı? Shardıń ishinde ne boladı?, – dep soraptı.
– Muǵallim, men aytayın, – depti usı waqıtta Ómirbek ornınan ushıp turıp. – Shardıń ishinde samal boladı!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## SHÓJELERIŃIZDI KÓRGEN JOQPAN...

Muǵallim qosıq sabaǵında Ómirbekti ornınan turǵızıp bolıp, hámme biletuǵın ańsat qosıqtı soraptı.

– Qáne, sen «Shójelerim»di aytıp ber! – depti.

– Bilmeymen, muǵallim, – depti Ómirbek bul sorawdı basqasha túsinip. – Men siziń shójelerińizdi kórgen joqpan!

## KÓZ EKEW BOLADÍ

Muǵallim aldınǵı partada otırǵan Ómirbekti ornınan turǵızıp soraptı:

– Qáne, aytıp ber, «Kóz» degen sóz neshe háripten quralǵan?

– Eki háripten!

– Haw, qalayınsha?, – dep tańlanıptı muǵallim.

– Sebebi, kóz ekew boladı!

## Minayxan JUMANAZAROVA
*(1957)*



*M.Jumanazarova 1957-jılı Kegeyli rayonınıń Erkindárya mákanında tuwılǵan.*

*Shayırdıń «Elim dep eńiremeseń» (1992), «Júregimde bir dárt bar» (1993), «Álwidaǵ aytpayman, muhabbat» (1997), «Ele men» (2003), «Ketpek ushın kelgenmen» (2011) tańlamalı qosıqlar toplamı, 2000-jılı Tashkent qalasınıń «Sholpan» baspasınan ózbek tilinde «Qálbińizde qalǵım keledi» qosıqlar toplamı, «Ájaǵa» (2012), «Tumaristiń sózleri» (2016) prozalıq toplamları basılıp shıqtı.*

*1993-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# BALALÍQ SHAQ

*(esse)*

## BIZIŃ SHAŃARAQ

Men ózi jeti aǵayinlimen. Shańaraqta úsh ul, tórt qızbız. Ájaǵalarım: Berdibay, Ayapbergen, Táńirbergen. Ájapalarım: Zibiyra, Námiyxan, men hám sińlim Gúlara. Ákemniń atı Aymurat, anamnıń atı Perixan jáne bizler menen anamnıń anası — Arıwxan da birge jasaydı. Bizler Kegeyliniń Erkindárya xojalıǵında turamız. Úyimiz eki ójire, asxana hám úlken dálizden ibarat. Jay ılaydan salınǵan. Ójireniń birewi edenli, qalǵanlarınıń ultanı sıbalǵan. Úyde qaramal, janlıq, tawıq barshılıq. Ákem jumısshı, anam úy biykesi. Ájaǵam Berdibay — traktorshı, Ayapbergen ájaǵam házirgi Hábibullaev xojalıǵında toǵızınshı klastı mektep internatında jatıp oqıydı. Zibiyra, Táńirbergen, Námiyxan 19-sanlı segiz jıllıq mektepte oqıydı. Meniń menen sińlim Gúlara ele mektep jasına jetkenimiz joq. Men bes jasta, Gúlara eki jasta.

Bul biziń shańaraǵımız haqqında meniń sol waqıtta bilgenlerim.

## MENIŃ KEMPIR APAM

Kempir apamnıń atı — Arıwxan. Awılda apamdı hámme «duwpiyaz kempir» dep ataydı. Óytkeni, ol bárqulla appaq bolıp kiyinip júredi. Aq pópki tawardan oramal tartıp, aq kóylektiń sırtınan qara naǵıslı sholaq kiyedi. Oramalına qoldan shashaq shıǵaradı. Jupqa oramaldan qos-qoslap basın oraydı. Kempir apamnıń talabı qora-qopsıdaǵı malǵa qaraydı. Sıyır sawadı, gúbi pisedi. Dógerek-dashtı tap-taza etip sıpırıstıradı. Jalǵız qızı — meniń anam Perixandı kóziniń qarashıǵınday etip kútedi. Ilajı bolsa, onıń qolın suwıq suwǵa urdırǵısı kelmeydi. Kempir apamnıń sol jıllardıń ózinde jası alpısqa kelip qalǵan. Degen menen, ol oǵırı qarıwlı edi. Jasında



www.ziyouz.com kutubxonasi

áteshtandaǵı qozǵa ayaq-qolı kúyip nárenjan bolıp qalǵan anam óz anası Arıwxanǵa ómirboyı súyenip jasadı. Kempir apam toy-sadaqaǵa barsa, aldına qoyǵan ustıqanın, álbette, anama ákelip beredi. Ol bolsa anasınıń kózin ala bere, ele kishkentay bizlerge beredi.

Kempir apam súttiń qaymaǵın, mazalı lampasıy-kámpiytlerin de qızınıń jegenin táwir kórip otıradı. Biraq, bizlerdi de jaqsı kóredi. Meni — Minartaw, al Gúlaranı — Gúlan deydi. Úydiń awızbirshiligi: endi bilsem, anamnıń nárenjanlıǵın bildirmey júktiń awırın arqalaǵan bayǵus kempir apamnıń arqası eken. Ol oń qolınan óneri tamǵan sheber. Jekennen shıpta, qamıstan shiy toqıydı. Qoydıń júnin urshıq penen iyirip alasha toqısa, pisirilgen júndi boyap tekiyment isleydi. Kórpe-tósekke de sheber. Qullası, úydi gúlala-gúl etip qoyadı. Bizler qasında oynap júremiz. Barlıǵı da bizlerge qızıq kórinedi. Keshte bolsa paxta shigitleymiz. Sol waqıtları kempir apam bizlerge mástan kempir hám dáwler haqqında ertekler aytıp beredi. Gúlara ekewimiz túnde apamnıń eki jaǵında jatamız.

## MENIŃ ÁKEM

Ákem — qapa saqallı, duǵıjımnan kelgen orta boylı adam. Onı adamlar «Aymurat usta» deydi. Óytkeni, ákem gewish, mási, etik tigedi. Atlarǵa, esheklerge er soǵadı, shópkerden jay tikleydi. Pesh quradı. Ílaydan salınǵan jaylardıń paqsaların tarrashlap, ılay qaqshıytuǵın da meniń ákem.

Sol ushın da bizler tarıqpaytuǵın edik. Sebebi, ákem qájetin pitirgen adamlardıń kimisi dán, kimisi tawıq, al birewleri pul da beretuǵın edi. Xojalıqtan alǵan aylıǵına usınday sheberligi qosent bolıp, bizler toq jasadıq. Azanda aǵam eshekke minip, belin aldına óńgerip atızǵa ketedi.

Túste pishen alıp úyge qaytadı. Tústen keyin de tap solay ketip, keshte jáne pishen alıp qaytadı. Sebebi, qısta mallarǵa ot-shóp solay jıynaladı. Aǵam jumıstan qaytarda, bizler qas-qabaǵın baǵıp turamız. Ol kók shayǵa qanıp alǵannan soń ǵana ósik qasların sıypalap qoyıp bizlerdi qasına shaqıradı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Saqalı menen qıtıqlap oynatadı. Gúlaranı dizesine alıp otırıp erkeletedi. Dasturqannan kámpit-pechene alıp beredi. Bizler sonda ǵana erkinsinip, shawqımlasıp oynay baslaymız. Ákem júdá miymandos adam edi. Úyde táwirlew awqat pisirilse, álbette, Sát atamdı shaqırıp keledi. Yamasa qońsıǵa tostaǵanǵa salıp awqat jibertedi. Ákemniń bul ádetine hámme úyrengen. Sebebi, úyde aǵam ne aytsa — nızam. Anası qolında bolǵannan soń ákeme jaltaq, ózi de nárenjanlaw anam ákemniń betine jel bolıp tiymeydi. Anam bizlerge «ákeń baqıradı» dep tártipke shaqırsa, ákem «anańız nárenjan, oǵan járdemlesiń» dep bizlerge aytıp otıradı. Olar hesh urıspaydı. Sebebi, anam barlıq iste «apam biledi, atań biledi» dep solarǵa biylikti berip, ózi sırtta turadı. Qısqa otın tayarlaw, malǵa ot-shóp ǵamlap qoyıw — barlıǵı aǵamnıń moynında. Óytkeni, ájaǵalarım oqıwda, Berdibay ájaǵam xojalıqtıń jumısınan oǵırı kesh qaytadı. Aǵam bazı-bazıda qıstıń kúni awıldan jasúlkenlerin jıynap, kitabıy sózlerden gúrrińlesip otıradı. Bizler qızıqqa qulaq túrip tıńlaymız, kóp sózlerine túsine bermeymiz. Endi bilsek, olar eskishe sawatlı adamlar bolıp ózara pikir talastırıp, dástan-qıssalardı tallap otıradı eken-aw. Biziń kóz aldımızda ákemiz júdá ullı adam hám mehriyban bolıp, bizlerdi mehir-aqıbetke úyretti, ómiriniń aqırına deyin qayır-saqawatlı insan bolıp ótti.

## ANAJANÍM, ANAM MENIŃ

Meniń anam qas-kirpigi qıyılǵan, buwday ireńnen kelgen, orta boylı názik ǵana hayal edi. Ol heshqashan bizlerge baqırıp urǵanları yadımda joq. Hátte, «kempir apamnıń kewline keledi» dep bizlerdi erkelete almaydı. Sebebi, bizlerdiń bárimiz de kempir apamnıń balaları, qızları edik. Shańaraqtaǵı on adamnıń kiri, awqatı, ıssı-suwıǵı anamnıń moynında. Arasında kempir apama gúbi pisisip, keli túyisedi.

Tarıdan sók salıp, salı túyip, gúrish etedi. Onnan tısqarı gúnji túyip iyjan islese, kendirden may da aladı. Gúbi pisip alınǵan sarımaylardı kúydirip, duz salıp tulıpqa salıp qoyadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Awısqan tortasın bizlerge beredi. Shay-halqasqa iyjan, sók, taqan, sarımay qoyıladı. Anam kúnara bir tandır nan yamasa zaǵara jawadı. Anam kóbinese úyden shıǵa bermeydi. Toy-sadaqalarǵa kempir apam barıp qaytadı. Anamnıń shıǵısı Qońırattıń Sorkól degen jerinen. Óziniń aytıwı boyınsha atası Hábiybulla — beglerbegi bolıp jurt sorasa, ákesi — Payzulla Xiywada medresede oqıǵan, ilimli adam bolǵan. Anamnıń ákesin «bay, iyshan ulamanıń áwladı» dep 1927-jılları Keńes húkimeti dúnya-múlkin xatlap, jer awdarıp jibermekshi bolǵanında túrkmen arasına qashıp ketip, sonnan kóp jıllar elge qaytpaǵan. Sol sebepli de anam usı Erkindárya boylarına dayıların saǵalap kelip qalǵan eken. Ol óziniń shıǵısın tap ertektegidey etip aytıp otıratuǵın edi. Shınında da, heshkimge názerin tiklep qaramaytuǵın anam hasılzada, iybeli «naǵız piyrim Biybipatmanıń ózi» desem lap bolmas. Bizler usılay etip eki ananıń miyrim-shápáát besiginde terbelip, hesh kemlik kórmey ósken janlar edik.

## BERDIBAY ÁJAǴAM QÍZ ÁKELDI

«Ájaǵam qız ákeldi», – dep hámme dalaǵa juwırısıp shıqtıq. Traktordıń kabinasınan basına oramal tartqan sulıwshıqtan kelgen qızdı qońsı kelinshekler túsirip aldı. Bul qız ákemniń jiyen ájapasınıń qızı Qalbiyke eken. Úydiń ishi abır-sabır bolıp demde quwanıshqa bólendi. Shımıldıq qurılıp, kelinshek ishine kirgizildi. Basına úlken geji oramal salınǵan kelinshek uyattan ottay bolıp qızarıp tur edi. Awıldıń boyjetken qızları kelip kelinshekti orap tur. Salınǵan quraq kórpeshege kelindi otırǵızdı. Men kelinshektiń qasında otırıp aldım. Ájapam Námiyxan, Zibiyra, sińlim Gúlaralardıń da quwanıshı qoynına sıymay kelinshekti dógereklep júr. Sol kúni bir qoy soyılıp, qońsılarǵa shashıw tarqatıldı. Hámme qızlar kelinshekti kóriwge háwes, kim suwǵa barǵanın ańlısa, kimi sıyır sawǵanın ańlıp hálek. Ne de bolsa anamnıń miyneti biraz jeńillesti. Berdibay ájaǵam ádettegidey qońsı bólimlerge traktorın aydap ketip qaldı. Úyge kúnara, geyde onnan da kóbirek waqıtta



www.ziyouz.com kutubxonasi

kelip-ketip júr. Bizlerge kelinniń tańda turıp iyilip sálem bergeni, úydiń aldın sıpırǵanı, shay demlep, kesege quyıp uzatqanı bári-bári qızıq.

Aradan aylar ótti. Bir kúni aǵam «kelindi tórkinine aparıp taslayman» dedi. Nege ekenin bilmey bizler hayran boldıq. Sebebin bilsek, túnde kelin lágen tógiwge shıqqanda qońsı jigit ısqırıp, oǵan jeńgem jótelip belgi bergen kórinedi. Aǵam óziniń jiyeni bolǵan kelinin atqa mingestirip tórkinine aparıp tasladı. Ákem heshkimniń de táwellesine qaramadı. Kelin jılay-jılay kete berdi. Ájaǵam kelgennen soń aǵam ózi aytqan bolıwı kerek, ol hám «illa» dep awzın ashqan joq. Solay etip, bizler demniń arasında kishemizden ayrıldıq ta qaldıq.

## MEN MEKTEPKE BARDÍM

1964-jılı birishi klasqa bardım. Muǵallimim Qudaynazarov Hábip degen kisi. Meni oqıwǵa kempir apam jetelep apardı. Muǵallimge «boyı kishkenelew» dep aldıńǵı partaǵa otırǵızıwdı ótinish etti. Ortanǵı qatardıń birinshi partasına otırdım. Meniń qasıma Jumagúl degen qız otırdı. Ol awıldaǵı Qalqoraz muǵallimniń qızı edi... Men oqıwǵa kelmesten burın da ájapam Námiyxannıń «Álipbe» kitabınan háriplerdi úyrenip ózimshe «sawatlı» bolıp júr edim. Al, muǵallimimiz Hábip aǵanıń jaǵımlı dawısı, mektep hám oqıwshı haqqındaǵı sózleri qıyallarımdı álleqaylarǵa sharq urǵızdı. Kitap, dápterlerdi taza etip uslaw, dáwetlerdi qaltaǵa salıp sıyasın tógip almaw, qullası oqıwshı qáytip otıradı, muǵallimge qalay sálem beredi, bárin-bárin qulaǵımızǵa quydı. Men ózimnen de úlken shúberek papkamdi arqalap oqıwshı bolıp shıǵa keldim. Ol waqıtta da qara kóylek, aq fartuk — mektep forması edi. Bárimiz bir túste appaq shaǵaladay bolıp mektepke barıp-kelip júrmiz.

Men azanda papkama bir nan salıp shıǵaman. Sebebi, nandı Zibiyra, Táńirbergen ájaǵam hám Námiyxan ajapamlarǵa tánepiste úlestirip beremen. Olar ózleri áketiwge uyaladı. Biraq, men bergen nandı uyalmastan jeydi. Pulı bar balalar mektepten bufetinen vafli, pechenie, qırmısh alıp tamaǵın



www.ziyouz.com kutubxonasi

toydıradı. Biziń klasta kempir apamnıń tuwısqan inisi Esen kassirdiń balası Ońǵar da oqıydı. Ol hár kúni bufetten mazalı zatlar alıp jeydi. Men bazıda onı qorqıtıp mazalı zatların alıp qoyaman. Sebebi, ol oǵada juwas bala. Geyde meni muǵallimge aytıp beredi. Sonda muǵallimimiz Hábip aǵa kúlip: «Sizler dayılı-jiyenlisiz, ózleriń urıspay oynay beriń», – dep qoyadı. Onnan basqa klasta Qádirova Kámiyla degen de qız bar. Ol — xojalıqtıń bas esapshısınıń qızı. Shashı uzın, ózi de nayatıy sulıw qız. Mektepke úyinen jeytuǵın zatlar ákeledi. Klastaǵı barlıq balalar onı kórse quwanısadı. Awızlarınan suw aǵıp qarap otıradı.

Bizler mektepke Genjebay, Maqash, Jumagúl tórtewimiz bir kósheden qatnaymız. Genjebay da, Maqash ta urnıqqır balalar. Men de olardan qalıspayman. Ishimizdegi juwasımız Jumagúl. Men balalar urıssa urısıp, tóbelesse tóbelesip kete beremen. Óytkeni, ájaǵalarımız biz úkelerin kóshege alıp shıǵıp tóbelestiredi. Tájet inisi Marattı, Sári inisi Genjekti tóbeleske alıp shıǵadı.

Keshqurın qızılmush bolıp atırǵanımız. Meniń boyım kelte bolǵanı menen shaqqanman. Dım bolmasa basım menen balalardıń ishine dúgip jeńemen. Biraq, sabaqtan jaqsı oqıyman. Sonlıqtan anaw-mınaw tártipsizligim bilinbey ketedi. Házirshe sabaqlardan kúnde bes alıp qaytaman. Genjebay, Maqash, Jumagúller ele júritip te oqıy almaydı.

Men azanda Qalqoraz muǵallimniń úyine Jumagúlge oqıwǵa júr dep baraman. Sonda Qalqoraz muǵallim mennen kóbeytiw kestesin soraydı. Álipbeni oqıtadı.

— Ózińdey Minayxanǵa qara, diyqannıń qızı bolsa da jaqsı oqıydı, al sen muǵallimniń qızı bolsań da úyretkendi uǵıp kete bermeyseń, – dep qızına keyiydi. Men mıń shataq bolǵanım menen bundayda Jumagúldi ayayman. Kóbinese esaplarımdı kóshirtemen. Úyge kelgennen keyingi jumısım, ózimnen úsh jas kishkentay Gúlaranı oqıtıw. Ol júdá erke. Shashın taratpaydı. Al, murnın aǵızıp pıshıqqa jalatadı.

Pıshıqtı oǵırı jaqsı kóredi. Aǵamnıń qobdıyshasına salıp onı bóleydi, uyqılatadı. Qullası, biyshara pıshıqqa tınıshlıq joq. Men Gúlaranı urıp-soǵıp hárip úyretemen, jılatıp shashın



www.ziyouz.com kutubxonasi

tarayman. Qullası, tınıp-tınshımaytuǵın, shashı tikireygen sarı qız — men ushın mektep, úy — bári-bári qızıq edi.

## GÚLARA «SHÓJELERDI UYQÍLATTI»

Áne-mine dep júrgende qáhárli qıs ketip, kúnler jılıp, báhár de kirip keldi. Báhárde biziń kempir apam tawıqlardı qurıq bastırıp shóje shıǵartadı. Shaytantawıqtıń shójeleri shaqqan bolǵanı menen túyetawıqtıń shójeleri nárenjan boladı. Olar jıǵılıp qalsa tura almay ábigerge túsedi. Gúlaranıń ańlıǵanı shójeler. Olar menen oynaydı. Bir kúni oqıwdan kelsem jaqında shıǵarǵan túyetawıqtıń onlaǵan shójesi ólip atır. Sebebin sorasam, Gúlara olardı uyqılamaǵannan soń moynın burap «uyqılatıptı».

Kempir apam Gúlaranıń ayaǵına shıbıq penen urdı. Sebebin bilmeymen, kempir apam úyge qaq jıńǵıldan shıbıq ákelip qoyıp arasında aytqanın qılmasaq, bizlerdiń ayaǵımızǵa uratuǵın edi. Anam biyshara kempir apama ara-tura almay bir shette kózi jasawrap Gúlaraǵa qarap tur. Ol bolsa «Meni nege uyasań, men olardı uyqılattım ǵoy» dep jılap atır. Ol ele «óliw» haqqında bilmeytuǵın náreste edi... Bizler shójelerdi dım ayadıq. Al, aǵam bolsa: «iyt jese, tawıq jep jaman úyrenedi» dep shójelerdi atızdıń ayaq betine kómip tasladı...

## MENIŃ QALALÍ KISHEM

Waqıt — aǵar dárya. Men demde tórtinshi klasqa óttim. Gúlara birinshi klasqa bardı. Námiyxan altınshı klasta oqıydı. Ayapbergen ájaǵam Samarqandta medinsitutta oqıp atır. Táńirbergen menen Zibiyra da Nókiske oqıwǵa ketti. Berdibay ájaǵam da Nókiste shofyor bolıp islep atır.

Úyde kishkene úsh qız, anam, ájem, kempir apam qaldıq. Ayapbergen ájaǵama ay sayın oqıwı ushın pul jiberemiz. Zibiyra menen Táńirbergen de hápte sayın kelip úyden pul áketedi. Ekewi de sawda texnikumında oqıp atır. Úydiń mayda-shúyde mashqalaları bizlerdiń moynımızǵa tústi. Otın



www.ziyouz.com kutubxonasi

usaqlaw, malǵa ot orıw, suw tasıw, tawıq baǵıw, qozı-ılaqlarǵa qaraw — qullası, úyde jumıs kóp. Bir kúni Berdibay ájaǵam Nókisten alıp qashıp qız ákeldi. Jeńgemiz qarapáreńnen kelgen orta boylı nashar eken. Atı Qadıysha. Oǵan biziń úydiń barlıq nársesi qızıq. Sıyırdan qorqadı. Nan jaba almaydı. Awqat hám pisirip qarıq qılmaydı eken. Azanda erte tura almaydı. Kóp uzamay kishemniń izinen anası keldi. Ol biziń úydiń mashqalasınan qorqıp, qızın bólek shıǵarıwdı talap etti. «Balańnıń da jumısı Nókiste, bulardı bólekleń», – dedi. Bul gáp aǵama jaqpadı... Qudaǵay úyine qayttı. Anam taza kelinshekke úy jumısın úyretkisi keldi. Nan japqan waqtında sońǵı bir-eki shóregin jawdırayın degen waqta kishemiz rápiydanı tandırǵa túsirip alıptı. Arı kelip keshke deyin jıladı. Sıyır sawmaq túwe, janına jolawǵa qorqadı. Kempir apam alasha toqıw ushın digirmanxanaǵa jiplerdi qatarlastırıp kerip qoyatuǵın edi. Bizler qızıqqa jiplerdiń arasınan buǵıp kirip-shıǵıp oynaymız. Qadıysha kisheme qıdırıp baratırǵan kempir apam: «mınalar jipti úzip qoymasın» – dep tapsırıp ketedi. Bizlerdiń qurılǵan jiptiń arasında oynap júrgenimizdi kórgen kishem juwırıp kelip qasımızda turadı. Jiptiń arasınan shıǵayıq desek, shıbıq penen basımızǵa urıp turǵızbaydı. Solay etip kempir apam kelgenshe bizler jiptiń arasınan shıǵalmay otırdıq...

Kóp uzamay Nókisten qatnap islewdiń qıyın ekenin báne etip Berdibay ájaǵamlar «bólek shıǵamız» dedi. Aǵam, ájem, kempir apam ilajsızdan olardı bólek shıǵarıwǵa májbúr boldı. Kórpe-tósek, sháynek-kese, basqa da mayda-shúyde nárselerdi berdi. Olar túnde ketti. Úydiń ishi tım-tırıs boldı. Ájem jer sızıp muńayıp qaldı. Tún jarpında qapı qaǵıldı. Qarasaq, ájaǵam menen kishem. Olar jolda adasıp qalıptı. Sol ushın azanda ketiw ushın qaytıp kelipti. Berdibay ájaǵam: «Mámelek aylandırdı ma – bilmeymen, basqa jolǵa shıǵıp ketippen», – dedi. Ol waqıtta jollar asfaltlanbaǵan qıyır-shıyır edi. Sonda da aǵam: azanda shay iship otırǵanımızda: «Perixannıń ıqlasın jıǵıp ketken soń olar ońsın ba?», – dedi. Shınında da ózi juwas bolǵanı menen anamnıń názeri oǵırı qattı edi. Solay etip biz bul kishemizden de bólek shıǵarıp qutıldıq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Tólepbergen QAYÍPBERGENOV
*(1929-2010)*



*T.Qayıpbergenov 1929-jılı 7-mayda Nókis rayonında tuwılǵan. «Bloknot sóyleydi», «Suwıq tamshı», «Uyqısız túnler», «Qaraqalpaq qızı», «Mamanbiy ápsanası», «Baxıtsızlar», «Túsiniksizler», «Shıǵarmalarınıń bes tomlıǵı», «Qaraqalpaqnama», «Kózdiń qarashıǵı», «Familiya», «Tánha ózine málim sır», «O dúnyadaǵı atama xatlar», «Qaraqalpaqpan, táweklshimen» hám t.b. kitapları jarıq kórdi*

*T.Qayıpbergenov — Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, Ózbekstan Qaharmanı.*

*1957-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### MUǴALLIMGE RAXMET!
*(povestten úzindi)*

Ol awılda birinshi payda bolǵanda, awıl ishi ala sapıran edi. Yaǵnıy, úlkenler ózara kelise almay, birewleri «birigip jasayıq» dese, ekinshileri «yaq, darawara jasaymız» desip qızılkegirdek bolısıp atırǵan kúnler edi.

Al bizge — balalarǵa, sol úlkenlerdiń tartıs-jánjelleri qampátir, heshbirimiz awıldıń táǵdirinen bizlerdiń táǵdirimiz ǵárezli ekenine oy jiberip kórmeymiz. Gileń balalar jıyılısıp alıp, azannan qara keshke kósheni shańǵıtıp top oynaymız, yamasa orpań topıraqta otırıp asıq oynaymız...

... Joq, oylarımdı alǵa shaptırmay áńgimeni ireti menen baslayın.

... Basqa awıllarǵa onsha barıp kórgenim joq. Al, ózimizdiń awıldıń kórinisi maǵan kútá unaydı. Átirapımızdı qorshap alǵan qalıń toǵay bárqulla hárem tutıp qoyǵanday kórinedi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qısta siyreklep, jaz bolsa dónip, jasıl japıraqlardı jamılıp shıǵa keledi. Mine, onıń háremnen ayırması usınnan ǵana dep sezemen. Toǵay arasında qıdırıp júriw bárinen de kewilli. Qırǵıy menen mıyqınıń palapanların izlep azannan keshke deyin gezseń de, jalıqpaysań. Turpatı qarúydey bolıp ketken torańǵıllar da bar. Jaz bolsa tóbesine qos soǵıp, geyde dem alıwǵa da boladı. Al, biziń awıldıń qonıs jeri oypatlaw. Batıs jaǵımızda kóldiń jiyegi kórinip tur. Onda ósken nuw qaraǵay qamıslar gúz bolsa úpeleklerin biziń awılǵa jollaydı. Bir-eki jıllıqta usı qamıslıqtıń astında suw bar edi. Talay márte onnan ǵazdıń palapanların uslap ta qaytqanbız. Baspaqlarǵa súyriklerdi de sol kólden ákeletuǵın edik. Báhár bolsa, qaymaqlasqan muz astınan ushları iyiktey súyriklerdi tawıp alamız.

Awılımız usınday bolǵan soń men qalay súysinbeyin? Oǵada jaqsı kóremen-aw! Bul kóldi hámme «Dóńgelekkól» deytuǵın edi. Sonlıqtan biziń awıl da «Dóńgelekkól» bolıp atalıp ketken. Awıldıń balaları menen oylasıp, «Dóńgelekkól»di talay márte gezgenbiz. Bundaǵı maqsetimiz ne ushın usılay atalǵan? Mine, usını biliw edi. Biraq, bile almadıq.

Bıyılǵı jaz men biletuǵın jazlardıń ishindegi eń erekshe jaz boldı. Óytkeni, ótken jılı bozdan jap jarılıp, awılımız oǵırı sánlenip ketken edi. Jańajaptıń boyında ósken qamıslar dút toǵay, shaqasına minip otırıwǵa da boladı. Eger de, túbin balta menen shappasa, bir túp qamıstı men sıyaqlı hálsiz balalar bir mezgil orıp otırıwı kerek. Eger jarǵı bolǵanda onshelli qıyınǵa túspes edi-aw dep oylayman. Sebebi, bir jola aǵama qamıs orıwdıń bıyıl qıyın bolatuǵının aytqanımda «Shapırashı shıqqan jarǵı kerek, balam» dep kúlgen edi. Haqıyqatında da, shapırashlı jarǵı bolmasa, ańsat emes.

Júwerileri de ayta qalǵanday. Shińgirikleri meniń baltırımnan kem emes. Házir bári de balıqkóz bolıp kiyatır. Basları da dorbaday. Qaysı birin aytayın, awıldıń adamlarında daqıl kóp. Tarı, másh, gúnji qay jerde bolsa, sol jerde adam boyı. Paxta atızları da enapattay. Biraq, ele olar tolıq pispey atır. Górekleri túymedey bolıp, awzın ashayın-ashayın dep



www.ziyouz.com kutubxonasi

tur. Bazda ǵóreklerin qolıma uslap kórip: «ashıwlanǵan adamnıń awzınday tobarsıp tursań da, birden kúlip jibereseń-aw» deymen.

Ásirese, qawın degen iytırqın. Boz qarıqtan egilgen qawınlardıń hárbirin adam túwe, arba zorǵa kóterer. Eń kishi degeni Dúysen mollanıń úyindegi sadaqaqazanday bar dese de boladı.

Men kóbinese Sayıp, Qunnazar, Sársenbaylar menen birge júretuǵın edim. Kúni menengi talabımız — asıq oyını. Aqshamına qaray uyqı da joq. Awıldıń qawınları jalańayaqtay bolıwdan-aq tınıshımız ketti. Ózlerimizdiń qawınımız bolsa da, bir túndi urlıqsız ótkermedik. Durısın aytsam, datqaǵa da shıǵıp boldıq. Bunnan basqa bizlerde talap ta joq. Eger de, adamlar qawınlarına aylandıra qaqpan qursa, qońsı awıllarǵa tawıq urlawǵa ketemiz.

Búgin eki kúnnen berli qawınurlıqtı awzımızǵa da almaytuǵın boldıq. Sebebi, kútilmegen jerden mınaday hádiyse bolıp qaldı: eki kúnlikte Sársenbaydıń jalǵız ózi qawınurlıqqa barıptı. Ol basqalarımızdan kóre shaqqanıraq hám ásirese, sekerparalardı urlaǵandı jaqsı kóretuǵın edi. Geyde awıstırıp, úyine eki-úsh sekerpara alıp keletuǵın ádeti de bar.

Awılımızda Esemurat degen ǵarrı bar edi. Ózi qawın egiwge dım teperish. «Ómirinshe hálekke egip kórmegen» desedi jurttıń bári. Al, sekerparanı jurttan burın shıǵaradı. Bıyıl da sekerparası «sasıp, iyt jep atır» degen ǵalawıt tústi. Soǵan «áne barayıq, mine barayıq» dep júrgende, Sársenbaydıń qara bası bizlerge qaramay barǵan eken. Ay qarańǵı bolǵan soń aǵasınıń uzın qara beshpentin sırtınan kiyip alǵan. Tún ishinde torlı qawın emes sıypalap biliwge, ǵarbız bolsa eken dizege qısıp kóriwge, pisken sekerparanı iyiskemey taba ala ma? Hárqaysısın bir iyiskep, sarısın izlep júrgende Esemurat ǵarrı shanıshqısı menen Sársenbaydı balıqtay etip shanshıp alıptı. Esemurat ǵarrı onı iyt shıǵar dep oylaǵan bolsa kerek. «Way-waylaǵan» dawısınan keyin ǵana bilipti. Qaydan bilsin, kúnde sarǵayǵan qawınların iyt jey bergen soń qolına shanıshqı alıp ańlıǵan ǵoy!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sársenbaydıń ózi ayıplı bolǵan soń heshnárse ayta almay jılaǵan da jata bergen. Esemurat ǵarrı shanıshqısın suwırıp alayın dese, shanıshqınıń tili qaytıp shıqpaǵan. Sóytip, azanǵa shekem Sársenbaydıń atızda búklenip jatırǵanınıń ústine bizler de bardıq. Shanıshqınıń úsh tili de jambasına kirip ketipti. Júregimiz suw ete qaldı. Bunday baxıtsızlıqtı heshkimniń de basına salmaǵay.

Ákesi Dúysen molla da keldi. Ol iyegi saqıldap, balasına qıynalıp tur. Sársenbay tawlanıwı menen ákesine bir qaradı da, betin arman burıp, jeńi menen kózin bastı.

Awıl adamları qansha oylasıp kórgen menen shanıshqını suwırıp alıwdıń ilajın taba almadı. Suwırıp alıw túwe, sabı qıymıldap ketse de Sársenbay awır gúrsinip, ıńırsıydı. Biraq, kisige qaraǵanday beti joq. «Naǵız urı» bolıp kózge túsip tur. Esemurat ǵarrınıń ózi barıp, shanıshqınıń sabın kóterip kesip atırǵanda Sársenbaydıń qulındaǵı dawısı shıqtı. Ele de tegerań, qıymıldatıńqıraǵanda dawısı adamlardıń qulaǵın jırtıp kete jazlar edi. Kópshilik ári oylastı, beri oylastı, Esemurat ǵarrıǵa heshkim pálen-tólen demedi. Ol kisi óz ayıbın búrkegisi keldi me, yamasa Sársenbaydı ayadı ma, Dúysen mollanıń «jibermeymen» degenine qaramastan, Sársenbaydı arbaǵa mingizip, ózi qalaǵa emlewxanaǵa áketti...

Sonnan berli «qawınurlıq» dese quyqamız juwlap, tóbe shashımız tik turadı. Endigi talap ne? Jıynalıp alıp asıq oynaymız. Asıq oyınǵa da berilip ketkenimiz sonshelli, ya kesh bolǵanın biliw túwe, ash bolǵanımızdı da umıtamız. Kúnde úyge óz waqtında qaytıwdı da esten shıǵaramız. Bul ádetimizdi men apamnıń mınaday bir hiylesinen keyin ǵana túsindim: Bir jola apam meniń asıq oynap atırǵan jerime tabaq penen tamaq ákelip berdi. Bul jaǵdayǵa teń-qurbı balalarımnan uyalǵanımdı qáyteyin, jer jarılmadı, men kirmedim. Izimnen tamaq ákelgendey men qos aydap, yamasa atızǵa tógin tógip atırman ba? Solay etip, men anamnıń sol hiylesinen soń tamaq mezgili gezinde úyge asıǵıp qaytatuǵın boldım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Mine, búgin de quyash sáskelikke tireldi. Tús bolǵanın umıtıp qalmayın degen oy menen qayta-qayta quyashqa qaray beremen. Asıq oyını bolsa qızıp ketken. «Pesha-pesh», «ya jampıq», «jup-alshı» degennen balalardıń awzı tınbaydı. Búgin ásirese, Sayıptıń dawı gújip ketti. Al, meniń dawım júrmey qaldı. Kúyip-pisip otırman. Tús waqtı tirelip kiyatır. Úyge qaytıwǵa da bolatuǵın emes. Bir qalta asıǵım sap boldı. Uttırıp-uttırıp qalay kete beremen? Minekey, oyınnıń aqırına saqlap otırǵan eń sońǵı shábbemdi saldım. Bul ketse, wássalam! Íǵbalıma bir degennen alshı bastı. Quwanǵanımnan júregim jarılıp kete jazladı. Sonda da sabırlılıq penen asıqlardı asıqpay jıynap atır edim. Hámme balalar birden shorshıp, tura-tura qasha jóneldi. Bazıbirewleriniń asıǵı túwe tıyınları shashılıp qalsa da qaraǵan joq. Kúni menen utılıp, asıǵım jańa alshı basqanda men qayda baraman? Ján-jaǵıma qaramay asıqlardı tez-tez jıynap atır edim:

– Sálem jigit! – dedi birew.

Tosınnan shıqqan bul seske selk ete qaldım. Qarasam, jalańbas, shashı hayallardıń shashınan qısqalaw bolǵan-lıqtan órimge kelmeytuǵın, sarısınlı jigit tur. Hayallardıń shashınan taǵı bir ayırması – eki shekesin, jelke shashın pardozlaptı. Birden qasha qoymadım. Sóytse de, qorıqıńqırap turman. Ol maǵan qarap jımıyıp kúldi.

Kúlkisi maǵan unap ketti me, yamasa qorıqqanımdı bildirmeyin dedim be, onıń oynaqshıǵan qara kózlerine qadala men de ırjıydım... Aq kóyleginiń jaǵasın bólip turǵan anaw naǵıslı nársesin oń qolı menen dúzep qoyıp:

– O, batır!, — dedi ol maǵan.

Ne ushın «batır» dep turǵanına túsinbedim. Abaylap qarasam, qasımdaǵı baǵanaǵı balalardıń birewi de qalmaptı. Dárriw birnárse esime túsip ketti: bizler hár sárshembi hám piyshembi kúnlerinde Dúysen mollaǵa oqıytuǵın edik. Oqıytuǵın jerimiz — jertóle. Kóbinese aqsham oqıymız. Túnde eki jerde shútik shıra jaǵıladı. Azanda murnımızdıń tesigi qara qurımǵa tıǵılıp qalatuǵının, mollanıń shıday almay bizlerdi taslap



www.ziyouz.com kutubxonasi

shıǵıp kete beretuǵınlıǵın nesine sóz qılayın. Biraq, molla oqıtıp bolıp keterimizde bazda eki iret, jarılqap waqtımızdı almayın dese, bir iret sabaq sayın bizlerge:

– Jaqında muǵallim keledi. Ol sizlerdi orıssha oqıtıp, shoshqanıń góshin jewdi úyretedi. Eger birinshi kelgeninde aytqanına kónbeseń, sabaydı, – deytuǵın edi.

Bizlerdiń hámmemiz de shoshqanıń góshin ekibastan jep kórgenimiz joq. Ata-analarımız bolsa shoshqanıń góshin qazanǵa salmaq túwe, atın aytsań zir etip, tóbe shashları tik turadı. Hátteki, qawınǵa kelgen padalılardı da atpaytuǵının qáyterseń! Geyde ójetirek bir kisi ata qoysa da, jolamay tek iytlerdi ǵana jiberedi.

Mınaw aldımda «albaslıday» bolıp turǵan shashlı jigit — sol muǵallim be eken? dep oyladım.

Usı oy payda bolıwdan-aq, qashqım keldi. Biraq, qutılǵanday túrim joq. Tóbemde tur-aw! Adımımdı altı ashtırmaydı. Tayaq jewge de qayıl bolıp, qashan urar eken dep tursam, oylaǵan jerimnen shıqtı. Kem-kemnen maǵan jaqınlap kiyatır. Men de oǵan tutılmaw ushın ásten-ásten keyin qarap báse basladım. Meniń qorıqqanımdı sezse itimal:

– Toqta, kóylegińniń etegindegi shańdı qaq, — dedi ol maǵan.

Men onıń sózine qarap turayın ba, shalǵaylarıma úńilmesten, sheginip-sheginip barıp birden zıp berdim. Biraq, eki-úsh adım atpay-aq qolǵa túStim. Ol meniń qolımdı jibermey turıp, kóylegimniń shań bolǵan eteklerin aynala júrip ózi qaǵa basladı. Dirildep baratırman. Baqırayın desem, dógerekte heshkim kórinbeydi. Írasın aytqanda, baqırıwǵa onnan hám tartınaman. «Bálkim, shańımdı qaǵıp bolıp, ólgenshe sabap keter» degen qıyal da basımnan zuwlap ótti.

– Jańaǵı balalar nege qashtı?, – dedi ol bir waqıtta meniń qolımdı bosatıp.

Biytanıs jigittiń bul sorawın naqolay kórsem de, dawısın kútá unattım. «Albaslıday» degen dáslepki pikirime ishimnen qıynalıp:



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Bilmedim, — dep ásten ǵana juwap berdim.

Ol bizlerdiń jańa asıq oynaǵan jerimizge kóz jiberdi. Bir-eki sarı tıyınlar, taǵı eki-úsh asıq shashılıp jatır eken, j onı ıldam terip aldı da maǵan usındı:

– Má, seniń asıqlarıń shashılıp atır ǵoy...

Qollarım dirildep turıp, asıqlardı aldım.

– Atıń kim? – dep soradı ol. Atımdı aytpaǵa qorıqsam da, basqa birewdiń atın ayta qoyıwdı námártlik dep oyladım.

– Turdımurat. — Al, ne qılasań?

– Turdımurat, búytip asıqlarıńdı shashpa. Íqshamlı bol. Albıraqlama. Qorıqpa, — dedi. Bunnan basqa heshnárse soraǵan da joq, heshnárse aytpadı da. Tek bolǵanı:

– Joldaslarıńa qosılıp oynay ber. Ústińdi pataslama! – dedi. Sóytti de, tuwrı aqsaqaldıń keńsesine qaray júrip ketti. Men de asıqpastan jónime kettim. Sonda da onıń izinen qaraǵım kele berdi. Ol táwir-aq jerge barǵannan keyin artına qayırılıp, oń qolın kóterip, maǵan qayta-qayta siltey berdi. Onıń xoshlasqanın yamasa mush kórsetip, «erteń kóremen!» degenin de túsine almadım. Sebebi, birewge gijinsek, ózlerimizdiń bılayıraq shıǵıp mush kórsetip, abay etetuǵın ádetimiz bar ǵoy!

Mollanıń áńgimesi ele esimde. Ne de bolsa atımdı biykar aytqan ekenmen. «Kórdiń be maǵan mushın kórsetip baratırǵanın. Erteń sózsiz sabaydı, — degen oyǵa kelip úyge qaray bet burdım. Ayaqlarıma batpan tas baylap qoyǵanday ornınan zorǵa qozǵaladı. Birew iyterip jiberse, jıǵılıp ketejaqpan ba deymen. Ólimsirep úyge zorǵa kiyatırsam, baǵanaǵı qashıp ketken balalar ján-jaǵımnan qorshap aldı.

– Jańaǵı muǵallim saǵan ne dedi?, – dep hámmesi birden jabırlasqanda selk ete qalsam kerek.

– Muǵallim qasıńa kelgende qorıqpay, ketken soń qorqasań-aw! — dedi Qunnazar. Qunnazarǵa sonday ashıwım keldi. Ol meni qalay «qorqaq» deydi. Aldı menen ózi qorqıp qashıp ketti. Sonıń ushın da tullanıp, jónimdi aytpastan ketip qaldım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Kámal MÁMBETOV
*(1940-2002)*



*K.Mámbetov 1940-jılı 14-mayda Kegeyli rayonında tuwılǵan.*

*Jazıwshınıń kórkem dóretpeleri ótken ásirdiń 60-jıllardıń basında jarıq kóre baslaǵan. Dáslep «Gójek» (1965), sońınan «Tırnalar» (1975), «Baxtıń bolsın, Arıwxan!» (1976), «Shaqasında emes, tamırında» (1976), «Awıl tańları» (1977), «Kókshiyel» (1977), «Imtixan» (1978), «Moskvadan kelgen qız» (1979), «Men onı súyer edim» (1982), «Muhabbat hám ájel» (1995) sıyaqlı povestleri járiyalandı, «Bozataw» (1986), «Posqan el» (1988), «Hújdan» (1991), «Túrkistan» (1993) romanların dóretti.*

*K.Mámbetov — Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı (1995).*

*1982-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### GÓJEK

Biziń úyler Erkindáryanıń boyında. Al, awılımız «Naǵıman awılı» dep ataladı. Báhár baslanıwdan-aq awılımızdıń tábiyatı adamdı eriksiz ózine tartadı.

Awıldıń qarsı aldınan munarlanıp Porlıtaw kórinip turadı. Shıǵıs tárepimiz Xojakól menen shegaralasıp, Dawıtkólge qosıladı. Arqamızdaǵı kózjetpes dalańlıqlar Uyǵırkóldiń shıǵanaǵına tireledi. Al, batıs hám qublası pıshıq murnı batpaytuǵın qalıń toǵaylıq. Jaz baslanıwdan-aq túrli quslar bul toǵaydıń ishin jańǵırtıp jiberedi.

Bizler kóp bala bolıp toǵay ishinde sayaxat jasaymız. Palapan uslaymız dep kóp háleklenetuǵın edik. Biraq, azannan keshke shekem sandalıp júrip, qurı qol qaytamız.

Al, men ushın eń qızıǵı – ańǵa shıǵıw. Aǵam ańǵa shıǵarda «men de baraman» dep izinen qalmaytuǵın edim. Ol «jassań» dep ertpey ketedi. Izinen jılap qalaman. Lekin, bir kúni



www.ziyouz.com kutubxonasi

aǵam ańǵa alıp shıqpaqshı boldı. Sebebi, qıńqıldap izinen qalmadım. Sol kúni aǵam maǵan «jollı jigit ekenseń» dedi. Óytkeni, qoyan-qırǵawıldı kóp alıp qayttıq.

Bir kúni mektepten kelsem, balalar jolda birnársege úńilip tur eken. Meniń dostım Jańabay gójek uslap alıptı. Ol bir qolı menen gójekti kókiregine qısıp, ekinshi qolın aspanǵa kóterip, balalarǵa maqtanıp, gójekti qalay uslaǵanın aytıp tur eken. Men qızıǵıp ketip, gójektiń basınan ásten ǵana sıypaladım.

– Tiyme gójegime! Ózlerińiz gójek uslay almaysız, al birew uslasa, basınan sıypaysız, – dep Jańabay ashıwlanıp qaldı. Meniń buǵan júdá arım keldi.

– Erteń uslamaǵandı kóreseń, – dep Jańabayǵa ashıwlanıp úyge kettim. «Sózsiz uslayman», – dedim ishinen. Jińishke sımlardan jigirmaǵa jaqın duzaq isledim de, dárya boyına shıqtım. Kóbigi betine shıǵıp, shashırap, Erkin pátli aǵıp atır. Dárya jaǵasındaǵı qoyannıń qıyır-shıyır izleri meni qalıń toǵay arasına alıp kirdi. Qoyannıń júrgen joldarı, onıń soqpaq izleri oǵada qızıq boladı eken. Jollar bólinip-bólinip tarmaqlanıp kete beredi. Usı jerden kóp júretuǵın tárizli dep shamaladım da duzaqlarımdı qurıp shıqtım. Eger qoyan uslay qoysam, úyge aparıp Jańabaydıń kózin bir qızdırsam deymen. Duzaqlarımdı qurıp bolıp úyge qayttım. Erteńine azanda erte turıp jáne duzaq qurǵan jerge kettim. Toǵay arasınan kúnniń nurlı saǵımı jańa shıǵıp kiyatır. Elp etken samal joq. Tımıq. Endi-endi hárjer – hárjerden sarıshımshıq penen búlbildiń sayraǵan dawısları esitile basladı.

Házir duzaǵıma qoyan túsip atırsa qanday jaqsı bolar edi. Neshewi tústi eken, hámmesi de tústi me eken?! Eger hámmesiine tússe qalay alıp ketemen, degen oylar kewlimdi orap aldı. Juǵırıwım menen duzaǵıma jettim. Barsam, duzaqlarımnıń hámmesi de tap keshegi qurǵanımday bolıp tur. Qoyannıń soqpaǵında keshegi meniń júrip ketken izimnen basqa heshbir iz kórinbeydi. Bunday pısım qurımas. Aǵam, «Qoyannıń júrgen jolınan adam júrse, ol óz jolınan bezip ketedi» degen edi. Al men bolsam, keshe kúni menen qoyanlardıń jolın basıp júrip duzaq qurıppan.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Dárhal duzaqlarımdı jıynastırdım da basqa jerge ózgertip qurdım.

Erteńine kúndegiden de erterek turdım. Kiyinip duzaǵımdı kóriwge kettim. Bul saparı úmitim keshegiden de kúshlirek edi. Kóp júrmey-aq qoyannıń bıyqıldaǵan sestin esittim. Onday quwanbaspan!

Júregim alıp ushıp, ayaǵım jerge tiymey qoyannıń bıyqıldaǵan jaǵına qaray juwırdım. Barsam, duzaǵım qoyannıń kishkene gójeginiń moynınan ilipti. Dárhal gójekti duzaqtan jazdırıp alıp, bawırıma bastım. Quwanıshım qoynıma sıymaǵanlıqtan baqırıp ta jiberippen. Gójegimdi úyge alıp kettim. Jerden jeti qoyan tapqanday, uslaǵan gójegimdi apama ákelip berdim.

– Meniń ulım haqıyqat ańshı boladı, – dep anam meni bawırına basıp súydi.

Gójegimdi ózim baǵıwdı maqul kórdim de oǵan kishkene ketek jasadım. Hár kúni sút, irimshikler menen awqatlandıra berdim. Kóp uzamay gójegim ózime úyrenisip ketti. Hátte, kúni boyı dógerekti gezip, keshte ketegine kelip jatatuǵın boldı.

## JINLER

Esemurat ata bizlerge qońsı. Onıń kishkentay balası Sársenbay bizler menen oqıydı. Geyde Sársenbaydı sorap úyine bara qalsam bar ma?.. Mazamdı aladı. Aytatuǵınınıń bári jin, shaytan... áytewir sonday nárseler. Buǵan isenetuǵın men be, hákislenip turıp alaman. Esemurat atanıń ózi de ójet adam. Joq jerden qasarısıp turıp aladı.

Bir kúni Sársenbay ekewimizdiń basımızdı bálege saldı. Áwliyeniń janınan ótip baratırǵan edik. Emeski jaqtı kórindi. Esemurat ata ekewimizdi shapanınıń shalǵayına orap, kók shóplerdi sabap qalmasın ba?!

– Ket, jinler, joǵalıń!, – dep gúbirlenip júr. Sársenbay ekewimizdiń de júregimiz tarsa ayırıla jazladı...

Haplıǵıwım menen úyge kirip keldim. Apam jańa awzına



www.ziyouz.com kutubxonasi

aparǵan halqasın jerge taslap jiberdi. Túrim buzılıp ketse kerek:

– Saǵan ne boldı, qulınım?!, – dep hawlıǵıp qushaǵına bastı. Meni apamnıń bawırına tıǵılıp: – Jinler! Jin kórdim, jin!, – dep baqıra berippen. Bir maydannan keyin ózime keldim. Bolǵan hádiyseniń bárin aytıp atırman. Kitap oqıp otırǵan Aysulıw apam maǵan qaradı da kúlimsirep, basın shayqadı:

– Ey tentek-áy! Sonday da qorqaq bolarsań ba, aqırı ol jin emes, fosfor ǵoy.

– Onday emes-aw, janıp tur, janıp...

Aysulıw apam kitabın stoldıń ústine qoyıp maǵan jaqınlastı:

– Sen ele jassań. Jańa keldiń tórtinshi klasqa. Ele hámmesin de bilip alasań. Súyekte fosfor degen boladı. Eger ol kóp muǵdarda bolsa, túnde jaqtı beredi.

Aysulıw apamnıń sózine inanbawǵa ilajım joq. Sebebi, ol shıpaker. Hámmesin de biledi ǵoy. Sol kúnnen baslap Esemurat ataǵa inanbaytuǵın boldım.

Erteńine túnde Esemurat atanı jáne bir jerge aparıp qaytıw kerek boldı. Awılǵa koncert kelipti. Sársenbaydı alıp tezirek ketejaqpan. Aqırı, Esemurat atanı bir jerge aparıp bolıp, keyin koncertke barıwǵa kelistik.

Túnniń ishi. Tas qarańǵı. Esemurat atanı ortaǵa alıp júrip kiyatırmız. Áneydey bolıp júrip kiyatırǵan atamız qápelimde shalqasına taslap kep jiberdi. Húreylerimiz ushıp ketti. Awzın jıbırlatıp, állenárselerdi aytıp atır.

– Jin!, – dedi sıbırlanıp, putanıń arasına qaradı. Qarasam, appaq nárse parlap janıp atırǵanday bolıp nur shashıp tur.

– Bul súyek ǵoy, – dedim men. Esemurat atanıń kózi kesedey bolıp adırayıp ketti.

– Keynińe qash, sorlı balam, bolmasa jin uradı!, – dep sıbırladı ol. Kerek deseń, seskengenim de joq. Juwırıp barıp súyekti qoynıma saldım. Aqırı, bul Aysulılwı apamnıń izertlep atırǵan jumısı ǵoy. Soǵan kerek bolar.

Jolǵa kelsem, atamız qashıp ketipti. Tek Sársenbay ǵana hádiysege túsinbegendey bir orında qatıp qalıptı...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Turdımurat NÁJIMOV
*(1914-1988)*



*Turdımurat Nájimov 1914-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan.*

*Jazıwshı «Jeńis jolında» (1952), «Jeńis hawazı» (1954), «Jańa jer ústindegi bayraq» (1955), «Qızlar qosıǵı» (1958), «Jawıngerlik jılları» (1968), «Búrkit» (1970) sıyaqlı gúrriń hám povestlerden quralǵan toplamlardıń avtorı. Jazıwshınıń «Jańa qonıs» (1972), «Qızılqum qoynında» (1976), «Otlı dárya» (1979), «Novgorod yarmarkası» (1983) romanları bar. Onıń «Eki dos» (2007), «Ótmishten elesler» (2009), «Búrkit» toplamları balalar turmısına baǵıshlanǵan.*

*1954-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### BÚRKIT PENEN AŃ AWLAW

— Men jas kúnlerimde qariyalardan búrkitler tuwralı mınaday sóz esittim, – dep sózin dawam etti men sóylesip otırǵanlardıń ishindegi jasúlken adam. Ol kúnde bizler oynap júrgen bala edik. Ol kúndegi kóship-qonıp júrgen qırdıń sharwa bayları da qala menen qalanıń arasında júriwshi sawdagerler de búrkitti arqadan alıp qaytatuǵın edi. Bir kúni biziń awıldaǵı Túyebay degen baydıń úyine qırdan kóp túyeli bir sawdager keldi. Usı sawdager ózi menen birge túyege mingizip, búrkittiń on palapanın alıp keldi. Palapanlardıń báriniń de sarı párleri shıǵıp qalǵan.

– Ol búrkittiń bárin birden túyege qalay mingizgen? — dep sizler soraw qoyıwlarıńız múmkin. Bul oǵada tamasha nárse. Túyeniń ústine kese-kese etip úlken aǵashlardı juwan arqan menen baylap sol aǵashlardıń ústine búrkitlerdi qondıradı. Búrkitlerdiń barlıǵınıń da ayaǵına baw taǵılıp, bawlarınıń ushı aǵashqa bekkem etip baylanǵan. Biraq, búrkitti



www.ziyouz.com kutubxonasi

bunday etip alıp júriw, júdá qıyın boladı, óytkeni ayırım waqıtlarda búrkit qonaqlap otırǵan ornınan qozǵalaman degende awdańlap, qonaqlap otırǵan aǵashınan túsip ketedi. Bunday waqıtlarda túyeni jeteklep kiyatırǵan adam oǵan dárriw kómeklesip, burınǵı ornına qaytadan qonaqlatpasa, búrkitlerdiń ólip qalıwı da múmkin...

– Bizge bazarlıqqa ne alıp keldiń?, – dedi Túyebay sawdagerlerdiń birewine.

– Sizge bazarlıǵım, mınaw búrkitlerdiń birewin alıp keldim, qálegenińizdi alıńız, – dedi ol baydıń tilegin orınlaǵısı kelip.

Sol kúnde Túyebaydıń Esensarı degen jalǵız balası bar edi, onıń kásibi qus salıw, búrkit salıw boldı. Onıń birdeygi talabı jaz bolsa malın jaylawǵa shıǵarıp, qusın túletetuǵın, qıs bolsa awıldı qıslawǵa qondırıp qusın salatuǵın edi.

Esensarı keyinirek búrkit salıwdı da úyrendi.

– Kelin-ay, ha kelin! – dedi Túyebay, Esensarınıń hayalı Qálempirdi shaqırdı.

– Lábbay ata, Xızmetińiz bolsa...?, — dep Qálempir Túyebaydıń ústine kirip keldi.

– Anaw on búrkittiń ishinen qálegen búrkitińdi alıp qal, shıraǵım, – dedi Túyebay.

– Jaraydı, – dep Qálempir shıǵıp ketti. Qálempir digirman tartatuǵın ishi bos qarúydegi baylawlı turǵan búrkitlerdiń qasına kelip, hárqaysısın kózden birimlep ótkerdi.

– Bunıń barlıǵı da búrkittiń erjetken palapanı, túri de, úlken-kishiligi de birdey... Bul turısında bunıń qaysısınıń jaqsı, qaysısınıń jaman ekenin biliw qıyın... Solay bolsa da, shetirek qonaqlap otırǵan ekewi oǵan qattı unadı.

– Ata!, – dedi Qálempir Túyebaydıń qasına kelip, «anaw búrkitlerdiń arqada ekewi de qarıwlı, jaqsı búrkit. Solardıń qaysısın alsańız da kúymeysiz, ózim sınap kórdim», – dedi.

– Jaraydı, balam, – dedi Túyebay.

Sawdager Túyebayǵa qálegen búrkitin berip jol júrip ketti.

Esensarı atın ertlep búrkittiń tomaǵasın kiygizip, azanda ańǵa shıqpaqshı boldı. Esensarınıń bul ańǵa tuńǵısh iret



www.ziyouz.com kutubxonasi

shıǵıwı emes edi, ol bunnan burın da birneshe iret usı búrkit penen ańǵa shıǵıp qayttı.

– Sen búgin ańǵa shıqpasań jaqsı bolar edi, – dedi Qálempir Esensarıǵa.

– Nege olay deyseń?, – dedi ol ashıwlanıp.

– Búgin túnde usı búrkittiń uyada jatqan uyalası keldi. Ol úydiń ústine qonıp otırıp, qayta-qayta bir-eki sharqıldap, úydegi búrkitti shaqırǵanday boldı Bul da oǵan sharqıldap juwap berdi. Meniń aytqanımdı qılsań, usı qustı búgin salmasań ábden jaqsı bolar edi. Usı saparıńdı men sennen júdá sorayman!..

Biraq, salǵanıń menen yaki ózińe, yaki atıńa qáwipli... Men saǵan haq kewlim menen aytaman, – dedi Qálempir. Onıń bul sózlerinen álleqanday bir qorqınısh, ayanısh, jalınıw, qayǵırıwdıń belgileri anıq kórinip turar edi.

Ol taǵı da jańaǵı sózlerin qaytalap aytpaqshı bolıp edi, Esensarı onı heshbir tıńlaǵısı kelmey, qolın siltep:

– Ne ózińniń aytıp otırǵanıń! Men geshshemen be, ya bolmasa baladay dalaǵa birinshi márte shıǵıp atırman ba? – dedi.

– Óziń bil, ómirlik joldasım bolǵan soń qayǵırıp aytıp atırman da, bolmasa seniń meniń keńesimdi alıp júrgen jeriń bar ma edi, – dedi Qálempir ashıwlanıńqırap...

* * *

Esensarınıń tósek tartıp jatırǵanına kóp waqıtlar boldı. Jaqın jerdegi esitken-bilgen aǵayin-tuwǵanlardıń barlıǵı da Esensarınıń kewlin sorap ketip atır.

– Ne em islep atırsań? – dep soraydı keliwshiler.

– Qoydıń quyrıqmayın kúydirip, eritińkirep, sonı tartıp atırman. Onnan burın qoshqardıń terisine jıllılay bir-eki márte orap aldım, onnan basqa islep atırǵan emim joq, – deydi Esensarı, soraǵan adamlarǵa zordan qıyınlıq penen sóylep.

– Qoylarıńızdı da shetnetip tasladı dep esitip edik, bul qanday sóz?

– Durıs sóz ǵoy, – deydi Esensarı suwıq demin alıp.

Sorastırıp qarasaq, Esensarınıń búrkitke talanıwı bılay bolǵan eken: ol, búrkitin kóterip awıldan uzaq jerdegi dalaǵa



www.ziyouz.com kutubxonasi

shıǵıp ketedi. Ol Qızıldıń neshe túrli qabat-qabat aspanlarında júrip, ań qıdıradı.

Bir waqıtları onıń búrkiti tileydi. Heshqanday ańdı kórmey-aq ushadı da, aspanda taǵı bir búrkit penen ushırasadı. Búrkitler kem-kemnen bir-birine jaqınlasıp, olar birin-biri birneshe sapar aylanıp ushıp júredi. Esensarı qolındaǵı doyırın taslamaytuǵın edi. Ol atın shapqılawı menen hárbir biyik-biyik qumlardıń basına shıǵıp, doyırın bılǵap júredi.

Búrkitler tómen qarap sarqıp ushqanda, onıń qanatınıń arasınan esken samaldıń dawısı besatardıń oǵınıń dawısınday zuwıldap esitilip turadı.

– Doyırımdı qolıma aldım da, búrkitlerdiń túrin jaman kórip, otıra qaldım, – dep Esensarı sózin dawam ettirdi. Búrkitlerdiń birewi keldi de, atımdı tepti, at omaqazan atıp jıǵıldı. Ashıwlanǵanım bir jarı, qulashımdı jaya berip, doyırım menen búrkitti urdım. Búrkit úlken qara qoydıń qaraldısınday bolıp awnap tústi. Anaw búrkitti doyırım menen urǵanımdı-aq bilemen taǵı bir búrkit kelip, meniń oń jaǵımnan tepti. Ol búrkit bir ayaǵı menen meniń jawırımnan búrdi, ekinshi ayaǵı meniń joqarı doyırdı kótergen qolıma tústi. Meniń oyıma túrli nárseler túsip ketti... Onıń eń baslıları azanda hayalımnıń tilin almaǵanım. Usıdan ólip ketsem, tuwısqan-tuwǵandı kóre almay ármanda ketkenim, onnan keyin: «Esensarını búrkit búrip óltiripti» degen xalıqtıń nasaq sózi. Eń sońında, usı búrkitti salıp, men kimge payda keltirip júrmen? Usınıń qanday qızıǵı bar?! Taǵı állenárselerdi oylap, kóz aldıma elesletip turdım... Kóp oylanıp otırıwǵa da shamam kelmedi, ádepki doyır menen urǵan búrkitim awnap túsip, eki qanatın sapatlap atır. Meni búrgen búrkit bolsa, kem-kemnen tırnaǵın batırıp atır. Qızıldıń qıya qumında meni kóretuǵın adam joq. Men oylanıp-oylanıp búrkittiń alqımınan qısıwdı maqul kórdim daǵı, sol qolımnıń barlıq kúshin salıp, búrkittiń tamaǵınan qıstım. Men qattıraq qısqan sayın, eki kózi masaladay janıp, onıń palapanındaǵı dawısı shıqtı. Búrkit awzın ashıp, tilin shıǵardı. Men onnan sayın qıstım. Búrkit hálsiredi, búrkit tırnaqların eriksiz túrde meniń denemnen



www.ziyouz.com kutubxonasi

suwırıp ala basladı... Onıń tırnaqlarınıń izin quwıp, mennen zıtlıǵıp aqqan qıp-qızıl qan da shıqtı.

Meniń qızıp ketkenim sonday, hátteki, denemniń awırǵanın heshbir sezbeytuǵın edim. Sol qolım menen jańaǵı búrkittiń eki ayaǵın tas qılıp baylap aldım, endi ol qanatı menen háreket qılmasa, ayaǵı menen háreket ete almaytuǵın bolǵan edi.

Ádepki atımdı tepken hám men onı doyır menen urǵan búrkit, jabayı búrkit edi. Al, meni búrgen sońǵı ekinshi búrkit, ol baǵanaǵı ózimniń búrkitim edi. Anaw ádepki búrkittiń de, meniń atımnıń da ómiri usımanda sap boldı...

Men kóylegimdi kesip-kesip jańaǵı búrkit búrgen qolımdı bayladım. Keyin onı awırsınıp kóp waqıtqa deyin otırǵan ornımda qozǵalmastan qaldım.

Úyge qaytaman dep, kelgen izim menen jayawlap úyge qaytıwǵa qanshama háreket etsem de, boyım awır tartıp, júre almadım. Túkirigim jelimdey bolıp qalıptı. Sharshaǵanım taǵı bar, sol kúni men awılǵa jete almay, jolda qulap qalǵanımdı da bilmeymen.

Aldımnan iyirim tartıp, tolqınlanıp dárya aǵıp tur. Dáryada birqansha balalar apaq-shapaq bolıp oynap, qayıǵına minip, appaq jelqomdı qurıp, qayıqlı ketip baratır, dáryanıń jaǵasına barıp, eki qolımdı toltırıp-toltırıp suwdan iship atırman, ómirde shólim qanbaydı. Dáryanıń eki jaǵası kók-kómbek ósimlik. Dáryanıń jaǵasında birneshe balalar shomılıp qalaq oynap júzip júr. Taǵı birneshe balalar qayıqqa minip, tórt eskekti salıp, bar kúshleri menen esip, qayıqtı suwdıń betinde zırlatıp júr... Balalar «Qayıqqa min!» dep shaqıradı... Balalardıń qayıǵına mineyin dep sonshama háreket qılsam da oǵan mine almayman... Oǵan ózim qattı irenjidim, kózimdi ashıp qarasam heshnárse joq...

Qarańǵı tún. Qula dúz. Esensarınıń bul kórgenleriniń, barlıǵı da túsi eken.

Awıldan atlı, túyeli adam shıǵıp, Esensarının izin kesip, onıń ózin erteńine awılǵa alıp keldi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

– Biziń awılda da Qabanbay deytuǵın búrkitshi boldı — dep gáp basladı ekinshi adam. — Qabanbaydıń almaǵan ańı az boldı. Onıń búrkitti salıwǵa qumarlanǵanlıǵı sonday, búrkittiń birewi ólse, dárriw at jiberip tuyaqjeter jerdegi búrkitti satıp alıp salatuǵın edi. Onıń búrkitleri – kiyik, qasqır, túlki, qulan hám dońızǵa deyin aldı.

– Adamnıń qolı búrkitti qalay kóteredi, – dep soradım men hayran qalıp.

— Onı qolǵa kóterip salmaydı?

– Endi qalay qılıp ańǵa saladı?

– Ol ańsat? – dedi gúrrińlesiwshiler ǵawırlasıp.

– Qalayınsha ańsat?

– Búrkittiń túrli-túrli ańǵa salıwı bar hám onıń túrli-túrli úyretiwi bar.

– Erdiń basına aǵash qaǵıp, aǵashqa tuǵırdı baylaydı, tuǵırǵa búrkitti qondırıp, ayaqbawınan adamnıń ózi qolına uslap otıradı, sol baratırǵanda búrkittiń ózi tileydi, tilese, dárriw jiberedi... tilemese jibermeydi.

Búrkitti salıwdıń taǵı bir jolı, onıń qálpesi búrkitti dalbayǵa ushırıp keynine erip júre beredi. Ań kórinse, oǵan dárriw qolı menen kórsetedi.

– Áne, qasqır, shap zańǵarım! – dedi Qabanbay búrkitin ushırıp jiberip. Durısında da, Qabanbaydıń aldınan qıstıń samalsız suwıq kúninde eki qasqır tilin salańlatıp kesip óte bergen edi. Qabanbaydıń anaw-mınaw dawısına eki qasqır seskenetuǵın emes, júrislerin buzbastan ketip baratır. Buǵan Qabanbay qattı ashıwlandı.

Búrkit aylanıp, qanat qaǵıwı menen aspannıń álemine sharıqlap shıǵıp ketti. Qabanbaydıń eki kózi birese búrkitke, birese qasqırǵa tústi. Búrkit aspannan sarqa berip, qasqırdıń birewiniń shondısına tepkende, ol omaqan atıp jıǵıldı shondısı úzildi. Ekinshi qasqır kelip anaw qasqırǵa bolıspaqshı bolıp, búrkitke awzın sala bergende búrkit qasqırdıń tap bet aldınan tırnaq saldı. Qabanbay kelip kómeklesken soń, qasqırdıń ekewi de óltirilip, olardıń ókpe-bawırı búrkitke jemtik boldı. Qasqırlardıń terisi soyıp alındı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Búrkittiń tilemeytuǵın nársesi joq. Bir kúni Qabanbaydıń aldınan uzaqtan bir dońızǵa qashtı. Búrkit eki qanatın jayıp, sapatlap sonday talpınadı. Eger onı dońız jibere qoyǵanda, ol sol zamatında dońızǵa barlıq tırnaqlarınıń kúshin salıp, onı ashıwlı túrde búrejaq edi. Biraq, Qabanbay búrkitti dońızǵa jibermedi. Óytkeni, jer jaǵdayınıń ońaysızlıǵı búrkittiń dońız alıwına múmkinshilik bermeytuǵın edi. Dońız sol qashıwı menen kózkórmeske joq boldı. Qabanbay júriwin dawam ettire berdi.

– Bul nege talpınadı, neni kórdi? – dep Qabanbay janjaǵına qaradı.

– Ha dońız eken, tap jańaǵı dońızdıń ózi! Aldınan eshekli otın artıp kiyatırǵanlardı kórgennen keyin dońız birden úrkip, artına qaray keyin qashıp kiyatırǵanda, onı búrkittiń ekinshi iret kóriwi edi.

– Shap, zańǵarım! – dep Qabanbay búrkitti jiberip qaldı. Búrkit qanat qaǵıp, aylanıp kóterilip ushıwı menen aspanǵa shıǵıp ketti. Dońız bolsa, gújireńlep qashıwın dawam etti.

Qabanbay biyik-biyik tóbeshiktiń basına shıǵıp, búrkittiń hám dońızdıń bet alısına qarap turdı. Búrkit aspanǵa shıǵıńqırap bardı da, eki qanatın quwsıytıp tómen qarap barlıq salmaǵın taslap sarqıdı. Ol, ashıwlı pát penen dońızdıń qalqanınıń tóbesinen búrip, eki qanatın sapatlap otıra qaldı.

Dońız jan aybatı menen tura qashtı. Onıń shıńǵırǵan dawısı jer jardı... Ol, bul páti menen aldınan ot shıqsa da, súzip qashqanday edi. Dońız neshe túrli shoqalaq, jılǵa hám aspar qumlardan asıp ketti. Ol sol qashıwı menen qızıldıń arasındaǵı qalıń bir torańǵılǵa kirdi. Qabanbay atın qamshı menen sabalap quwsıp otırıp dońız kirgen torańǵılǵa ol da kirdi. Biraq, dońız da kórinbeydi, búrkit te kórinbeydi...

Qazekeńniń izshil bolatuǵının, birnársesin joǵaltsa dárriw iz kesetuǵının siz jaqsı bilesiz. Qabanbay dárriw dońızdıń izin kesti. Dońızdıń tarbayaqlap qashqan izi taqır-tegis jerlerde osılıp jatır edi. Qabanbay dońızdı izlep júrip, kútilmegen jerden aldında bir torańǵılda búrkittiń bir ayaǵı ilinip turǵanın kórdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Bul qanday hádiyse, — Qabanbaydıń búrkitine qıynalǵanı sonday, ol turǵan jerinde qozǵalmastan, kóp waqıtqa deyin hayran qalıp, oylanıp qaldı. Onıń jawtańlaǵan eki kózi, qayta-qayta búrkittiń torańǵılǵa ilinip turǵan ayaǵınan ketpedi. Búrkit, mine tap jańa ǵana ólgen. Onıń ayaǵınan aqqan qanı ele tamshılap tamıp tur. Qabanbay búrkittiń torańǵılǵa ilinip turǵan ayaǵın, onıń torańǵılǵa tereń bolıp kirip ketken tırnaqların qayta-qayta qolı menen uslap kórdi... Búrkittiń kem-kemnen suwıp, ireńi qashıp baratırǵan ayaǵı Qabanbaydıń qolına ájeptáwir bolıp, qap-qattı tiydi.

Hádiyse bılay bolǵan eken:

Dońız jan aybatı menen, ne de bolsa qaytpay, bet aldına ketti. Ol heshbir jerde toqtaytuǵın bolmadı. Dońız qalıń aǵashlardıń arasına urıp, bir torańǵıldıń qasınan óte bergen waqıtta búrkit bir ayaǵın dońızdıń qalqanınan jazdırıp, onıń qasına jaqın kelgen bir torańǵıldı bar kúshi menen búredi.

Dońız súziwi menen qashıwın dawam ete bergen waqıtta búrkit onı heshbir toqtata almaydı. Búrkittiń tek bolǵanı qattı shańqıldaǵan bir dawısı ǵana shıqtı. Ekinshi ret shańqıldayman degende, onıń tek bolǵanı az-maz dawısı shıqtı. Sonnan keyin búrkit birotala ólip qalǵan. Onıń bir ayaǵı menen kópshilik gewdesi dońızdıń qalqanında ketken, bir ayaǵı jańaǵı ózlerińizge aytqan torańǵıldaǵı...

## Muratbay NÍZANOV
*(1951)*



*M.Nızanov 1951-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. Jazıwshınıń «Usınday da boladı» (1979), «Kúlkim keledi» (1987), «Nıshana» (1984), «Sizge bolmaydı» (1990), «Adam kúldirgeni ushın» (1989), «Jat jurttaǵı jeti kún» (1992), «Rasın aytsań uradı» (1993), «Ishek-silem qattı meniń» (1993), «Aqshagúl» (2004), «Adam jamanlasań zeyniń ashıladı», «Eki qanqor» (1994),*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*«O'zga sayyorada etti kun» (1995), «Mushtum» kutubxonasi (1988), «Ǵáziyne» (1996), «Jaqında qızıq boladı» (1997), «Eki úyrektiń toǵız bótekesi» (2005), «Telefon jinlisi» (2003), «Aqıret uyqısı» (2009), «Dushpan» (2010) hám taǵı basqa gúrrińler, povestler kitapları sonday-aq, «Tańlamalı shıǵarmalar»ınıń (2008, 2009) 1-2 tomları, «Sen hám Men» qosıqlar (2012) basılıp shıqtı.*

*Ádebiy isimi: Murat xoja*

*M. Nızanov — Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı (2012).*

*1991-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## TAZADAN KELGEN BALA

Bul waqıya balalar sanatoriyasınıń birinde júz bergen edi. Balalardıń hámmesi jazǵı uzın shatırda uyqılaydı, al tárbiyashılar bólek jayda.

Sanatoriyda dem alıwshılardıń úshinshi gezeginiń waqtı. Sol átirapta jasaytuǵın, jası balalardan úsh-tórt jas úlkenlew eki bala tap boldı. Ekewi hámme uyqılaǵannan keyin jım-jıma keledi de, svetti jaǵıp jiberedi.

– Qáne, tazadan kelgen kim bar?

– Men.

Eki bala aylanıp shıǵadı da:

– Krossovkańdı shesh!

– Sportivkań-ám jaman emes, alamız!

Qullası, táwir kiyimi bolsa sheship aladı, bolmasa qaltasına qolların tıǵıp jiberip, aqshasın aladı.

– Erteń tárbiyashıǵa awız ashsańız, kóresiz! – dep doq uradı jáne keterinde.

Balalar qorıqqanınan heshkimge aytpaydı. Usı awhal tórt-bes kún dawam etti. Bir kúni sanatoriyaǵa bir hápte keshigip, olardan eki-úsh jas úlken bala keldi. Balalar oǵan kúndegi waqıyanı aytıp berdi. Tazadan kelgen bala da qorqayın dedi.

– Áy, balalar, – dedi Asqar degen bala sonda. – Men sizlerge birnárse aytayın ba, ol ballardı qorqıtıwdıń jolı bar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sońol óziniń qıyalına kelgen tásildi túsindire basladı. Bul tásil hámme balalarǵa ońtústi.

Tún boldı. Qádeli waqıtta eki bala keldi de svetti jaǵıp jiberdi.

– Tazadan kelgen kim bar?

Balalar sestin shıǵarmastan, baǵanaǵı balanı qolı menen nusqadı.

– Áy, tursań-á! – dep olar tazadan kelgen balanıń ústindegi kórpesin serpip tasladı.

Ol erinsheklik penen oyanadı.

– Newe?!

– Ne ákeldiń?

– Ne dedińiz!, – dedi tazadan kelgen bala aybat penen hám birimlep ústi-basın sheshe basladı.

Onıń eki bilegindegi eki jolbarıstıń súwretin kórgen gúdibuzarlar áste shegine basladı.

– Sizlerden sorap turman! – dedi taǵı da futbolkasın kátke taslap atırıp.

Onıń kókiregindegi terminatordıń bádaybat súwretine kózi túsken eki bala esikke qaray tura qashtı.

– Ballar, uslańlar analardı!

Bul waqta olar sanatoriyanıń sırtqı qorǵanshasına barıp qalǵan edi.

## «ISBILERMENLER»

Aydostıń klasta otırıp birden ishi búrip qaldı. Ári-beri ıńırsıp edi, biraq oǵan muǵallim dıqqat awdarmadı. Taxtaǵa jazılǵan uzın-shubay máseleni sheshiwdi dawdi etti.

Aydos onnan sayın ıńırsındı.

– Muǵallim, Aydostıń ishi awırıp otır, – dedi qasında otırǵan dostı Batır túrgelip.

– Ya? Solay ma? Jaqpas birnárse jegenseń-ǵo, – dedi de muǵallim jáne jazıwın dawam etti.

– Muǵallim, Aydos jılap atır.

Muǵallim pordı taxtaǵa qoyıp, Aydostıń qasına keldi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Bar, kitaplarıńdı jıyna da qayta ber, biraq, barǵannan keyin dárriw shıpaker shaqırtıń, – dep Aydosqa ruqsat berdi.

– Muǵallim, men úyine aparıp taslayın ba? – dedi Batır túrgelip. Bir ózi júre almaytuǵın shıǵar?!

– Bárekella! Áne, haqıyqıy dos usınday bolıw kerek. Apara ǵoy.

Muǵallim Aydos penen Batırǵa ruqsat berip, sabaǵın dawam etti.

Batırdıń úyi mektepke jaqın edi. Aydos ta papkasın Batırdıń úyine qoyıp, trikoların kiyip, ekewi bazarǵa qaray zıttı. Olar muǵallimdi «awırǵanına» isendire alǵanı ushın júdá más edi.

Bazarda ózleriniń kúndelikli qáltek arbasın qoymaxanadan aldı da, kimniń qapshıǵın, kimniń sumkasın kerek jerine jetkerip berip, shıtırlaǵan aqshalardı óz ara bólisip qaltalarına basıp júr.

– Keleshekte isbilermen bolamız-á, – dep qoydı Aydos Batırǵa maqtanıp.

– Awa, dá!

– Háy, ballar, meniń mına eki sumkamdı mashınǵa deyin aparıp beriń!

Jası ortaǵa barǵan semiz kelinshek eki sumkanı ırsıldap ákelip, ballardıń qasına qoydı.

– Jetkeremiz! Kóter Aydos birewin!

Olar eki awır sumkanı dizelerine mingizip zorǵa arbaǵa qoydı.

Hayal balalardıń aldına túsip kiyatır. Bir waqıtları qızıl «Jiguli»diń qasına kelip toqtadı.

– Aǵası, kapotıńdı ashıp jiber, – dedi kelinshek kabinaǵa barıp.

Kabinadan bir kisi kerilińkirep barıp tústi. Az-maz kózi ilinip ketken qusaydı.

– Ha-aw?!, – dedi ol birden Aydos penen Batırǵa kózi túsip. — Sizler neǵıp júrsiz?

Ol baǵana bular ruqsat alıp ketken matematika muǵallimi edi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QAYTÍM

«Bazar — Samanbay» dep jazıp qoyılǵan kishkene jónelisli taksige Ásenbay eń keyingi jolawshı bolıp mindi. Bul miniwden mashina júrip ketti.

– Qáne, tólep otırıńlar, – dedi shofyor mashina qozǵalıwdan.

– Balam, jolkireyiń neshe som? – dedi aldıraǵında otırǵan bir ǵarrı.

– Toqsan manat.

Ǵarrı júz som uzattı. Shofyor júz somdı motordıń ústine jelimlengen rezina tarelkaǵa tasladı da, qasındaǵı salafan qaltadan bir konfet alıp uzattı.

– Bul ne?, – dedi ǵarrı túsinbey.

– Qaytımı-ǵo.

– Shıraǵım-aw, seniń qaytımıń qızıq eken ǵo. Kámpiytti ne qılaman?

– Ne qılatuǵın ediń, shay menen isheseń. Bas-basıńa on somdı qayaqtan tawaman.

Bunnan keyin jolkirey tólegenler dım úndemey qaytımǵa konfet alıp qoya berdi.

– Áy, jigitler, jasawdıń jolın biliw kerek, – dedi shofyor az-mazdan keyin maqtanıp. – Bala-shaǵa bazarda konfet-pechene satadı. Azanda tórt-bes kilo alıp shıǵaman, keshke deyin tawsıladı. On somlıq konfet ushın heshkim ókpelemeydi.

Bir waqları tarelkadaǵı pulǵa kózi túsip ketti de:

– Bir adam tólemeptiǵo, kim qaldı? – dedi shofeyor.

– Men, – dedi Ásenbay.

– Men degenshe tóleseń-o, shappattay balasań! – Shofyor ortadaǵı aynadan Ásenbaydı jep qoyatuǵınday etip qaradı.

Ásenbay shortınıń eki qaltasına birden qol suǵıp, bir qısım konfetti pul salınǵan rezina tarelkaǵa tasladı.

– Bul ne?! – dedi shofyor shorshıp.

– Ózińniń kúndegi bergen qaytımlarıń-ǵo!

Mashinada otırǵan jolawshılar duw kúlip jiberdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## EGIZEKLER

Asan menen Úsen úshinshi klasta oqıytuǵın edi. Asan sabaqtan ziyrek. Muǵallimniń awzınan shıqqan sózin sol waqta yadlap aladı. Lekin, Úsenniń ıqlası joǵıraq. Ásirese, esaptan. Birge-birdi qosıwdı aljasıp zorǵa aytadı, al kóbeytiwge kelgende birotala tamam. Muǵallimniń aytıp bergenin qaytarıp ta aytıp bere almaydı.

Bir kúni muǵallim Asan-Úsenniń úyine kelip, aǵasına bar jaǵdaydı túsindirdi.

– Yaǵ-á, múmkin emes, – dep aǵası egizek balaların aldına shaqırdı. Muǵallim qasında otırdı.

– Qáne, ózim bir sınap kóreyin. Úsen, sen aytshı maǵan, qolıńda bir alma bar, saǵan jáne bir alma bersem neshew boladı?

Úsende ses joq.

– Yaqshı, ańsatlastırayıq. Qolıńda bir pechene bar edi, oǵan jáne bir pechene aparıp qostım, neshew boldı?

– Qashan qostıń?!

– Úh-h! — aǵası ornınan turıp ketti. – Ekige ekini qossań neshe boladı?

Úsen jım.

– Ekige ekini kóbeytseń neshe boladı?

Juwap joq.

– Úshti-úshke kóbeytseń?

Aǵası Úsen ushın biykar ójetleskenin bildi.

– Keshirersiz, – dedi muǵallimge. – Men bárha jumıs penen bolıp, balalardıń sawatın durıslap teksermegen ekenmen. Erteń azanda Úsen kóbeytiw kestesin bilip barmasa, men atımdı basqa qoyaman!

– Erteń emes, bir ayda úyrense de boladı!

– Yaq, erteń bilip baradı... Kórerseń, azanda sayrap turadı.

Muǵallim ketkennen keyin aǵası Úsendi jaqsılap awqatlandırdı, shay-suwın berdi. Sóytip, sabaqqa kiristi. Áke — muǵallim, bala — oqıwshı. Kún batıwǵa meyillesti. Ótip atırǵan waqıtta esap joq. Gewgim tústi. Tún boldı. Yarım



www.ziyouz.com kutubxonasi

aqshamǵa qarap baratır. Lekin, Úsende alǵa ilgerilew kórinbeydi!

Aǵası bólmeniń ishinde arı teńselip, beri teńselip, aqırı ashıw menen:

– Asan! – dep baqırıp jiberdi.

Uyqılı-oyaw Asan jetip keldi. Aǵası olar ekewin eki qoltıǵına alıp turıp, qulaǵına muqıyatlap birnárselerdi ayttı da:

– Endi barıp uyqılań! – dedi ashıw menen. Ózi de bólmesine ketti.

Erteńine muǵallim sabaq sorawdı asıǵıslıq penen basladı da, Úsendi ortaǵa shıǵardı.

– Bir kóbeytiw bir neshe?

– Bir.

– Eki kóbeytiw eki?

– Tórt.

– Tórt kóbeytiw tórt?

– On altı.

– Bes kóbeytiw bes?

– Jigirma bes.

Muǵallim hayran.

– Altı kóbeytiw altı?... – Jeti kóbeytiw jeti?... – Segiz kóbeytiw segiz?...

Úsen muǵallimniń sózi awzınan shıqpay atırıp, juwabın dúrs ettirip tur. Endi sorawdı qıyınlastırıp kórdi.

– Altı kóbeytiw jeti?

– Qırıq eki.

– Toǵız kóbeytiw segiz?

– Jetpis eki.

Bolmadı. Muǵallim bes qoyıwǵa májbúr boldı.

Soń oqıwshılarǵa kelesi kúnge tapsırma berdi de waqtınan burın tánepiske shıǵıwǵa ruqsat berip jiberdi.

– Sizler otırıp turıń, – dedi muǵallim Asan-Úsenge.

Egizekler otırıp qaldı.

– Úsen, shınıńdı ayt, bir kúnde usınsha nárseni qalay úyrenip aldıń?

Úsen jım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Aytsań jáne bir bes qoyaman.

Olar bir-birine qaradı.

– Aytsaq urıspaysız ba?

– Yaq.

– Men Úsen emespen, – dedi kúni menen taqıldap juwap bergen bala. — Asanman. Úsen mine! Bizler tek ornımızdı awmastırıp otırıp edik.

## Altıngúl ÓTENIYAZOVA
*(1965)*



A.Óteniyazova 1965-jılı 13-aprelde Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik universiteti filologiya fakultetiniń jurnalistika bólimin pitkergen.

Onıń «Qız kúndeligi» gúrrińler (2001), «Júreklerde bar bol, muhabbat» qosıqlar (2002), balalar ushın «Umıtshaq» gúrrińler (2003) toplamları, «Jaqsılıqqa tájim» (2007) t.b. qosıqlar toplamları jarıq kórdi.

2004-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

## MIYRIGÚL

Biziń apamnıń aytıwınsha hárbir adamnıń atı ózine say boladı eken. Írasında da, bul nárse durıstay. Mısalı, Biziń klasta Tazagúl tap-taza bolıp júrgendi táwir kóredi. Ústi basın, partasın, hátteki úyiniń átirapın dárwazasınıń sırtına shekem tap-taza etip qoyadı. Almagúl bolsa almanı jaqsı kóredi. Ájiniyaz qosıq oqıǵandı, onı namaǵa salıp aytqandı táwir kóredi. Maman kim — haq, kim — nahaq ekenligin ayırıp aqıl aytıp otıradı.

Al, endi Miyrigúl hámmege miyriban, hámmege tek ǵana jaqsılıqtı baǵıshlaǵısı keledi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bir kúni tánepiste Qalbay menen Sabır uslap alǵan kepterin ákelip klastaǵı shkafqa salıp qoydı. Onı kórgen Miyrigúl:

– Bosatıp jiberiń-se, ne qılasız biysharanı qıynap?! Ólip qaladı-ǵo! – dedi qıynalıp ótinish penen.

– Yaq, bosatpaymız! – dedi oǵan Sabır. – Házir sabaq tamam bolǵan soń operaciya etip, kepterdiń ishki qurılısın tekserip kórmekshimiz.

Miyrigúl shorshıp ketti. Ol ózi-aq barıp kepterdi bosatpaqshı bolǵanda klasqa muǵallim kirip kelip, sabaq baslanıp ketti.

Miyrigúl kózlerin shkafqa qadadı. Kózleri dóńgelek kepter tıpırshılap, jan-jaqqa urınıp shıǵarǵa esik izler edi. Miyrigúl ayanısh sezimlerine shıdamay jılap jiberdi.

– Ne boldı Miyrigúl, bir jeriń awırıp tur ma?

Muǵallim óksigin basa almay jılap atırǵan Miyrigúldi kórip albırap qaldı.

– Analar... soyajaq...

Miyrigúl óksigin basa almas, kewlindegi gáplerin de tolıq túsindire almas edi. Partalas dostısı Gúljan ornınan turıp bolǵan waqıyanı túsindirip bergende muǵallim kúlip jiberdi.

– Tek sol ma? Aylanayın-aw, atıń da ózińe say eken. Qoy, onıń ushın jılama! Házir kepterdi qutqaramız. Qáne, Qalbay, Sabır, kepterdi tez bosatıp, ushırıp jiberiń!

Sabır ornınan turdı da:

– Muǵallim, Miyrigúldiń jılaytuǵının bilip oynap aytıp edik-ǵo. Ol ózimniń asırandı kepterim, qolǵa úyrengen, – dedi de shkaftaǵı kepterdi alıp ashıq aynadan shıǵarıp, ushırıp jiberdi. Miyrigúl kóz jasların súrtip, ál-hawada sharq urıp ushıp baratırǵan kepterdiń izinen quwanıshlı túrde kúlimlep qarap, jeńil dem aldı.

## AǴAMNAN ÚYRENDIM

– Men quslardıń tilin bilemen, – dedi Polat dostı Jeńisbay menen oynap otırıp.

– Qalayınsha, quslar da sóyley ala ma?

– Awa, anań qara, mına shımshıqlar kúni menen tınısh



www.ziyouz.com kutubxonasi

ǵana otır edi, endi qattı juǵırlasıp ketti. Dawısı da táshwishli. Demek, olar qáwipli birnárse kórip tur.

– Yaǵ-áy?!

– Awa!

Shınında da, shımshıqlar bir dúrkin bolıp, hár jerge bir ushıp qonıp, shır-pırı shıqtı da qaldı. Polat olar shırıldap aylanshıqlay bergen jerge qarap juwırıp ketti. Izinen juwırǵan Jeńisbay tańqalarlıq waqıyanıń gúwası boldı. Aytqanınday-aq shımshıqtıń uyası tárepke bir úlken jılan jaqınlap kelmekte edi. Endi Polat penen Jeńis úyge qarap juwırdı.

– Aǵa, aǵa, ana jerde shımshıqtıń uyasınıń qasında jılan bar!

– Qáne?

Aǵası asıqpay uyanıń qasına jetip keldi de, shıyratılıp jatırǵan jılannıń basınan aǵash penen qısıp uslap alısqa aparıp tasladı.

– Sen shımshıqlardıń qorqıp turǵanın qalay bileseń?, – dep tańlanıp soradı Jeńisbay Polattan.

– Men bulardıń bárin aǵamnan úyrendim! – dedi Polat mardıyıp.

## MENIŃ QOSÍǴÍM

Bul waqıya erterekte bolǵan edi.

– Endigi úyge tapsırma «Tayınshaq» qosıǵın yadlap keliw, – dedi birinshi klastıń muǵallimi sabaq ótip atırıp. – Balalar, Sizler úy haywanlarınıń biri — attı, onıń tayınshaǵın jaqsı bilesizler, awılǵa qıdırıp barǵanıńızda kórip te júrsiz. Ele úlkeyińkirep alǵan soń oǵan minip shabandozlıq etesizler, bizlerdiń ata-babalarımız ushın at birden-bir kólik bolǵan. Onıń tayınshaǵı sulıw oyınshıl boladı. Mine, erteń yadlap keletuǵın qosıǵıńız sol tayınshaq haqqında.

*Tay, tay, — tay eken,*
*Otlaǵanı say eken,*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Mańlaydaǵı qasqası,*
*Aynımaǵan ay eken.*

– Múmkin be? – dep qolın kóterip muǵallimniń gápin bóldi birinshi partada otırǵan Gúlayım.

– Ne aytpaqshı ediń? — muǵallim ruqsat etti.

– Muǵallim, bul meniń kitabımda bar, meniń qosıǵım ǵoy, yadtan bilemen. Aytsam múmkin be?

– Ayta ǵoy!

*Taylar ele jas eken,*

*Boyları da pás eken...* Gúlayım qosıqtı dawamlap ketti.

– Júdá jaqsı, balalar, kórdińiz be, sizler endi yadlayjaq bolsańız, Gúlayım álleqashan-aq yadlap alıptı. Gúlayım kitabıńnıń atı qanday?

– «Úshpelek».

– Kim ákelip berdi?

– Ájaǵam.

– Gúlayım, bileseń be, usı qosıqtı kim jazǵan?

Muǵallim sın kózleri menen oǵan qaradı.

– Shayır jazǵan...

– Qaysı shayır?

— ...

Gúlayım úndemey tómen qaradı. Muǵallim jáne soradı:

– «Úshpelek» qaysı shayırdıń kitabı? «Tayınshaq» kimniń qosıǵı?

– Meniń qosıǵım, meniń kitabım!

– Haw?!

Klasta kúlki kóterildi.

– Íras, men onıń ishindegi barlıq qosıqlardı yadlaǵanman!

Gúlayım hámmeni sózine isendirgisi keldi. Muǵallim balalardı tınıshlandırdı.

– Durıs, ol seniń kitabıń. Ájaǵań dúkannan sawǵa etip satıp ápergen. Yadlaǵan qosıqlarıń da ózińdiki. Biraq, ol qosıqlardı Shawdırbay Seyitov degen shayır atańız jazıp, jıynap, kitap etip, bastırıp Sizlerge jibergen. Endi yadlap aytıp júrseńiz Sizlerdiki boladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Balalar birnárseni túsingendey, aldındaǵı kitaplarǵa úńilip, tınıshlanıp qaldı. Biraq, olar elege shekem «Tayınshaq»tı «Gúlayımnıń qosıǵı» dep eske aladı.

## TÁSIRSHEŃ GÁWHAR

Gáwhar — úydiń eń genjesi. Endi ǵana bes jasqa qádem qoydı. Soǵan qaramastan ol ózinen úlken ájaǵa hám ájapaları bolǵan Miyrok, Parsha, Ások, Islam, Ázim, Marjanlar menen birdey uyqılaydı, birdey awqatlanadı, kino yaki multfilm kórse solar menen birdey tásirlenedi. Aǵası menen apası Gáwhardıń bul qılıqların qızıǵa qadaǵalaydı, geyde onıń kip-kishkene bolıp úlken adamday aqıllı sóylegenine hayran bolıp, «Jaman kózlerden, tillerden saqlaǵay», – dep qoyadı. Gáwhardıń úyiniń ishi menen multfilmlerdi unatadı.

Búgin de ádettegishe kishkene arıslan Simba haqqındaǵı multfilmniń náwbettegi seriyası berilip atır edi. Hámme jım-jırt bolıp Simbanıń bastan keshirgenlerin tamashalap otır. Kishkene Simba balalıqtıń biyǵam shadlıqları menen úlken ómirdiń awır táshwishlerine jolıqqanın sezbey de qaldı. Áne, onıń baxıtlı turmısı ushın, onıń keleshegi ushın gúresemen dep ákesi tawdan qulap tústi. Hámme onıń multfilm ekenligin umıtıp, kishkene Simbanıń ákesiz jetim bolıp qalatuǵınlıǵına qıynalısıp qaldı.

Tıp-tınısh ǵana televizorǵa qarap otırǵan Gáwhar ıshqırıp jılap jiberdi. Geyde televizorǵa qosılıp sóyley berse, yamasa aldına shıǵa berse, Parshanıń onı shımshıp jılatatuǵın ádeti bar edi. Hámme Parshaǵa sorawlı názer menen qaradı:

– Ne qıldıń?

– Heshnárse qılmadım. Ózinen-ózi jılap jiberdi.

Endi hámme kishkene Gáwhardı jubatıwǵa kiristi. Apası onı aldarqatıp lampasıy ákelip berdi.

– Má, jey ǵoy, appaq qızım, ay qızım!

Gáwhar solıǵın basa almay sóyledi:

– Jemeymen! Báribir Simbanıń ákesi tirilmeydi!

Televizor kórip otırǵanlardıń hámmesi kúlip jiberdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Haw, balam-aw! – dedi aǵası kúlkisin tıya almay.
– Ol multfilm ǵoy, qurı súwret. Ózińniń ákeń qasıńda ma, boldı emes pe?
Gáwhar kópke shekem multfilmniń tásirinde júrdi.

## Alpısbay SULTANOV
*(1947)*



*A.Sultanov 1947-jılı Moynaq rayonında tuwılǵan.*
*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan.*
*Jazıwshınıń «Akvarium» (1978), «Mármertastaǵı jazıw» (1981), «Ómir ótkelleri» (1992), «Ákem haqqında áńgimeler» (2007), «Novellalar» (2008) degen gúrrińler, povestler kitabı hám «Dóhmet» (1996), «Elim degen er edi» (2018) atlı romanları járiyalandı.*
*Ádebiy ismi: Alp Sultan*
*1982-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## QARA PÍSHÍQ PENEN QARA KÚSHIKTIŃ QÍLWALARÍ
*(gúrrińler dúrkimi)*

### *Qara pıshıq qaydan keldi?*

Jawın-shashınlı gúz kúnleriniń biri edi. Kún batıp, gewgim túse baslaǵan bir payıtta sırtqı esik betten qanday da bir pıshıqtıń muńlı miyawlaǵan dawısı esitildi.
– Áziz, tarǵıl pıshıǵıń dalada, jawınnıń astında qalıp qoyıptı ǵoy, balam, qara, miyawlap «jılap atır», úyge tez alıp kel de, peshtiń qasına jatqıza ǵoy, shıraǵım, – dedi apam.
Men salpıldaq ayaq kiyimimdi asıǵıs ayaǵıma ildirdim de, sırtqa shıqtım. Qarasam, biziń tarǵıl pıshıq emes,



www.ziyouz.com kutubxonasi

kúrttaqanday, tırnağına shekem qap-qara, qanday da bir bala pıshıq, mayğa túsken tıshqanday bolıp, jawın suwınan simeri shığıp, esikte tur. Onı kóterdim de, bawırıma basıp, ishke alıp kirdim.

– Mine, apa, pıshıq tawıp aldım?, – dedim men quwanıshım qoynıma sıymay.

– Oy-boy, ústi-basınıń bári suw ğoy bunıń, súlgi menen súrt te, ıssı jerge jatqız onı, – dedi apam.

– Ne qılasań onı óytip qásterlep, qońsılardıń bağıp otırğan pıshığı shığar, azanda iyesine tabıstır, – dedi ağam meniń de, apamnıń da niyetin jaqtırmay.

– Úyge óz ayağı menen kelgen haywandı quwmas bolar, bálkim, ol baxıt, dáwlet, nesiybe ákelip turğan shığar? — dedi tağı pıshıqqa men qusap bir náwie jaqın biziń apam.

– Qoyısh bir, qayaqtağını tappay, baxıt, nesiybe ákelip ol bir qumay qus pa edi?, — dep ağam sóyleniwi menen ishki jayğa kirip ketti.

– Yaq, olay deme ağası, mınanday bir ráwiyat bar: bir saparı Muhammed payğambarımızdiń shapanınıń shalğayına basın qoyıp, bir pıshıq uyqılap qalıptı, sonda túrgeliw zárúr bolğan payğambarımız, pıshıqtıń uyqısın bólmeyin, dep shapanınıń bir shalğayın pıshağı menen kesip taslap ketken eken, – dedi apam.

– Pay, jolıń bolıp qaldı endi seniń, hádisler jıynağı sol kitaptı men úyge satıp alıp kelmegenimde sen bunday ráwiyatlardı qayaqtan biler ediń?, – dep gúńkildedi ishki jaydan ağam.

Sonıń menen pıshıq haqqındağı gápler tamam boldı. Apam puwın burqıratıp, palawdı tastabaqqa salıp keliwden hámmemiz bilekti sıbanıp, onı jey basladıq. Qápelimde álleqaylardan pıshıqtıń miyawlağan sesti esitildi, úydegi tarğıl pıshıq pa desek yaq bul bağanağı men sırttan alıp kelgen, túsi qara bala pıshıq eken. Awqattıń iysi murnına barğan ğoy onıń, ózi de ash bolsa kerek, dasturqannıń qasına keliwge batına almay, alıstan miyawlap tağam sorap tur.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Push-push! – dep, aldındaǵı góshti qolına alıp kórsetip, qasına shaqırdı onı apam.

– Áne, jolı bolıp qaldı endi bunıń, palawdıń yarım góshin pıshıqqa berip tınadı bul, pıshıq degenniń óz aldına ıdısı bolıwı kerek, ol adamnan bólek awqatlanıwı tiyis? – dep aǵam taǵı narazı boldı.

Endi apam awqatın bólip, tarǵıl pıshıqtı da shaqırıp, eki pıshıqtı toydırıw ushın asxana betke ketti.

– Al, seniń kózińnen tasa qıldım onı, endi awqatıńdı biymálel jey ber? – dedi apam ol jaqtan kelip.

Awqat jep bolǵannan keyin televizor kórip, onnan berilgen saz-sáwbetti tamasha ettik, soń hámmemiz uyqıǵa jattıq. Jaqtılıqtı sóndirgenimiz de sol edi, bir waqıtta apam ekewimizdiń kórpemizge jup-jumsaq birnárse jılıslap kirip kiyatır, ne eken desek, bul men daladan tawıp kelgen baǵanaǵı bala pıshıq eken.

– Kele ǵoy, kele ǵoy, Ázizbek, sen onnan qorıqpaysań ba, balam?, – dedi qáweterlenip apam.

– Yaq, men onı jaqsı kóremen, qap-qara, kip-kishkentay, súp-súykimli ǵoy? – dedim men.

– Júdá bárekella, endi seniń «balań ekew» boldı? – dedi keketip biziń apama aǵam.

Onıń astarlı gápine dáslep biziń apam túsinbey qaldı.

– Uqtıń ba, aǵań ne dep atır?, – dep soradı ol mennen.

– Seniń balań ekew boldı, birinshisi – Ázizbek, ekinshisi – qara pıshıq, dep atırman?, – dep kúldi endi aǵam.

Men de oǵan qosılıp, keńkildedim. Biraq, báribir biziń apamnıń párwayı pálek edi.

– Awa, awa? – dep qaytama aǵamnıń gápin tastıyıqladı ol.

Ashıwlanıw, ókpelew degen onıń qıyalına da kelgen joq. Sebebi pıshıq degendi janınday súyetuǵın edi ol. Usılayınsha qara pıshıq biziń úydiń turaqlı turǵını bolıp qaldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

### *Shójeler qayda ketti?*

Biziń aǵamnıń bir qızıq minezi bar, ol maǵan kóbirek ótmish haqqında ańız-ápsanalardı aytıp bergendi jaqsı kóredi. Ásirese, ol ákesi tuwralı áńgimelerdi júdá kámine keltirip aytadı. Sonday payıtlardıń birinde men aǵama:

– Aǵa, sen «meniń ákem oǵada puqta bolǵan, mákke egip, «Sultan mákkeshi» atanǵan, suw áspek bolǵan jılları da, tereń háwiz qazıp, onıń ultanına jıynalǵan suwlardı «serippe usılı» menen joqarı kóterip, qarıqlarǵa quydırǵan, esap-sansız tawıq baqqan, onıń qorazları da máyek tuwadı eken, puqtashılıǵı sonshelli, «tawıqlar jıynaqlı etip, bir múyeshke tuwsın» dep, qıstıń kúni «belgi ushın» qoyǵan máyekleri suwıqtan jarılıp qalmaslıǵı ushın hiyle oylap, hák tastan «máyek» jonıp qoyadı eken» deyseń, olay bolsa óziń nege tawıq baqpaysań? – dep sorap qoydım.

– Baǵaman, tek te onıń ushın dáslep qoralardı sazlap qoyıw kerek, óytpeseń miynetiń bosqa ketedi, – dedi aǵam.

Biraq, usılay aytarın aytsa da, jumıstan qolı tiymedi me, yaki qunt etpedi me, kópke shekem bul iske qol urmay, qora dúzetpey júre berdi. Buǵan ashıwı kelgen apam bir kúni bazardan on shójeni birden satıp ákelmesi bar ma?! Aǵam endi ilajsızdan gúbirlenip júrip, bar tor sımlardı kerip, qoyqoranıń bir múyeshinen tawıqqora soqtı. Bul endi biytalap júrgen maǵan da biraz ermek boldı. Shójelerdiń dán jegenine, suw ishkenine súysinip uzaq qarap turaman.

Lekin, shalaǵaylıǵım da nedáwir bar ǵoy meniń, tawıqqoranıń esigin durıslap jappay, eki shóje sırtqa shıǵıp ketip, zım-ǵayıp boldı. Keshte jumıstan kelgen aǵam shójelerdi sanap, olardıń kemis ekenligin kórip, qan basımı ábden kóterilip ketti.

– Tawıqqoranıń esigin ashıq qaldırǵan kim?, – dedi ol apama jekirinip.

– Kim ashadı onı, óziń shala japqan shıǵarsań, – dedi apam maǵan shań juqtırmay.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Apam óytpegende meniń eki qulaǵım tawlanıp qıp-qızıl bolatuǵın edi.

– Áy, yaǵ-aw, barlıq bále mına Ázizbekten kelgen shıǵar. Men jumısqa keterde ol qoranıń ishine kirip, shuńqıyıp, shójelerge qarap otırıp edi, – dedi aǵam.

Sonnan keyin onıń ábden puqtalıǵı tutıp, tawıqqoranıń esigin qulıp penen jawılıp, gilt penen ashılatuǵın etip qoydı. Biraq, onıń bul isi shójelerdiń azayıwın toqtata almadı. Aradan eki kún ótkennen keyin bir shójeniń óligin qora betten alıp shıqtı aǵam.

– He-e, buǵan ne bolǵan?, – dep tańlanıstıq bizler.

– Moynı qayırılıp qalıptı, tislegen bolsa kerek, – dedi aǵam.

– Kim tisleydi onı qoranıń ishinde, óziń temir tor menen qorshap qoyıpsań? – dedik taǵı bizler.

– Pıshıq tisleydi-dá, men qoraǵa kiriwden zıtıp shıqtı sol zańǵar, tuta almadım, Tóbeden tesik ashıptı, sonnan atlıǵıp shıǵıp, qashıp ketti sol «qara maqaw», – dedi aǵam.

– Qoyısh, pıshıqtan kelgen bále emes shıǵar, bálkim bir ılań kelgendi dá? – dedi apam.

– Yaq, ılań kelse olardıń barlıǵı birden qırıladı, basqaları qaqańlap júr ǵoy, – dedi aǵam.

Usınıń menen gáp pitti. Erteńine aǵam jumısı boyınsha xızmet saparına ketti. Tawıqlarǵa qaraw wazıypası endi apam ekewimizdiń moynımızǵa júklendi.

Aǵam bes kún degende sapardan aylanıp keldi. Bes kúnde bizler bes shójeni joyıttıq. – Qayda ketti olar? Qapı bolsa qulıplı, bizlerdiń aqılımız hayran edi.

– Qarap otırmay ákeńe tawsılmas táshwish tawıp berdim-aw, – dep qıynaldı sonda apam.

Biraq, artıqmash táshwishke emes, biyshara shójelerdiń ólimge jipá-jiksiz duwshaker bolıp atırǵanına aǵamnıń ábden ǵázebi qaynar edi.

– Bunı anıqlamay qoymayman, – dedi sonda aǵam.

Ol endi júzim astındaǵı sıpaǵa tósek saldı da, tawıq urısın



www.ziyouz.com kutubxonasi

ańlıp jattı. Lekin, túni menen heshqanday hádiyse bolǵan joq.

Taza jayımızda islep atırǵan usta bolǵanlıqtan apam olarǵa shay demlep beriw ushın azanda erte turdı. Sırttaǵı sıpada júzimniń astında jatqan aǵam da endi peshexanasın jıynay basladı. Qápelimde Iniyat ustanıń balası Eliwbaydıń baqırǵan dawısı esitildi.

– Bazargúl apa, anaǵan qara, qara pıshıq shójeni alıp baratır?, – dedi ol.

Hámmemiz hawlıǵıp, «qáne, qáne» dep qora betke qaradıq. Tawıq bolıp qalǵan nám-náhán shójeni awzına tislegen qara pıshıq bizlerdiń kózimizdiń aldında tez pát penen juwırıp ótti.

– Tasla, háy, háy? – dep shawqımlastıq bizler.

Qara pıshıq awzındaǵı oljasın taslamadı. Ol úyge dálizden kirip, ısıtqısh peshtiń astı menen edenniń astına ótti de ketti.

Endi hámmemiz edenniń astına úńildik. Tayaq penen tumlı-tustı taqıldatıp atırmız. Qara pıshıqtıń awzında shóje biyshara pıtırlap atır. Lekin, jawız qara pıshıq onı jazdırar emes, ayaǵına basıp, burınıraqta kolbasanı jegendey etip, shójeni kemirip jep atır.

– Edenniń taqtaların qoparıp taslasam ba eken?, – dep ashıwlandı aǵam.

Qara pıshıqtıń sebebinen aǵam menen apam málellesip qalmasın, dep men olardıń ortasına arashaǵa túseyin dep turdım. Lekin, olarǵa aytar ujıbatlı gápim de joq edi-aw. Sonlıqtan shetleńkirep, apam shayǵa shaqırsa da kelmey, tósekte dús tómenime túsip jata berdim. Sebebi, jeme-jemege kelgende bul waqıyanıń barlıǵına gúzgi jawınlı kúni qara pıshıqtı úyge alıp kelgen men gúnákar edim.

### *Qazandaǵı gósh qayda?*

Sizlerdiń «tuwrama» degen awqattı esitkenińiz bar ma? Shının aytsam sol awqattıń mazasın unataman-dá, biraq



www.ziyouz.com kutubxonasi

tayarlaw mashaqatın jaqsı kórmeymen. Awqat pisip, ol dasturqanǵa tabaq penen shıǵarılıp alıp kelingennen keyin jey beriw kerek emes pe? Al, bul «tuwrama» degen awqattıń góshin bir tuwrap, gúrtigin geshir-kartoshkası menen qosıp bir tuwrap, piyazın mol qılıp sorpaǵa óltirip, óz aldına hárqaysısın bir maba qılıp otırǵanıń.

Lekin, bul awqat biziń apama oǵada unaydı. Ol bul awqat jóninde gáp bolsa, eń jaqsı kóretuǵın balası – meni de tıńlamaydı. Bolmasa men:

– Apa, usı ıp-ıssı gúrtikti qazannan shıǵarıp, tuwrap otırǵansha, qazanǵa salarda astaxtada qamırdı maydalap nege sala qoymaysız?, – deymen men.

– Yaq, óydeme balam, «tuwrama» degen ata-babamızdıń milliy taǵamı, onıń dámi, mazası pútkilley basqasha boladı? – dep apamnıń gápine qosıladı aǵam.

Mine búgin biziń úyimizde sol tuwrama pisirilip, onı kámine keltirip jemekshi boldıq bizler.

Apam bazardan satıp ákelgen deńgene góshin qazanǵa saldı da, ol qalıwsız qaynaǵannan keyin qamır iylewge kiristi.

– Gósh shımbırlap qansha qaynaǵan sayın, onıń sorpasınıń mazası zor boladı, – dep qoydı ol.

– Boptı, tezirek ákel awqatıńdı, televizordan qızıqlı kórsetiw bolıp atırǵanda «tuwrama tuwra» deytuǵın ádetiń bar, – dep eskertip qoydı oǵan aǵam.

Apam onıń kewlinen shıqqısı keldi me, bul iret awqattı oǵırı tez pisirdi. Gúrtikti qazanǵa saldı da, ol pisti-aw degennen úlken taypaq tabaqqa shıǵarıp, ortaǵa ákeldi.

– Al, mınanı tez tuwrap taslayıq, – dedi ol.

– Haw, góshi qayda bunıń? – dedi sonda aǵam.

– Góshi qazanda, ıssı sorpada tura bersin, gazdi páseytip qoydım, bizler hámmemiz gúrtik tuwrap alayıq, – dep ol meniń de, aǵamnıń da qolına bir-bir pıshaqtan berdi.

Úshewimiz úsh jaqtan tuwrap, bir tabaq gúrtikti demde túwesip tasladıq. Sonda:

– Aǵası, házir góshti ákelip bereyin saǵan, maydalap tuwrarsań, – dedi apam.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Lekin, asxanaǵa ketken ol oǵırı qapa bolıp keldi, sıldır sorpanı ortaǵa qoyıp, qara pıshıqtı qarǵap atır ústi-ústine.

– He-e, ne bolıp qaldı?, – dedi sonda aǵam.

– Gósh joq?, – dedi ol állenemirde.

– He, qayda ketti?, – dep aǵam hawlıqtı.

– Qara pıshıq edenniń astına áketip jep atır? – dedi ol.

– Jaqsı bolıptı, bir kúni seniń gelleńdi de sol jerge aparıp kemiredi, – dedi ábden ashıwlanǵan aǵam, soń ishki jayǵa barıp, heshteńe jemesten jatıp qaldı ol.

– Eń bolmasa bir kese sorpa ishseń-o, áp-áneydey taza soyılǵan deńgeneniń góshi edi, – dedi apam.

–Pıshıqtıń awzı tiygen sorpanı qalay ishedi adam, ayawlıńa aparıp ber, ház etip ishsin, endi ol «mákiriw ǵoy»?, – dedi aǵam.

– Awa, solay eken-aw, – dep apam sorpa tabaqtı sırtqa alıp ketti.

Sol-sol eken biziń apam pıshıq tuwralı gáp etkendi qoya qoydı. Biraq, onıń hár mezgilde awqattı pıshıqtıń ıdısına quyıp atırǵanın kórip qalaman. Sonda:

– Pıshıqtıń zeynine tiyiwge bolmaydı, balam, ol qarǵaydı, – deydi apam. – Ol jolbarıstıń túshkiriginen dóregen, qáhárin keltirseń ol adamdı uyqılap jatqanında buwıp óltiriwden de qaytpaydı? – dep qanday da bir ańızdı aytıp beredi.

Bálkim, ol qásiyetsiz qara pıshıqtı ertip ákelgen meni gúnakar etpeyin, dep aytatuǵın shıǵar bul ápsanalardı. Men báribir bul waqıyalardan keyin bizdi ırısqı-nesiybemizden ayırǵan sol pıshıqqa ishim jılımaytuǵın bolıp qaldı. Ol aǵamnıń shashlarına ne degen aq túsirdi, apam ekewiniń awızbirshiligin buza jazladı, úydiń bereketin qashırdı. Sonlıqtan men natuwrı isim ushın aǵamnan da, apamnan da keshirim soradım. Qara pıshıqtıń mırrıwlap ayaǵıma súykengenin kórsem de, kórmegendey bolıp, onı burınǵıday úyge, jıllı tósegime shaqırmaytuǵın boldım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Marat TAWMURATOV
*(1959)*



*M.Tawmuratov 1959-jılı Nókis qalasında tuwılǵan.*

*Nókis mámleketlik universitetiniń matematika fakultetiniń itimallıq teoriyası bólimin pitkergen.*

*Jazıwshınıń «Muhabbat dápterin betlegende» (1985), «Erteń shıǵarmız tawǵa» (1991), «Ta, Aralǵa shekem» (1992), «Aq túnniń kóleńkesi» (1994), «Sáwirdiń aq jamǵırı» (1996), «Qısqa roman» (2004) toplamları jarıq kórgen.*

*1997-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

### SIZLER MENI ALDAPSİZ?!
*(gúrriń)*

Jaqında birinshi klasqa barǵan Batırbek úydegiler jıynalǵan waqıtta ashıwlanıp keldi de:

– Ata, apa! – dedi ashshı dawısta.

– Newe qaraǵım? – dedi apası.

– Ne ózi balam? – atasına, aqlıǵına qaradı.

– Sizler meni aldapsız! Buwlıǵıp sóyledi ol.

– Haw, ol ne degeniń balam? — Ne dep aldappız?

– Apa, sen!, — dep barmaǵın shoshayttı. – Maǵan aspanda Gúldirmama degen kempir jasaydı, sol jawın jawdırıp otıradı dediń be?!

– Awa, – dep aqlıǵın maqullaǵan kempir apası aqlıǵınıń basınan sıypap otırıp solay dep aytqanların esledi.

– Áne balam, aspanda da adamlar boladı. Ol jerde Gúldirmama degen ashıwshaq kempir bar, sol ashıwı kelgende tesik shelekleri menen jerge qaray suw sebedi hám jaman saldıraq arbasın bılay-bılay aydap aspandı gúrkildetedi, onnan soń úlken eki shaqmaq tastı dúgistirip nayzaǵay shaqtıradı. Túsindiń be, balam?



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Awa, apa, – dedi kishkene bala bir kempirdiń tesik shelek penen suw sewip, góne arbanı olay-bılay aydap júrgenlerin hám eki tastı bir-birlerine urıp jaǵıp atırǵanların kóz aldına keltirip.

– Awa, sóydedim, balam.

– Al, sen, ata! Ne degenińdi bileseń be?!

– Ne deppen balam?, – dep albıraydı.

– Jerdiń astında da adamlar jasaydı degeniń ne, olar bolmaǵanda kartoshka, geshirlerdi bizlerge kim tayarlap beretuǵın edi demediń be?

– Awa, – dediń basın iyzep mına waqıyanı kóz aldına keltiredi.

– Jerdińde astında adamlar bola ma? – dep soraǵan aqlıǵına atası bılay deydi.

– Bolmay ne, boladı.

– Olar ne qıladı ol jerde?

– Olar ma?, – dep oylanadı. – Há, olar. Eger olar bolmaǵan da gártishke, geshir, piyazlardı kim islep qoyadı bizlerge jesin dep?

– Solay ma? – dep qızıǵadı kishkene bala.

– Awa, solay.

Aqlıǵı jerdiń astında irgejeyli adamlardıń kartoshka, geshir, piyaz soǵıp olardıń ushların japıraq etip sırtqa shıǵarıp qoyıp atırǵanların kóz aldına keltirip isengen edi. Al, házir jaǵday basqasha bolıp tur.

– Heshqanday da! Aspanda da, jerdiń astında da adamlar jasamaydı! Bári ótirik!

– Haw, haw, balam?! Onı kim ayttı. Atası menen apası hayran.

– Onı muǵallim ayttı. Áne, sizlerdiń sebebińizden men klasta oqıwshılardıń aldında qıp-qızıl bolıp turdım! Bulardıń bári kitapta jazılǵan eken. Bildiyiń...

– Keshir bizdi, balam. Shınında da bilim negizi kitapta eken. Bereket tapsın kitap, mektep, muǵallimler...

Aqlıǵı birinshi oqıw kúngi bilim negizleri menen báribir balalıq oyınlarına taǵı aralasıp ketti...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## QUMSHÚŃGILDEN KELGEN MUǴALLIM
*(gúrriń)*

Klass ishi. Tazadan kelgen muǵallim oqıwshılarǵa ózin tanıstırıp atır.

– Endigiden bılay sizlerge matematikadan men sabaq ótemen. Atım Ótebay, familiyam Saparov. Qumshúńgilden keldim. Universitetten soń sol jerdegi mektepte isledim, endi sizlerge keldim. – Al, endi sabaqtı baslaymız.

Oqıwshılar jabırlasıp sabaq baslanıp ketti.

* * *

Shawqımlasıp atırǵan klasqa direktor orınbasarı kirip keledi. Klass ishi jım-jırt bolıp qaldı.

– Qanday sabaq bolıw kerek?, – dedi ol.

– Mate-ma-ti-kaaa!

– Qaysı muǵallim? Oqıwshılarǵa qaraydı.

– Qumshúńgilden kelgen muǵallim.

– Neeee? Kózleri dóńgelenip ketedi.

– Qumshúńgilden kelgen muǵallim!

– Kim eken ol?, – dep ózinshe gúbirlenip shıǵıp ketedi. Klastaǵılar shawqımlasıp qaladı.

Bunday jaǵday tez-tez tákirarlana berdi.

– Qaysı sabaq? Náwbetshi muǵallim shawqımlasıp atırǵan klastıń oqıwshılarınan sorap atır.

– Geometriya.

– Kim muǵallim?

– Qumshúńgúlden kelgen muǵallim.

–...

Taǵı solay...

– Qaysı sabaqtıń waqtı?

– Algebraaa.

– Muǵallimińiz kim?

– Qumshúńgilden kelgen.

–...

Usınday jaǵdaylar tákirarlana beredi...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Jıynalıstı basqarap otırǵan direktor orınbasarı kúyip-pisip atır.

– Kim ózi bizlerde Qumshúńgilden kelgen muǵallim? Kózleri atlasıp ruchkasın ashıw menen stoldıń ústine ılaqtırıp uradı.

Otırǵanlar jım-jırt. Direktor orınbasarı taǵı soraydı. Bir erkek muǵallim boyın kórsetip ornınan turdı.

– Men, – dedi dawısı ólimsirep.

– Haw, sen ózi qanday adamsań ózi? Qumshúńgilden kelgeni nesi?! Bunday da bola ma eken? Atı-jóni bar emes pe?

– Bar.

– Al, sonda ne? Barmaǵın shoshańlatadı.

– Qáydem? Iynin qısadı.

– Házir barıp qaytadan tanıstırasań ózińdi. Qumshúńgilden kelgen muǵallim, barıń qáne.

Muǵallim shıǵıp ketedi.

Taǵı sol jetinshi klastıń oqıwshıları shawqımlasıp atır.

Bir oqıwshı dáliz boylap bar dawısı menen baqırıp kiyatır.

–Qumshúńgilden kelgen muǵallim kiyatır!!!...

Bul ashshı dawıs jigirma altı oqıwshını óz orınlarına ákelip otırǵızdı.

## Jalǵas XOSHNIYAZOV

*(1947)*



*J.Xoshniyazov 1947-jılı Qanlıkól rayonında tuwılǵan. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń shet tiller fakultetin pitkergen.*

*Ádebiy ismi: Muhammed Xoshan.*

*Jazıwshınıń «Danalarım — babalarım» (1980), «Abılaysań» (1984), «Quyashtıń jası» (1988), «Jasıl máwsim» (1990), «Babalardıń dástúri» (1993) atamasındaǵı*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*poetikalıq toplamları hám «Balalıqtıń buldır aspanı» (1996) degen povesti jarıq kórdi.*

*B.Parmuzinniń «Ayrıqsha buyrıq bolǵanǵa shekem» (1983), Tájik jazıwshısı Z.Dosmatovtıń «Sarı japıraqlar» (1986), roman, povestlerin, N.Gánjeyiydiń «Ǵázellerin» (1992), N.Hikmettiń «Azatlıq arzıwları» (1987), házirgi dáwir poeziyasınan S.Madalievtıń «Shınǵa shıǵıw» (1989) poeziyalıq toplamların qaraqalpaq tiline awdarǵan.*

*1984-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*

## MALGEZEK WAQÍYASÍ

*(«Balalıqtıń buldır aspanı» povestinen úzindi)*

Quyash tas tóbege kóterilip te qalıptı. Otlawǵa toyınǵan mallardıń ayırımları quyrıqların bılǵańlatıp, kúndegi ádetine salıp dárya jaǵasına qaray betlep baratır. Turımbet ózinshe «tús bolıp shamalasqan eken» dep oylandı da mallardı óz baydalına qoyıp, «mádeniy shártek» tárepti názerledi. Ol shertekke jetip shamalasqan waqıtta awıl jaqtan kóterilgen shań kórindi. Attıń, eshektiń shańı emes, ádewir bar, jıljıwı da shapshań. Há demey onıń jeńil mashina ekenligi de anıq kórindi.

Arzayım kópirge baratuǵın otınshılardıń arba jolı menen zımırap kiyatır. Turımbet ishinen qısınayın dedi: «bir kún mal baǵısaman dep adamlardı táshwishke salıp qoydım-aw!» degen ókinishli sezimniń ızǵarı tula bedenin jaylap ótti. Taǵı da «múmkin ol jolawshı mashın shıǵar, meniki ne óytip tolǵanıp» degen oy menen óziniń abırjı oyların jónlestirgen boldı. Ol shártektiń tusına kele bergen jerde jańaǵı mashina birden burılıp, ózin baǵdarlap zımırap kiyatır. Turımbettiń ishin ǵulǵula jayladı. Ózin bir túrli, ayıplı adamday sezindi. Degen menen, onsha daralanıp turǵan ayıbınıń joqlıǵına kózi jetkennen keyin barıp jıyrıqlanıp baratırǵan kewil qáddin tegislengendey boldı. Sonıń arasında shańǵa batqan qoyıw



www.ziyouz.com kutubxonasi

jasıl Reńdegi «villis» dárya jaǵasındaǵı jaypawıtqa tirelip toqtadı. Turımbet shertektiń qaptalında tayaǵına súyeniwi menen awzı ashılıp, eki kózin mashina betten ayırar emes. Bir waqıtta esikti tars ettirip jawıp bolıwdan «Háy padashı, shirene bermey mına tamaǵıńdı alsań-á! Seniń ushın sonsha jerden keldik, endi awzıńa aparıp salıp bereyik pe?!» degen Xalmurat shofyordiń tońqıldısın esitti. Mashinanıń qaptalına qoyǵan túyinshikti ákeliw ushın Turımbettiń oqtala bergeni de sol, villistiń arǵı qapısınan Biybigúl lıp etip tústi de túyinshiktegi awqattı alıwı menen Turımbet kiyatırǵan tárepke juwırdı. Jańaǵı Xalmurattıń sózinen ábden qobaljıp qalǵan Turımbet ya júrerin, ya turarın bilmey ar-sarı shıqtı. Onı elestirip atırǵan Biybigúl joq. Qayta Turımbettiń qolınan súyrep shártektiń astına qaray tartıp baratır. «Júr deymen, júr tezirek, apam saǵan qırmısh bórek jiberdi, jańa ǵana pisirdi, ıssılay jep alsın, suwıǵannan soń mazası bolmaydı dep aytıp jiberdi, júr!».

Turımbet bolsa qızdıń qolınıń háwirinen tula bedeni balqıp, izine empeńlep eriwi menen shártektiń astına kelip toqtadı. Biybigúl sayaǵa kelgennen keyin túyinshikti sheship ishindegi awqatlıq zatlardı retlestirip qoyıp atır. Ákelgen zatlarınıń ishinde kógis reńdegi awzı aq bastırǵısh penen bastırılǵan uzın ıdısqa usaǵan bir zat bar. Turımbet ol ne ekenin qızıǵıp soramaqshı bolıp talaplanıp edi, taǵı namıssındı ma, ya uyaldı ma niyetinen dárriw qayttı. Dasturqanda tawıqtıń eti tóselgen palaw, sútten iylenip jabılǵan porsıldaǵan appaq nanǵa jaǵılǵan sarımay, kishkene jalpaq kostryulge salıp ákelingen qırmısh bórek, qant-lampasıylar kózdiń otın alıp, jaynap tur. Turımbet ıqlaslı keypi menen dasturqannıń basına otırarın otırsa da awqatqa tiyisiwge asıqpadı. Qol juwıw kerekligin esten shıǵarıptı.

Dárhal ornınan turdı da asıǵıp-úsigip dáryaǵa barıp-bet qolların juwıp keldi. Biybigúldiń júzinde kúlki nıshanı, qasıqlardı orınlı-ornına qoyıp atırıp ıńıldap qosıq aytadı. Qos órim etip órilgen kelte shashları, qulaǵınıń tusınan tómen



www.ziyouz.com kutubxonasi

túsip, betiniń almalıǵında iyretilip turǵan tulımshaqları bári-bári jarasımlı. Ara-tura urlanıp qaraǵanı bolmasa Turımbet qasındaǵı qızdıń diydarına qanıp alıwǵa batılı barmay otır. «Awqatlana ber» degendey ishara bildirdi Biybigúl ne qıların bilmey gibirtiklenip otırǵan Turımbetke. Turımbettiń qıyalına kim salǵanın kim bilsin? «Xalmurattı awqatqa shaqırayıq» degen oy keldi hám usı niyetin Biybigúlge bildirdi. Biybigúl maqul degendey kúle shıray menen ornınan turdı da mashinasın suwdıń ortasına aydap qumbıl bolıp juwıwǵa kirisip atırǵan Xalmurattı shaqırdı. «Tamaǵıńızǵa kerek pe? Jeń! Kórmeysizler me meniń ne islep atırǵanımdı, onnan da tezirek bol! Qaytayıq. Tústen keyin qaladan aylanıp qaytıwım kerek», – dep tońqıldandı ol.

Óziniń oylap tapqan aqılınan pushayman bolǵan Turımbet qarap turmay Biybigúlge azar keltirdim-aw dep oylap edi, bunı elestiretuǵın Biybigúl joq qayta burınǵıdan beter júzi nurlanıp, betindegi kúlkisin jıymay dasturqan basına qayta otırdı. Ol Turımbettiń nege ań-tań bolıp otırǵanın dárhal seziwi máttal «jey bereyik onıń ózi sonday, adamnıń kewline keledi eken dep oylanıp otırmaydı, gáptiń kelgen jerinen aytıp salıp, betińe bejireyip qarap otırǵanı. Bizler oǵan úyrenip ketkenbiz», – dedi tap burınnan adam sınap júrgen úlkenlerdey bolıp.

Awqatlar júdá mazalı bolǵan eken, qısılıp-qımırılıp bolsa da, Turımbet toyǵansha jep aldı. Onıń ústine awqattı baslap berip Biybigúl shomılıwǵa ketken edi. Mınaw «górqaw» eken – dep aytpasın dep, hárqaysınan azıraq-azıraq qaldırdı. Bolmasa bárin jep tawıspaǵan menen dasturqandı shamalastırıp qoyıwǵa ishteyi bar edi. Mazalı hám toyıp jegen awqattan keyingi kewil óz aldına. Kóziniń aldındaǵı barlıq nárseler toyǵın kórinedi. Jańa ǵana sóginip, ózinen ózi gúńkildep júrgen Xalmurat ta mashinasınıń shańnan tazarǵanına más pe, balaqların dizesine deyin túrinip bir kewline jaqqan namalardı ısqırıwı menen qumbıl bolıp, mashinanıń aynasın qolındaǵı shúberek penen qayta-qayta ısqıladı. Shańlaqta gúyis qaytarıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

atırǵan qara mallardıń da janları jay tapqanday tınısh, adamǵa bir xoshirey sezim baǵıshlaydı. Saratannıń háwirli quyashı, girshiksiz kók-kómbek aspan qoynında buyıǵıp atırǵanday qátersiz, qıyallarındı qalǵıtadı...

Onısız da jarılıp keteyin dep turǵan tınıshlıqtı «Way járdem» degen Biybigúldiń húreyli dawısı kúl-talqan etti. Turımbet onıń qalaysha shapshıp turǵanın bilmeydi, dawıs shıqqán jaqqa juwırıp baratırǵanda kózleri suw aydınında «qay jerdeseń Biybish?» – degen jumbaq penen bánt. Qorqınıshlı hawazdı esitken Xalmurat ta jaypaw jaǵıstı taqırlatıp keship, juwırıp kiyatır. Biybigúldiń kóterilgen qolları, jayılǵan shashları taǵı bir márte kórindi de taǵı joq bolıp ketti. Turımbet kiyim-piyimi menen boyın suwǵa attı. Biybigúl baratırǵan jerdi baǵdarlap júzip kiyatır. Kóterilgen qollar taǵı kórindi. Suw jutıp qoyǵan bolıwı kerek háreketleri júdáma uyań, hálsiregenin, ilajsızlıǵın sezip janıń túrshigedi. Turımbet bul sapar Biybigúldiń suwǵa qayta batpasınnan burın júzip barıp, onı shalqasına awdardı da óziniń jawırını menen joqarı kóterip, basın suwdan qorǵashalap ózine jaqın táreptegi jaǵısqa qaray júzdi. Biybigúldiń dármansız qolları ele tınımsız, birnárselerdi izlegendey sermelip barıp suwǵa qayta túsedi. Aqırı, sol qollar ózin suwdıń betine alıp kiyatırǵan Turımbettiń qolların jan halatta qattı tırmıshlap alıp jazdırar emes. Bunı kútpegen Turımbet albırap qaldı. Qattı qapsırılǵan qollar júziwge imkan bermeydi. Bir-eki iret suw jutıp ózin zorǵa tiklep aldı. Suwdı bar kúshi menen tirep janın saqlap turǵan ayaqları da sharshaǵan bolıwı kerek, aytqanına kónbey atır. Jaqın degen jaǵası da jetkermey dińkesin ábden qurıttı. Tek suw jutıp qoymasam bolar edi degen oy menen bánt. Ara-arasında suwırılıp baratırǵan ókpesin ornına túsiriw ushın dem alıp, soń awzın tas etip jumıp aladı. Dáryanıń arǵı jaǵı tik jarlıq edi. Usı jaǵın oylamaǵanına ókindi. Ne de bolsa, bolar is bolǵannan keyin bir ilajın islewi kerek. Ayaqlarım jerge tiymey me eken dep suwdıń astın sermeleklenip kórip edi qayta Biybigúldiń salmaǵı menen batıp ketiwden sál



www.ziyouz.com kutubxonasi

qaldı. Jaǵıs bolsa eki adım jerde eńterilip tur. Biybigúl qolların jazdırmay tırmıshlap alǵan. Ayaqlarınan hal ketken. Awzın toltırıp alǵan demi tawsılıp baratır. Jaǵıs bolsa tumsıǵınıń astında. Biraq, jete almaydı, jete almaydı...

Xalmurat olardıń qasına jetip kelgende Turımbet te suw jutıp úlgergen edi. Turımbet ózine kelgen járdemdi dárhal bayqap sońǵı kúshleri menen jaǵaǵa qaray umtıldı. Jańa ǵana kózdiń nurın basıp baratırǵan tolqınlar endi serpilip kewilxanasın úmit nıshanları iyelegen edi. Xalmurattıń arıq uzın sawsaqları bir-birine oratılıp qalǵan Biybigúl menen Turımbetti kiyimlerinen tartıp qırǵa shıǵardı. Ol irkilmesten Biybigúldiń basın tómen qaratıp, jutqan suwların qayta tóktiriwge háreket etip júr. Turımbet te bir nárselerdi islegisi keledi, biraq dińkesi joq, áytewir qıymıldap júrgenine quwandı. Aradan az waqıt ótkennen keyin Biybigúldiń jutqan suwları awzınan da, murnınan da loqıldap aǵa basladı. Állenemirde ıńıranǵan sesti shıqtı. Taǵı birazdan keyin kózin ashtı. Usı aralıqta Turımbet te ózine kelip boyın tiklegen edi. Qápelimde bolıp ótken bul qolaysız waqıya onı ábden albıratıp tasladı. Ishinen jek kórip qalǵan Xalmurattıń betine de uyalǵanınan tiklenip qaray almaydı. Eger ol bolmaǵanında isiniń atı joq, quday bilsin qaysı túbirshikke ilinip jatatuǵının. Biybigúl bolsa júzinde quwanısh izleri, sonda da ele húreydiń ızǵarı tarqap kete qoymaǵan. Qısınıp, qımırılıp ornınan turǵısı keledi.

Kóylekleri denesine jabısıp, onı jalańash halında kórsetip tur. Turımbet dáslebinde onsha itibar bergen joq edi, soń oyına qanday da bir sezimler payda bolıp, kózin Biybigúlden dárriw tartıp aldı. Onıń qız bala ekenine jańa pámi alısqanday, ádepsizlik bolmasın degen oy menen onıń tulǵasına qayta qarawına júreksinbedi. Baǵanadan beri qaslarında páyik bolıp júrgen Xalmurat Turımbettiń tómen qarap otırǵanın jaqtırmay onıń qasına keldi.

– Al, sen padashı bala azamatsań! Ol jińishke uzın barmaqların Turımbettiń ılay suwǵa malınıp, qaspaqlanıp kewip kiyatırǵan jelke shashlarınıń ústine qoydı. Turımbet jıllı sózge únsiz jımıydı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shıjǵırǵan quyashtıń háwiri jaǵadaǵı jańa ǵana ólim menen jaǵalasqan jazıqsız janlarǵa endi tásir ete basladı. Biybigúl boyın jıynap, túrgelip, tómen qarawı menen órge qaray jılısıp, basqalardıń názerinen ózin tasaladı. Xalmurat onıń bul qılıǵın ersi kórip, ózinshe «ol óziniń qız bolıp kiyatırǵanlıǵın sezingeni shıǵar» dep jorıdı.

– Qáne arjaqqa ótpeymiz be, qaytatuǵın waqıtta bolıp qalıptı?! Xalmurat sorawlı dawıs penen Biybigúl esitsin degendey qattıraq, sóyleydi. Sol waqıtta Turımbettiń mal baǵıp júrgeni esine tústi de, dárhal arjaqtaǵı shańlaq tárepke názer tasladı. Malları jayparaxat dem alıp atır. Gúysenip, ırayı qaytpaǵansha orınlarınan qozǵalar emes. Xalmurattıń «villisi» jaypaw jaǵıstaǵı suwdıń ortasında kún nurına shaǵılısıp pútkil átiraptıń kórki bolıp turǵanday tuyıladı. Usı payıtları suwǵa «shomp» etip boyın taslaǵan dawıs esitildi. Xalmurat penen Turımbettiń jan-dármanı qalmadı. Sol tárepke qaray ayaqlarına qoz basıp alǵanday tapırlasıp juwırıstı. Qırsıǵına jaǵadaǵı jantaq aralas boyan pishenniń túbirshikleri ayaqların óre bastırmaydı. Sonda da eplep túbirshiksiz ashıq jerlerdi saylap basıp sekeńlep kiyatır. Kózleri suwda, oyları «Suwǵa taslaǵan adam Biybigúl bolmaǵay» degen qorqınısh penen bánt. Olar kimniń kim ekenin tanıytuǵın aralıqqa kelgende orınlarında qalshıyısıp turıp qaldı. Házir ǵana suwǵa keteyin dep qalǵan jerinen aman alıp shıqqan Biybigúl emin-erkin arǵı tárepke qaray júzip baratır edi. Ekewi de lal bolıp bir-birine qarastı. Júzlerinde hayranlıq nıshanları.

Biybigúl bular kelemen degenshe tasalaw jerge barıp kiyimlerin sıǵıp, qayta kiyinip úlgergen edi. Biybigúldiń bunday ádetlerine jini tırısqan Xalmurat «Saǵan uyattı kim qoyıptı» degendey qıyalǵa berildi de, biraq tis jarıp heshnárse aytpadı. Biybigúl birdey kóziniń aldında ósken soń, onı ele ózinshe saǵıyraday kóredi. Qıyalında bayaǵı bóbek Biybigúl, uldan-qızdan qudaydan tilep alǵan jalǵız jiyeni. Waqıt ótken sayın erkeletiwge kónbey ózinshe ádet shıǵarıp júrgenine sarsıladı. Ilajı joq-ǵo. Ózine jaqpaǵanı menen jiyeniniń ıńǵayı



www.ziyouz.com kutubxonasi

sonday bolsa topıraqqa ot qoya ala ma?! Qız bala bir turısında tura bere me? Ósedi, órleydi, ómirdiń ólshemi ózgermeli-ǵo... Xalmurat buǵan túsingeni menen, kewlindegi qanday da bir ándiysheli oylar qıyalın abırjıta beredi. Bala dep júrgen Biybigúldiń úlken adamlardıń isin islewge talpınıwı olardı ermeklep atırǵanday ersi tuyıladı. Búgingi islegen isi de usınday qılıqlarınıń qatarına kirse kerek dep pámledi Xalmurat. Bolmasa, nege júziw bile tura «suwǵa ketedi?» Usı soraw janına ǵulǵulalı túrtki salıp, bereketin qashırdı. Qasında iynin gújireytip turǵan Turımbetke «bar, mallarıńdı aylanıp qayt!» dep buyrıq berdi de, ózi shártektiń astında dasturqanların jıynap júrgen Biybigúlge qaray betledi. Biybigúl túrine qaraǵanda ele ózine kele qoymaǵan, kózlerinde ele húrey izleri sembegen. Hátte, onıń qıymıl háreketlerinen de qorqınısh, saqlıq izlerin ańǵarıwǵa bolatuǵın edi. Sonlıqtan Xalmurat jayparaxat jiyeniniń janına jábir bermey sóylewge háreket etti.

– Jiyenim, bul quraqım aman qalǵanıńdı ayt. Saǵan ne boldı sonshama? Júziw biledi ekenseń-ǵo.

– Ózim de ańlamay qaldım, bilmey suw jutıp qoyıp, mantıǵıp qaldım, soń bir járdem sorap baqırǵanday bolıp edim, taǵı suw juttım, arjaǵın bilmeymen.

– Onda raxmetińdi Turımbetke ayta ber! Dawısıńdı esitiwden oqtay atıldı. Men alıslawda bolǵan soń keshigip keldim. Biraq, ekewińiz de maǵan qarızdarsız. Biybigúl dayısınıń gápine túsinińkiremey únsiz qaldı. Ań-tań bolıp turǵan jiyenine qarap Xalmurat sózin dawam etti.

– Awa, qarızdarsız, sizlerdi tuńǵıyıqqa ketip baratırǵan jerińizden bul jaqtı dúnyaǵa tartıp shıǵarǵan men bolaman, men! Ol qolların jayıp jiberip kókiregine qayta ákelip qoydı. – Sonday qarızdarsız onı bul dúnyada mal menen baylıq penen ótew múmkin emes. Biybigúl dayısınıń gápleriniń ushlıǵın jańa ańǵarsa da, túrine qarap házillesip atırǵanın sezdi.

– Onda ne menen ótewge boladı, saǵan ne kerek dayı!



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Maǵan qaytıw kerek. Aytqan jerge waqtında barmasam, ákeń miyimdi tuwrap jep qoyadı.

– Onda ańsat eken-ǵo. Men tayarman. Olar túyinshiklerin túyip mashinanıń janına bardı. Xalmurat qapını ashıp atırıp bir nárseni umıtqanday serpilip keyin shegindi. Kózlerin juwırtıp jan-jaqtan Turımbetti izley basladı. Qırsıǵına ol da kóz ushında júr eken. Baqırıwǵa erindi me áytewir Biybigúlge «ana padashıǵa barıp aytıp qayt, qalǵan zatlardı keshte úyge aparsın, qaytıp baratırmız de, taǵı xabarlaspay kettiń dep gezegińdi tezek qılar». Bul gáp Biybigúlge de unap ketti. «Qalay úndemey kete beremen» dep oylanıp kiyatırǵandaǵı dayısınıń mına «tapsırması» baǵanadan bergi boyın biylegen qáweterdiń salmaǵın birotala sıpırıp alıp taslaǵan edi. Ol Turımbet júrgen tárepke qaray qustay ushtı. Endi bular ketedi-aw dep arqayın júrgen Turımbet ózine qaray jelip kiyatırǵan Biybigúldi kórip hayran boldı. Kewlin bir túrli ǵulǵula basıp turıp qaldı. Jaqınlasa bergen jerde Biybigúldiń túrindegi quwanısh izlerin kórip, óziniń de boyına quwanısh sezimleri taray basladı. Haplıǵıp juwırıp kelgen qız demi qıslıǵıp heshnárse ayta almay atır. Ílay suwǵa qarılıp kewip qalǵan qara shashları uwdar-duwdar bolıp tikireyisip tur. Betleriniń oymaqları menen iyegine qatıp qalǵan ılay izleri kewlindegi ala-burqan oylarına jarasıp, kórer kózge onshama daralanıp taslana bermeydi. Onı bul turısında jańa ǵana suwǵa ketiwden aman qalǵan, júrimi bar qız eken dep aytıw qıyın.

– Turımbet, saǵan kóp-kóp raxmet! Biybigúl úlken qızlarǵa uqsaǵısı kelip pe, ya óziniń ishki sezimleriniń kúshi me, áytewir uyalshaqlıq tuyǵı biylep tómen qaradı. Bunday sózlerge boyı úyrenbegen Turımbet azlap qıslıǵayın dedi hám bir sát óńeshine demi tıǵılıp únsiz turıp qaldı.

– Nege? Ol usınnan artıq sóz aytalmaslıǵına ábden kózi jetkennen keyin gápti qısqartıwdan basqa ilajı qalmadı.

– Sen meni ólimnen aman alıp qaldıń. Biybigúldiń bul sózleri oǵan «sen bilip sorap turıpsań, men saǵan ómir boyı qarızdarman» dep aytıp atırǵanday tuyıldı hám bul oyınan



www.ziyouz.com kutubxonasi

ózi de qısınıp ketti. Usınday abırjıǵa túsip ne derin bilmey turǵanda esine Xalmurat tústi.

– Haw, Xalmurat-ǵo bizlerdi suwdan súyrep shıqqan. Raxmetti soǵan aytayıq?! Turımbet bul juwaptı tawıp aytqanına ǵoddaslanıńqırap, eki iyini menen shayqalıp qoydı.

— Saǵan da, dayı ma da raxmet! Sizler bolmaǵanda men joq edim. Endigi jaǵında Turımbet gápke tili gúrmelip atırǵanlıǵın sezip, ilajsız tómen qaradı.

Usı máhálde Xalmurattıń mashınınıń «dódetlegen» sesti jer jáhándi alıp ketti. Dayısınıń minezine qanıq Biybigúl dárhal izine burılıp, mashina tárepke juwırıp baratırıp «shóllaseń termosta shay bar, shártektiń astında kastryulde awqat qaldı. Keshte ıdıslardı óziń menen birge aparарsań» dep baqırıp baratır. Turımbettiń awzı ashılıp, eki kózin Biybigúlden ala almaydı. Ol mashinaǵa jetip mingeni de sol, Jaylawkóldiń shańın aspanǵa kóterip, awıl tárepke qaray «villis» zımıray jóneldi. Turımbet bolsa orpań jolǵa túsip haǵlap baratırǵan mashinada qádirli birnársesi ketip baratırǵanday kózlerin onnan jazdırar emes.

## Ámet SHAMURATOV
*(1912-1953)*



*Á.Shamuratov 1912-jılı Xojeli rayonında tuwılǵan.*

*Jazıwshınıń «Sıylıq» (1940), «Qatań haqqında qosıqlar» (1943), «Baxıt» (1949), «Eski mektepte» (1940), «Baxıt qosıqları» (1949) sıyaqlı poeziyalıq, prozalıq toplamları basıldı. Jazıwshınıń tańlamalı shıǵarmaları birneshe márte qayta baspadan shıqtı (1954-63), (1962-72) «Eski mektepte», «Meniń jolbarıslar menen ushırasıwlarım» povestleri orıs, ózbek tillerinde járiyalanǵan.*

*1941-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# MENIŃ JOLBARÍSLAR MENEN JOLÍǴÍSÍWLARÍM

*(gúrrińler dúrkimi)*

## SÓZBASÍ

Ańshılıq — dúnyadaǵı eń qızıq talaplardıń biri. Bunı jaqsı kóriwim, qumartıwım sonsha – ańshılıqtıń qumarı naǵız tutqanda ash bolǵanımdı umıtıp ketemen. Eger birew: pálen jerde qırǵawıl, qoyan kóp eken, jalǵızaqlar, súriw-súriw kiyikler bar eken, úyrek-ǵazlar sonday kóp eken dese bolǵanı, sol jerge barıw ushın arada dárya bolsa sekirip, biyik taw bolsa atlap, teńiz bolsa júzip ótkim keledi. Kóz jetpes uzaq bolsa, qanat baylap ushqım keledi. Bunı lap dep túsinbeńler, shın kewlim hám ırasım.

Bul ańshılıqtıń qumarınan, ólim degen menen de talay sapar kórisip qayttım. Nebir jabayı jırtqısh haywanlardıń tırnaǵında, arsıldaǵan awzında ózim menen ózim tiriligimde xoshlasqan waqıtlarım boldı.

Men sonda qorqaqlıqtıń zıyan ekenin anıq sezdim. Qorqpasań sabırlı, márt bolıw da, heshnárseden qorıqpawdı, qarsılasqan jawıńdı jeńip shıǵıwdı oylaydı ekenseń. Sonlıqtan da ata-baba:

*Talap etseń talpınıp,*
*Hárnársege jeteseń,*
*Qanday qıyın ótkelden,*
*Hámelin tawıp óteseń.*
*Mártlik túbi murattı,*
*Degenińe jeteseń.*
*Táwekel túbi qayıqtı,*
*Mineseń de óteseń,*
*Qayǵı túbi tuńǵıyıq,*
*Batasań da keteseń,*

— dep aytıp ketken.

Ań awlawǵa dáslepki shıqqanımda qorıqqan kúnlerim de



www.ziyouz.com kutubxonasi

boldı. Qorıqqanlıǵımnan hawlıǵıp, aldımnan ótken jalǵızaqlardı atpaq túwe, iynimnen mıltıǵımdı ala almay qalǵan kúnlerim esimde.

Jazdıń kúni buwdayqorıqqa barǵanımda atızǵa padalılar dúrkiresip kelgende, shártekten túsip olardı úrkitiw túwe, dawısımdı da shıǵara almay, demimdi zorǵa alıp jatqanım esimnen shıqqan emes.

«Qorqaqtı kóp quwalasań batır bolar» degendey, men de sońın ala hár istiń tásiline túsine basladım. Iyni kelgende buqqı taslap attım, gezi kelgende alıstım, payıtı kelgende haywanlar menen sóylestim.

Boyannıń arasına barıp, qoraz-qırǵawıl bolıp shaqırǵanımda, tum-tusım qırǵawılǵa, awıldıń shetindegi japtıń ishine túsip saǵal bolıp ulıǵanımda tum-tusım saǵalǵa yamasa maydanda jıńǵıl arasındaǵı oypawıt jerde turıp qoyan bolıp bıyqıldaǵanımda tum-tusımnıń bári qoyanǵa tolıp qaladı.

Sol sebepten usı waqıtqa shekem aldırmadım, talmadım. Arıq mergenniń inisi «Shábik mergen» atalıp elatımda kiyatırman.

Sóytip, sizlerge jolbarıstı qalay awlaǵanım, onıń tırnaǵınan qalay qutılǵanım hám olar menen qalay dos bolǵanım haqqında azǵana sóz etip bereyin. Buǵan kóp adamlar: bul ótirik, bunday da lap bolıp pa, hesh itimalı joq dep tańlanar. Biraq, bular haq, óz qara basımnan ótkergen awhal bolǵanlıqtan, men hasla shubhalanbayman, ayta beremen.

Onıń ushın keshirersiz.

## QORQÍNÍSHLÍ ÚSH KÚN

Aradan bir jılday waqıt ótti. Jolbarıs haqqındaǵı bolǵan waqıya da umıt bolıp ketti. Jazdıń ıssı kúnleriniń birinde awılǵa úlken ǵalawıt tústi. Bir jolbarıs kúnbatardaǵı toǵay bettegi soqpaq jol menen tikkeley awılǵa bet alıp kiyatır desip, adamlar kimi tam basına, kimi tólege jasırınıp, kimi juwan tereklerge minip janın qorǵap atır.

«Jıǵılǵan gúreske toymas» degendey, dárhal úyge kire



www.ziyouz.com kutubxonasi

sala mıltıǵıma asılsam, qorǵasınlap oqlaǵan bir de oǵım joq eken. Ishim uwday ashıdı.

Jolbarıs penen shoshqanı mayda pıtıra oq penen atıwǵa múmkin emes, oǵan hálekleniwge bolmaydı. Sonıń ushın mıltıǵımdı tartıp urdım da dalaǵa shıqtım, ne de bolsa jolbarıstıń betalıs baǵdarın bilgim keldi.

Awıl arası ıǵısqan adam. Tap awıl arası bir apatqa ushıraǵanday. Iytler qańsılap adamlarǵa tıǵılısadı. Jolbarıs iytlerge ósh degen menen iyttiń iyeleri iytlerin qarǵap, quwıp júr. Men jolbarıstıń artınan shıqtım. Ol awılǵa júz qádemdey jerde kiyatır eken. Jolbarıs awıldıń uw-shuw dawısınan, iytlerdiń qańsılap úrgeninen hesh seskenetuǵın emes.

Basın tómen salıp áste-aqırın kiyatır. Uzaqtan saqpan menen oǵan qarsı atılǵan kesekler de shıbın shaqqanday kórinbeydi.

Jolbarıs tup-tuwrı awıl ortasına kirdi. Awıl ortası úsh tanap jerdey maydanlıq edi. Maydanlıqtıń kúnshıǵar shetireginde baydıń biyik etip salǵan malqorası bar edi. Jolbarıs awıldı bir aralap shıqtı da sol qoraǵa kirdi, qaytıp shıqpadı.

Adamlar sol panalaǵan jerinen úyine kirmedi. Tura berdi. Keshe padadan qaytqan mallar, qoy-eshkiler awılǵa ákelinbedi. Usı awhalda awıl úsh kún udayına daǵdarısta boldı, jolbarıs ta awıldan shıǵıp ketpedi. Adamlar onıń janına barıw túwe, awıldan shıǵarıwǵa, úyine kirip-shıǵıwǵa qorıqtı.

Men jaqın awıllardan zorǵa degende bes-altı oqlıq ǵana qorǵasın tawıp mıltıǵımdı oqlap aldım. Endi qalay da jolbarıstıń qanday awhalda ekenin bilgim keldi.

Uzaqtan dárwazanıń aldı betinen barlastırsam, heshnárseniń sańlaǵı kórinbeydi. Eki, úsh jigit penen biyik záńgi ákelip, qoranıń oń tárepine qoyıp áste minip basımdı kóriner-kórinbes etip, sıǵalap qarasam, jolbarıs qoranıń arǵı sol tárepinde aldıńǵı eki ayaǵın kósilip, iyegin sozıp ayaqlarınıń ústine qoyıp jatqan eken. Dım qozǵalmay uzaq jatıwına qaraǵanda kózi jumılıwı bolsa kerek.

Onı qoranıń awzınan kirip atıw kútá qáwipli, al turǵan



www.ziyouz.com kutubxonasi

jerimnen ata beriwge uzaqlıq etip, oq qalpal tiye me yamasa oq hálsirep barıp tiyip óltirmes degen oy boldı. Jáne qarsı aldı bolǵannan soń gózlep atırǵanıńda kózin ashıp jibere me, álle qáytedi?

Aqırında qoranıń arqa tárepinen yarım arshınday jerden jolbarıstı nıshınlap atqanday sańlaq ettim.

Adamlardıń kópshiligi meniń tilegimde. Tek geyparalar ǵana: «Bul bala bir bálege ushıratpasa bolar edi. Óziniń kesirin bizlergede tiygizedi ǵoy, jolbarıs degen kútá ashıwlı nárse» dep gúńkildesti. Men ózime úyrenshikli táwekelime sıyındım da mıltıqtı tesikten ótkerip gózlewge kiristim.

Qulaq-shekeń usı emes pe dep berip jibergenim, jolbarıs tórt arshınday joqarı sekirip túsip, shır gúbelek aylana bergende ekinshi oq penen berip jibergenimde jolbarıs quladı. Sespey qattı bilemen. Hesh qozǵalmadı.

Jaylıq penen mıltıǵımdı suwırıp alıp iynime saldım. Adamlar jolbarıstıń ólgenin kórmese de bizlerdiń dem alıwımızdan sezip, orınlarınan turıp, órip bizlerge qarap júrdi. Hámmemiz jolbarıstıń qasına bardıq. Jolbarıs ırastan da sespey qatqan eken. Dáslepki atqanım basınan, sońǵı atqanım ókpe-júrekten tiyipti.

Adamlar kútá waqtıxosh boldı. Meni áyyem zamandaǵı ótken Arıq mergenniń inisi Shábik mergen ekeniń ıras eken desti.

Úsh kúnnen berli úylerine kire almay, as tatpay, dalada jipsiz baylanǵan xalıq úylerine kirdi. Meniń tum-tusımnan sansız raxmetler jawdı. Bul mártebe meni kútá hállendirdi, ańshılıqqa ıqlasımdı burınǵıdan da beter kúsheytti.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## MAZMUNÍ

Balalar ádebiyatı — milliy tárbiyanıń túp dáregi ............ 3
Tınıq bulaq ............................................ 5

*POEZIYA*

**SAǴIYDULLA ABBAZOV** ............................ 6
Gúlzardıń túyesi ..................................... 6
Xosh-xosh, baqsham, xosh baqsham! ............ 7
Apam pıshıq ákeldi .................................. 8
Háyyiw aytsa analar... .............................. 8
Táy-táy bala, táy bala! ............................. 9
**HIKMETULLA AYÍMBETOV** ....................... 9
Qızılqumnıń gúlleri ................................ 10
Qarlıǵash ............................................. 10
Gúllerdi kórseń... .................................. 10
May gúlleri .......................................... 11
Qaharman ............................................ 11
O, gúl ómir! .......................................... 12
Eski ańǵar ............................................ 12
Mehir .................................................. 13
Anamnıń anası bar ................................. 13
Sahranıń gúlleri .................................... 13
Háy, dárya... ........................................ 14
Háyyiw, bóbek ...................................... 14
**RAXMAN AYTMURATOV** ......................... 15
Tentek bala ........................................... 15
Oraz hám qoraz ..................................... 15
Ha qurbaqa, qurbaqa .............................. 16
Gúller ektim ......................................... 16
Bul úlkeni súyemen ................................ 16
Aq paxta ............................................. 17
Gúz .................................................... 17
Tolqınlar ............................................. 17
**AXMET AQNAZAROV** .............................. 18
Salaqbay kitapxanada ............................. 18
Er bolsań ............................................. 19
Nátiyje ................................................ 19
Sebep .................................................. 19
Sum bala .............................................. 20

www.ziyouz.com kutubxonasi

Pıshıqtıń qam eti ........ 20
Tush tabılmay ma? ........ 20
Pánt ........ 21
«Miyaw» ........ 21
Maqtanshaq ........ 21
«Dos» ........ 21
**SHIYRÍN ATAMURATOVA** ........ 22
Ana tili ........ 22
Sawǵa ........ 22
Meniń elim ........ 23
Pátpelek ........ 23
Kóylek ........ 23
Iyne-sabaq ........ 24
Ata-ana ........ 24
**SHARAPATDIN AYAPOV** ........ 25
Jeti atańnın atın bil, balam! ........ 25
Balalarǵa beriń dúnyanı ........ 26
Úkelerime ........ 27
Gúz qosıǵı ........ 27
Jańa jıl ........ 27
**YAQÍPBAY ÁJIMOV** ........ 29
Háyyiw quwırshaq ........ 30
Ayıwǵa qonaq bolıw ........ 30
Keliń oynayıq ........ 30
Qayda aydıń jartısı? ........ 30
Jalqawdıń isi ........ 31
**QAZAQBAY ÁMETOV** ........ 32
Qońıraw ........ 33
Islese bolar eken ........ 33
Bizlerdiń baǵımız bar ........ 33
Atam ........ 34
Shoǵal ........ 34
Keme ........ 35
**MÁTIBAY BERDIEV** ........ 35
Ana tili ........ 36
Kóklem ........ 36
Shiye ........ 36
Búlbil ........ 37
**ABBAZ DABÍL ULÍ** ........ 37
Sabaǵıńdı sarrasla ........ 38

www.ziyouz.com kutubxonasi

Jaz máwsimi ........ 39
Bilimlen ........ 40
**GÚLISTAN DÁWLETOVA** ........ 44
Sawalım bar, atajan! ........ 44
Biz, baxıtlı balalarmız ........ 45
**JOLDASBAY DILMURATOV** ........ 46
Jaz qosıǵı ........ 47
Qar jawǵanda ........ 47
Baǵ ........ 47
Aytıp beriń, balalar? ........ 47
Quslar — biziń dostımız ........ 48
Biziń klass ........ 48
**SAǴÍNDÍQ EMBERGENOV** ........ 48
Qaratereń ........ 49
Ótirik óleń ........ 50
**KÓBEYSIN ERNAZAROV** ........ 52
Muzǵalaq ........ 52
Zamarrıq ........ 53
Terek ........ 53
Ayǵabaǵarlar ........ 53
Toqıldawıq ........ 53
Ópepek ........ 54
Átshók ........ 54
Asan menen Dosan ........ 54
Úsh erinshek ........ 54
Moyınlaw ........ 55
Urıstı ........ 55
**TURSÍMURAT ESSHANOV** ........ 56
Dáslepki qońıraw ........ 56
Bala quwanıshı ........ 56
Kirpi ........ 57
Ana ........ 57
Gúlge qonar gúbelek ........ 57
Ana tilim — óz tilim! ........ 57
Úkem nege jıladı? ........ 58
Jala jabar saatqa ........ 58
Eshki ........ 58
Moyınlaw ........ 58
**TURǴANBAY JUMABAEV** ........ 59
Awıldıń balaları ........ 59

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ustaz ........ 60
Bala edik ........ 60
Bala tili ........ 61
**TILEWBERGEN JUMAMURATOV** ........ 61
Gewrek ........ 62
Jumbaqlar ........ 63
Qarlıǵash, mıltıqshı hám jılan ........ 64
**SAǴÍN ZIYAWOV** ........ 66
Jayın hám sazan ........ 66
**JIYENBAY IZBASQANOV** ........ 69
Qıs qosıǵı ........ 69
Qar ........ 69
Qıs ........ 70
Balalıqtaǵı hádiyse ........ 70
Pil haqqında ertek ........ 71
**ZÚBAYDA ISHMANOVA** ........ 72
Ana mektebim ........ 72
Ustazım ........ 73
Isi úlgi óspirimler ........ 73
Qumırı ........ 74
Tentek ........ 74
**KEŃESBAY KÁRIMOV** ........ 75
Nálshe ........ 76
Ózim ekken qaratal ........ 76
Muzǵala ........ 76
Ańǵalaq ........ 77
Qarmaqqa barǵanda ........ 77
**TOLÍBAY QABULOV** ........ 78
Áy, perzentim! ........ 78
Balamnıń balasına ........ 79
Bir awız sóz ........ 80
**BAYNIYAZ QAYÍPNAZAROV** ........ 80
Ustazlar ........ 81
Shiyrin ne bar baladay? ........ 81
Baxıtlı balalar ........ 82
**ÁBDIQÁDIR QAYÍPOV** ........ 82
Sum túlki ........ 83
**SEYFÚLǴÁBIT MÁJITOV** ........ 86
Ana súymishi ........ 87
Ǵapıllıq ........ 88

www.ziyouz.com kutubxonasi

Tiri qorqaq ........ 88
Shımshıq bilen kepter ........ 89
**TÓLEPBERGEN MÁTMURATOV** ........ 90
Aq dápter hám aq kepter ........ 90
Oyınımız buzıldı... ........ 91
Degen bala bar ........ 92
Nurbergenge ........ 93
Bekan ........ 94
**GÚLNARA NURLEPESOVA** ........ 94
Balalar qosıqları ........ 95
Biz — Alpamıs áwladı ........ 95
Ópepek ........ 95
Áziz Qaraqalpaqstan ........ 95
Átkónshek ........ 96
Men balaman ........ 96
Quwırshaǵım ........ 97
**SADÍQ NURÍMBET ULÍ** ........ 97
Jumbaqlar ........ 98
Táripler ........ 99
Aqlıq qılıǵı ........ 99
Tentek ........ 99
Qızıq soraw ........ 99
**JUMANIYAZ ÓTENIYAZOV** ........ 100
Gúlzadanıń baǵı bar ........ 101
Qar ........ 101
Beske toldı Gúlzada ........ 101
**SEYDABULLA PIRJANOV** ........ 102
Oqıwshınıń qosıǵı ........ 102
Gúller haqqında ........ 102
Jolda ........ 103
Oynaǵanı tamasha ........ 103
Azat hám Abat ........ 103
Oyın ........ 104
Meniń úkem ........ 104
Qoshantay ........ 104
**KEŃESBAY RAXMANOV** ........ 105
Balıq ........ 106
Sálem, mektep! ........ 106
Ókinish ........ 106
Balalıq ........ 107

www.ziyouz.com kutubxonasi

**XALMURAT SAPAROV** ........ 108
Besik jırı ........ 108
Balama ........ 109
Bala tilegi ........ 109
Balalıq ........ 109
Mektebim ........ 109
Kúndelik dápterdiń sózi ........ 110
Sabaqtıń sózi ........ 110
Kitap ........ 111
**ÓTEBAY SÁRSENBAEV** ........ 112
Tuwǵan jer ........ 112
«Tuwıspaz túlki» ........ 112
Maqtanshaq ........ 112
Anam meniń sawınshı ........ 113
Sálem, jaylaw! ........ 113
Oyın edi... ........ 114
**SHAWDÍRBAY SEYITOV** ........ 114
Jaz keldi ........ 115
Gúz ........ 115
Tay ........ 116
Tırnalar ........ 116
Qar ........ 117
Ókpelewdiń kesiri ........ 118
**MÁTEN SEYTNIYAZOV** ........ 118
Til ........ 118
Kóylek ........ 118
Shalbar ........ 119
Sırǵanaq ........ 119
Túwelbaydıń qosıǵı ........ 119
Tánepiste ........ 120
Eki balanıń oyını ........ 121
Keshikken malaqay ........ 122
**AYAPBERGEN SEYTEKOV** ........ 124
Jol qaǵıydası ........ 125
Kim-o, apa? ........ 125
Mártlikten biynesip qoyanlar ........ 125
Qorazlar ........ 127
**ÁBDIRAZAQ SEYTJANOV** ........ 127
Niyaz hám piyaz ........ 128
Artıq hám qatıq ........ 128

www.ziyouz.com kutubxonasi

Eki balanıń teregi ........ 128
Bala hám mıyıq ........ 129
Kim sındırǵan shaqanı? ........ 129
Batırbek hám saǵal ........ 130
Sóylemshek ........ 130
Ańqaw shóje ........ 130
**TÁJETDIN SEYTJANOV** ........ 131
Shójeler ........ 132
Erik gúlleri ........ 132
Buzaw ........ 132
Ílaq ........ 133
Botalaq ........ 133
Aq toray ........ 133
**ÁDENBAY TÁJIMURATOV** ........ 134
Toyıp ta sekirdi, tońıp ta sekirdi... ........ 134
**ULMAMBET XOJANAZAROV** ........ 137
Bala pıshıq ........ 137
Hákke mırza ........ 138
Jawshımshıq ........ 138
Alaǵarǵa ........ 138
Tolı ay ........ 138
Bilesiz be, Qálendi? ........ 139
Qumırsqa ........ 139
**NÁBIYRA TÓRESHOVA** ........ 139
Juldızlar ........ 140
Gúz ........ 140
Aq kepter ........ 140
Sazkesek ........ 141
Ay qızım ........ 141
Awızashar ........ 142
**IZBASAR FAZÍLOV** ........ 143
Qara qoy ........ 143
**ÓSERBAY XOJANIYAZOV** ........ 144
Besik jırı ........ 145
Árman ........ 146
Tırnalar ........ 146
Ópepish ........ 147
Ílaǵım ........ 147
Tayınshaq ........ 148
**IBRAYÍM YUSUPOV** ........ 148

www.ziyouz.com kutubxonasi

Baqsha qosıǵı ........................................ 149
Marjangúl menen gúbelek ........................................ 150
Top ........................................ 152
Quwırshaq ........................................ 152
Sútlimek ........................................ 153

***PROZA***

**JOLMÍRZA AYMURZAEV** ........................................ 154
Jetimniń júregi ........................................ 154
**KEŃESBAY ALLAMBERGENOV** ........................................ 164
Kúshik hám bala ........................................ 164
**ÁBDIMURAT ATAJANOV** ........................................ 169
Kózi oyılǵan jılan ........................................ 170
**ALLANAZAR ÁBDIEV** ........................................ 174
Aqqus ........................................ 175
Qızıl qoshantay ........................................ 178
**SEYDIN ÁMIRLAN** ........................................ 180
Qısınıspa ........................................ 180
Tilek gilti ........................................ 184
**AYTBAY BEKIMBETOV** ........................................ 187
Awır sınaqlar ........................................ 188
**BEKNAZAR ERNAZAROV** ........................................ 194
Qıyalparaz ........................................ 194
Ájayıp bala ........................................ 194
Jılan menen sóylesiw ........................................ 195
Shóje waqıyası ........................................ 196
Kórinbes bolǵanım ........................................ 197
Sıbırlasqan hákkeler ........................................ 199
**GÚLAYSHA ESEMURATOVA** ........................................ 201
Terektiń de janı bar! ........................................ 201
Sekirip baratırǵan barmaqlar ........................................ 202
Kergidegi pul ........................................ 203
**TÚRKMENBAY JIYEMURATOV** ........................................ 204
Qaqpan ........................................ 204
Qarlıǵash ........................................ 207
**SAYLAWBAY JUMAǴULOV** ........................................ 211
Altın tis shıǵadı ........................................ 211
Erip ketedi ǵoy... ........................................ 211
Atı «muǵallim» eken... ........................................ 212
Kún qısqardı ǵoy... ........................................ 212
On bir boladı ........................................ 212

www.ziyouz.com kutubxonasi

Sóyledim .................................................... 212
Kishkene edim .................................................... 213
Pensiyaǵa shıǵıp ketedi .................................................... 213
Samal boladı .................................................... 213
Shójelerińizdi kórgen joqpan... .................................................... 214
Kóz ekew boladı .................................................... 214
**MINAYXAN JUMANAZAROVA** .................................................... 214
Balalıq shaq .................................................... 215
Biziń shańaraq .................................................... 215
Meniń kempir apam .................................................... 215
Meniń ákem .................................................... 216
Anajanım, anam meniń .................................................... 217
Berdibay ájaǵam qız ákeldi .................................................... 218
Men mektepke bardım .................................................... 218
Gúlara «shójelerdi uyqılattı» .................................................... 221
Meniń qalalı kishem .................................................... 221
**TÓLEPBERGEN QAYÍPBERGENOV** .................................................... 223
Muǵallimge raxmet! .................................................... 223
**KÁMAL MÁMBETOV** .................................................... 230
Gójek .................................................... 230
Jinler .................................................... 232
**TURDÍMURAT NÁJIMOV** .................................................... 234
Búrkit penen ań awlaw .................................................... 234
**MURATBAY NÍZANOV** .................................................... 241
Tazadan kelgen bala .................................................... 242
«Isbilermenler» .................................................... 243
Qaytım .................................................... 244
Egizekler .................................................... 246
**ALTÍNGÚL ÓTENIYAZOVA** .................................................... 248
Miyrigúl .................................................... 248
Aǵamnan úyrendim .................................................... 249
Meniń qosıǵım .................................................... 250
Tásirsheń Gawhar .................................................... 252
**ALPÍSBAY SULTANOV** .................................................... 253
Qara pıshıq penen qara kúshiktiń qılwaları .................................................... 253
Qara pıshıq qaydan keldi? .................................................... 253
Shójeler qayda ketti? .................................................... 256
Qazandaǵı gósh qayda? .................................................... 258
**MARAT TAWMURATOV** .................................................... 261
Sizler meni aldapsız?! .................................................... 261

www.ziyouz.com kutubxonasi

Qumshúńgilden kelgen muǵallim .............................. 263
**JALǴAS XOSHNIYAZOV** .............................. 264
Malgezek waqıyası .............................. 264
**ÁMET SHAMURATOV** .............................. 273
Meniń jolbarıslar menen jolıǵısıwlarım .............................. 274
Sózbası .............................. 274
Qorqınıshlı úsh kún .............................. 275

www.ziyouz.com kutubxonasi

# QARAQALPAQ BALALAR ÁDEBIYATÍNÍŃ ANTOLOGIYASÍ

*(Jas óspirimler ushın qosıqlar, jumbaqlar, tımsallar, eslewler hám gúrrińler)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2018*

Redaktorı *Bazargúl Zivarova*
Operator *Azamat Jarimbetov*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı: 28.07.2018.
Qaǵaz formatı $60x84^{1}/_{16}$. Ofset usılında basıldı.
Garniturası — «Shkolnaya KRKP». Kólemi 18,0 b/t.,
16,74 shártli b/t., 21,1 esap b/t. Jámi 2000 nusqada.
Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa №.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen baspa xızmeti menen shuǵıllanıw ushın 2008-jıl 30-sentyabrde **Al №114 licenziyası** berilgen.

«Qaraqalpaqstan» baspası: 230100,
Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi